# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

НОЯБРЬ • 2022 • ДЕКАБРЬ

6



6

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

2022

# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ**
**ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ**
**ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**ноябрь 6 декабрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь),
Къэрмокъуэ Хьэмид, Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ

НАЛШЫК
2022

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ


*УсакIуэ КIэщт Мухьэз къызэральхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** БаIуэт икIи бащIэт............ 3
**КIэщт Мухьэз.** *Усэхэр*............ 10

*УсакIуэ Уэрэзей Афлик къызэральхурэ илъэс 75-рэ ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** И псэр нэхут, и гупсысэр куут............ 20
**Уэрэзей Афлик.** *Усэхэр*............ 33

*ТхакIуэ ХьэIупщы МуIэед къызэральхурэ илъэс 70 ирокъу*

**Мыкъуэжь Анатолэ.** И псалъэр щIэщыгъуэт............ 44
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** ЛъэбакъуэщIэ............ 46
**ХьэIупщы МуIэед.** Хуэрэджейр мэгъагъэ. Къуажэ лIыжьхэр. *Новеллэхэр*............ 52


## Прозэ


**Щоджэн Риммэ.** Пшагъуэм къыпхыпс дыгъэ бзийхэр. *Повесть*............ 60


## Усыгъэ


**МахуэлI Нарзан.** *Усэхэр*............ 80
**Мыкъуэжь Анатолэ.** Псэущ лъагъуныгъэр. *Усэхэр*............ 94


## Публицистикэ


**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** Япэ адыгэ тхакIуэ............ 114
**НэщIэпыджэ Замирэ.** Сэ сыхуейкъым дыщи мылъкуи, уэ уи жьэгу сыдэмысыжмэ... ............ 139
**Истэпан Залинэ.** Лэжьыгъэм къыхуихьа пщIэм добжьыфIэ............ 143
**Аброкъуэ Беллэ.** Псэ узэщIа............ 147
**НэщIэпыджэ Замирэ.** Хэкум и цIэр фIыкIэ зыгъэIу............ 150

---

**Хьэкъун Барэсбий.** Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр............ 155
Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз............ 158

*УсакIуэ КIэщт Мухьэз къызэральхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*





# БАIУЭТ ИКIИ БАЩIЭТ

«БаIуэ нэхърэ бащIэ» жеIэ адыгэ псалъэжьым, «куэд жызыIэ нэхърэ куэд зылэжь» кърикIуэрэ. Абы и мыхьэнэр усакIуэм е тхакIуэм и гъащIэм епхьэлIэмэ, ар баIуэу – тхыгъэ куэд и къалэмыпэ къыпыкIыу, абыхэм купщIэ зиIэ гупсысэхэр къыщиIуэтэфу, и художественнэ хъэтIыр литературэм щигъэувыфмэ, абы щыгъуэщ ар бащIэуи къыщылъытапхъэр. Дызэригуапэщи, лъэпкъым ди мащIэкъым куэд жызыIэфахэри, я псалъэ шэрыуэм и къарукIэ нэхъыбэж зылэжьыфахэри. ТхакIуэ, усакIуэ, журналист, КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ КIэщт Мухьэз Хъусин и къуэм (1937 – 2002) къызэринэкIа литературэ икIи публицистикэ щIэиныр зэрыщыхьэтщи, ар баIуэт икIи бащIэт. Абы и зэфIэкIхэр къэгъазэ е дэдзых зимыIэ зы унэтIыныгъэм тету шэщIатэкъым, атIэ и зэчийм къуэпс зэмылIэужьыгъуэу зиубгъуат.

КIэщт Мухьэз пасэ дыдэу – къуажэ еджапIэм щIэсу – тхэн щIидзащ, япэу и Iэдакъэ къыщIэкIари усэщ. Балигъ хъууэ дзэм къулыкъу щищIэну къыщыхуихуами, абы усэ тхыным щыпищащ, адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхэуэ щытащ. И япэ тхыгъэхэм ящыщхэр 1957 – 1958 гъэхэм Новосибирскэ военнэ округым и газет напэкIуэцIхэм къытрадзауэ щытащ. Абы иужькIэ ахэр «Красноярская правда», «Заря Востока» газетхэм, Туркменистаным и военнэ округым и газетым, апхуэдэуи КъБР-м къыщыдэкI «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм, «Ленин

гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым къытехуащ. КІэщтым и тхыгъэхэр нэгъуэщІ хэгъэгухэми къыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ мызэ-мытІэу къытрадзащ. Апхуэдэщ «Дружба народов», «Огонек» журналхэр, Къэрэшей-Шэрджэсым и «Ленин нур» (иджы «Черкес хэку») газетыр.

КІэщт М. литературэм и жанр куэдым щылэжьащ. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ усэхэр, сонетхэр, сонет Іэрамэхэр, балладэхэр, поэмэхэр, рассказхэр, новеллэхэр, повестхэр. Ахэр щызэхуэхьэсауэ тхакІуэм и тхылъ зыбжанэ адыгэбзэкІи урысыбзэкІи дунейм къытехьащ: «ЩІыр къызоджэ», (1965), «Пхъуантэ дэз таурыхъ» (1969), «Лъагъуныгъэм и уасэр» (1972), «ЩІылъэ пшыналъэ» (1974), «Си лъахэ – си уэрэд» (1977), «Гуращэ» (1981), «Анэм и тыгъэ» (1985), «Псэ къабзэ» (1988), «Тхыдэм и гъыбзэ» (1991), «Къуэпсхэр» (1994), «ПшэкІэплъ» (1997), нэгъуэщІхэри. УрысыбзэкІэ Москва къыщыдэкІащ поэмэхэр зэрыт «Мелодии земли» (1977) тхылъымрэ «Возраст земли» (1984) усэ сборникымрэ.

КІэщт Мухьэз и творчествэм усыгъэм и лІэужьыгъуэ псоми – лъагъуныгъэ, пейзаж, философие лирикэхэм, нэгъуэщІхэми – уащрохьэлІэ. Абы и усэхэм нэхъыбэрэ лъабжьэ яхуэхъуар сыт хуэдэ зэмани гъащІэмрэ гъащІэм и гъуджэ зыфІаща литературэмрэ къадекІуэкІ Іуэхугъуэхэрщ. Апхуэдэу щытми, КІэщтым и ІэдакъэщІэкІхэм зыми хэзымыгъэгъуэщэн гурыщІэ къэІуэтэкІэ хыболъагъуэ – ар сытым хуэмыусэми, и гупсысэхэр фІым, гуапагъэм, цІыхугъэм хуэунэтІащ. Абы къыдэкІуэуи, Мухьэз и усэхэм психологие кууагъ яхэлъщ, поэзие лъагэм зэрыщыхабзэуи, ахэр зэхэщІыкІым (акъылым) нэхърэ зыхэщІэм (гурыщІэм, псэм игъэвым) нэхъ тегъэпсыхьащ.

Псом хуэмыдэу усакІуэм къехъулІащ Хэкум хуигъэпсахэр, абы и щІыуэпс телъыджэр, адэжь щІыналъэм и теплъэ дахэр къызыхэщхэр, езы усакІуэр къызыхэхъукІа лъэпкъым и нэпкъыжьэ зытелъ усэхэр. Апхуэдэхэщ «ШыкІэпшынэ», «Іущащэу, убзэу, лъапэпцІийуэ...», «ПыпхъуэщІ», «КъакІэрыщэщу цІыкІухэм яжьэр...», «Лъагъуэ», «СабийзегъакІуэ» жыхуиІэхэр, нэгъуэщІхэри.

«ШыкІэпшынэ» усэм и купщІэр зэрыиным къыдэкІуэу, ритмикэ шэщІаи щІэлъщ. Ар, композитор цІэрыІуэ Темыркъан Борис макъамэ щІилъхьэри, уэрэд дахэу дунейм къытехьащ. Уэрэдыр Мэремыкъуэ Хъусен игъэзащІэу КъБР-м и радиом и макъамэ хъумапІэм щІэлъщ.

«ШыкІэпшынэ» усэм и бзэри, и купщІэмрэ и мыхьэнэмрэ хуэфэщэжу, шэрыуэщ, абы зыми емыщхьу КІэщтым езым къигъэщІыжа зэгъэпщэныгъэ хьэлэмэтхэм уащрохьэлІэ. Абы нэмыщІуи, усакІуэм шыкІэпшынэм псэ зыІутым хуэдэу зэрызыхуигъазэм тхыгъэм психологие кууагъ хелъхьэ:

*Уэ, шыкІэпшынэр, Іэпэгъу усщІащи,*
*Сэ уэрэд жысІэм къекІуу къежьу.*
*Мы си гу къуэпсыр быдэу сшэщІащи,*
*Пшынэм птелъ шыкІэу, ари мэзу.*

**(«ШыкІэпшынэ»)**

КІэщт М. и усэ ухуэкІэ-гъэпсыкІэм и фІыпІэр зыщылъагъупхъэр и ІэдакъэщІэкІхэм щІэх-щІэхыурэ къыщигъэсэбэп метафорэ, зэгъэпщэныгъэ щІэщыгъуэхэрщ, ахэр ІэкІуэлъакІуэу и тхыгъэхэм зэрахиухуанэрщ. Псалъэм папщІэ, «ПыпхъуэщІ» жыхуиІэ усэм (мыр «Мэкъу-

зэтелъхьэ» фIэщыгъэм щIэтуи къыдэкIащ) Мухьэз гъэщIэгъуэну икIи гукъинэжу лэжьыгъэ хьэлэлым пэрыт цIыхум и Iэ пхъашэхэм я образ къыщигъэщIащ. ПыпхъуэщIым и Iэгуфэхэр ар лэжьыгъэм псэемыблэжу зэрыпэрытым и щыхьэт наIуэщ:

*СщIэркъым ар мафIэдз щIэлъыхъуэр,*
*КъитIэщIу гуфIакIэр:*
*И Iэгу пхъашэр зэ зэщихъуэм,*
*Къыдидзынущ хъуаскIэр.*
**(«ПыпхъуэщI»)**

Зэгъэпщэныгъэ, метафорэ гъэщIэгъуэнхэм, эпитет шэрыуэхэм уащрохьэлIэ «Гугъэ» усэми:

*Къосыр уэсыр...*
*Си* ***бгъэ-абгъуэм***
*ЙопIыщIыхь* ***сигу-ныбгъуэр.***
**(«Гугъэ»)**

ЗэгъэпщэныгъэхэмкIэ къулейщ КIэщтым и философие лирикэри. УсакIуэр кууэ дунейм зэрыпхыплъыфыр, пхыплъыфым къыщымынэу, абы и хабзэ ткIийхэр гурыгъуазэкIэ зэрызэригъэзэхуэфыр, къэхъугъэр псэ пIащIэкIэ зэрызыхищIэр «ГъащIэ» зыфIища усэм къыпкърыщащ:



*ЦIыху гъащIэр щIэншэу*
*Хы абрагъуэ*
*Зи щэхур зи щIэм щыгъэпщкIуащ.*
*Зэм ар сабырщ,*
*Зэм, ещхьу благъуэм,*
*УкърихуэкIыу ар губжьащ.*
**(«ГъащIэ»)**

Къэтхьа щапхъэхэр щыхьэт зэрытехъуэщи, КIэщтым и усыгъэм и къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэщ абы и образ къэгъэщIыкIэр, щIагъыбзэ куур, бзэ шэрыуэр. Нэхъыщхьэжращи, абы и усэхэм гуапагъэрэ хуабагъэрэ яхэлъщ: *«МафIэм и нурыр телъэщIауэ, / Сабийхэм чыржын хуабэр яшх»,* – щетх усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм языхэзым.

КIэщт М. и усыгъэм пейзаж лирикэм зыужьыныгъэ ин щигъуэтащ. Псом хуэмыдэу щIыуэпсым и образ телъыджэхэр къыщыгъэщIащ усакIуэм и сабий лирикэм. ЦIыкIухэм яхуэгъэза усэхэм деж щIыуэпсыр псэ зыIуту – гуфIэу, Iущащэу, нэщхъыфIэу, пэщащэу, уэрэд жиIэу, жейуэ ... – къыщыгъэлъэгъуащ. Апхуэдэ усэхэм языхэзщ «Жыгхэр мэIущащэ» жыхуиIэр. Къэтхьынщ абы щыщ пычыгъуэ:

*Уарэ, цIыхум ещхьу,*
*Жыгхэр мэIущащэ,*
*Яшийуэ къудамэр,*
*Зэми мэпэщащэ.*
*Зэт, увыIэт моуэ,*
*ЖаIэм дегъэдаIуэ.*
*Уа! Зэхэпхрэ? Хуэму*
*Ахэм уэрэд жаIэ.*
**(«Жыгхэр мэIущащэ»)**

Мухьэз литературэм, хэхауэ къапщтэмэ, усыгъэм, щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ «Жьыбгъэ», «Губгъуэ» зыфIища сонет Iэрамэхэр. А тхыгъэхэр зэритха жанрыр нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщми, усакIуэм ар Iэзэу къигъэIэрыхуэн хузэфIэкIащ.

КIэщтым и тхыгъэ куэдми хуэдэу, «Жьыбгъэ» сонет Iэрамэм лъабжьэ хуэхъуар тхыдэ къэхъугъэхэрщ, лъэпкъым и блэкIарщ. Адыгэм къызэринэкIа лъагъуэхэм жьыбгъэририжэурэ, тхыдэм и пэжыпIэр иджырей лъэхъэнэм къехьэсыж. Жьыбгъэм къихьэсыжар усакIуэм сахуэм и образымкIэ къегъэлъэгъуэж, нэхъ пэжу жыпIэмэ, сахуэм къыхэтэджыкIыжахэм я гукъэкIыжкIэ лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцIхэр зэфIегъэувэж:

*Сэ сымыщIэж зи лIэщIыгъуэр*
*Си щхьэр щислъхьар зауэ губгъуэм.*
<...>
*Сэ сыхисхьащ тэтэр мафIэм,*
*СиупщIэтащ пащтыхь джатэм.*
*Си сахуэ пыхьэу зелъатэр*
*ЩIэгъуэлъхьэжащ щIым и бгъафэм.*
**(«Жьыбгъэ»)**

Сонет Iэрамэм хыхьэ сонет пщыкIутхури инджылыз къупхъэм иту тхащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ катренищым къыщыIуэта гупсысэр къыщызэщIэкъуэжа сатыритIкIэ тхыгъэм кIэIунэ етыжащ.

КIэщт М. лъэпкъ лиро-эпикэми хэлъхьэныгъэ хуищIащ. Образ гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщIауэ, усакIуэм и художественнэ Iэзагъыр наIуэу къызыпкърыщ бзэ шэрыуэкIэ тхауэ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм дунейм къытехьащ «Балладэ», «Насып» балладэхэр, «Си лъахэ – си уэрэд» («Тхыдэм и макъ», «Хурэ нанэ и уэрэдхэр», «ГъащIэ макъамэ»), «Зауэм и сурэтхэр», «Дадэ и хъыбархэр», «ШыкIэпшынэ гъыбзэ» поэмэхэр, н.

Тыркум, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу хэхэс адыгэхэм ди тхакIуэ, усакIуэ, драматург куэд ятетхыхьащ. ЦIыху куэд нобэр къыздэсми зыгъэпIейтей а темэм теухуауэ 1965 – 1966 гъэхэм КIэщт Мухьэз «Пшынэ гъыбзэ» зыфIища поэмэшхуэр итхауэ щытащ. Тхылъ зэхуэмыдэхэм мы поэмэм и фIэщыгъэ зыбжанэм зэтемыхуэу ущрохьэлIэ: «ШыкIэпшынэр мэусэ», «ШыкIэпшынэ гъыбзэ», «Пшынэ гъыбзэ». ФIэщыгъэхэр зэрызэтемыхуэм къыдэкIуэуи, езы поэмэхэм я кIуэцIкIэ зэщхьэщыкIыныгъэ мащIэхэр хыболъагъуэ.

«ШыкIэпшынэ гъыбзэ» поэмэр зытеухуар адыгэхэм хамэ щIыналъэм щаIэ псэукIэмрэ абыхэм Iуащхьэмахуэ я хъуэпсапIэу, я адэжь лъахэм къыхуэпабгъэу я гъащIэр зэрахьымрэщ. КIэщтым и поэмэр письмо зыбжанэу зэхэлъщ, и сюжетыр лIыгъэм, захуагъэм, пэжыгъэм теухуа щапхъэ хьэлэмэтхэмкIэ гъэнщIащ. Тхыгъэр письмоуищрэ зы жэуапу зэхэлъщ. Дэтхэнэ письмоми пыухыкIауэ езым и хъыбар гууз иIэжщ, ауэ авторым абыхэм ящыщу япэ письмом («Сосрыкъуэ и деж письмо») нэмыщI, адрейхэм жэуап щIаримытыжар гурыIуэгъуэкъым.

«ШыкIэпшынэ гъыбзэм» япэу дызыщрихьэлIэр «Сосрыкъуэ и деж письморщ». Ар Хэкум къэзытхыр ди лъэпкъэгъу хэхэс щIалэ Абдулщ. Абы укъеджа нэужь наIуэ мэхъу, Сосрыкъуэ и цIэкIэ тхами, ар адэжь хэкум къина псоми яхуэгъэзауэ зэрыщытыр. Мы письмом

щыгъуазэ дыхуещI Мос дадэ и къуэ Къамболэт и дуней тетыкIам, абы и кIуэдыкIэ хъуам.

Тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, Къамболэт лIы щхьэмыгъазэт, губжьамэ, «псы къиуауэ, хъийм икIырт», сыт хуэдэ Iуэхугъуэ хэмыхуами, дэнэ щIыпIэ къыщымыхутами, сэ къихакIэ къыпэува бийм и щхьэр хуигъэщхъыртэкъым. Пэжыр, захуагъэр ехьэкI хэмылъу жызыIэ цIыхухэм, Къамболэт хуэдэхэм, дауи, жагъуэгъу я мащIэтэкъым. Ар фIыуэ къызыгурыIуэ дадэ Iумахуэ Мос и къуэр сыт щыгъуи сакъыну, и щхьэ ихъумэжыну еущий:

*«Бдэуэршэру къыббгъурысми,*
*Бийр жагъуэгъуу къыббгъэдэсщ.*
*Джатэм, щIалэ, уэ уемыIэу,*
*Лъахэ лъагъуэр къэгъуэтыж.*
*ПлъапIэу аращ сэри сиIэр,*
*Сыпсэу щIыкIэ сыгъэлъагъуж».*

**(«ШыкIэпшынэ гъыбзэ»)**

Ауэ щIалэ хъыжьэм и адэм къыжриIахэм дерс къыхихакъым, дуней псор езым и лIы закъуэ къарукIэ зэтес ищIыфыну фIэщхъуныгъэ иIэти. И Хэкум къызэрыхуэпабгъэ къудейм къыхэкIкIэ Къамболэт хьэпсым ирадзащ, и жэщри и махуэри фIызэхэзэрыхьыжауэ лъэхъуэщ кIыфIым къинащ. А бэлыхьхэр абы щIигъэвари «хэхэс» псалъэр игу темыхуэу и хэкужь къигъэзэжын мурад зэриIар аркъудейщ.

Поэмэм и етIуанэ письмор къэзытхыр Мамдухьщ. Абы къыхэщыж лIыхъужь Аслъэнбэчи, Мос дадэ и къуэм хуэдэу хахуэу, лIыгъэшхуэ хэлъу тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ. Аслъэнбэч и IэщIагъэкIэ ухуакIуэщ, пэщэм и унэ лъагэр дэзыщIейхэм яхэтщ. Псоми гужьеяуэ щхьэщэ зыхуащI пэщэм Аслъэнбэч зыкIи и щхьэр хуигъэлъахъшэркъым: *«Къыр къыгуэхукIи мыхъей къуршу, / Аслъэнбэчыр щытщ мыхъейуэ. / Губжьым напщIэр ныщыхишу / ЩIым хуеплъыххэм йоплъ нэщхъейуэ»,* – дыкъыщоджэ поэмэм. Аслъэнбэч пэщэм IэщIэкIуэдэнкIэ цIыхухэр мэгузавэ, «ягъэ кIынкъым тIэкIу зыбгъэщхъым, цIыху щыIакъым пщым пэлъэщ» къыжраIэ, ауэ щIалэ хахуэр зыми хуэгъэдзыхэркъым. Ар Хэкум и фэеплъу и вакъэ лъэгухэм щIригъэда щIы Iэбжьыбым лъэ быдэкIэ тетщ, зигъэщхъыну къехъурджауэхэми мыпхуэдэ жэуап гуащIэ япедзыж:

*ЩIыхуэсщIынур сыт пщым щхъэщэ?*
*Сэ сытеткъым абы ищI.*
*Сытетыху КъэбэрдеищIым,*
*Сэ щыIэнкъым щхъэщэ щIэсщI.*

**(«ШыкIэпшынэ гъыбзэ»)**

Мыбдежым уемыгупсысынкIэ Iэмал иIэкъым лIыхъужьым апхуэдизу фIыуэ илъагъу щIы IэмыщIэр чысэм ирикIутэу и псэм пэгъунэгъуу и бгъэгум дэлъу кърымыхьэкIыу, ар лъэгущIэтын щIищIа щхьэусыгъуэм. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, а щIы Iыхьэм тетмэ, Аслъэнбэч хэхэс гъащIэ гугъусыгъум нэхъ лъэ быдэкIэ щыуваuэ фIэщIыжу арагъэнут. Дауэ щымытами, абы и хьэл мыIумпIафIэр Аль-Аятым (пэщэм) игу техуэркъым икIи Аслъэнбэчым и щхьэр пилъэну къе-

гъэгугъэ. Ауэ абы щхьэкIи къимыкIуэт лIыхъужьыр щилъагъукIэ, ар нэхъри мэгубжь, и нэм хъуаскIэ къыщIихыу заулкIэ щотри, унафэ ещI:

*«Ар ерыщщи, щыту вгъалIэ, –*
*Пщым унафэ зэуэ ещI. –*
*ЩIым хуэфащэкъым щIэлъыну,*
*ЩхъэпылъапIэр псынщIэу хуэфщI».*
**(«ШыкIэпшынэ гъыбзэ»)**

АрщхьэкIэ щхьэпылъапIэм пагэу зи лъэр хуэзыч Аслъэнбэчыр щилъагъум, пэщэр занщIэу щIогъуэж, щIалэр псэууэ къигъэнэнуи мурад ещI. Абы къыгуроIуэ Аслъэнбэч езым хуэдэ IэщIагъэлI куэд зэриуасэр, ауэ «къыхуигъанэ» гъащIэм пэкIуэу Аль-Аятым Iэрыхьэн хуейуэ къегъэув Аслъэнбэч Къэбэрдейм къыздриха щIы IэмыщIэр. ДауикI, щIалэр абыкIэ арэзы хъуркъым, сыту жыпIэмэ, и нэм хуихьу, и псэм пищIу, и щхьэр лъагэу щIиIэту, адэжь Хэкум пыщIэныгъэ гуэр зэрыхуиIэжым и щыхьэту а щIы IэмыщIэрат абы къыхуэнар:

*«Хьэуэ, – жеIэ Аслъэнбэчым, –*
*Сэ, пщы, сиIэкъым щIы сщэн.*
*Ар къулыкъукIэ, мылъкукIэ сщэнум*
*ГъащIэр, жыIэт, сыту сщIын?!».*
**(«ШыкIэпшынэ гъыбзэ»)**



КIэщт Мухьэз и тхылъ щхьэхуэхэу гъэ зэхуэмыдэхэм къыдэкIахэм Аслъэнбэч и кIуэдыкIар зэтемыхуэу къыщыхьащ. Зэм ар щхьэпылъэ ящI, и пщэм идза кIапсэр и ныбжьэгъу Хьэсин ирагъэшэщIри («Къуэпсхэр», 1994), зэми ар пэщэм и унэ яухуэм и блыным псэууэ хагъэжыхь, Аль-Аятым и унафэкIи абы и «кхъэр» и къуэм и IэкIэ къыдрагъэщIей («ПшэкIэплъ», 1997). Дауэ мыхъуами, усакIуэм и поэмэм къыщигъэлъэгъуэжар пэж дыдэу гъащIэм хэлъа гуауэрщ, адыгэм и тхыдэм фIыцIагъэу къина напэкIуэцIхэрщ.

Псом хуэмыдэу КIэщтым нэхъ къехъулIауэ къэплъытэ хъунущ поэмэм и ещанэ Iыхьэр – «Сэхьид и письмор». Мыбы щекIуэкI Iуэхугъуэхэр нэхъ зыубгъуауэ къэгъэлъэгъуа хъуащ, персонаж нэхъыби хэтщ, ахэр гурыхьрэ мыгурыхьу гуэшащ. Ещанэ письмом и къыщIэдзапIэм деж усакIуэм ди нэгу къыщIегъэувэж адыгэхэм Хэкур ябгынэн ипэкIэ Къэбэрдейр урыс пащтыхьымрэ абы и блыгущIэтхэмрэ зэрызэхафыщIауэ щытар. Мис мыращ зауэм и ужькIэ адыгэ къуажэхэм яIэ хъуа теплъэр:

*Iугъуэм, гыным ишыуауэ*
*Къэбэрдей къуажэхэр зэхэлъщ.*
*Щхъэхуитыныгъэм щIэкъуа куэди*
*Щхъэпылъэ пкъом шынагъуэу фIэлъщ.*
*Унэ пкIэунэм, сын дияуэ,*
*Уэнжакъ лыныцIахэр къыщхъэщытщ.*
*Щымытыжыфу ещIэ пфIэщIу,*
*Блын ныкъуэкъутэхэр зэхэтщ.*
**(«ШыкIэпшынэ гъыбзэ»)**

УсакIуэм лъэпкъым лей кIэлъызезыхьэ дэтхэнэ зыми нэлат ирех: ар урыс пащтыхьыр арами е Щыхьымджэрий хуэдэу лъэпкъ акъылыр зыгъэутхъуэхэм ящыщми. Ауэ мухьэжырхэм – хэхэс гъащIэ хьэлъэм и гъэрхэм – я гугъэр хахыжакъым, езыхэр мыхъуми, я бынхэм, абыхэм я быныжхэм жэнэт лъахэу Къэбэрдейм къагъэзэжыным, уеблэмэ, а гугъэ нэхухэр уэрэду яусыжауэ я щIэблэр щIагъэдэIу:

*Умышынэу тIопI щIы, тIасэ,*
*Къуэшхэм Iэбэр къыпхуаший.*
*Уэху жи, уэху жи, си къуэ кIасэ,*
*КъэщI уэ, къэщI уэ лъабэдий.*
*Уи лъэр увмэ уэ пщэдей,*
*ДыкIуэжынщ дэ Къэбэрдей.*
**(«ШыкIэпшынэ гъыбзэ»)**

«ШыкIэпшынэ гъыбзэ» поэмэр лъэпкъым и тхыдэр къызыхэщыжу дунейм къытехьа тхыгъэхэм я нэхъыфIхэм ящыщщ. Адыгэм къызэринэкIа гъуэгуанэ гугъусыгъум къыщригъэжьэжу жыжьэ хэплъэжын, усэбзэ дахэкIэ къиIуэтэжын хузэфIэкIащ.

КIэщт Мухьэз прозэ жанрхэми – рассказым, новеллэм, повестым – щылэжьащ. Нэхъ цIэрыIуэ хъуахэм ящыщщ «Напэм и тезыр», «Лъагъуэхэр зэхохьэж», «Дыркъуэ», «Назифэ», «Щхьэм имытмэ», «Гулъытэ», «Хьэцыбанэ» рассказхэр, «Фэеплъ» хъыбарыр, «Хьэдагъэ» новеллэр, апхуэдэуи, тхакIуэм и IэдакъэщIэкI повестхэр. Абыхэм нэхъыбэу лъабжьэ яхуэхъуар жылагъуэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэрщ, махуэ къэскIэ зызыхъуэж зэманым цIыхухэр зэрыхэпсэукI щIыкIэхэмрэ Iэмалхэмрэщ, абыхэм я бжьым щIэту цIыхупсэм зэрызиужь-зэрызиузэщIырщ, цIыхум и хьэл-щэныр зыубзыху къэхъугъэхэрщ.

КIэщт М. илъэс тIощIым щIигъукIэ журналисту лэжьащ. Лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм а IэщIагъэм и къару емыблэжу щыпэрытащ «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым, апхуэдэуи «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щылэжьащ. Абы и очерк, статья, публицистикэ лэжьыгъэхэр а жанрхэм иту XX лIэщIыгъуэм и 60 – 80 гъэхэм дунейм къытехьа тхыгъэхэм я нэхъыфIхэм ящыщщ. Апхуэдэхэщ «Псом я нэхъ лъапIэ» (Iуащхьэмахуэ, 1981, №5) «Аргуандэсхэр ехъулIэныгъэм и гъуэгукIэ» (Iуащхьэмахуэ, 1987, №1), «ГуащIафIэ» (Iуащхьэмахуэ, 1987, №5), «Уи япэкIэ мывэ бгъажэмэ, ухуэзэжынщ» (Ленин гъуэгу, 1989, октябрым и 25-м), «Гъуэгуанэ угъурлы» (Адыгэ псалъэ, 1992, мартым и 20-м) жыхуиIэ статьяхэмрэ очеркхэмрэ, нэгъуэщI куэди. Ахэр журналист Iэзэм и хъэтI щхьэхуэрэ и дуней лъагъукIэ хэхарэ щызэхэшыпсыхьауэ тхащ.

КIэщт Мухьэз цIыху гуащIафIэт, зэчиифIэт. АбыкIэ щыхьэту къоув и Iэужь дахэхэр, творчествэ къулейр. Аращ усакIуэм, тхакIуэм, журналист Iэзэм и цIэр ноби щIытщымыгъупщэр, абы и лъэужьыр хэмыгъуэщэжу лъэпкъ литературэми щэнхабзэми къыщIыхэнар.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат*

*Усэхэр* КIЭЩТ Мухьэз

## ШЫКIЭПШЫНЭ

СщIэркъым къэхъуари. Хьэлъэу мы си гум
Нобэ пшагъуэбэм зыкъыфIешыхь.
Дытегъэуви, пшынэ, и щыгум
Гуауэ шыугъэр дыгъэщIыт лъэгущIыхь.

Уэ, шыкIэпшынэр, Iэпэгъу усщIащи,
Сэ уэрэд жысIэм къекIуу къежьу.
Мы си гу къуэпсыр быдэу сшэщIащи,
Пшынэм птелъ шыкIэу, ари мэзу.

Абы къодаIуэ лIыжь гуп зэхэсыр,
КъедаIуэу щIалэр, пщащэр зэхэтщ.
Уэ къыптелъ шыкIэм, сэ си гу къуэпсым
Гуапэу кърашыр ди лъэпкъ уэрэдщ.

ЖыдгъэIэ куэдрэ ар щыдмыгъэту,
Мэхъур нэхъыбэ дэ къыддежьур.
ЖыпIэмэ пэжыр, лъэпкъым къыхидзэ
Уэрэдым уэрэ сэрэ дожьу.

## НАСЫП ЛЪЫХЪУЭ

Сэ къызокIухьыр, насып къызолъыхъуэ.
Си анэм гузавэу куэзыр ирегъэдз.
Сэ семызэшу гъуэгущIэ зэблэсхъухэр
Абы и нэкIум зэлъауэ щызэбледз.

Си письмо кIапэр абы хуохъур тыгъэ,
Мазэм зэ стхымэ хуэсщIрэ гупыж.
Дунейр щыуэгъум — фIощI силыпщIу дыгъэм,
Уэшх къешхыу щытмэ, къыфIощI псыр къыспыж.

Жьыбгъэр етауэ бжьыхьэкIапэм щыгъым,
Си унэр и гугъэщ абы щIыIэмыл.
Си анэм абы щыгъуэм игъэв гузэвгъуэм
И щхьэр ныдотхъур, фIыпещIэ Iумыл.

ИтIани, гуауэр щепIытIри игу хэщIым,
Сэ къызэуэлIэну ищIэмэ насып,
Пхъэгъэсын имыIэм къысщебзыщIыр,
Къетх и куэду хугур — щимыIэм Iэбжьыб.

Сэ семытIысэхыу къызолъыхъуэ фIыгъуэ, —
ПщIантIэм къыдэзнауэ си анэм игу схуэмыгъуэр.

* * *

КъакIэрыщэщу цIыкIухэм яжьэр
Щытащ сэ япэм къыспежажьэу,
Iэдакъэжьауэ ищIу си анэр,
Нарт гуащэм ещхьу, къыщытт куэбжэм.

Сыхэхуам хуэдэу хы архъуанэм
Сапхъуатэрт Iыхьлы сэ къысхуэжэм...
СыкъэкIуэжащи, иджы пщIантIэр
Iэуэлъауэншэщ, ещхьу псэншэм.

ПщIантIэкум деж згъэувa пхъуантэм
Йопэм, мэпыхьэ ди хьэ бзэншэр...
СфIэщIат сабийхэм я кIий макъым
Япэм си анэр кърилшажьэу...

Ауэ псом япэ си лъэ макъым
Си анэм и гурт къыпежажьэр.

## ПЫПХЪУЭЩI

Гъэпсэхугъуэщ... Силъщ мэкъупIэм.
Жьыбгъэр къызобзей.
ПщIэнтIэпс телъыр си натIэпэм
СхуилъэщIыж нэхъей.

Си ныбжьэгъур къехри пыпхъуэм,
ЩIэтIысхьащи жьауэм,
ЕгъэпщкIуж и чысэ быхъур,
Тутын ишыхьауэ.

СщӀэркъым ар мафӀэдз щӀэлъыхъуэр,
КъитӀэщӀу гуфӀакӀэр:
И Ӏэгу пхъашэр зэ зэщихъуэм,
Къыдидзынущ хъуаскӀэр.

## ЖЬЫБГЪЭМ ЩӀИУПСКӀАЩ

Ди анэм и гъусэу щӀиупскӀащ
Зауэм и жьыбгъэм уэ уи гущэр.
Уи сабиигъуэр иришащ
ЩӀылъэ уӀэгъэм лъапцӀэрыщэу.

Удз къыщыпщыпым уеӀубащ,
Удзымэм щӀыгъуу уэ гынымэм,
Гъатхэ пхуэупсэм къыпхуихьар
Зауэм хисхьахэм я жьэрымэщ.

ГущапӀэу куэдрэ имылъа
Уи сабиигъуэр щӀылъэ куэщӀым:
Уи сабииӀэр уэ дэплъащ
ЩӀылъэ уӀэгъэ зи гур хэщӀым.

ПхъэӀэщэ зэшыр епшэжьащ,
Зауэм и сахуэхэр щӀебгъавэу;
Нэпс дыджым щӀылъэ ишыуар
ПщӀэнтӀэпс хьэлэлым уэ ебгъафэу.

Жылэм и гъусэу уи пщӀэнтӀэпс
ХэткӀуари щӀым игъэгъуащакъым:
КъэкӀыгъэ ушэм,
Пщэдджыжь къэс
КъыпхыкӀыжауэ тлъагъур аркъэ?

Дыгъэм и нуркӀэ пхуипсыхьа
Хьэдзэ дыщэплъхэм ар яхэлъкъэ?
Хэплъыхьыпауэ щӀым хэплъхьа
ЖылэщӀэр нобэми къигъэплъкъэ?..

Къыкъуоплъыр е зызыудыгъуар,
Хьэсэ псэ быдэхэм къефыгъуэу,

Ди бын дыгъэлу къытщӀэхъуам
Аргуэру шэр яхуигъэтӀыгъуэу.

Пшагъуэ къэджадэм щытхъумэнщ,
Гузэвэгъуищэм дуней хэтыр.
Тхьэрыкъуэ пщэхуу, дгъэлъэтэнщ
ГуфӀэгъуэ ӀэфӀым къилъху уэрэдыр.

Ди щӀым вагъуэбэр къыхэплъэнщ,
Къыхуигъэушу махуэ къакӀуэм,
ЖылэщӀэ къэкӀхэр зэпсэлъэнщ,
ЩӀылъэм хуаусу уэрэд гуакӀуэ.

Къытхуимыгъаджэу и тхьэгъуш
ПшэкӀэплъ къэушым дэ дреджэ,
И нурхэр тхуищӀу щыблэӀуш
Щымысхьу щӀылъэм къытрекӀэ.



КӀыфӀыгъэм идзми и шэрэз,
Зэи текӀуакъым ар нэхугъэм,
Ем дэджэгу фӀыгъуэм шурылъэс
ДыщигъэщӀэнкъым зэи гугъэ.

## ЛЪАГЪУЭ

Лъагъуэм губгъуэм сынрешэ,
Сыпхрешыр удз гъэгъам,
СыныӀуешэ псыӀэрышэм
Дыгъэр пӀыщӀэху зыхэсам.

А ди лъагъуэр хэгъуэщэжкъым.
Апхуэдизрэ тетыр хэт?
Е сэр дыдэр сымыщӀэжу
Си лъэпкъыжь и гъуэгу сытет?

Си адэшхуэм къыщилъыхъуэм
Хуитыныгъэ зыхуэлӀар,
ЗэхэзекӀуэ щищӀу губгъуэм
Мыр хишыхукӀэ къикӀухьа?

Губгъуэм лъэсу къакӀуэ-кӀуэжу
Сядэ-сянэри тета?
Пэплъэу и къуэ къэмысыжым,
Псэуху нанэ иуба?

ФӀымрэ емрэ зэрыӀуэту
Ар кӀэщӀ дапщэми щащӀа?
Насып лъыхъуэу къимыкӀуэту
Абы дапщэми пащӀа?

Ноби губгъуэм сынрешэ,
Сыныхешэ гуэдз бэгъуам.
СыныӀуешэ псыӀэрышэ
Зэнзэныпсу схуэжэбзам.

## СЫТЕТЫЖЫНУЩ ЩIЫМ...

Сыхуейкъым уэгум сихьэну,
Сытетыжынущ сэ щӀым.
ЗгъэгуфӀэу жылэр хэслъхьэнущ,
Къыщызгъэжэнущ сэ шыр.
Мо уафэ къащхъуэ дахащэм
Щыхуауэ аркъым си ней.
Дыгъэ бзий гуапэу дэхащӀэр
Езыр къэрех сэ си дей.
КъыхреӀэбэ ар гуапэу
Сэ вагъэбдзумэ ислъам —
Жылэ хэслъхьар игъэхуабэм
КъысхуищӀэн псор къысхуищӀащ.

## ГУРЫЩIЭ КЪЫСХУЭНАЩ

ЩӀэнакӀэу бжьэпэ бзагуэм
Щиусым Балъкъ уэрэд,
ЗгъэхыщӀэу гуахъуэ къуагуэр
Ӏэнащтэхэм сахэтт.

Вагъуэплъхэр щызэпсалъэм
ЩӀылъэм хуэзуст уэрэд,
Гунэфхэр къэзыгъаплъэ
Зы псалъэ къысхуэгъуэтт.

Таучэл зимыӀэ цӀыхур
Згъэгушхуэу зызгъэсащ.
ЩыкӀауэ цӀыху къыщихум
Си псалъэ лъызгъэсащ.

Гу щӀыӀэм псэ дэпӀыщӀэм
Си бахъэ щӀезгъэхуащ.
ЦӀыхугъэр зэӀызыщӀэм
Си тхыгъэр пэрыуащ.

ГъатхэщӀэм и уэрэдым
Си псалъэр хэмына,
МахуэщӀэм хуэушэну
ГурыщӀэ къысхуэнащ.

## УЭРЭД ЩЫЖЫСІЭР



Сэ гуауэм си щхьэр дэджэрэзым,
Зэуэ сӀуэтэну си мурадкъым.
Гуауэр щызгъэвкӀэ си нэ плъызым,
Пэжу, и напӀэхэр схуэӀэткъым.

ИтӀани, гуфӀэу си пащӀэкӀэр
Ныбжьэгъу си гъусэм хухолъэт.
КъыпфӀэщӀу сабий сэ щӀэзупскӀэ,
Хуэму къызош дзапэ уэрэд.

Е гуауэ щэхум цӀыху нэщхъыфӀэр
ЕзмыгъэщӀыну сэ нэщхъей,
Къохъур си бампӀэр уэрэдыфӀым
ИрищӀэсхъумэу щыдэсшей.

## НАСЫП

Сэ къызожыхь,
Сыхъуауэ бауэкӀэщӀ —
Насып солъыхъуэ семызэшу.
Езыри лъыхъуэу
КъыщӀэкӀынщ нэгъуэщӀ, —
Сэ сыхуэзакъым насыпгуэшым.

Насыпыр
Пщащэм ещхьу къыщIэкIынщ,
Хьэщыкъ уищIауэ къуигъэжыхьу;
Насыпыр
Бзийхэм ящхьу къыщIэкIынщ,
Укъигъэхуабэрэ уи псэм хыхьэу.

Насыпыр
Джэрпэджэжу къыщIэкIынщ,
Уэрэд бгъэIуфым къыпэджэжу.
Насыпыр
Тэрэзэ
Тасу къыщIэкIынщ,
Iэдакъэщ IэкIым пэшэчэжу.

## СИ УЭРЭДХЭМ Я КЪЕЖЬАПIЭР

Махуэ къакIуэм къысхуехьыр насып,
Зэтрехри щIы жеям и напIэр.
Губгъуэ зыщIым жэщ кIыфIыр IэщIыб,
И кIэкъуащIэм изу бзийр къещып —
Си уэрэдым хуохъур ар къежьапIэ.
Зи напIэр къемыхыу плъыр щысар,
Къызэпсалъэу къыздытесщ пхъэ кIапэ.
ЗэхимыгъэкIыжу и жьэгу плъар,
ЗэщIетхъуэжыр дэпу къыхэнар —
Ари си уэрэдым хуохъу къежьапIэ.
Сэ си лъэпкъыр, къуршу, бийм поув,
Хъуйм икIами, иримыту кIуапIэ.
Ар хигъащIэу хъыжьэу мэзэуэф —
Ари си уэрэдым хуохъу къежьапIэ.
Фоч гъэпса иIыгъыр убзэщхъуащ,
Бийм ищIати хейр нэщанэуапIэ.
Анэм и бгъэм бын цIыкIу къыщIэхъуащ —
Ари си уэрэдым хуохъу къежьапIэ.
Лажьэ фIыцIэм щахъумэу дунейр,
Ирамыту ем щхьэкъэIэтыпIэ,
Къыщож цIыхухэр къызытехьэм лей —
Ари си уэрэдым хуохъу къежьапIэ.
ФIыуэ зэрылъагъухэр зэхуэIэфIщ,

Я гущIэр пэжыгъэм и хэщIапIэщ,
Дунейм теткъым ахэм пэрыуэф —
Ари си уэрэдым и къежьапIэщ.
Хуэщщ игъащIэм си лъэпкъым жагъуэгъу,
КъещэкIуэжу, зэтрилъхьэм напIэр,
Зэкъуэхуауэ къытегуплIэм егъу,
Къыкъуэувэу ехъумэф ныбжьэгъу —
Ари си уэрэдым хуохъу къежьапIэ.
Ахэр псыIэрышэу зэхешэж,
КъыIех и салъкъынри къуршыпсым,
Си уэрэдым и дамитIыр мэж,
ЗиIэтыфу уафэ лъащIэм нэсу.
Кърехьэхри лыду дыгъэ бзийр,
Удзыпэ къэсыхукIэ трегуашэ;
Жьыми щIэми хуабэу яхуеший.
Си уэрэдхэр щIэхъур арщ щхьэхуит,
ПцIащхъуэ щыубзэрабзэу уафэ къащхъуэм,
Димыгъэхьэу цIыхухэм яку IуитIбзитI,
ЩIыпIэ зырызыххэм щокIэрахъуэ.



## СЭРИ СИIЭЖЩ СИ КЪУЭПС

Жыгей бэшэчу къуэпсыбэ,
БыныфIэурэ си дэшхуей,
Фэ фхуэдэу, сэри си щыпэу
Сыкъытехьащ мы дунейм.

Фэ фэщхьу, сэри сиIэжи
Жыжьэ къыщежьэу си къуэпс,
СиIи, фэ фхуэдэу, си щIэжи.
Ар зишэщIыну щIохъуэпс.

Хъуэпсэныр сэри си жагъуэ?
Си гугъэр ффIэщIрэ гъужа?
Щхьэщысхыфарэт щIым пшагъуэр,
Къэзгъэплъэжарэт нэф хъуар.

Сэ сыпсэуарэт иджыри,
ЦIыхуфIхэм гу ящысхуэху.
Си гур гуфIарэт къыщыпкIыу,
НэгъуэщI зыгуэрхэр гуфIэху.

Щхьэц тхъуауэ, сэ си къэрабэ,
ХъунгъалIэу, сахуэ сэфэт,
Фипкъ щIэлIэм гъатхэу сегуапэу,
Жезгъэ Iэжарэт уэрэд.

Жыгей бэшэчу къуэпсыбэ,
Си тхьэмпэ цIынэу къэлэр,
КIыфI къэзыгъазэр зи гупэ
Щхьэщызмыгъэхьэу зы щIыпIэ
Сыкъэхъуэпск Iарэт зэгуэр.

Дамыгъэпсэууэ мамыру
Дунейм бдзапцIэшэу щащIар
Сэ си псэ хъуапсэм и нурым
Игъэтк Iужамэ арат.

Жыгей бэшэчу къуэпсыбэ,
МэракIуэ къуэпсу къуэм дэж,
ГуфIэу, игъэпскIыу нурыбэм
ЩIым щребагъуэ ди щIэж.



## ЩIАКХЪУЭ IЫХЬЭ

ЩIалэщIэм щIакхъуэр еущыкъуей,
ИрилъэщIауэ гуахъуэр.
Си гур нэсауэ итщ Къурей —
Щхьэмыж къещып кIэрахъуэу.

Щхьэщытщ нэщхъейуэ ар
Сабий
ЩIэлъэIум щIакхъуэ Iыхьэ.
Iэгу нэщIхэр анэм хуэзышийм
И гъусэу ар мэпыхьэ.

Зэми нэщхъейуэ щIыгъущ вакIуэлI
Къызэзыдзэк Iым щIыгур.
Жылапхъэ мащIэр зыIэщIэлъ
Дадэм йоплъыхь и Iэгум.

Ар щIыгъущ а дадэ
Зи нэм жей
КъемыкIуэу зысэм гъавэр,
Къыпхихыу я пкъым мы бахъейр
Щылажьэ цIыхухэм тафэм.

Пихуауэ си фэр сигу нэщхъейм,
СыздрикIуэжым лъагъуэм,
Тхьэрыкъуэм хуепхъ щIакхъуэ щыкъуей
Зыпымытыжым лъакъуэ.

Къурей къокIыжри, сигу пIейтейр
ЩIокIэрэхъуэжыр шхапIэм:
ЩIалэщIэм щIакхъуэр еущыкъуей,
Ауи мыхуадэу напIэр.

*УсакIуэ Уэрэзей Афлик къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу*





# И ПСЭР НЭХУТ, И ГУПСЫСЭР КУУТ

Дыздэвгъэпсэуухэ дызэхуэгумащIэу,
Дыхуеймэ кIэрэхъуэну ЩIы хъурейр...
**Уэрэзей Афлик**

Усыгъэр – уафэмрэ щIылъэмрэ, пщIыхьэпIэмрэ нахуапIэмрэ, пэжымрэ нэкъыфIэщIымрэ я зэхуаку къыщагъэщIа дуней телъыджэщ. Ар къэзыгъэщIар икIи мыщэщэжу зэтезыIыгъэр псэкIэ зыхищIэмрэ акъылкIэ зэригъэзахуэмрэ зэзыгъэкIуу усэбзэ дахэкIэ къэзыIуэтэфхэрщ – усакIуэхэрщ. Апхуэдэу гъащIэр кууэ зыхищIэу, лъэхъэнэхэм жыжьэу пхрыплъыфу щытащ усакIуэ Уэрэзей Афлик. И тхыгъэхэр щыхьэт зэрытехъуэщи, абы и псэр нэхут, и гупсысэр куут.

Уэрэзей Афлик Пщымахуэ и къуэр (23.11.1947 – 06.08.2016) усакIуэт, икIи журналистт, СССР-м (иужькIэ УФ-м) и Журналистхэми (1985 гъэм къыщыщIэдзауэ) и ТхакIуэхэми (1990 гъэм къыщыщIэдзауэ) я союзхэм хэтащ. КъБАССР-м (иджы КъБР) и Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ курыт еджапIэр къиуха нэужь, 1966 – 1968 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIащ. 1970 – 1973 гъэхэм КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмкIэ и къудамэм щеджащ. 1973 гъэм А. М. Горькэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым зэдзэкIыныгъэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьэри, 1978 гъэм къиухащ. 1978 – 1989 гъэхэм «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым зэдзэкIакIуэу, корресподенту, къудамэм и унафэщIу щылэ-

жьащ. 1989 – 1992 гъэхэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и отделым и редактору, 1992 – 2002 гъэхэм сабийхэм папщIэ къыдэкI «Нур» журналым и редактору щытащ. 2003 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым игъэзэжри, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щылэжьащ.

Уэрэзей А. и тхыгъэхэр блэкIа лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм къыщыщIэдзауэ газетхэм, журналхэм къытехуэу хуежьащ. И творческэ гъуэгуанэм къриубыдэу усакIуэм куэд илэжьащ, Iэужь дахи къызэринэкIащ. Апхуэдэщ абы и тхылъ щхьэхуэу лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм дунейм къытехьахэр: «Нэхущ удж» (1985), «ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж» (1989), «Iуащхьэжь» (1997), «Кхъужей къудамэ» (2004), «Гъуэгущхьибл» (2007), «ЛIэужь» (2013), «ХытIыгу жыжьэ» (2017) жыхуиIэхэр. УрысыбзэкIэ къыдэкIащ усакIуэм и «Сроки счастья» (1991), «Дорога моя не прервется...» (2018) тхылъхэр. КъищынэмыщIауэ, Уэрэзейм и тхыгъэу урысыбзэкIэ зэрадзэкIахэм ящыщ зыбжанэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ хыщIыб адыгэхэмрэ я усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса «Серебряное кольцо» (1993) сборникым хагъэхьащ.

Уэрэзей Афлик ди лъэпкъ усыгъэм и лирик нэсщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ темэ и лъэныкъуэкIэ куэду зэтепщIыкI усэ купщIафIэхэр, усэ циклхэр, лиро-эпикэ тхыгъэхэр. УсакIуэм и творчествэм къыхэбгъуэтэнущ хэкум, цIыхугъэм, дахагъэм, лъагъуныгъэ къабзэм, щIыуэпсым ятеухуа усыгъэхэр. Абыхэм философие гупсысэ куухэр, гушыIэ дахэр, гъащIэм и IэфIыр, и пэжыр зыгъэнахуэ, фIыуэ уэзыгъэлъагъу мотивхэр щызэхэухуэнащ.



Уэрэзейм и усыгъэм езым и дуней еплъыкIэ щхьэхуэр, ар адрей усакIуэхэм къащхьэщызыгъэкI хъэтIыр къыпкърыщыжащ. Усэхэм нэмыщI, ар сонетым, сонет Iэрамэм и жыпхъэхэм, апхуэдэуи эпикэ усыгъэм и жанр зэхуэмыдэхэм – поэмэмрэ балладэмрэ – и зэфIэкI щеплъыжащ.

Уэрэзей А. зи лъэпкъыр фIыуэ зылъагъу, абы и къэкIуэну дахэм хуэхъуапсэ усакIуэт. Абы и щыхьэт наIуэщ тхыдэр и лъабжьэу абы и Iэдакъэ къыщIэкIа дэтхэнэ зы тхыгъэри, ар усэуи поэмэуи щрет. Апхуэдэ тхыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуакъым бгырыс лъэпкъхэм къалъыкъуэкIа гузэвэгъуэр, зауэ мыухыжхэр къэхъеиныр къызыхэкIар, ахэр къэзыша щхьэусыгъуэхэр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, усакIуэм къалэну зыхуигъэувыжакъым хеймрэ мысэмрэ зэхэгъэкIыныр (тхыдэм и дежкIэ ар пщIэншэщ), атIэ абы и усыгъэхэм я лъабжьэр ди хэкуэгъухэм, ди лъэпкъэгъухэм я щхьэ кърикIуа насыпыншагъэм езы усакIуэм кърит гухэщIырщ, абыхэм ящIыгъуу езыми псэкIэ игъэв бэлыхьырщ. Псалъэм папщIэ, «Уэрэдыжь» усэм дыкъыщоджэ мыпхуэдэ сатырхэм:

*Адыгэм сыкъеджэжынути,*
*Си макъыр дэнэкIэ згъэзэну?*
*Адыгэр къэслъыхъуэжынути,*
*ДэнэкIэ къыщыщIэздзэну?*
**(«Уэрэдыжь»)**

Усэм щIэлъ гупсысэр ешэщI икIи и макъамэ нэщхъейр гущIыхьэ пщещI ар и композицэкIэ уэрэдым ещхьу зэрыгъэпсам, абы и кIуэцIкIэ узыщрихьэлIэ междометиехэу *«сэрмахуэ», «уей»* жыхуиIэхэм:

*Лъыгъажэм ухуэIэижьмэ,* ***уей,***
*Уи гъуэгур нэпс-лъыпс зэхэлъкъэ,*
***Сэрмахуэ,*** *мы дунеижьмэ,* ***уей,***
*И набжьэм зыгуэрхэр щIэлъкъэ.*
**(«Уэрэдыжь»)**

«Адыгэ» жыхуиIэ усэри лъэпкъ гупсысэкIэ гъэнщIащ. Мыбы зэгуэхыпIэ имыIэу щызэхэжыхьащ тхыдэри, лIыхъужьыгъэри, цIыхугъэри, икIи наIуэу къыхэщащ бгырысым и хьэл-щэн жыру псыхьар:

*Уи лъэпкъ гъэжэщIу, укъигъаскIэу*
*Лъыгъажэ макъкIэ бийр къыщыбгэм,*
*УIэгъэр птхъэщIри тенджызыпскIэ,*
*УитIысхъэжат аргуэру шыбгым.*
**(«Адыгэ»)**

Тхыдэм ехьэлIа гупсысэ гугъусыгъухэрщ Уэрэзей А. и «ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж» (1986) поэмэми лъабжьэ хуэхъуар. Зы лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, лъэпкъым и тхыдэм, зауэм ехьэлIа темэр нобэрей тхылъеджэм и нэIуасэщ, ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, ар щIэщыгъуэ ящI поэмэм и композицэр, сюжетыр зэрыухуам, ар усакIуэм къызэриIуатэ щIыкIэмрэ Iэмалхэмрэ. Поэмэм и кIыхьагъкIэ щыпхышащ усакIуэм абы и фIэщыгъэм щIилъхьа гупсысэ нэхъыщхьэр – лIэщIыгъуэхэр зэрызэпэджэжыр, тхыдэр пщыгъупщэ зэрымыхъунур, лъэпкъым и блэкIамрэ и къэкIуэнумрэ зэгуэпх мыхъуну зэрызэпхар:

*Нобэрей гъащIэр, пщIэрэ,*
*Зи Iэужьыр*
*Дыгъуасэрщ –*
*Ар тхуэщIынукъым зэгъуэкI.*
*Аращ, зы махуэм махуэр къыпытщэхукIэ,*
*ЩIэтлъагъур ди нэхъыжьхэм я лъэужь.*
*Дунейм цIыхугъэ дахэр щытепщэхукIэ*
*Ди гуапэу къытщIихунщ*
*Абыхэм яжь.*
**(«ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж»)**

А гупсысэр и лъабжьэу къэтхьынщ нэгъуэщI зы щапхъи:

*Щызэподжэж лIэщIыгъуэхэр зэманым –*
*Пщэдейм зэхех дыгъуасэм и лъэ макъ...*
**(«ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж»)**

Поэмэр гъащIэмрэ абы и хабзэхэмрэ, цIыхугъэм, зэманыр и пIэ зэримытым ехьэлIа философие гупсысэ куухэмкIэ псыхьащ. Абы и щыхьэтщ тхыгъэм щыщ мыпхуэдэ щапхъэхэр: *«Зыр и гъуэгум щышылъэхьамэ, / Зыр ирожэ – шыжьэрыутIыпщщ. / Зым и гъуэгур щиух лъэхъэнэм, / Зым щIидзэнущ абы пищэн»; «ЦIыху гъащIэр мащIэщ. / МащIэщ апхуэдизкIи, / ПщIантIэм удэкIыу цIыху ущы-*

*хыхьар / Пщыгъупщэжыну пхущIэмыхьэ / ЩIыкIэ / Уи кIэух махуэр къыпкIэлъэщIыхьэнщ»; «Хэку хуитыныгъэм папщIэ псэр зыхуэтыр / Аращ насыпу щыIэри зритыр»; «Си шынэхъыщIэ, цIыкIукъым щIы хъурейр, / Яхурикъунущ псоми – щIы уи фIэщ – / ИмыкIыу щытмэ цIыхум и нэхъуейр».*

«ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж» поэмэм и сюжетри гъэщIэгъуэну зэхэлъщ: зэманкIэ абы къызэщIиубыдэр зы жэщ закъуэщ, ауэ а зэманым и кIуэцIкIэ лирикэ лIыхъужьым и пщIыхьым лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр, лIэщIыгъуэ някъуэ ипэкIэ е нэхъыбэжкIэ уIэбэжмэ къэхъуа Iуэхугъуэхэр щызэблокI. ПщIыхьым хэту зы ныбжь «плъыфэншэ» къыщхьэщохьэри, абы и нэпс щIыIэр и нэкIум къоткIуэ икIи абдежым къыщыщIэдзауэ абы и нэм къыIуедзэж и гъащIэм къыхэхуа, езым и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэхэр, апхуэдэуи и пщIыхь къыхохуэ езыр сабий дыдэу зыхиубыда зауэ гущIэгъуншэр. Лирикэ лIыхъужьым и сабиигъуэм къыхокIри, и пащхьэ къоувэж «нанэ дыщэкIэ» зэджэ и анэшхуэр, Къущхьэхъу хъупIэм дэкIыну зызыгъэхьэзыр и адэр, абы иш Къарэ лъакъуэхур, лэкъум хуабэ къахуихьу я пщIантIэм къыдыхьа Мухьэмэд щIалэ цIыкIур, зэныбжьэгъухэм я джэгупIэу щыта Бэтокъуэ шытхыр, зауэм «къыщIэна» пощт някъуэкъутэр. Къэгъазэ имыIэу дыгъуасэм хыхьэжа сабиигъуэр, дунейм темытыж Iыхьлыхэр. Апхуэдэ гукъэкIыжхэр хьэлъэщ, ауэ лирикэ лIыхъужьым фIы дыдэу къыгуроIуэ блэкIа къудейкIэ цIыхур псэу зэрымыхъунур, ар и нобэм, псом хуэмыдэу и пщэдейм щIэгупсысу, и къэкIуэнур зэрыригъэфIэкIуэным пылъу псэун зэрыхуейр:

*Хэпшыжу лъагъуэ,*
*Уи мурад уиIэжу,*
*Пщэдейм ухуэкIуэу*
*ХэбгъэщIыныр гъуэгу*
*Гугъущ ямылейуэ,*
*Ауэ уи Iэужьым*
*КъыпэкIуэр щыплъагъужкIэ*
*Хохъуэр уигу...*

**(«ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж»)**

И сабиигъуэм и ужькIэ, лирикэ лIыхъужьым и нэгу къыщIохьэ дуней псор мафIэсым хэзыдза зауэр: сабийхэр мэгъуэг, цIыхубзхэр мэгуIэ. Абы хэту, сабалъэ гъуэгум къытохьэ щIалитI, я анэр я гъусэу. Анэм и нэпсыр щIелъэщIыкIри, зауэ гъуэгуанэм тригъэувэ и къуитIыр мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ еущий:

*Фэ тIурт мы дунейм гурыфIыгъуэу*
*щызиIэр.*
*Емынэ талом и зэранкIэ, си бынхэ,*
*Фыдашри, блэ фIыцIэм*
*ЛIы хуэдэу фебэнхэ!*
*Ди лъэпкъым игъащIэм хэтакъым*
*лIыгъэншэ.*
*Фи адэ фрикъуэщ, фефащ си быдзышэ.*
*Фи адэм,*
*Фи лъахэм*
*Я напэр тевмых.*

*Фыдзыхэу къэвгъазэм –*
*Си дежкIэ гуихщ.*
**(«ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж»)**

Поэмэм и кIуэцIкIэ лирикэ лIыхъужьым и нэгу щIэкI Iуэхугъуэхэр къыхуэзыIуэтэжу тхыгъэм и пэщIэдзэм деж абы къыщхьэщыхьа «ныбжь плъыфэншэр» езы лирикэ лIыхъужьым и адэ къуэш нэхъыщIэ Сэламу къыщIокI. Сэлам щIалэ дыдэу (и ныбжьыр илъэс тIощIым иту) зауэм хэкIуэдащ. Абы и кIуэдыкIэ хъуар, апхуэдэуи зауэр зэрыгущIэгъуншэр усакIуэм психологизм лъэщ хэлъу поэмэм къыщегъэлъэгъуэж:

*... А псори къыщысщIар, си шынэхъыщIэ,*
<...>
*ЦIыхуитIым къалъхуа цIыхум ил мыузу*
*Къыстригъапщэу автомат гъэпкIар,*
*Си нитI къэщтам мы щIылъэр къыдэгызу,*
*Гъэ тIощI згъэщIауэ сыкъыщиукIарщ...*
**(«ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж»)**

Зэрытлъагъущи, «ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж» поэмэм гупсысэ куэд щызэхэухуэнащ. Абыхэм языхэзщ зы цIыхуи лъэужьыншэу дунейм зэремыхыжыр: дэтхэнэ зыми къызэренэкI Iуэхугъуэ гуэрхэр, ахэр фIыуи Iейуи щрет: *«Ер уи Iэпэгъуу гъащIэр пхъам, бэяну / УкъэкIыжынущ уэ зэгуэрым банэу. / Ухуэлэжьамэ фIым, пIэтам уи лъахэр, / УкъэкIыжынущ нэр зыхъэху удз дахэу».*

ИщхьэкIэ къызэрыщыхэдгъэщащи, Уэрэзейм и поэмэм и лъабжьэр пщIыхьэпIэщ. ПщIыхьэпIэм цIыхум и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ. Ар Тхьэмрэ цIыхумрэ зэрызэрыщIэ Iэмалу, къэкIуэнур уи нэгу щIэзыгъэкI, узыущий, Iуэхугъуэ гуэрхэм укъыхуезыджэ е упыIузыш нэщэнэу (символу) щIэныгъэлIхэм къалъытэ. ПщIыхьэпIэм ехьэлIа символикэр художественнэ тхыгъэхэм куэдрэ къыщагъэсэбэп. Абы тхыгъэр нэхъ гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ ещI. Псалъэм папщIэ, дигу къэдгъэкIыжынщ урыс тхакIуэшхуэхэу Горький Максим и «Мать» романым къыхэщыж Ниловнэ, Гончаров Иван и «Обломов» романым и образ нэхъыщхьэ Обломов, Достоевский Фёдор и «Преступление и наказание» романым къыхэщыж Раскольников, Бещтокъуэ Хьэбас и «Мывэ лъэхъэнэ» роман-мифым и лIыхъужь нэхъыщхьэ Ану сымэ я пщIыхьэпIэхэр. А пщIыхьхэм псоми мыхьэнэ зырыз яIэщ, ахэр зылъэгъуа цIыхухэр зыгуэрым хуаущий. Уэрэзейм и поэмэм пщIыхьэпIэр авторым тхыгъэм и идее нэхъыщхьэр къызэригъэлъагъуэ зы Iэмалу къыщокIуэ. Абы щекIуэкI Iуэхугъуэ псори зэрыпщIыхьэпIэр къыщытщIэр усакIуэм зауэм хэкIуэда и адэ къуэш нэхъыщIэ Сэлам къыхуэкIуэу и ажалыр къызэрыса щIыкIэр къыщыжриIэжым дежщ. Поэмэм и пэщIэдзэм дежи тхыгъэм къыхощ Iуэхур щекIуэкIыр жэщыр зэрыарар, ауэ абдежым лирикэ лIыхъужьым и нэгу щIэкIхэр гукъэкIыжым нэхъ пэгъунэгъущ, пщIыхьым нэхърэ. Тхыгъэм и кIэм деж наIуэ дыдэ къохъу лIэщIыгъуэхэм я мызакъуэу цIыхухэм я псэхэри зэрызэпэджэжыр. ГъэщIэгъуэнщ зэадэзэкъуэм зы жэщым зы пщIыхь – зауэм теухуауэ – зэралъагъур:

*Сыхэжеящ нышэдибэ.*
*Си къуэм сыкъегъэуш:*
*«Папэ, слъэгъуащ пщIыхьэпIэ*
*Зауэм удашуи,*
*Пэж?»*

**(«ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж»)**

«ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж» поэмэм и фIагъхэм ящыщ зыщ абы и кIуэцIкIэ усакIуэм анэдэлъхубзэр, адыгэ хабзэр, нэмысыр, цIыхугъэр зэрыщигъэлъапIэр: *«Си адыгэбзэ гуапэу дыщэ пщалъэ, / Сызэхэпхын? / Уэ зырщ, / Зы закъуэрщ / Анэдэлъхубзэу / Къысхуигъэщlар, / Псэущхьэу щIылъэм тетыр зэрылъапIэр / Къызэрысщlар».*

Поэмэм и кIэм деж лирикэ лIыхъужьым и адэ къуэшым къыжреIэ лъэпкъым къэкIуэну дахэ зэриIэр, нобэкIэ и нэгу щIэкI дунейм нэхъыфI къызэрыунэхунур:

*Зэ мыхъуми зэ кIуэдынущ цIыху*
*КъэгъапцIэр.*
*ЩIыр къабзэ хъунущ,*
*КъэпкIухьыну лъапцIэу*
*Умышынэжу.*
*ЩIэблэхэр къалъхунущ.*
*Абы я лъынтхуэм*
*Ди лъыр црижэнущ.*



**(«ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж»)**

«ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж» поэмэр бзэ шэрыуэкIэ тхащ. Абы художественнэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэм, образнэ гупсысэкIэ гъэщIэгъуэным, купщIэшхуэ зыпкърылъ жыIэгъуэхэм уащрохьэлIэ. Псом хуэмыдэу тхыгъэр щIэщыгъуэ ящI:

– *риторическэ упщIэхэм:*

*Зауэм къишэ гуауэр*
*Хэт къилъытэфын?*
*ЦIыхум цIыху щIезауэр*
*Хэт къызжиIэфын?*

– *зыхуэгъэзэныгъэ, къыхуеджэныгъэхэм:*

*ЛIыхъужьхэ! Фытэдж, фхъумэжыну фи Хэку,*
*Бий бзаджэр еруэ къыдохъэр ди жьэгу.*
*Къэтэдж, къэралышхуэ, къэтэджи зышэщI,*
*Лъэпкъ куэдыр зэкъуэтым къарури мыжэщIщ...*

– *IуэрыIуатэм щыщ пычыгъуэхэм:*

*Уей жрамыIэнкIэрэ*
*Андемыркъаным и тхыдэщ...*

Поэмэм и фIагъхэм ящыщщ ар ритмикэ, рифмэ я лъэныкъуэкIэ зэпэщауэ тха зэрыхъуар. Ауэ тхыгъэр икIыхьагъкIэ зы усэ жыпхъэм иткъым. Псалъэм папщIэ, илъабжьэкIэ къэтхьыну пычыгъуэр *стопаищу* зэхэт хорейкIэ тхащ:

*Псалъэ дахэ дыдэу*
*ЩыIэр сыту куэд,*
*ЩIыгур ягъэуардэу,*
*ЯмыIэну кIуэд!*

*U U / U U / – U*
*– U / – U / –*
*– U / – U / – U*
*U U / – U / –*

Ауэ мы щапхъэр хорей жыпхъэм къабзэ дыдэу изагъэркъым: япэ сатырым и япэ, ещанэ пычыгъуэхэм, еплIанэ сатырым и япэ пычыгъуэм деж пиррихиер мэув.

Поэмэм и иужьрей – еянэ – Iыхьэм деж *стопаитхуу* зэхэт ямбкIэ тха пычыгъуэхэм ущрохьэлIэ:

*Седжэрэзэх сфIэщIыжу уафэ джабэм,*
*Сыпхохур зэуэ пшэ хужь къауц щабэм.*
*МафIэси, Iугъуи, гъуэзи мэбзэхыж.*
*ИужькIэ... адкIэ зыри сымыщIэж.*

*U U / U – / U – / U U / U – / U*
*U – / U – / U U / U U / U – / U*
*U – / U – / U – / U U / U –*
*U – / U – / U – / U U / U –*



Поэмэм рифмэ ухуэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэми ущрохьэлIэ:
*– IуэрыIуатэм и рифмэм (народнэ рифмэкIи йоджэ):*

БлэкIа гуэрым *си*мыгъэ**жейуэ**
*Си* пщIыхьэпIэм къыхуищIырт *джакIуэ*.
На*кIуэ*па*кIуэу* пиудт си **жейри,**
Хэлъэдэ***жырт*** зэманым *щхъэкIуэу.*
**(«ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж»)**

Мы щапхъэм деж IуэрыIуатэм и рифмэкIэ зэпыщIащ япэ сатырым и кIэухымрэ етIуанэм и пэщIэдзэмрэ, ещанэ сатырым и кIэухымрэ еплIанэм и пэщIэдзэмрэ. IуэрыIуатэм и рифмэм нэмыщI, мы щапхъэм ущрохьэлIэ кIэух рифмэм и зы лIэужьыгъуэм – рифмэ зэблэдзам: абыкIэ зэпхащ япэ сатыримрэ ещанэмрэ, етIуанэмрэ еплIанэмрэ.
*– къызэщIэзыубыдэ, къызэщIэзыкъуэ рифмэ:*

Иджыри куэду щIылъэм щокI *банэжьыр,*
Мы удз гъэгъар абы **зэщIимыщтэным,**
Зы бани, зы ежьужьи **къэмынэным**
Сэ махуэ-жэщ имыIэу *сытолажьэ.*

*– рифмэ зэблэдза:*

Иджы зэ моуэ накIуэт, шынэхъыщIэ,
Мы губгъуэ плъагъум сакъыу *сыщоплъыр,*
Дызыхэт хьэсэр удз гъэгъам дохыщIэр,
Дызытет лъагъуэм егъэтыншыр *лъэр.*

– *рифмэ зэгуэгъу:*

Аращ дунейр. Уахътыншэкъым цIыху *гъащIэр,*
Си шынэхъыщIэ, хьэкъыу мыр *зэгъащIэ* –
Iэпкълъэпкъ пщыкIутIыр лъынтхуэм **ягъэбауэу**
Упсэухун ещIылIэ зауэм **зауэ.**

– *сатыркIуэцI рифмэ:*

Си саби<u>*игъуэ*</u> <u>*игъуэу*</u> насыпыфIэр...

Мы гъуэгу<u>*анэ*</u>м д<u>*энэ*</u> сишэну?

Дэтхэнэ цIыхуми, лъэпкъми и пщэрылъщ блэкIам хэплъэжу фIымрэ Iеймрэ зэхигъэкIыну, абы хуэфащэ гулъытэ хуищIыну, дерс къыхихыну. Адыгэхэм ятелъа гугъуехь-бэлыхьыр, лъэпкъыр зэман кIыхькIэ зыхэта мафIаер тхыдэми щэнхабзэми хъума щыхъуащ. Абы къыдэкIуэуи, зауэ лыгъэр, абы къиша гузэвэгъуэшхуэр екIуу, нэгъэсауэ къагъэлъэгъуэжын ялъэкIащ ди лъэпкъ усакIуэхэм, тхакIуэхэм, драматургхэм. Абыхэм я IэдакъэщIэкI купщIафIэхэм я сэбэпкIэ щIэблэщIэм деж нэхьэса хъуащ гъащIэ блэкIам и пэжыр. Апхуэдэ тхыгъэу нобэкIэ дэ дызыщыгъуазэхэм ящыщщ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа «ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж» поэмэри.

Лъэпкъ усыгъэм и хэлъхьэныгъэ хъуащ Уэрэзей А. и «Гупсысэ» поэмэри. Ар философие куукIэ псыхьа тхыгъэщ. Поэмэр «Подол матери» фIэщыгъэм щIэту урысыбзэкIи дунейм къытехьащ, «Сроки счастья» (1991) сборникым иту.



«Гупсысэ» поэмэр зытеухуар, абы и темэ нэхъыщхьэр зэеплъыгъуэкIэ хэхауэ пхуэубзыхунукъым. Тхыгъэм и кIуэцIкIэ усакIуэм и гупсысэм къуэпсыбзэу зыщеубгъу, гъащIэм, цIыхугъэм, лъагъуныгъэм, Хэкум ехьэлIа Iуэхугъуэ, упщIэ куэд къызэщIиубыдэу.

*Зэхуэмыдэу куэдыр догупсысэ:*
*Зым къегъэщIыр ди псэм дыхьэ псысэ,*
*Зыми нахуэу тхьэр игъэпцIыфынущ.*
**(«Гупсысэ»)**

Поэмэм и идее нэхъыщхьэр цIыхур ущиинырщ, фIым къыхуеджэнырщ, хуэгъэушэнырщ. ГъэщIэгъуэну ухуащ поэмэм и *композицэри* – ар диалогитIу зэхэлъщ. Япэ диалогыр лирикэ лIыхъужьымрэ щIы-анэмрэ я зэхуаку къыдохъуэ. Лирикэ лIыхъужьым игу зэрыгъуэхэр, нобэрей гъащIэм ар щызыгъэпIейтейхэр щIы-анэм хуеIуатэ:

*Зэхэтхыжкъым гъатхэм*
*Гъатхэ уэшхыр*
*Къыхуэгуапэу щIым*
*Зэрыдыхьэшхыр.*
*КъытщIихьэжкъым удз гъэгъа мэ гуакIуэр.*
*Ауэ ноби щIыгум щызогуакIуэр*
*НыбжьыщIитI.*
*ДяпэкIэ а тIум*
*Къапэплъэр сыт?*
*ЗэрымыгъэпцIэжмэ –*
*Я насыпт.*
**(«Гупсысэ»)**

АдэкIэ поэмэм усакIуэм зи цIэ иримыIуэ цIыхуитIым я диалогыр, нэхъ пэжу жыпIэмэ зэдауэныгъэр къыхохьэ. Ар кIыхьщ, ауэ щапхъэу къэтхьынщ а псалъэмакъым щынэхъыщхьэ Iыхьэхэр:

*Япэ цIыхум:* *Акъылыр ешмэ,*
*ХокIуэдэжыр тхыдэр,*
*ХэкIуадэм тхыдэр,*
*Лъэпкъыр хэкIуэдащ.*
*Сыхуейкъым сэ,*
*БлэкIам сыкъимыдэжу,*
*Си закъуэпцIийуэ*
*Сыхыхьэн пщэдейм.*
*ЕтIуанэм:* *<...> БлэкIар блэкIащи,*
*ЩыблэкIакIэ,*
*БлэкIам иIэжкъым зэи къэгъэзэж.*
*Сыт махуэ къэс щIэрыщIэу къебгъэблыжкIэ?*
*Игъэхуи уи гум,*
*Уи псэр гъэтыншыж.*
*<...> Зи гупкIэ уитIысхьам*
*Уэрэд къыхидзэр къыхуигъэкI уи пшынэм,*
*Уемыгупсысу ар щIызэхалъхьам.*
*Срешэ хьэмкIэшыгум здыхуеймкIэ,*
*Сыкъыпымыхумэ аращ сызыхуейр.*
*Япэм:* *Ар дауэ, дауэ?*
*Си щхьэм къимытIасэ.*
*Уэ уи щхьэ закъуэм епхыжа гупсысэ*
*ФIэкIа уимыIэу*
*Дауэ упсэуну?*
*ЕтIуанэм:* *<...> Сэ содэ сщыгъыр хэтми зи фащэр,*
*Къимыщмэ си лыр,*
*Щхъэфэр и лъэгущIыхьщ.*

**(«Гупсысэ»)**



ИщхьэкIэ къэтхьа диалогымкIэ усакIуэм иджырей цIыхухэм я хьэл-щэн зэхуэмыдэхэр, нобэрей гъащIэм щытепщэ гупсысэкIэхэр сэтей къещI. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъыбэм я дежкIэ «хабзэ», «нэмыс», «цIыхугъэ», «лъагъуныгъэ», «гущIэгъу» псалъэхэм мыхьэнэ яIэжкъым, апхуэдэхэм я гъащIэм щынэхъыщхьэр «ахъшэ», «дыщэ», «мылъку» псалъэхэрщ. А гупсысэхэр Уэрэзей А. и поэмэм и кIыхьагъкIэ щыпхышащ. Тхыгъэм и кIэм деж къыщыхьа щIы-анэм и псалъэхэр гугъэфIхэмкIэ гъэнщIащ:

*Къытхэтми нобэ гъащIэр зыхъхэр нэду,*
*Аракъым зыубзыхунур ди пщэдейр...*

**(«Гупсысэ»)**

«Гупсысэ» поэмэр бзэ къулейкIэ тхащ. Абы и кIуэцIкIэ усакIуэм и дуней лъагъукIэр дахэу, пкъыгъуэ (деталь) гъэщIэгъуэнхэм япкърыгъэшыпсыхьауэ къеIуатэ. Абы папщIэ щIыуэпсым и теплъэр – вагъуэхэм, мазэм, дыгъэм, жьыбгъэм, хьэуам я образхэр – тхыгъэм къыхегъэхьэ:

*Губгъуэшхуэр гуэдз щхъэмыжкIэ мэIущащэ.*
*Iущащэу къыпохужри жыгым пщIащэр,*
*Жыг щIагъым тIэкIу нэщхъейуэ щогъуэльыкI.*
*Къырыщхъэр дыгъэ бзийхэм къыпалыкI.*
*Хъэуар мэбауэ,*
*Жьыми увыIэпIэ*
*ИмыIэу къыщежыхьыр жыг къудамэм.*

**(«Гупсысэ»)**

Мыбдежым бзэм и Iэмал гъэщIэгъуэнхэм уащрохьэлIэ: метафорэ, зэгъэпщэныгъэ, къэгъэпсэуныгъэ, нэгъуэщIхэми. Абы къыдэкIуэуи, ищхьэкIэ къыщытхьа пычыгъуэм гъэпсыкIэ екIу иIэщ. Абы къыщыгъэсэбэпащ кIэух рифмэ зэгуэгъуэр *(мэIущащэ – пщIащэр, щогъуэльыкI – къыпалыкI),* IуэрыIуатэм и рифмэмрэ тавтологическэ рифмэмрэ зэхэту (япэ сатырым и кIэухымрэ етIуанэм и пэщIэдзэмрэ – *мэIущащэ – Iущащэу,* апхуэдэуи етIуанэ сатырым и кIэухымрэ ещанэм и пэщIэдзэмрэ – *жыгым – жыг* – тавтологическэ рифмэхэмкIэ зэпхащ).

«Гупсысэ» поэмэм и бзэр къулей ящI абы хэухуэна псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ. Апхуэдэхэщ *«Зэманым декIур лIыфIщ», «Зи гупкIэ уисым и уэрэд дежьу»* жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Уэрэзей Афлик и IэдакъэщIэкI поэмэхэу ищхьэкIэ зи гугъу щытщIахэм – «ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж», «Гупсысэ» жыхуиIэхэм – купщIэшхуэ яхэлъщ, гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэ яIэщ. Ауэ тхыгъэхэм я фIагъхэр къыщыпхутэкIэ, абыхэм я щыщIэныгъэми гу лъумытэу къанэркъым. Апхуэдэ щыщIэныгъэхэм языхэзщ поэмитIми я образ системэр. Япэ поэмэм – «ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж» жыхуиIэм – образ, цIэ гуэрхэр къыхэщ пэтми (нанэ, папэ, Мухьэмэд, Быбэ, нэгъуэщIхэри), ахэр абстрактнэ образщ: усакIуэм къыджиIэркъым абыхэм я теплъэр, щытыкIэр, дуней тетыкIэр, атIэ къызэригъэсэбэпыр лирикэ лIыхъужьым и гурыгъур къызэригъэлъагъуэ «Iэмэпсымэ» къудейуэщ. Абыхэм зымащIэкIэ ефIэкIыу зэфIэува хъуащ Сэлам и образыр. Поэмэм и кIуэцIкIэ усакIуэм щыгъуазэ дещI ар лирикэ лIыхъужьым и адэ къуэш нэхъыщIэу зэрыщытым, илъэс тIощI ныбжьым иту зауэм зэрыхэкIуэдам, абы и гупсысэкIэм, Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм. Ауэ а образри нэгъэсауэ къыпхуэлъытэнукъым.

Уэрэзей А. и етIуанэ поэмэм – «Гупсысэ» жыхуиIэм – образхэм я цIэ къудеи къыхэщыркъым. Абы къыщокIуэ лирикэ лIыхъужьым, щIы-анэм, нэгъуэщI цIыхуитIым я образ мыIупщIхэр. Уеблэмэ, тхылъеджэм и дежкIэ зэхэгъэкIыгъуафIэкъым а цIыхуитIыр цIыхухъурэ бзылъхугъэрэ. Лирикэ лIыхъужьым и образри зэфIэува хъуакъым: ар къыздиIукIыр къыпхуэмыщIэ макъ гуэру, ныбжь псэншэу поэмэм хэтщ. Апхуэдэ образ къэгъэщIыкIэм дэтхэнэ эпикэ тхыгъэми и лъабжьэу щытыпхъэ сюжетностыр егъэкIуэд, тхыгъэм еджэгъуей, гум иубыдэгъуей ещI.

Ди лъэпкъ литературэм щымащIэкъым поэмэ нэгъэсам и щапхъэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и «ЩIымахуэ жэщ», «Мадинэ», «Партизан Жамбот», «НыбжьыщIэ хахуэ», КIыщокъуэ Алим и «Адэ», «Тисей», ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и «Бгыщхьэ мафIэхэр», КIуащ БетIал и «Нэху», «ДжонитI» жыхуиIэхэр, нэгъуэщI куэди. Абыхэм ебгъапщэмэ, Уэрэзей А. и поэмэхэр философие гупсысэкIэ гъэнщIа усэшхуэхэм е усэ циклым нэхъ пэгъу-

нэгъущ. Апхуэдэу щытми, къыхэдгъэща щыщІэныгъэ зыбжанэм Уэрэзейм и тхыгъэхэм я пщІэр ягъэлъахъшэркъым. Ахэр ди литературэм зы къуэпсу хэуващ.

Балладэ жанрым адыгэ литературэм зыужьыныгъэшхуэ щимыгъуэтами, нобэкІэ диІэщ абы и щапхъэ нэсхэр. Псом япэ Нало Заур и «ЦІыху напэ», КІыщокъуэ Алим и «Жыгым теухуа балладэ», Бещтокъуэ Хьэбас и «Мкртыч Даштоян папщІэ балладэ» жыхуиІэхэм, нэгъуэщІхэми я цІэ къиІуапхъэщ.

ЗэрытщІэщи, балладэм и лъабжьэу щытыпхъэщ щІэгъэхуэбжьа Іуэхугъуэ, зэпэщІэтыныгъэ, зэныкъуэкъу гуэр. Нало З. и «ЦІыху напэ» балладэр къапщтэмэ, абы и лъабжьэр, конфликт нэхъыщхьэр зыхэлъыр цІыхумрэ удымрэ напэм папщІэ яку къыдэхъуэ зэныкъуэкъурщ; Бещтокъуэ Хьэбас и балладэм деж – ар Мкртыч Даштоянрэ бийхэмрэ я зэпэщІэтыныгъэрщ. Балладэхэм хэт лІыхъужьхэм я напэр, лІыгъэр, цІыхугъэр, псэ къабзагъэр яхъумэжын папщІэ я псэр ят хабзэщ. Апхуэдэ тегъэщІапІэщ иІэр Уэрэзейм и балладэми.

«СурэтыщІым теухуа балладэм» и жанрыр, и фІэщыгъэми къызэригъэлъагъуэщи, езы усакІуэм иубзыхужащ икІи абы арэзы утехъуэ хъунущ. Балладэр инкъым, и сюжетри псалъэуха зытІущкІэ къыпхуэІуэтэнущ. УсакІуэм зи цІэ иримыІуэ сурэтыщІыр бгыщхьэм дэкІуеяуэ уафэм и сурэт ещІ. Пшэ фІыцІэ къытохьэри, уэшх къошх, щыблэрэ уафэгъуагъуэрэ щІэту, ауэ сурэтыщІым сурэтым зытреубгъуэри, ар зыри къыщымыщІу къызэтонэ, езыр щыблэм еукІ. Зэрынэрылъагъущи, балладэм и сюжетыр гущІыхьэщ, ар авторым художественнэ Іэзагъ ин хэлъу къегъэлъагъуэ, бзэ шэрыуэкІи къеІуатэ. 

«СурэтыщІым теухуа балладэм» и кІуэцІкІэ Уэрэзей А. бзэм и Іэмал зэхуэмыдэхэр къыщегъэсэбэп: метафорэхэр, эпитетхэр, зэгъэпщэныгъэхэр, къэгъэпсэуныгъэхэр:

*Уафэ къащхъуэм щосыр пшэ хужь Іэтэ,*
*Іум йоткІухьыр уэгум ит хьэуар.*
*Гукъыдэжыр къыхузэщІиІэтэу,*
*Къуршри джэрпэджэжкІэ къэгуоуащ.*
**(«СурэтыщІым теухуа балладэ»)**

СурэтыщІым и псэм къылъэІэса гузэвэгъуэр психологизм лъэщ хэлъу тхыгъэм къыщыІуэтащ:

*Батэурэ пшэ фІыцІэр къыхуоІэгъуэ,*
*КъызэщІигъэуфІыцІэу дуней псор.*
*Уэгур макъ шынагъуэкІэ къогъуагъуэ,*
*Игъэдийрэ игъэгызу псэр.*
**(«СурэтыщІым теухуа балладэ»)**

ГъэщІэгъуэнщ уафэгъуагъуэм и псалъэ шынагъуэхэри тхыгъэм къызэрыхыхьэр:

*Уафэгъуагъуэр гъуагъуэу къокІиехыр:*
*«Сэ къыспэхъуфыну цІыху ІэрыкІ?».*
**(«СурэтыщІым теухуа балладэ»)**

«СурэтыщІым теухуа балладэр» и пэм къыщыщІэдзауэ и кІэм нэс зы усэ жыпхъэм – стопаитхуу зэхэт хорейм – итщ:

*Щыблэм къиутІыпщауэ хъуар щыблэшэу*
*Зытехуар и гущхъэрщ сурэтыщІым, –*
*Къригъэлри и уафэ ІэрыщІыр,*
*И псэр ехыжащ дунейм узыншэу.*

*– U /UU /– U /– U /– U*
*UU /– U /– U /UU /– U*
*UU /– U /UU /UU /– U*
*– U /UU /– U /– U /– U*

Балладэм и Іыхьэ нэхъыбэр кІэух рифмэ зэблэдзакІэ тхащ:

*И ІэрыкІым и гур <u>къригъэблу,</u>*
*ЕщІри-ещІыр уафэм и* ***сурэт.***
*И сурэтым дыгъэр <u>къыщегъаблэ,</u>*
*ЩІэлъу дуней кІэншэм и* ***къэуат!***
**(«СурэтыщІым теухуа балладэ»)**

Тхыгъэм ущрохьэлІэ нэгъуэщІ рифмэ лІэужьыгъуэхэми:



*СурэтыщІыр теубгъуащ <u>мольбертым,</u>*
*И ІэщхьитІым къыпожыж* ***уэшхыпс:***
*Мы дунейр уэлбанэм <u>къыщикъутэм,</u>*
*Зытриубгъуэжри и <u>сурэтым,</u>*
*Къытригъэшхакъым зы уэших* ***ткІуэпс.***
**(«СурэтыщІым теухуа балладэ»)**

Мы щапхъэм деж кІэух рифмэкІэ зэпхащ япэ, ещанэ, еплІанэ сатырхэр, апхуэдэуи – етІуанэмрэ етхуанэ сатырымрэ. Япэ сатырымрэ ещанэмрэ кІэух рифмэ *зэблэдзакІэ,* етІуанэмрэ еплІанэмрэ *къызэщІэзыубыдэ (къызэщІэзыкъуэ)* кІэух рифмэкІэ, ещанэ сатырымрэ еплІанэмрэ кІэух рифмэ зэгуэгъукІэ зэпхахэщ.

«СурэтыщІым теухуа балладэр» зэрыщыту сатыриплІу е тхууэ зэхэт строфакІэ тхащ.

Уэрэзейм и адрей эпикэ усыгъэхэми хуэдэу, зи гугъу тщІы балладэм и образ системэр нэщІыса хъуакъым. Абы емылъытауэ, «СурэтыщІым теухуа балладэр» усакІуэм и творчествэм щынэхъыфІхэм яхэлъытапхъэщ. Ар сыт и лъэныкъуэкІи – темэкІи, идеекІи, къыщыІэта ІуэхугъуэкІи, композицэкІи – балладэ жанрым йозагъэ.

Уэрэзей А. и ехъулІэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ и сонетхэмрэ «Тхыдэ» зыфІища сонет Іэрамэмрэ. Иужьрейр литературэм и жыпхъэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ, аращ абы иту тхауэ ди усыгъэм хэт тхыгъэхэм я бжыгъэр щІэмащІэри. Сонет Іэрамэр сатыр пщыкІуплІу зэхэлъ сонетурэ пщыкІутху мэхъу, абыхэмкІэ зэхэгъэува цикл (венок) къагъэщІу. Сонет Іэрамэм и щхьэхуэныгъэщ къыкІэлъыкІуэ сонетыр абы и пэ къитыр зэриуха сатырымкІэ къыщІидзэу гъэпсауэ щытыныр. Сонет пщыкІуплІыр зэриух иужьрей сатырхэр зэкІэлъыхьауэ хоувэ епщыкІутхуанэ сонетым – «магистраль»-кІэ зэджэм, абы сонет къэскІэ ящІэлъ гупсысэ щхьэхуэхэр къыщызэщІэкъуэжащ. Дауи,

тыншкъым усэ сатыр 210-рэ хабзэ хэхам тету зэкIэлъыпхьыныр, абы и жыпхъэми, и рифмэ гъэпсыкIэми, щыпхрыша гупсысэхэми ятещIыхьауэ. Апхуэдэу щытми, Уэрэзей А. усыгъэм и жанр нэхъ гугъу дыдэу къалъытэ сонет Iэрамэ итхын хузэфIэкIащ. Абы хэт сонетхэр «инджылыз» ухуэкIэм и щапхъэм тету тхащ. И фIэщыгъэми къызэригъэлъагъуэщи, сонет Iэрамэр зытеухуар тхыдэ къэхъугъэхэрщ, абы IэкIуэлъакIуэу хэухуэнащ лъэпкъ зэхэщIыкI-гупсысэри, мифологиеми кIапэлъапэхэри.

Уэрэзейр зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэми и зэфIэкI щеплъыжащ. Абы адыгэбзэкIэ зэридзэкIахэм ящыщщ Мэлбахъуэ Елбэрд и «ЩумыгъэпщкIуам щылъыхъуэ» романыр; Кулиев Къайсын и «Си гущэкъу уэрэд», «Бзу абгъуэ», «Фэрыншауэ сыпсэуфынкъым» усэхэр; Моттаевэ Светланэ и «Кязим къыщалъхуа къуажэм», «Зыгуэрым игу зрибгъэхьыныр» усэхэр; Ольмезов Мурадин и «Апхуэдизу, сигу, сыт ущIэщыгъуэр», «Жыгищ», «Ажалымрэ гъащIэмрэ», «Дыщэ нэпсыр зыщIэжа бзиху дахэ», «Япэ уэс» усэхэр; Лермонтов Михаил и «Къэрабгъэ» поэмэр; Пушкин Александр и «Кавказ гъэр» повестыр, «ЩIымахуэ пщыхьэщхьэ» усэр, «Попымрэ абы и лIыщIэ Балдарэ» таурыхъыр, нэгъуэщIхэри.

Уэрэзей Афлик сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ щымылэжьами – литературэми, зэдзэкIыныгъэми, журналистикэми – лъэужь дахэ къыхинащ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр эстетикэ лъагэм и пкъыгъуэхэмрэ нэщэнэхэмкIэ гъэнщIащ, аращ ахэр лъэпкъ щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщ зыщIри.



**ХЬЭВЖОКЪУЭ** ***Людмилэ,***
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат*

Усэхэр

УЭРЭЗЕЙ Афлик

## АДЫГЭ

Уи лъэпкъ гъэжэщIу, укъигъаскIэу
Лъыгъажэ макъкIэ бийр къыщыбгэм,
УIэгъэр птхьэщIри тенджызыпскIэ,
УитIысхьэжат аргуэру шыбгым.

Уагъэухуакъым уни лъапси,
Урагъэджакъым хуиту тхылъым.
ИтIани, зыми уемыхъуапсэу,
Упсэут, пагагъэр хэту уи лъым.

Гъунэгъу-жагъуэгъухэр къыплърищэрт,
УраIэ защIэт гупсысапIэу.
Уи тхыдэ гъуэгури нэшэкъашэт,
МыгурыIуэгъуэу къэгъэшыпIэр.

ЩIэлэжьыкIыхукIэ уи шым налыр,
Къыумыгъэлалэт шыныбэпхыр.
Арат бгъуэтыжри Iэмалу,
Аргуэру щIэпкъузэжырт уи бгыр...

ИрамыгъэщIу хэку унагъуэ,
КърамыгъэкIыу зэи шыбгым,
И бгыр щIикъузэурэ, бгы псыгъуэ
ЩIэхъуар аратэкъэ адыгэр?

* * *

Махуэ къэс зыгуэр къыщохъу дунейм.
Махуэ къэс дунейм къыщощI зыгуэр.
Хэт и нэфI къысщыхуэу, хэт и ней,
ТепыIэншэу ягъэлажьэ гур.

Шызакъуэгуу хьэпкIэрапкIэ гур
ЕдэIуэжкъым гузэвэх хъуа псэм.
Къелъыхъуэжри имыгъуэтыж гуэр,
Хурикъужкъым абы дуней псор.



3 Заказ №2464

Гъащ Iэ закъуэщ гуми псэми яIэр.
Си Iэпкълъэпкъ пщыкIутI зэрыIыгъыху,
ТIуми ягъуэтынукъым псэхупIэ,
ТIуми ямыIэну зыгъэпсэху.

Хьэуа щэхур жыгым йоIущащэ,
Тхьэмпэ щхъыщхъхэм пхагъэIукI макъ дэгу.
Ахэм едэIуэхукIэ, и нэпс гъущэр
ЩIелъэщIыкI нэсакIэм гъащIэ щыгу.

Псэр мэгыз, мэтхьэджэ, лъэуджаджэщ,
ЩхьэщымыкI щыхупIэ нэз задейм.
Ар зыдыхьэжынур сыт къуэладжэ?
Ар зыдэкIуэжынур сыт дуней?

Лъынтхуэр игъэдийуэ щыблэр мауэ,
КърекIых пэгункIэ бжьыхьэ уэшх...
Си гуи, си пси фыкъэтIыси моуэ,
Хуиту зытевгъашхэ бжьыхьэ уэшх.



## ГЪЭРЫМ И УЭРЭД

СызыIут псы Iуфэм щIыIэр щопэбжьауэ,
СызыIут псы Iуфэм хуабэр къомэщIэкI.
Къуршыпс уэр етами, тэмакъкIэщI губжьауэ,
Си псы Iуфэр махуэ къэскIэ Iуелъэсыкl.

Жэщыр къыстегуплIэу, махуэр къыстехьэлъэу
Илъэс Iэджэ щIауэ си хэщIапIэщ мыр.
Гур зыгуэр щыгугъыу, псэр зыгуэрым пэплъэу
ГъащIэ псо икIыныр Тхьэшхуэм и Iэмыр?!

Уэрэд езгъэжьами, хогъуэщыхьри пшагъуэм,
Нэщхъей дыдэ хъуауэ, къегъэзэж си деж.
ИзокъузылIэжри гуапэу си нэкIу фагъуэм,
Си Iу бахъэ пщтыркIэ къызогъэхуэбэж.

ЖызоIэж сэр-сэру а уэрэдыр щэхуу,
Хуэму къыдежьууэ псым щхьэщыт хьэуар.
И пшыналъэ нэхум къежьуат псыпыхури,
И псыпыху макъамэр жыжьэу жыжьэ Iуащ.

ЖаIэр адрыщIым дыгъэр гуапэу щепсу,
Хьэуа къабзэм хуиту щыбзэрабзэу бзур.
А хъыбар-пщIыхьэпIэм къыщIигъэжу пэпсыр,
Псы адрыщIым кIэншэу щIогупсысыр псэр.

Арми, сыхыхьэну псым сытемыгушхуэу,
Тхьэшхуэм зыхуэзгъазэу си макъыр соунэщI.
Ауэ джэдыкIампIэу щымщ щIы хъуреишхуэр,
ЩIыхум и псэ махэр джэдыкIампIэу нэщIщ.

## ЩХЬЭХУИТЫНЫГЪЭ

ИмыкIми зэи
Уэгум мазэр,
Джэрэзми кIэншэу
ЩIы хъурейр,
Хэзэрыхьауэ
Зэман гъуэзым,
КIэщIыIуэщ
ЩIыхум и дунейр.

Си гъуазэу нобэм
И дыгъуасэр,
Сыхуэплъэу нобэм
И пщэдейм,
ЖыгыщIэ махуэ къэс
Хызосэ:
Сыт къыпыкIэнур
Си дэшхуейм?

Сыт къызитынур
КхъужьIэрысэм,
Балийр бгы жьэгъум
ЩыхэкIэн?
Къудамэм бжэгъухэр
ЯкIэщIэссэу
Бэгъуэну
Хьэмэ игъукIын?

Пщэдджыжь къэсыхукIэ
Си жыг хадэр

Набдзэгубдзаплъэу
Къызоплъыхь,
НэхъыфI, нэхъ IейкIэ
Сахэмыдэу,
Жыг къэскIэ
Сращхьэузыхьщ.

Зы жыг жыг хадэм
ХэгъукIамэ,
Сэращ зытехуэр
И гуэныхь.
Къудамэ пцIанэм
И гукъанэ
СыпсэухункIэ
Кърезмыхь.

ИрекI си жыгхэр
ТхуэIумахуэу,
ИращI дунейр
Iэхуитлъэхуит.
Хэссащи ахэр,
Стелъщ я щIыхуэ, —
ЩIыхуэ зытелъыр
Щхьэхуимытщ.

ДыгъэпскIи уэшхкIи
Ягу мыныкъуэу,
Жыг къэскIэ хуейщи
Къэгъэгъэн,
КъысхуищIэжыну
Мы зы закъуэр,
ЩхьэгъэщхъкIэ
Тхьэм зыхуэзгъэзэнщ:

Ирехъу илъэсхэр
Куэд е мащIэ,
Мы зым си гугъэр
Хыумыхыж:
ГъащIитI зы гъащIэм
ЩызгъэгъащIи,

Дунейм щхьэхуиту
Сегъэхыж.

* * *

ХуэщабэрыкIуэу, бжьиз имыкIуу
ЩIаупскIэ гущэм хэлъ Iэуам,
ГуфIэнкIэ ешрэ, и жей къакIуэу,
И напIэ цIыкIухэр зэтеуам,

Зеущэхури, пэшыр игъэжьауэу,
ЕгъэпщкIур дыгъэм дыгъэ бзийр.
Гущэкъу уэрэдыр зэщIэжьыуэу
Къраш щэху дыдэу къуалэбзум.

ПщIыхь IэфIым хэту пыгуфIыкIым
ГуфIэгъуэм и пащтыхь Iэуар,
ЩIыгулъым жылэр хигъэкIыкIыу,
Тыншыгъуэу хобэукI хьэуар.

Сыт мылъкур, дыщэр, хъугъуэфIыгъуэр,
ЩыкIуэдыжынукIэ — уэсэпсщ.
Iэуа жеям и зы бэуэгъуэм
Мыпхуэдэу срегъэгупсыс:

Сыт хуэдиз дыщэ уи гуфIакIэм
Дэмылъми, быдэу уи фIэщ щIы:
Сабий псэ къабзэм и гуфIэкIэм
Пэшэчэн дыщэ теткъым щIым.

## ЖЭЩ ГУПСЫСЭ

ЩIымахуэ махуэу,
ГъащIэр кIэщIщ,
ЩIымахуэ жэщу,
КIыхьщ гукъеуэр.
СодаIуэр
Гугъэр зыгъэжэщI
Сыхьэтыр кIэншэу
Къызэреуэм.

Уэрамыр дэгущ,
Уэрамыр щэхущ.
Игъуэщыхьащ
Жыг хадэм жьыбгъэр.
Жыг щхьэкIэр
Жьым еIущэщэху,
Жыг къуэпсыр
ГъащIэкIэ мэгугъэр.

Мэжей бжэIупэр,
Унэр щымщ.
Хьэ закъуэрщ
Плъырыр, жей имыIэу.
Сакъ дыдэу
Пэшыр зыгъэдым
Сыхьэтырщ
Къеуэр къэмыувыIэу.

Гупсысэм жэщыр
Хуэмыхьыж,
Къытехьэлъащ
Гупсысэр жэщым.
Мы жэщым
Зэхошыпсыхьыж
Уахътыншэ хъуари
Гъуэбжэгъуэщри.

## НАСЫП

Сабий дыхьэшхым и пшыналъэр,
Махуэ дыгъэпсым и бзий налъэр,
Куэбжэпэм плъыру щыт дэшхуейр, —
НэгъуэщI насыпу сыт сыхуей?!

Дыгъэпсым хэджэгухь щIэжьейр,
Щхьэгъубжэм къысхудэплъ кхъужьейр,
КъуэкIыпIэ пшэплъым и зы кIапэ, —
Сыт сызыхуейр нэгъуэщI насыпу?!

ЩIыхуншэ зэи мыхъум гъуэгур,
УэсыщIэр щIэпсэлъыкIым лъэгум,

Уэнжакъым Ӏугъуэр щхьэщымыкӀым, —
Апхуэдэ фӀыгъуэм хэт блэплъыкӀыр?!

Уеплъамэ, напӀэр ирихьэхыу
ЩэныфӀэ пщащэ укӀытэхыр
Къыдихьэхамэ щӀалэ пагэм, —
Насып хъумапӀэкъэ си лъахэр?!

Гъунэ зимыӀэ дуней иныр
Хуримыкъужми, сигу къииным
ЗегъэнщӀ, насыпкӀэ къищӀу щыз,
Ӏуплъамэ лъахэм и зы бжьиз.

## ЩӀЫМАХУЭ ПШЫХЬЫМ

Къытеплъхьэм уи щхьэр
Си дамащхьэм,
Си Ӏупэр щхьэцым
ХэкӀуэдэнщ.
КъикӀауэ сщӀэркъым
Тхьэм и пащхьэм
Бзылъхугъэ закъуи
Пхуэзгъэдэн.
Ӏэпкълъэпкъ пщыкӀутӀыр
ГъэӀущащи,
Гурылъ гъуэщӀар
КъэгъэщӀытэж.
Уи бауэ макъым
И даущым
Къару жэщӀар
КъыщӀеӀэтэж.
ЛъэӀэсыхункӀэ
Уи щхьэц налъэм,
Си нитӀым
ХъуаскӀэхэр къыщӀедз.
Толъкъуну къодзри
Уи пшыналъэр,
Уэрэдым лъынтхуэ къэс
Зыпхедз.
Къиздзэжкъым пэшыр

ЗэрыщIыIэр,
Хуэгъэдиижкъым
Уаем псэр.
Псэм ещIэри
УзэрыщыIэр,
НэхъыфIым пэплъэурэ
Мэпсэу.
Пшыхь псом ялей
ЩIымахуэ пшыхьым
Пэхъуну гъатхи
Къэмыхъуа.
СыпIуплъэхункIэ,
Насып пщIыхьу
КъызэщIогъагъэр
Си щхьэ тхъуар.

* * *

Псым хэдзэ, къащти, сигу къэплъар.
Псы щIыIэ мылкIэ схуэгъэупщIыIу.
ГурыщIэ пщтыру къэкъуэлъам
Джанэбгъэм кърикакъым щIыIу.

МэIухуу си гум иIа бгъэр
Уи плъэкIэм сфIыпхрелыгъукI.
Хуитыжу и щхьэ зи гугъа
ГурыщIэр къысфIредыгъукI.

Щынэ IэрыпIу бгъэIэса
Гухэлъыр ушэр уздыхуейм.
Мэз Iувым пхыпшурэ нэсащ
ГъэрыпIэу лъагъуныгъэ хуейм.

Мыпхуэдэ лъагъуныгъэ хуей
Сихьащи нобэ япэ дыдэу,
Абы сыхуей е сыхуэмей, —
КъызэупщIыжыркъым сигу дыдэр...

Псым хэдзэ, къащти, хэдзэ псым!
Мыр къысхуитIасэркъым щхьэ тхъуам.

Къаугъэншэу ехыжынут псэр
Мы дунеишхуэм, уэр мыхъуам.

* * *

Уэшхыр, дыжьын
Ахъшэу, зэщӀожьыуэ,
Уэшхыр гъыркъым,
МакъкӀэ зэщӀэтхьэджэу.
Сэ сыхуейщи
Сыпхуэхъуну жьауэ,
«Зэ къэувыӀэ», —
ЖысӀэу сыпкӀэлъоджэ.

Си джэ макъым
Уафэр зэгуегъэзри,
УафэхъуэпскӀыу
ЩӀылъэм къегъэзэж.
УафэхъуэпскӀыр,
Къегъэнэхур мэзри,
Гъуэбжэгъуэщу
Тхьэмпэм хокӀуэдэж.

«Зэ къэувыӀэт», —
ЖысӀэу сыпкӀэлъоджэ,
Си джэ макъыр
Уи щӀыб йокӀуэдэж.
Соджэ щхьэкӀэ,
СыпкӀэлъымытхьэджэ,
СынолъэӀуу:
«КхъыӀэ, къэгъэзэж!»

Къыхэпхащ уи гъуэгури,
ИрикӀуэ,
Уи мэз лъагъуэм
Уишэнщ уздыхуейм.
Ауэ зэ къэувыӀи,
ЩӀымэракӀуэ
Къыщыщып мэзыкум
Щытхьэху хуейм.

КъигъэкIыжмэ уи гум
Зы Iэфl гуэрхэр,
УщымыукIытэжу
ПыгуфIыкI.
Жьым игъэIущащэ
Дей гуэрэнхэм
Я гум Iей къыпхуилъкъым,
Дахэ фIэкI.

«Зэ къэувыIэт!» —
КъимыкIыж си макъым.
МыувыIэжу уэшхыр
ЗэщIожьыуэ.
Уэшхым хэкIуэдэж
А уи лъэ макъым
СыкIэлъысмэ,
Сыпхуэхъунут жьауэ.

* * *

Псэмрэ псэмрэ
ЩызэгурыIуэм,
Тхуэщт дахащэу
ТIуми нэхущыр...
Уебэкъуэхыжри
Си бжэщхьэIум,
ИмыкIыжу къинащ
Мы жэщыр.

Мы си хадэ
Ныкъуэкъэхухьым
Къищхьэрыуэ зэпытщ
Борэныр.
Ди насыпыр
Ныкъуэкъэхьэхуу
ТIэщIехыжыр
ЩIыIэбжь гуэрэным.

ГъырнэIу защIэщ
Си унэ блынхэр,

Си щхьэгъубжэр
Жэщ гъуабжэм хоплъэ.
Мы жэщ Iэлыр,
Блэ шэрэз уэну,
Си щхьэгъубжэ
Къутам къыдоплъыр.

Игъэдийуэ си лъынтхуэр
ЩIыIэм,
КъысфIыдехур жьыбгъэр
Бжэ дазэм.
ТецIэнтхъукIыу
Си бжэщхьэIу псыIэм,
Си бжэм къеIэу
Мэкъугъыр уэсыр.

Ди нэхулъэм
И пщэдджыжьыпэу
СфIэкIуэдам ныжэбэ
Зи кIапэр,
Къыдишыжу къуэкIыпIэм
Дыгъэр,
Къишэжынукъэ
Нэхущ бзыгъэр?..

Псэмрэ псэмрэ
ЩызэгурыIуэм,
Тхуэщт дахащэу
ТIуми нэхущыр.
Уебэкъуэхыжри
Си бжэщхьэIум,
ИмыкIыжу къинащ
Мы жэщыр.

*ТхакӀуэ ХьэӀупщы МуӀэед къызэральхурэ ильэс 70 ирокъу*





# И ПСАЛЪЭР ЩІЭЩЫГЪУЭТ

ХьэӀупщы МуӀэед ТӀалэ и къуэр КъБАССР-м щыщ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм 1952 гъэм декабрым и 20-м къыщалъхуащ. 1970 гъэм къуажэ школыр къиухри, илъэскӀэ ухуакӀуэ бригадэм щылэжьащ. 1971-1973 гъэхэм советыдзэм къулыкъу щищӀащ. Абы щыгъуэщ МуӀэед журналистикэм гу щыхуищӀар. Ленинград военнэ округым къыдигъэкӀ «На страже Родины» газетым и тхыгъэхэр къытрыригъадзэурэ а ӀэщӀагъэм дихьэхыпауэ абы къегъэзэж къыщалъхуа къуажэм.

Дзэ къулыкъур щӀыхь пылъу зэфӀэзыгъэкӀа ХьэӀупщыр КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щӀотӀысхьэ. Ар къиуха нэужь, я къуажэм дэт курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмкӀэ илъэситӀкӀэ щрегъаджэ. Литературэм пымыщӀа нэгъуэщӀ лэжьыгъэхэми пэрытащ МуӀэед. Ауэ, дэнэ щымыӀами, абы тхэн Ӏуэхур зэи ӀэщӀыб ищӀакъым. 1981 гъэм куэд щӀауэ здырагъэблагъэ радиокомитетым корреспонденту мэув. Журналист ӀэщӀагъэм ехьэлӀауэ къигъэлъагъуэ зэфӀэкӀхэм щхьэкӀэ къулыкъукӀэ драгъэкӀуэтейуэрэ, абы ӀэнатӀэ зыбжанэ зэблехъу: «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондентщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакӀуэхэм я союзым и консультантщ, жэуап зыхь и секретарщ, «Ӏуащхьэмахуэ» журналым публицистикэмкӀэ и отделым и унафэщӀщ. 2012 гъэм ХьэӀупщыр пенсэм макӀуэ, арщхьэкӀэ, мазэ бжыгъэ фӀэкӀа дэмыкӀауэ, а журнал дыдэм жэуап зыхь секретару ирагъэблэгъэж. А ӀэнатӀэм ар пэрытащ 2018 гъэ пщӀондэ – дунейм ехыжыху.

МуIэед и Iэдакъэ къыщIэкIащ статьяхэр, очеркхэр, рецензэхэр, интервьюхэр. Урыс тхакIуэхэм я тхыгъэ зыбжани абы адыгэбзэм Iэзэу кърригъэтIэсащ.

ХьэIупщым и новеллэхэмрэ повестхэмрэ щызэхуэхьэсауэ тхылъитI дунейм къытехьащ – «Къулъкъужын макъамэхэр», «Хуэрэджейр мэгъагъэ» жыхуиIэхэр. И ещанэ тхылъым и Iэрытхри къызэрыдэкIыным хуигъэхьэзырат. Иджырей гъащIэм и лъэныкъуэ псори къыщIэгъэлъауэ къыщигъэлъэгъуэж роман зэритхми дыщигъэгъуэзат. АрщхьэкIэ ар тхылъеджэхэм я пащхьэ ирилъхьэну хунэсакъым.

Дунейпсо тхыдэми, культурэми, литературэми, гъащIэм и адрей лъэныкъуэ куэдми фIыуэ хищIыкIт МуIэед. Арагъэнт абы и дэтхэнэ IэдакъэщIэкIри купщIафIэ, щIэщыгъуэ, гуимыхуж щIэхъур.

ХьэIупщыр Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэми УФ-м и Журналистхэми я союзхэм хэтащ.

Зи гупсысэр жан, зи гурыщIэр куу, зи анэдэлъхубзэр гугъэзагъэу зыгъэшэрыуэ тхакIуэт МуIэед. Ди критикхэм гу зэрылъатащи, абы и творчествэр ипэжыпIэкIэ хэлъхьэныгъэ нэс хуэхъуащ ди лъэпкъ литературэм.

**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ**

# ЛЪЭБАКЪУЭЩІЭ

Лъэпкъ литературэм щІэщыгъуэу къыхыхьащ ХьэІупщы МуІэед и прозэр. Дыщыуэркъым прозэ щыжытІэкІэ, МуІэед прозаикщ, ауэ тхакІуэм и дэтхэнэ тхыгъэми макъамэ гурыхь щІэтщ, цІыхубэм къагъэщІауэ. Абы къыпщегъэхъу, и новеллэхэр щитхкІэ, езыр зыдежьу дзапэ уэрэд цІыкІухэм я макъамэхэм псалъэщІэхэр яхузэхилъхьэ хуэдэу.

Гъатхэ. ГъащІэ. ЩІалэгъуэ. Лъагъуныгъэ. Дуней щІэращІэ...

Апхуэдэу ухешэ ХьэІупщым и художественнэ дунейм. Зэ еплъыгъуэкІэ къыпфІощІ зи хъуэпсапІэр къызэхъулІа сабийм (шыд къыхуащэхури, шыдыгуи хуащІыжат) «жьыбгъэмрэ гуфІэгъуэмрэ къыщІахуа и нэпсым» нэхъ ІэфІи, нэхъ лъапІи щымыІэу («Хуэрэджейр мэгъагъэ» рассказым). «Дамэ тетамэ лъэтэнут» рассказым хэт лирическэ лІыхъужьыр, ауэ цІыхур абы къыхуигъэщІакъым, итІани пкъым лъэмыкІыр псэм хузэфІокІ – нэхъыжьхэм кърагъауэ патефоным игъэІу макъамэм сабиипсэр еІэт, хьэуам хегъэджэгухьри, щІылъэм къерегъэувэхыж... Къримыгъэувэхыжуи хъурэ! Насыпыр кІыхьи, куэди хъу хабзэкъым, зэманри хьэлъэт – зауэшхуэм и ужь илъэсхэрт...

Зэман куэди дэкІащ, псы Іэджи ежэхащ рассказым зи гугъу щищІ лъэхъэнэм лъандэрэ, цІыхухэм я псэукІэми зихъуэжащ. Ауэ цІыхупсэр абы щыгъуэ хуэдэуи мэхъуапсэ, нобэ ар шыдыгу зэщІэщІакІэ къыпхудэхьэхыжыну щымытми, дунейр и хабзэ ткІийм текІыркъым: «гъатхэ къэс хуэрэджейр мэгъагъэ, псэр ІэфІыгъэ щэху гуэрхэм хуагъэушу». Псэм щыушэ мис апхуэдэ ІэфІыгъэхэрщ ХьэІупщым и тхыгъэ псоми шхэпс яхуэхъужыр, уеблэмэ щынэхъыщхьэу къэлъытапхъэр.

Ауэ япэхэм дунейм и щІэрэщІэгъуэ гъатхэм «гугъапІэ дахэхэмрэ гупсысэщІэхэмрэ тхакІуэм къыхуихьу щытамэ, иджы гукъэкІыжхэмрэ жэщ пщІыхьхэмрэ Іэпэгъу къыхуищІауэ и псэр ехуз, сабиигъуэм и жьэгум дишэжауэ щІакхъуэ, чыржын хуабэхэр къратурэ и щхьэфэм Іэ къыдэзылъэу щыта лІыжь-фызыжьхэм я куэщІым кърегъэхутэж». А гукъэкІыжхэрщ къызыхэтэджыкІыр тхакІуэм и гъащІэм зэгуэр зэ къыхыхьэгъа цІыху зэхуэмыдэхэр: пэжыр, захуагъэр зыгъэнэхъапэ, нэгъуэщІым и Іуэхур езым и щхьэм езылъытыф лэжьакІуэжьхэр («Хуэрэджейр мэгъагъэ», «Хьэблэ лІыжьхэр», «Бжьыхьэ уэшх»), ІэщІагъэлІ-хэкупсэхэр («Уэрэд»), тхьэмадэ Іущхэр («Хъаджэт и къафэ», «ЩхьэкІуэ», «Фызышэ»), ныбжьыщІэ хьэрэмыгъэншэхэр, Іумахуэхэр («Тенджызыр къэукъубеймэ», «Лъагъуныгъэ», «Гухэлъыр Іуэтэгъуейщ»).

Мы рассказхэм хэт персонажхэр я теплъэкІи, хьэл-щэнкІи, дуней тетыкІэкІи зэщхькъым, ауэ псоми я гупсысэр зыхуэунэтІар зыщ – дэтхэнэри насыпыфІэ хъуну хуейщ. ХьэІупщым и тхыгъэхэм къызэрыхэщымкІэ, «цІыхур дунейм къыщІытехьэр насыпыфІэ хъун щхьэкІэщ». Абы хэкІыпІэ къыхуигъуэтын щхьэкІэ, тхакІуэм и гупсысэ пІейтеяр, псэр имыгъэпсэхуу, мэлъыхъуэ. А хэкІыпІэр ещхькъым литературэ теорием дызыхуигъэІущу щытахэм – насыпым, псом хуэмыдэу цІыхубэ насыпым, Джэримэс хуэдэу (Акъсырэ З. «Дахэнагъуэ»), хущІэкъун, ар къэзэун зэрыхуейм.

ТхакIуэм и лIыхъужьхэр дунейм и къэхъукъащIэ шынагъуэхэм япэщIэувэрэ ар къагъэIурыщIэу, нарт лIыхъужьхэм хуэдэу, цIыхухэм мафIэ къыхуахьыжу, благъуэм иубыда псыр хуит къыхуащIыжу, ахэр гъаблэм кърагъэлу щыткъым. Гъуазджэр апхуэдэ хэIэтыкIыныгъэ гуэрхэм укъыхуриджэу щытын хуейуэ къэзыгъэув философхэу Э. Берк, И. Кант сымэ я Iуэху еплъыкIэри къищтэркъым ХьэIупщым. Абы и тхыгъэхэм патетикэри зэи тепщэ щищIыркъым, и лIыхъужьхэр къызэрыгуэкIщ, къызэрыгуэкI гъащIэщ зыхэпсэукIри. Ауэ дэтхэнэми кIуэцIкIэ игъэв, и псэр зыхуэпхъэр Iуэхухэм я инагъымкIэ ахэр ящхьэпрокI сыт хуэдэ дуней къэхъукъащIэми. АбыкIи хэIэтыкIа мэхъу тхакIуэм и художественнэ дунейр. Мыбы дыщIыгъужыпхъэщ зэхэгъэкIыпIэ щытыкIэм къихутауэ гъащIэмрэ напэмрэ хэдэн хуейуэ къызылъыкъуэкIа цIыхур зыхэт «псэзэрышхыр» ХьэIупщым хуэдэу Iэзэу къэзыгъэлъэгъуэф, сэ сызэреплъымкIэ, ди тхакIуэхэм зэрахэмытыр.

Къэзыухъуреихь псоми хуэдэу, тхакIуэм и персонажхэм къажьэхоуэ къэралми жылагъуэми щекIуэкI къэхъукъащIэхэр, уеблэмэ натIэрыуапIэ ищIхэри къахокI, насыпыфIэ хъуным и пIэкIэ насыпыншэ ищIхэу. Ар цIыхум и фIэфIыныгъэм зыкIи епхакъым, къыщемыупщIыххэри нэхъыбэщ. Дэри апхуэдэ гупсысэкIэм десэжащи, «сыт-тIэ пщIэнур, къэралыр зауэ хэтмэ е езым и кIуэцIкIэ хьэлэбэлыкъ щекIуэкIмэ» жыдоIэри, ар къэзыгъэутхъуэхэр, цIыхубэр бэлыхь хэзыдзэхэр гъэкъуэншэным и пIэкIэ лIыхъужьыгъэ зетхьэну мафIэм дыпэрохьэ, фэрыщI къыхуеджэныгъэхэм дыщIэту. «Вакъапхъэ-вакъапхъэу зэхэлъщ гъащIэр. Гугъущ икIи хьэлъэщ упсэуну, узыхуейр къыщомыхъулIэм деж», – жеIэ езы ХьэIупщыми («Иужьрей пшынэ макъ»). КъайхъулIэркъым тхакIуэм и лIыхъужьхэми я хъуэпсапIэхэр. Апхуэдэхэм деж МуIэед и тхыгъэхэм къыхыхьэр, дауи, гухэлъ уэрэдкъым икIи къызэрыфэ пшыналъэкъым, атIэ гъыбзэщ е «иужьрей пшынэ макъщ»:

*Джэгум сэ сыщIэкIуэри, цIыхум сащIыхыхьэри*
*Уэ зы закъуэрати – узиIэжкъым сэ.*

МуIэед къигъэщI образхэр къэрал е цIыхубэ унафэ хэIэбэфу щымытми, езыхэм я мыарэзыныгъэр къагъэлъэгъуэф, къагъэсэбэпри абыкIэ хэкIыпIэ закъуэу къалъытэрщ – я щхьэм тезыр телъхьэжынырщ. Мы Iэмалым дунейпсо зауитIым я зэхуаку лъэхъэнэм къуэхьэпэ лъэпкъ гъуазджэм зыщызыужьауэ щыта модерн унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм куэдрэ ущрохьэлIэ, щыпсэу системэр, къэрал унафэ щIыкIэр зэрамыдэр абыкIэ кърагъэлъагъуэу. Ар къагъэсэбэпащ адыгэ тхакIуэхэми (Къуиикъуэ Н., Елгъэр К., Емкъуж М., Къанкъул З.), псом хуэмыдэу хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм къахэкIахэм. ХьэIупщым и творчестврэ хуэхамэкъым авангардизмэм и хуэмэбжьымэхэми, псом хуэмыдэу тхакIуэм и хъэтIыр, и бзэр («ПхузэфIэкIынумэ, къысхуэгъэгъу» повестым нэхъ щынэрылъагъущ), ауэ абы и лIыхъужьхэм фэтыджэн зытракIэу къалэ утым деж зыщагъэсыжыркъым, псыми зыхадзэжыркъым, атIэ гъащIэм кърыдза удыным псэкIэ япэщIоувэ. А зэпэщIэтыныгъэ кIыхьырщ, гъащIэ псо зи ныбжьырщ, ХьэIупщым

и тхыгъэ гукъинэжхэм я нэхъыбэм лъабжьэ яхуэхъуар. Псэм къызэрымыгуэкI къару къызэрыпкърыкIыр, ар сыт хуэдэ тезыр-ми зэрыпэлъэщынур тхакIуэм зыхыдегъащIэ Хъаджэт, Уэзджэрий («Хъаджэт и къафэ»), Марусхъан, Хьэбалэ («Иужьрей пшынэ макъ»), Гуащэнэху, Iэбу («ЩхьэкIуэ»), Хьэжбат («ГукъэкIыж»), НэфIыцIэ, Аслъэнлыкъу, Хъерлы, Джынэ, Къуэнбатэ, Жансурэт, Инал, Iэятхъан («ПхузэфIэкIынумэ, къысхуэгъэгъу» повесть) сымэ я образхэмкIэ.

Псалъэм папщIэ, Уэзджэрийрэ Табыхъанрэ щIэпсэур я къуэ закъуэрщ, «гъащIэм нэхъ IэфI дыдэу хэлъу ялъытэри аращ» («Хъаджэт и къафэ»). И къуэр дунейм къыщытехьам къыщыщIэдзауэ Уэзджэрий псэуащ абы и «насыпыр зы махуэм нэхърэ адрейм нэхъ ин зэрищIынум хущIэкъуу. Хэт ищIэн, ар абы къехъулIэнкIи хъунт, зауэр мыхъуатэмэ...». Бэтмырзэ (Уэзджэрий и къуэм) щхьэгъусэ ищIа къудейуэ, быни ямыгъуэтауэ, зауэр къэхъейри, абы ираджащ икIи хъыбарыншэу хэкIуэдащ. Ауэ нысэ цIыкIур и дыщ кIуэжакъым, и гуащэ-тхьэмадэм къабгъэдэнэри псэуащ, и щхьэгъусэм ежьэу. ИужькIэ Уэзджэрий езым и щхьэгъусэри дунейм ехыжри пщIантIэшхуэм къыдэнар лIыжьымрэ «уазэрэ бзууэ гъуа» и нысэмрэщ. ЛIыжьыр абы Iуплъэху, и гур хощI, «дунейм теткъым ар жылэр зэрызыгъэукIа пшынауэ Iэзэ Хъаджэт дахэу зэрыпщIэжын». Ар пшынауэу щытауэ жылэм иджы щызыщIэжри езы Уэзджэрий и закъуэт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ «Бэтмырзэ къигъэзэжыху пшынэ емыуэну псалъэ итат абы», а пIалъэр гъащIэ псо и кIыхьагъыу къыщIэкIащ. Ауэ зы пщэдджыжь гуэрым телъыджэ къэхъуащ: Уэзджэрий жэмыр хъупIэм дигъэкIауэ къэкIуэжрэ пэт пшынэ макъ зэхихащ. Ар и пщIантIэм къыдэIукIыу къыщищIэм, зыхуихьынур имыщIэу къэуIэбжьащ: «Уэзджэрий макъамэр къызыщIэIукI унэмкIэ нэщхъейуэ зыкъомрэ плъащ, итIанэ тaучэлыншэу абыкIэ иунэтIащ. Хъаджэт Бэтмырзэ щригъажьэм щыгъа лодан бостей плъыжьыр щыгъыу гъуэлъыпIэ зэлъыIухам и дзакIэм тест, пшынэ еуэу»...

Гугъэр и гъащIэ гъуэмылэу псэуащ цIыхубзыр – абыкIэ Хъаджэт ятекIуат зауэми, ар зэхэзыублахэми, зэманми... Ар бзылъхугъэм и иужьрей къафэт, и щхьэгъусэм щIыгъуу биишэм езыри, къащIэхъуэну щыта щIэблэри... я насыпри зэрихьам и гъыбзэт. И нысэм къыIэпыхуа пшынэр Уэзджэрий къищтэжри, абы и куэщIым иригъэувэжащ, «пшынэ плIэпсри и дамэм фIилъхьэжащ, ауэ ар зыфIилъхьэжа дамэм псэ хэтыжтэкъым...»

Сыт къыхуэнэжыр «ебгъуанэ илъэсипщIыр зэхуэдитI ирищIыкIауэ езылъэфэкI» лIыжьым? Лей къызэрытрагъэхьамкIэ хэт абыхэм я пащхьэ зыщызыухеижынури, «къытхуэвгъэгъу» къажезыIэнури? Апхуэдэ зэрыщымыIэнури, «къытхуэвгъэгъу» зыми къызэрыжрамыIэнури езы Уэзджэрии фIыуэ къыгуроIуэ. Къыхуэнэжыр жылагъуэм, къэралым я хьэлъэр игъэвынырщ. Ар псоми я зэхуэдэщ. Ар Iэмалыншагъэ Iуэхущ. Мыри къухьэпIэмкIэ къикIа гъащIэ философиещ, ХьэIупщыр нэхъ дихьэхыу. Апхуэдэущ Уэзджэрии гъащIэм зэреплъыр, уеблэмэ нэхъ Iеижи къызыщыщIахэр щыIэщ, абыхэм зеплъытмэ, лIыжьым и гур зэригъэфIын хъуаскIэхэр иджыри и пкъым къыхэнащ: «тхьэм и шыкуркIэ и лъэм зэрехьэ, и Iуэху Iыхьэ тIэкIуи ещIэф». ИтIанэ, и ныбжьыр хэкIуэтами, гуауэмрэ гугъуехьым-

рэ къагъэшами, Уэзджэрий гъащIэр къыIэщIэужэгъуакъым, гукъеуэри губжьри зытригъэкIуакъым. АбыкIэ лъэщщ ХьэIупщым къигъэщI образхэр.

ХьэIупщым и тхыгъэхэм къахэIукI нэгъуэщI зы макъамэми (мотив) гу лъытэн хуейуэ къыдолъытэ. Ар цIыху щхьэхуэхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэрщ, нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, фыгъуэ-ижэм, губжьым, гузэрыдзэм, бампIэм къыхэкIыу языныкъуэхэм ялэжь мыхъумыщIагъэхэр зэрахуэбгъэгъуну щIыкIэрщ. Мы Iуэхугъуэр егъэлеяуэ гугъущ, адыгэ литературэм иужьрей зэманым нэхъыбэрэ къиIэт хъуахэм ящыщми. Абы щыхьэт тохъуэ МафIэдз С. и «Мыщэ лъэбжьанэ», ШэджыхьэщIэ Хь. и «ЛъыщIэж», Вэрокъуэ В. и «Къахуэзыгъэгъуфым къахурегъэгъу», Емкъуж М. и «Къэдэр жэщ» романхэр. Абыхэм я сатырым хэтщ ХьэIупщы МуIэед и «ПхузэфIэкIынумэ, къысхуэгъэгъу» повестри.

Къызэрыхэдгъэщащи, МуIэед и тхыгъэхэр нэхъыбэу зытеухуар лъагъуныгъэрщ, арагъэнщ абыхэм макъамэ зэхуэмыдэхэр къахэIукIыу щIыщытри. А макъамэри персонажым и гумрэ и псэмрэ щыхъэр зыхуэдэм елъытащ – тхакIуэр къыдэчэнджэщ зэпытщ, лъагъуныгъэм псэщIэ къызэригъэщIым хуэдэ дыдэу, ар игъэныни хузэфIокI, «фысакъ», къыджиIэу.

Лъагъуныгъэмрэ насыпымрэ зэщIыгъуу Ашэмэз и бжьамийм и зы кIапэхущ, ухуэмысакъмэ, умыхъумэмэ, кIапэ фIыцIэм – насыпншагъэм – псынщIэ дыдэу ухуишэу. Аращ повестым щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр. ХьэIупщым и персонажхэр хахуагъэрэ лIыхъужьыгъэрэ къагъэлъагъуэу лIыгъэщIапIэ губгъуэм иткъым. Iуэху къалъыкъуэкIмэ, ахэр къикIуэтынукъым, ауэ хуейщ насыпыфIэу псэунхэу. Абы щхьэкIэ зыгуэрым зыгуэри паубыдыркъым: псэун, лэжьэн, лъагъуныгъэ, унагъуэ щIын, я бын япIыжын. Псэ зыIутым къахуигъэщIа а хабзэ нэхъыщхьэрщ абыхэм я хъуэпсапIэр:

*Лъагъуныгъэм дигъэгушхуэу,*
*Си Хъэбалэ, дыпсэунщ,*
*КъыздэтIэту лэжьыгъэшхуэ,*
*Колхоз губгъуэм дыздитынщ...*

АрщхьэкIэ цIыхур къигъэщIу къыхилъхьэжа хьэл мыхъумыщIэ къомыр дэнэ пхьын?! Ар щоуэ, мэлъэпэрапэ, фыгъуэм, губжьым къыхэкIыу лей щызэрихьи, хъуэпсапIэ цIуугъэнэхэм я хъым ихуэу щIэпхъаджащIэхэм щахэхуи къохъу. Апхуэдэхэрщ тхакIуэм и повестым дызыщыIуигъащIэхэр. Абы хэт персонаж гукъинэжхэм я унагъуэ-абгъуэ цIыкIум Iэ щIыIэкIэ къыхэIэбэхэм я зэранкIэ я насыпыр мэкъутэ, я гугъапIэ-хъуэпсапIэхэри къатощэхэж. Повестым лъагъуныгъэрщ образ нэхъыщхьэу хэтыр, ауэ абы насыпыфIэ ищIу зы персонажи ущрихьэлIэркъым, теплъэгъуэкIэрэ тхыгъэм къыхыхьэ урыс щIалэ Александрин Ипатович хэбгъэкIмэ.

ГъэщIэгъуэнщ повестым и ухуэкIэри. А жанрым и хабзэхэм тету, ар хэгъэщхьэхукIауэ персонаж зыбжанэм е лIыхъужь нэхъыщхьэ гуэрым теухуауэ щыткъым. Псылъэудз зэрыкIым ещхьу, зы литературэ лIыхъужьым и хъыбарым адрейр къыщхьэщыувэжурэ повестым и



4 Заказ №2464

сюжетхэр къат-къатурэ зэтоувэ, ауэ псори йокIуэлIэж Аслъэнлыкъурэ НэфIыцIэрэ я лъагъуныгъэм. Пщащэм хьэщыкъ ищIа Аслъэнлыкъу абы Iуплъэху и нитIыр къолыд, адрейри къыхуогуфIэ. ТхакIуэм хигъэфIыкI апхуэдэ теплъэгъуэхэм зэрынэсу и бзэми, и хъэтIми захъуэж, прозэ тхыгъэр усэбзэм хуокIуэ: «И нэ пIащитIыр мэгуфIэ, и Iупэ дахэхэр мэгуфIэ, и нэкIущхьэ дыхьэрэнхэр мэгуфIэ, псори, псори мэгуфIэ... НэфIыцIэ!.. НэфIыцIэ!.. НэфIыцIэ дахэ! Дахэ псоми я лей!»

*Пшынэ макъри гум пфIыхохьэрэ,*
*СфIыхыхьаурэ лъагъуныгъэри,*
*Сэ пхуэсщIатэкъэ, си НэфIыцIэ, иджы, уой!*

ЗэгуэкIуа ныбжьыщIэхэр насыпыфIэ хъун хуейуэщ тхакIуэм дызыпигъаплъэр, ауэ еши-щхьэхи, емыкIуи-екIуаи имыщIэу НэфIыцIэ къеуфэрэзыхь Жамболэт. Абы и нэ «удзыфэ цIыкIухэр убзэрт, дэхащIэрт, лъаIуэрт», ауэ НэфIыцIэ къыхихар Аслъэнлыкъут. Абыхэм унагъуэ хъуэпсэгъуи яухуат, япэ сабийри яIэт, етIуанэми пэплъэхэрт, ауэ я насыпыр кIэщIыщэу къыщIэкIащ. АбыкIэ къуаншэр лъагъуныгъэ-цIыхуукIырщ, Жамболэт и сэфэтым иту. Жамболэт НэфIыцIэ зыщигъэгъупщэн мурад иIэу зыбжанэрэ щхьэгъусэ къишащ, ауэ ядэпсэуфакъым. «Махуэм НэфIыцIэ си нэгум щIэкIыртэкъым, жэщым хэкIыртэкъым си пщIыхьым. ГукIи псэкIи сепсалъэрт, и цIэр жысIэу сыIуэщхъурт. Ар къысхуамыдэу я хьэпи-шыпи зэщIакъуэрти, щхьэгъусэ сщIыхэр ежьэжхэрт», – зиумысыжат Жамболэт. Иджы щIалитIыр – Жамболэтрэ Аслъэнлыкъурэ – Iэщым пэрыту гъэмахуэ хъупIэхэм щыIэну къахудэкIащ... 

АдэкIэ повестым и сюжетым зэрызиужьыну щIыкIэр къэпщIэну гугъукъым. «Къущхьэхъу», «бгылъэ щIыпIэ», «хъушэ» щыжыпIэкIэ, Iуэхум Iэмал имыIэу къыхыхьэну хуожьэ дунейм и къэхъукъащIэ шынагъуэ гуэри. Апхуэдэущ повестым зэрыщыхъури. Зы махуэ гуэрым, дуней и пIалъэ зыщIэ Аслъэнлыкъу Iэщыр пщыIэм гъунэгъуу кърихулIэжащ, уэлбанэшхуэ къызэрыкIуэр къыгурыIуэри. Жамболэт ар идакъым икIи унафэ хуищIащ Iэщыр Iуихужу иджыри игъэхъуэкIуэну. Уэлбанэшхуэмрэ уэмрэ ягъэгужьея шы гуартэр щыхупIэмкIэ щызэрыхьым, абы пэщIэуващ Аслъэнлыкъу, ауэ езыр зытес шым хакIуапщIэ гужьеяр бгъэкIэ къеуэри, шыри тесри къигъэлъеящ. Зи гур зэгуэудауэ зи псэр хэкI шыр Аслъэнлыкъу къытохуэжри, щIалэр щIепIытIэ... Лъыр къыжьэдэжу зи псэр хэкI Аслъэнлыкъу щхьэщысу Жамболэт йолъэIу абы къыхуигъэгъуну: «Аслъэнлыкъу, си къуэшыжь, Алыхьым щхьэкIэ къаплъэ! Къызэплъ. Зэхэпхрэ? Уэлэхьи, сэ уэ жагъуэу узмылъагъу... СощIэ, слъэгъуащ, си нэгу щIэкIащ НэфIыцIэ фIыуэ зэрыплъагъур... Ауэ пэжыр жыIэн хуейщ, езыми апхуэдэу фIыуэ укъилъагъуу сщIакъым... Уэращ НэфIыцIэ къыхихар. Сэ абы иужькIэ хэт къэзмышами, НэфIыцIэ хуэдэу схуэлъэгъуакъым... Къысхуэгъэгъу, Аслъэнлыкъу».

Выгум илъу Аслъэнлыкъу и хьэдэр Къущхьэхъум кърашэхыж. Абы щхьэщысщ гуауэм зэфIиIуэнтIыкIа Жамболэти. Абы и гур мэгъу, мэгумэщI, и нэпсхэр къыфIыщIож, ауэ езыми къемыдэIуэжу и Iупэхэм къатокIэрэхъукI: «Ей, НэфIыцIэ... НэфIыцIэ... НэфIыцIэ!

Сэ уэ пхуэсщIа лъагъуныгъэращ щхьэ закъуэ лъакъуитIу дунейм сыкъытезынар». Гуауэми гукъутэми яхущIэхъуматэкъым аддэ и гулъащIэ дыдэм щIэгъэпщкIухьауэ Жамболэт къыздрихьэкI щэхур. Жамболэт и Iупэхэр аргуэру мэпIэжьажьэ, абы къыжьэдэкIри езым фIэкIа зэхэзыхи щыIэкъым: «НэфIыцIэ! Сэ уэ сынощхьэкIуэнущи, нысщхьэбэ, кхъыIэ, пхузэфIэкIынумэ, къысхуэгъэгъу...»

Къыхуагъэгъуну лъаIуэ цIыхум и псалъэр зэхахыну, зэхахыпэми зэхащIыкIыну ар зыхуэгъэзахэм? А упщIэм и жэуапым дыщрихьэлIэркъым повестым и кIэухым. КъызэрыщIэкIымкIэ, ар къыщылъыхъуэн хуейр тхыгъэм и пэщIэдзэрщ. Мыри тхакIуэм и Iэзагъым и нэщэнэщ. Дызэрыщыгъуазэщи, басням къыхэхыпхъэ Iущыгъэр, моралыр тхыгъэм и кIэухым ягъ хабзэщ. ХьэIупщым ар и повестым и пэщIэдзэм ихьащ, Аслъэнлыкъурэ Жамболэтрэ я Iуэху зэхэмылъу къыпщыхъу теплъэгъуэм. Махуэ гуэрым (Iуэхур щекIуэкIыр политикэ залымыгъэм и илъэсхэрт) дыгъэрыжьэ хъужауэ кIэртIоф къэпищ къиищыпауэ шыдыгукIэ Блиц къыздэкIуэжым ХьэтIэхъунэ Iууащ. Абы и зэранкIэ Блиц ягъэтIысри щысат. И унэхъугъуэр аргуэру къэсати, бригадирым и лъэIукIэ кIэртIофыпкъэр зэщIикъуэри, хьэсэм къыхишыжат, зы напIи къитIатэкъым, дыгъэрыжьэу къыщIэщахэрт къиищыпар. Ауэ ар ХьэтIэхъунэ и фIэщ пхуэщIынт! Ар и закъуэу псэурт, зыми яхэмызагъэ дыгъужьыжьу, илъагъур, зэхихыр иIуэтэжу, «емыкIуи, екIугъи, гуэныхьи, хьэзаби имыщIэу». Блици къыгурыIуат етIуанэу дашмэ, къызэримыгъэзэжынур. Ауэ, зэрыщымыгугъауэ, ХьэтIэхъунэ кIэртIоф къэпищым и хъыбар дунейм къытригъэхьакъым. Блици ар щыгъупщакъым, «япэм кърищIауэ щытар хуигъэгъури, ХьэтIэхъунэ дунейм щехыжам и жэназым хэтащ. Махуищми къыдэмыкIыу дэсащ пщIантIэм, екIи фIыкIи зы псалъэ жимыIэу...». Мыбдежым «екIи фIыкIи зыри жымыIэн» фразеологизмэрщ нэхъыщхьэр, тхакIуэм ар къытхуегъанэ, адэкIэ дэ дызэрыхуейуэ Iуэхум дегупсысыжыну.

Апхуэдэщ ХьэIупщы МуIэед и художественнэ дуней гъэщIэгъуэныр, емрэ фIымрэ егъэлеяуэ ткIийуэ щызэпэщIэтыр... ауэ цIыхугъэр зэи щафIэмыкIуэдыр. Гъэгъуныгъэр, гущIэгъур, лъагъуныгъэр адрей псоми я щхьэ щохъу абы и творчествэм. Ар нэхущ, къабзэщ, гурыIуэгъуафIэщ: «ШэджагъуапIэм иува дыгъэр мастэнэ къудей зэрыщIэпхъумэн пшэ зэрымылъ уэгу нэщIым къогуфIыкI... ДэнэкIи укIуэми, зыбгъазэми, уэсщ, нэм къыщIэлыдэу...» Ауэ езы тхакIуэм зэрыжиIэщи, «мазэ пэтрэ дыркъуэ телъщ», гъащIэм ахэр мымащIэу цIыхупсэ мелуанхэм къатренэ. Псэм и фэбжьхэр трилъэщIыкIыну, узыр яхуигъэщэбэну хэтщ ХьэIупщым и прозэр, лъагъуныгъэ макъамэ дахэхэмрэ гъэгъуныгъэ псалъэ IэфIхэмкIэ.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*
*2017*

*Новеллэхэр*

ХЬЭIУПЩЫ МуIэед

# ХУЭРЭДЖЕЙР МЭГЪАГЪЭ

Жыгхэр къотIэпI, гулъхэр къызэролъэлъ. Хуэрэджейр гъэгъауэ гъатхэ дыгъэпс щабэм хосыхь, псэр IэфIыгъэ щэху гуэрхэм хуагъэушу. Сэ япэм гъатхэм гугъапIэ дахэхэмрэ гупсысэщIэхэмрэ къысхуихьу щытамэ, иджы гукъэкIыжхэмрэ жэщ пщIыхьхэмрэ Iэпэгъу къысхуищIауэ си псэр ехуз, сабиигъуэм и жьэгум сыдишэжауэ щIакхъуэ, мэжаджэ, чыржын хуабэхэр къызату си щхьэфэм щабэу Iэ къыдэзылъа ди хьэблэ фызыжьхэм, таурыхъ, уэрэд къызжезыIа, Iэжьэ, лъэрыжэ схуэзыщIа лIыжьхэм я куэщIым сыкърегъэхутэж...

... Гъатхэщ. Махуэ псом абы и дахагъэмрэ и IэфIыгъэмрэ защызмыгъэнщIу къэзжыхьа нэужь, мэкъу сеуам ещхьу, сешауэ сыгъуэлъыжащ. Куэд дэкIа, мащIэ дэкIа, си дамэ гъур цIыкIухэм гъуэрыгъуэу зыгуэр къытоIэбэ, тIэкIу докIри, игъэсысу щIедзэ.

– Тэдж, тIасэ, тэдж, – зэхызох ди адэм и макъыр. Абы къыхэщырт ар къызэрысщысхьыр, ауэ зэрыIэмалыншэр. Сэ, зи нэр къэмыпщIа хьэпшырым хуэдэу, сыхэлът, си напIэр къысхузэтемыхыу. МащIэрэ къызэджа, мащIэрэ къызэдэхэщIа си адэр, сыкъыщыхуэмыгъэушым, шхыIэныр стрихри, IэплIэкIэ сыкъищтащ, щIыбым сыкъыщIихри, ищIэнур имыщIэу, заулрэ щытащ. Нэсу хуабэ къызыхэмыхьа гъатхэ жьыбгъэр, мастэм хуэдэу, къысхэуэри, си напIэр къызэтеспхъуэтащ.

– Укъэуша? – пыгуфIыкIащ си адэр. – Iэщхэр дэдмыхуу хъунукъым. Къуажэ лIыжьхэр къыслъитIысхьэри сагъэпсэуакъым, сагъэбэуакъым, Iэхъуэу сежьэну акъылэгъу сыхъуху. Ахэр зэсэху тIэкIу къыздэIэпыкъу, – лIышхуэ гуэрым елъэIум хуэдэу и фIэщыпэу къызоубзэ си адэр...

... Удзыпэхэм яфIэлъ уэсэпсыр пихыну дыгъэр хунэсатэкъым, хъупIэм дыщынэсам. Дынэсыхуи, дынэса нэужьи мащIэрэ зэрызекъуа, зэбжьэкъуэуа Iэщыр. ШэджагъуэхуегъэзэкI хъуа нэужь тIэкIу зэтесабырэхэри хъуакIуэу щIадзащ. Ди адэм хъуржыныр къищтэри, кърихащ гъуэмылэр: «Губгъуэм щыпшхыр IэфIщ, зэдэшхэ нэхъ IэфIыжщ, тIыс», – и Iэр ищIащ и гупэмкIэ. Сэ псалъэншэу сетIысэхащ. Ауэ сымэжалIэу къэнэжатэкъым. Iэнкун сызыщIыр си адэм и пащхьэ сызэрыригъэтIысхьарт...

... Сытми, япэ дыдэу сэ ди адэм сригъусэу сышхащ. Абы нэхърэ нэхъ IэфIу сышхауэ нобэр къыздэсым сщIэжыркъым. «Губгъуэ Iэнэр» Iусхыжри, гъуэмылэ къэнар зэрыслъхьэжащ. Ди адэр гуапэу къысхуеплъэкIри, нэщхъейуэ пыгуфIыкIащ: «Зэманыр шыбзэщ, щIалэ. Абы и шыбзэм цIыху гъащIэри, мылъкури, былымри, гуауэри, гуфIэгъуэри щIолъэлъ. Абы щIэлъэлъащ гъуни нэзи зимыIа Iэщуи мылъкууи диIар. Уи ныбжьым сыщитым, уэлэхьи лэхьэзим, щIымахуэм ягъавэ лым къытрахыу иракIута дагъэлэпс щтам чын къыщесхуэкIыу, гъэмахуэм тIууэ зэтет ди псы щхьэлым и шэрхъ джэрэзхэм хъыринэ сыщещIэу щытакIэ. Ервэлуцэр текIуа нэужь, Iэщуи, шыуи, мэлуи диIар ди адэм япэ иригъэувэри, кIэлъхуозым ихуащ. Дигу нэхъ къеуар тешанкIэмрэ абы щIэщIа шы къарэ дахитIымрэщ...»

... Лъагэу зызыIэта дыгъэр, гъатхэ дыгъэу умыщIэну, дзакъэрт. Зэрызекъуэным иригъэша Iэщыр тIысауэ щысщ. ГукъэкIыжхэм зи нэгур зэхигъэауэу нэщхъей хъуа ди адэм шырыкъуитIыр зылъехри егъэув, лъакъуэешэкIхэр абыхэм ятрелъхьэри, зыри имыубгъуу удз щхъуантIэм хогъуалъхьэ, и упщIэ пыIэ фIыцIэр и нэкIум трелъхьэри, и гукъэкIыжхэмкIэ къыздэгуэшауи, зыгуэр къызжиIауи умыщIэжыну, мамыр мэхъу. Сэ сыкъотэдж, лъапэпцIийуэ мыдэ сыкъыIуокIри, сотIыс...

... Дыгъэр мэжьэражьэ. ЩIылъэм гъуэзыр пщIыпщIыжу щхьэщытщ. Ди адэм и шырыкъуитIым яридзэкIа лъакъуэешэкIхэм бахъэр къыхеху. Тэлай докIри, хьэуа даущыншэм «НэфIыцIэ» уэрэдым и псалъэхэр къыхолъалъэ: «СыкъыщIокIри мазэм соплъыр. СыщIохьэжри... (Сэ ди адэм уэрэд жиIэу япэ дыдэу зэхэсхыу арат. Хэт и гугъэнт нэщхъеирилэу, псэлъэгъуейуэ зи гъащIэр зыхь ди адэм апхуэдэу уэрэд хужыIэу.) ... СыптолIапэри, си НэфIыцIэ мыгъуэ, уей...»

... Узижагъуэным зэманыр и псэ пIалъэ ухъу. Ар сытым хуэдэу псынщIэу кIуэрэ, кIуэуэ къэнэжрэ, йожэкI! Гъэ еджэгъуэр еухри, зыгъэпсэхугъуэ зэманыр къос. Сэ хъушэм япэ ситу, си ужьым ажэ щхъуэшхуэр, бжэнхэр, абы Iэщыр кIапсэлъэрышэу яужь иту пщэдджыжькIэ дыдоху. Пщыхьэщхьэм ди адэр япэ иту, и плIэр ухуарэ и упщIэ пыIэ фIыцIэм къыщIэплъу, Iэхъуэ баш кIыхьыр и дамитIым зэпрыдзауэ и IитIыр абы телъыжу, сэ хъушэм яужь ситу къыдыдохуэж. Махуэ гуэрым Iэщыр хъупIэм дэтхуа нэужь, ди адэр къызбгъэдохьэри, и Iэр си дамэм къытрелъхьэ. Заулрэ къызоплъри, хуэму жеIэ: «Сэ Хьэжыхьэблэ бэзэрым сыкIуэнущ. Сыкъэгувэ хъумэ, уэ Iэщыр ныдэгъэхьэж. Джэдэхъур япэ игъэувэ. Хъушэр егъажьэ. Уэ абы и ужьым иувэжи, езыхэр кIуэжынущ. Ауэ псыхъуэм къыдумынэIауэ псом яйри я пщIантIэм дэгъэхьэж...»

... Шэджагъуэ мэхъу. Ди адэр къэсыжыркъым. Пщыхьэщхьэри къос. ЗэрыжиIам хуэдэу, Iэщыр къуажэм дызохуэжри, псом яйри я пщIантIэм дызогъэхьэж. Къызогъэзэжри, аргуэру унагъуэ чэзууэ сыIухьэурэ соупщI:

– Фи жэмыр Iуэм ивгъэхьэжа? Фи танэр дэвгъэкIыжа? Мэлхэр, бжэнхэр ивубыдэжа? КхъыIэ, пхъэрыгъажэр быдэу ивгъэлъэдэж, Iуэбжэр ефпхыж, куэбжэр зыщывмыгъэгъупщэу хуэфщIыж!

«Хъунщ, тIасэ, умыгузавэ», – къысхуогуапэ, къызодэхащIэ ахэр зейхэр. Хэти къыскIэлъоджэ: «А, тIасэ, зэ къэувыIэт!» Хэт мэжаджэ, хэт чыржын, хэти щIакхъуэ хуабэ къысхудех: «Шхы, тIасэ!» КъащеIызмыхкIэ, къызошхыдэхэ: «Алыхь, сыхуэмей уэзгъэлъагъунмэ. СIыхи шхыт иджыпсту слъагъуу, щхьэр умыгъэузу!»

Сешарэ си тэмакъыр икIауэ, къызэжэха пщIэнтIэпсыр сабэм иуэжауэ, си напэри си щIыфэ гъур цIыкIури бжьыгъэ хъуауэ пщIантIэм сыкъыдохьэж.

– Шхэ, – къызоджэ си анэр.

– Хьэуэ, сыхуейкъым, – си щхьэр сощI.

Ди адэр къызбгъэдохьэ. Зыри жимыIэу къызоплъри, си Iэблэр еубыд. Щэху дыдэу «накIуэ» жери срешажьэ. Бэкхъым сыщIешэри, шхалъэм епха шыдыщхъуэшхуэр сегъэлъагъу: «Мыр уэ къыпхуэсщэхуащ!»

Сэ шыдым и пщэм зызодзри IэплIэ изошэкI... СыгуфIэщауэ согъ.

ХьэмтIырэхэ я ажэжь хъушэм и пашэр зыкъомрэ сифIу щытащ, си гъуэмылэмкIэ згъашхэу, си ужьым имыкIыу. Ауэ сышэсу щIэздза нэужь, бий кIэрыуфIыцI схуэхъуат. СыбэлэрыгъэауэкъыскIуэцIыуэурэ мащIэрэ сриуда, мащIэрэ сигъэгъа. Ауэ ди адэм и Iэхъуэ башышхуэр зэ хукъуэслъхьэри згъэшынауэ си гугъу къищIыжыртэкъым. Иджы си Iуэхущ жыжьэуи гъунэгъуи сыбгъэдыхьэми, езыри зыбгъэдэзгъэхьэми...

Шыдым седэхащIэу, сыщхьэукъуэ-сыкъэушыжу нэху щыху сыбгъэдэтащ, сыбгъэдэсащ. Пщэдджыжьым ди унэкъуэщ лIыжьыр къокIуэкI. IэплIэ къызешэкIри, и пащIэ папцIэ къуапитIыр иIуэтурэ жеIэ:

– ЛIыгъур, уи шагъдийр наши ди деж накIуэт.

Сэ ди адэм соплъ. Ар погуфIыкIри, «кIуэ» кърригъэкIыу и щхьэр ещI. ЛIыжь гъур лъагъугъуафIэм и ужьым соувэ. Iэджэми согупсыс. Абыхэм я пщIантIэм дызэрыдыхьэу си нэр тохуэ дахэ дыдэу щIа шыдыгущIэм. ЛIыжьымрэ шыдыгумрэ гъуэрыгъуэу соплъ.

– ЩIэщIэ уи алъпыр, ЛIыгъур, – мэдыхьэшх. – Мыр дыгъуасэ уи адэмрэ сэрэ тщIащ. Уи адэ жысIэ щхьэкIэ, абы ищIагъэшхуэ щыIэкъым. СщIыр игу иримыхьу сызэрызэгуигъэпар нэхъыбэщ...

Пхъэ упсагъащIэм и мэр IэфIу зыжьэдызошэ. Апхуэдизу сыгуфIати, дамэ стетамэ, сылъэтэнут. Шыдыр псынщIэу щIызощIэ Залымхъани къыздэIэпыкъуури, пщIантIэм сыкъыдож. ЦIыкIуи ини къызэплъу къуажапщэм сыдожей, къуажэкIэм нэс сожэхыж. Шыдри, си гуфIэгъуэм иубыда нэхъей, щIэмычэу мэхьэмкIэ. Сэ вожэр Iэ сэмэгумкIэ сIыгъщ, и кIапэр Iэ ижьымкIэ згъэкIэрахъуэу. Си нэкIур жьым къызэпрехулэкI. Жьыбгъэмрэ гуфIэгъуэмрэ зэхэту къыщIахуа си нэпсыр напэм щызэкIэщIож. ЩIалэ цIыкIухэр къыслъэщIэмыхьэу къыскIэлъожэ, хъыджэбз цIыкIухэр къызэхъуапсэу къызоплъ, лIыжьхэм я башыр къысхуагъэдалъэ, фызыжьхэр Iэдакъэжьауэ ящIауэ къызоплъ...

Сэ щIэмычэу чырбыш зыгъэжхэм, ятIэ зезыхьэхэм ятIэрэ хьэуазэрэ къахуэсшэрт. Арати, зы махуэ гуэрым фызхэм иужьрей ятIэр зэхалъхьауэ загъэпсэхурт. Сэ дэкIуеипIэм сытест. Аслъижан, токкIэ лажьэу, пластинки теплъхьэ хъууэ радиолэ къищэхуат. Япэ дыдэу ди хьэблэм апхуэдэ къэзыщэхуар арат. Ешауэ зызыгъэпсэху фызхэм я гукъыдэжыр къиIэтыжыну Аслъижан радиолэр щIигъанэри, пластинкэр трилъхьащ. Махуэ псом гугъу ехьауэ умыщIэну, гуфIэгъуэр я нэгум кърихыу ахэр уэрэдым дихьэхауэ едаIуэрт, ежьуи яхэту.

«Май жыг ха-а-а-дэу, ЛатIиф къыздэгъагъэу...»

ТIэкIу-тIэкIуурэ уэрэдыр псоми къапхъуатэ. Ар хьэблэм дэз мэхъу:

«Май жыг хадэу, ЛатIиф къыздэгъагъэу...»

Уэрэдыр еух. Ежьури мэувыIэ. Аслъижан Мухьэжыр и къафэр трелъхьэ. Я Iэ-я лъакъуэ ятIэхэр ямытхьэщIу фызхэр къытехьауэ къофэ.

– Адакъэ цIыкIу хуэдэ, дэкIуеипIэм утемысу къафэ, – сыкъредзых ГуэщлъапIэ. Адрейхэр мэдыхьэшх.

– ИIэ, иIэ, – сытрагъэгушхуэ.

Ныбафэ фIей сыхъужауэ сыхэуэу, сыхэпкIэу, сыдэуей-сыкъеухыу сыкъофэ.

– ЛIыжь къэфэкIэ умыщI, уи щхьэр Iэт, уи бгъэр къигъэкI, уи лъакъуэхэр псынщIэу зэблэдз, зэхэпхакъэ, теурэзыр зыхуэмыкIуэн цIыкIу, – къотIыхь си щIыбым дэкIуеипIэм сыкъезыдзыха ГуэщлъапIэ. Хьэблэ лIыжьхэр бжыхьым зыкъытрагъэщIауэ къыщхьэпроплъ, ауаныщIу погуфIыкIхэр...

Пшапэр зэхэмыуэу Аслъижан и унэр зехьэн яух. КъыкIэлъыкIуэ махуэхэми гуэщри хузэтралъхьэри ари яиж.

Псоми я Iуэхухэр зэфIагъэкIащ. ЩIымахуэр къэсри, уэсыр къытрилъхьащ. ЩIыIэми хузэфIэкI лъэпкъ къигъанэртэкъым. Ди гъунэгъу лIыжь ПIатIэрэ сэрэ гуэщ щIыIэм дыщIэст. Мо лIыжь гъур кIыхь дахэшхуэм и дыжь джэдыгу хужь кIыхьым щIэх-щIэхыурэ сыкIэщIигъапщхьэурэ сигъэхуэбэжырт. Ар лажьэрт, сэ абы ищIым сеплъырт. ИщIыр Iэжьэт. ЗыхуищIыр сэрат. Абы къыхидзэрти, гуэщ щIыIэр и макъ дахэмкIэ къигъэхуабэрэ жыпIэу, уэрэд жиIэрт, зэм таурыхъ къысхуиIуатэрт. Апхуэдэурэ Iэжьэр щIын иухри къэтэджыжащ. Iэжьэ дахэшхуэ схуищIат, зыкIэрыгъэщIапIэхэр иIэжу. ЩIыбым къыщIихыну къищтэри, бжэм къыдэхуакъым. Сэ сыгузавэу абы сыхудэплъеящ. Ар ину дыхьэшхри къызэупщIащ:

– «Ыхьы-ы-ы!» – адыгэм жиIэмэ, къикIыр пщIэрэ, си щIалэ?

Сэ си нэр згъэупIэрапIэри, си дамэр дэсшеящ.

– «А-Iы-хь-ы-ы!» – жиIэмэ-щэ-тIэ?

«СщIэркъым» къизгъэкIыу, аргуэру си дамэхэр гъуэрыгъуэу дызошей.

– «А-Iы-хьы-ы-ы!» – жиIэмэ, Iуэхур зэIыхьауэ аращ. Дэри Iуэхур зэIыдгъэхьащ. Ауэ ар куэдрэ дгъэзэкIуэжрэ? – Аргуэру макъ щабэкIэ уэрэд къыхидзэри, Iэжьэр зэпкърихыжащ, зыгуэрхэр пихыжащ, зыгуэр игъэкIэщIыжри, зэпкърилъхьэжащ. Ар зэригъэзэхуэжыху уэрэдри зэпигъэуакъым.

*Ей-ей, ей, жи, иджырей пщащэхэри*
*Уойрэщ, уой!*
*Ар щауэ къуданхэм кIэлъоплъри,*
*Уой-рирэу-рира, уой-рирэу, уой.*
*Уоу-рирэу-рирари!*

*Ей-ей, ей, жи, си джатэ кIэщIри,*
*Уойрэщ, уой!*
*Ей, пщым и гущIыIум щызгъабзи,*
*Уой-рирэу-рира, уой-рирэу-уой,*
*Уоу-рирэу-рирари!*

*Ей-ей, ей, жи, сэ си мыщIащхьи,*
*Уойрэщ, уой!*
*Ей, пщы Щауэтыкъуэри хэзгъащIи*
*Уой-рирэу-рира, уой-рирэу-уой,*
*Уоу-рирэу-рирари!*

Iэжьэр щIыбым къыщIихри сригъэтIысхьащ. И дыжь джэдыгум щIэлъ къубас бгырыпхыр зыщIихри, абы ирищIащ.

– НакIуэ иджы, зыIыгъ, – жиIэри пщIантIэм зыкъомрэ сыкъыщришэкIащ. – Урикъуа? – къызоупщI хьэлъэу бауэу.

– НтIэ, – пцIы соупс, сфIэгуэныхь хъуауэ.

– НакIуэ, си щIалэ, дышхэнщ, нобэ гуэщ щIыIэм дызэрыщIэсар ирикъунщ.

Махуэ псом зыкъызэзыгъэлIэлIа лIыжьыр схуэгъэщIэхъуакъым.

– ЗыдгъэтхьэщIыт, нэуэжь, – зыхуигъэзащ и щхьэгъусэ фыз нэфIэгуфIэ сырыху цIыкIум.

– Иджыпсту, – тасыр къигъэуври, пэшхьэкум тет къубгъаныр къищтащ. И лIым зытхьэщIын иуха нэужь сэри зызигъэтхьэщIри, напэIэлъэщIыр къысхуишиящ, балигъым хуэдэу.

– УмыпIащIэ, цIыхур щыгупсысэмрэ щышхэмрэ деж пIащIэр-къым, – жиIащ лIыжьым, шхыным хэзгъэщIым нэхърэ щхьэгъубжэм сызэрыдэплъыр зэрынэхъыбэм гу лъызытам.

Къысхутрагъэувар сымыухыу сыкъыщIигъэкIыжакъым. Абы удэкIуэтэнт. Дышха нэужь и лулэм махоркэ ирикIутэри, мыпIащIэу ефащ. Гуапэу къызэплъщ, си щхьэфэм Iэ къыдилъэри, жиIащ: «НакIуэ, си щIалэ, узгъэгуващ, фи дежи гузавэу къыппэплъэ хъунщ, сэри Iэщым сахыхьэнщ».

Унэм дыкъызэрыщIэкIыжу, Iэжьэр къэспхъуэтащ. И пэр къытесIэтыкIри сыкъыщIэпхъуэжащ.

– Ей, си щIалэ, зэ къэувыIэт! – КъыскIэлъыджащ ар. МыпIащIэурэ къызбгъэдыхьэри, и Iэр къишиящ: «Къащтэт зэ а уи Iэжьэр». Сэ сыкъэгузэващ: «СIихыжыну арауэ пIэрэ?»

– Жьы хъуам и Iуэхур Iуэхушхуэщ, си щIалэ, щыгъупщэх сыхъуащ. Iэжьэм кIапсэ имылъу къепшэкIынри шы цIахуцIэм утесынри зыщ, – зыхуэхъущIэжурэ и жыпым иIэбэри, дахэу, егугъуу гъэща щIэп кIапсэ кърихащ, Iэжьэм схурищIэри пыгуфIыкIащ... СыпыгуфIыкIащ сэри. СукIытащ армыхъумэ, лIыжьым зездзу, IэплIэ хуэсщIынут, и пщэм быдэу зескъузылIэу...

... Абы и ужькIэ куэдрэ псэужакъым ПIатIэ. Сэ мащIэрэ сыгъа. А лIыжь дыщэмкIэ сэ япэ дыдэу сахэIэбащ си псэм хэзмыхыу фIыуэ слъагъу ди хьэблэ лIыжьхэмрэ фызыжьхэмрэ...

... Жыгхэр къотIэпI, гулъхэр къызэролъэлъ. Хуэрэджейхэр гъэгъауэ гъатхэ дыгъэпс щабэм хосыхь, ходжэгухь. Сэ си псэр мэзэшри, хьэблэ фызыжьхэм ятIэ къызрахыу щыта Iуащхьэ цIыкIум и щыгум сытесщ. Зэзэмызэ къыкъуэу жьыбгъэ щабэм къыхоIукI абыхэм фIыуэ ялъагъуу жаIэу щыта уэрэдхэр:

*Май жыг ха-а-а-дэу, ЛатIиф къыздэгъагъэу...*
*... Узмылъа-а-а-агъуу-у-у къыбжезыIэр,*
*Хэту щытми, къоиж цIыхущ...*
*... СыкъыщIокIри, мазэм соплъыр,*
*СыщIохъэжри...*

# КЪУАЖЭ ЛIЫЖЬХЭР

– СынышIоджаращ, си щIалэ, – хуэму и щхьэр щхьэнтэм къытриIэтыкIащ ди адэм. Абы и Iупэхэр пIэжьажьэрт, и нитIыр нэщхъейуэ, мафIэ зэхэкIыжым хуэдэу, и нэгум фагъуэу щыблэрт.

Сэ сыкъэскIащ: къэсщIат абы сыкъыщIриджар... «ТIыс», – ишиящ и Iэр пIэ лъапэмкIэ...

Гъэмахуэт. Махуэр хуабэти, хьэми джэдхэми яхуэмыхьыжу жьауэм зыщIадзауэ джалъэу щылът. Хуаби жьауи къыфIэмыIуэхуу, ди адэр пырхъуэм тест, шыдым и хомутым епэщэщу. И упщIэ пыIэ фIыцIэм жьауэ зытрищIэ и нэкIу тIэкIуми пщIэнтIэпсыр къыпыткIурт. Зэзэмызэ ар и IэщхьэмкIэ ирилъэщIэкIырти, нэщхъейуэ пщIантIэ нэщIыр къызэпиплъыхьырт, ину щатэрти, и лэжьыгъэм псалъэншэу пищэжырт.

Псэр дэхыщIэу зэзэмызэ унэм къыщIэIукIырт ди анэм и гыз макъыр. АпщIондэхукIэ ди адэм, и лэжьыгъэр зэпигъэурти, щтэIэщтаблэу си дежкIэ къаплъэрт. Зыри жызмыIэу си напIэр щездзыхкIэ, къэтэджырти унэм щIыхьэрт. Зыкъомрэ щIэсти, нэщхъейуэ къыщIэкIыжырт, хомутыр къищтэжырти, епэщэщын щIидзэжырт.

Сэ сышынэрт ди анэр зыщIэлъ пэшым сыщIыхьэн. СызэрыщIыхьэу сызыбгъэдишэрт, си щхьэр и бгъафэм щIикъузэрти, «си тхьэмыщкIэ цIыкIу мыгъуэ» жиIэурэ гъуэгырт; гъыныр щигъэтыжырти, нэхъуеиншэу сызэпиплъыхьырт, итIанэ фIэмыфI-фIэмыфIурэ сыкъызыбгъэдигъэкIуэтыжырти, зэхэсх къудейуэ жиIэрт: «КIуэ, щIэкIыж, си псэ, усцIэлэнщ. УкъыщIэмыхьэ афIэкIа». Ди анэм и нэгу фагъуэ пщIэнтIэпсыр къызытрикIутам нэпсхэр хыхьэжауэ къежэхыу щыслъагъукIэ, зысхуэмыубыду сэри сыгъуэгырт.

Тхьэмахуэм щIигъуат нэбгъузкIэ дызэхущIэплъу ди адэмрэ сэрэ пщIантIэ нэщхъейм дызэрыдэсрэ. Ди анэри зэрыщытт: нэхъ хьэлъэ мыхъумэ, нэхъыфI хъуртэкъым. Ди адэмрэ сэрэ махуэ псом дыщызэпсалъэр зэзэмызэххэт. «Шыдыр къэхуж». «ШкIэр щIумыгъэф». «Хъунщ». Арат зэпэддзыжыр. Ари щыжыдмыIэр нэхъыбэт.

Махуэ гуэрым ди анэш лIыжь Хьалил къэкIуащ. Шызакъуэгум къимыкIыу зыкъомрэ къызэплъри, жиIащ:

– Сыт, хьэмэ къилъхуа, дадэ ущIыпемыжьар? Плъагъуркъэ абы къыпхуихьа къомыр, – къиIэтащ и хъуржын текIыжар.

Сэ япэхэм аддэ жыжьэу шытхым Хъалил къызэрыщхьэщыхьэу къэслъагъуурти, сыпежажьэрт. Шыгум сыдэлъейрти, и куэщIым ситIысхьэрт.

– Щхьэ укъэмыжэрэ дадэ деж, хуэмыху? – къызоплъ аргуэру анэш лIыжьыр, – къажэ, тIасэ.

Сэ зысхуэмыубыдыжу сыгъуэгыу шыгумкIэ сыщIэпхъуащ, сыIэбэрабэу абы сыдэпщеящ. ЛIыжьым и куэщIым сыкъызэрихутэу, нэхъри гухэщIу сыгъыу щIэздзащ.

– Хъунщ, тIасэ, умыгъ. ЛIышхуэхэр апхуэдэу гъырэ-тIэ? Алыхьым и шыкуркIэ, уэ лIы ухъуащ. Плъагъуркъэ мы къыпхуэсхьахэр!

– Къеблагъэ, Хьалил, сыту фIыт укъызэрыкIуар, – къыбгъэдыхьащ лIыжьым ди адэр.

– ФIым дыхуиблагъэ, Мысост. Дауэ фыщыт?

Абы и жэуапу ди адэр нэщхъейуэ унэмкIэ плъащ, итIанэ ину хэщэтIыкIри, си дежкIэ къеплъэкIащ:

– Уэ кIуэи шыдыр къэхуж. Шыудзышэ дыкIуэнущ.

АфIэкIа тIуми жамыIэу, ди анэр зыщIэлъ пэшымкIэ яунэтIащ. Сэ тIэкIурэ зислъэфыхьащ, Хъалил шыр щIитIыкIыу, япэхэм хуэдэу, щIэгъущхьэжыху кърызигъэшэкIын си гугъэу. АрщхьэкIэ ар си дежкIэ къеплъэкIакъым. Шыри зэрыщIэщIауэ къигъэнащ. Сыт сщIэжынт, сфIэфI-сфIэмыфIми, лъэсу сежьащ шыдыр къэсхужыну.

СыкъыщыкIуэжам... Хъалил и шыгур пщIантIэм дэтыжтэкъым. Ар си жагъуащэ хъури, си нэпсым къызэпижыхьащ. ТэлайкIэ зыри жызмыIэу сыщытащ. ИтIанэ зыгуэр си гум щIыIэ-щIыIэу къэкIри, унэм сыщIэлъэдэжащ. Ди анэр зэрылъа гъуэлъыпIэр нэщIт.

Сэ фIы дыдэу сцIыхурт Хъалил зэрыкIуэж хабзэ гъуэгур. ПщIантIэм сыкъыдэжри, джабэм сыкIэрылъэдащ. Куэдрэ сыжа, мащIэрэ сыжа, сытми аддэ Чэщыкъуей аузым щежэх псы цIыкIум Хъалил и шыгур зэпрыкIыу къэслъэгъуащ. Шызакъуэгум сылъэщIыхьа нэужь, сыкъамыщIэу и ужь ситу зыкъомрэ сыкIуащ. Хъалил и щIыбыр къэгъэзат. КъыпхуэцIыхужынтэкъым и щIыбымкIэ ущеплъмэ. Абы и щхьэр къыфIэхуат, ипкъ уардэри щIэлIат. ПщIэнтэкъым шы лъэрызехьэ зыщIэщIа шызакъуэгум ису кIуэуэ, дуней хъурей псор и щIыб илъу ихьу фIэкIа.

Хъалил зытес тетIысхьэпIэм и щхьэр егъэщIауэ шызакъуэгум илъ ди анэм и нэр къытемыкIыу уафэ лъащIэншэм еплъырт, и узыншагъэр абы къыщилъыхъуэж хуэдэ. Абы теубгъуа IэлъэщI фIыцIэ къуэлэнышхуэм къытеубэпхъа, пасэу тхъугъэ зыхидза и щхьэцым махэ хъуа дыгъэ бзийхэр нэщхъейуэ хэпэщэщыхьырт, нэхъ хужьыIуэу хэтхъукIа щхьэц налъэхэр дыжьыну игъэцIууэ.

Хэт ищIэн, тIуми сыкъамыщIэу куэдрэ сыкIуэну къыщIэкIынт, гъуэгум телъ мывэм сымыщIэу семылъэпэуамэ. Сыт хуэдизу зызмыгъэбэшэчами, схуэшэчакъым сыкъыхэмыкIиикIын. Си лъэхъуамбэшхуэм лъыпсыр къыфIэжырт. Хъалил, и шыгу къэгъэувыIи, и къелъи зы ищIри, си дежкIэ къыщIэпхъуащ. Нобэми си нэгу щIэтщ абы и къэжэкIар. Дуней зылъэгъуа и упщIэ пыIэ хужь тIэкIур Iэ сэмэгумкIэ иIыгъыу, Iэ ижьым IэщIэлъ чнутIыр илъэфу къысхуэжэрт ар, и къэптал гъуабжэм и бгъэр зэгуэхарэ и джэлэфей морэр лъэныкъуэ зырызымкIэ гъуэрыгъуэу ириупцIэкIыу.

Сэ къуаншагъэ псори зыбгъэдэлъ мывэм сеплъащ. Ар, зыри къыфIэмыIуэхуу, гъуэгум телът.

– А, тIасэ, уи адэм и закъуэ къэбгъанэу щхьэ укъежьа? – гузавэу щIэупщIащ ди анэр.

– Мыдэ тIэкIу дыкъигъэкIуэтэжауэ аращ, Гуащэ, умыгузавэ. Аракъэ, Билъостэн? – си щхьэфэм Iэ къыдилъэри, пыгуфIыкIащ Хъалил.

– НтIэ, – къыдэсшеящ сэ сфIэмыфIу.

– А, Хъалил, кIуэжыфын мыгъуэу пIэрэ?

– Сыт щхьэкIэ мыкIуэжыфу, Гуащэ, кIуэжыфынкIэ, тхьэ соIуэ.

– КIуэ, си псэ тIэкIу, зумыгъэгувэ, шкIэмрэ шыдымрэ къыхуэзыхужын иIэкъым абы. Сэри махуэ зытIущкIэ сынэкIуэжынщ.

Хъалил IэплIэ къысхуищIыжри, ахэр ежьэжащ.

Ди пщIантIэм сыщыдыхьэжам, пшапэр зэхэуат. Къиша шыудз Iэмбатэм бгъэдэту ди адэр щытт нэщхъейуэ. Си дежкIэ къаплъэри, губжьауэ къызэупщIащ:

– Дэнэ уздэщыIар?

Сэ абы пэгъунэгъуу сыкъэувыIэри, си щхьэр есхьэхащ. Ди анэр сымаджэ зэрыхъурэ ар нэхъ пхъашэу къызэпсалъэ хъуат, абыкIэ къуаншагъэ зыбгъэдэлъыр сэра хуэдэ.

– ЛIо, уи щхьэ иумыпэсу ара жэуап къызэптыну? Ы-ы? – езым и ныбжь гуэр епсалъэ фIэкIа умыщIэну, ар и фIэщ дыдэу хъущIэрт. Сэ Хъалил къызыщхьэщыхьэ хабзэ шытхымкIэ сыплъащ.

– Дэнэ уздэщыIар, зо? – нэхъри къэгубжьауэ къызбгъэдокIуатэ. Си Iэблэр еубыдри, сыкъреIуэнтIэкI. Къызэуэну и Iэр щиIэтым, и куафэм зесшэкIри, сыгъуэгыу селъэIуащ:

– Мамэ и псэм щхьэкIэ, укъызэмыуэ, – нэгъуэщI адэкIэ схужымыIэу сещэтэхри, сызэщыджэу щIым сыхэхуащ...

– СынышщIоджаращ, си щIалэ, – къытригъэзэжри жиIащ ди адэм, и пIэ лъапэм сытетIысхьа нэужь. – Хэт ищIэн, сэ мы узым сыкъемылынкIи хъунщ... ПщIэжрэ аддэ ущыцIыкIум уи жагъуэ зэрысщIауэ щытар?..

– Сыт жыпIэр, ар жумыIэххэ...

Ауэ ди адэм си псалъэр ныкъуэжыIэу зэпиудри, езым адэкIэ пищащ:



– Мывэм триудауэ щыта уи лъэбжьанэр щыпхуэспхэм укъызэрызгъэгугъауэ щытар пщIэжрэ?

– СощIэж...

– Ар нобэр къыздэсым схуэгъэзэщIакъым. Шырыкъу пIащIитIымрэ бухъар пыIэщхъуэмрэ къыпхуэсщэхуфакъым.

– Ар Iуэхушхуэ-тIэ, ди адэ, щхьэ угузавэрэ?

– Аракъым, тIасэ, ар зэрыщытыр. Уэ абы си нэ къызэрыхуикIым, схуэмыгъэкъаруууэ зэрыщытам гу лъыпта, е сэ сщIэ мыгъуэрэ абы узэреплъар, сытми уэ тIури къысхуэпщэхуащ. Ахэр щыстIэгъэхуи сигу къокIыж а махуэм укъызэрызгъэгугъауэ щытар. Иджы, сылIэ хъумэ, шырыкъумрэ пыIэмрэ унэм ирумыгъэх. Си фэеплъу зехьэ. МыдэкIэ, лъапсэ тIэкIури...

Илъэс зыбжанэ мэхъу ди адэм ар къызэрызжиIэрэ. Ауэ сэ абы лъандэрэ, уэрамым сыщрикIуэкIэ, бухъар пыIэ зыщхьэрыгъ лIыжьхэр щыблэкIым деж сыкъоувыIэ, гуапэу сэлам язохри, аддэ нэсыху нэкIэ сакIэлъокIуатэ. «СынышщIоджаращ, си щIалэ», – къоIуэ апхуэдэхэм деж си тхьэкIумэм си адэм и макъыр, икIи IэфIыгъэ щэху гуэрым си гущIэ псом зыкъыщеIэт.

... Ди адэм ищIэркъым, езым и шырыкъумрэ бухъар пыIэмрэ нэмыщI, ахэр зезыхьэ лIыжь Iумахуэхэри фэеплъ къызэрысхуищIар...

ЩОДЖЭН Риммэ

# ПШАГЪУЭМ КЪЫПХЫПС ДЫГЪЭ БЗИЙХЭР

*Повесть*

*ФIыуэ плъагъу закъуэр зыми пхуегъэщхъкъым,*
*И теплъэр гурыхъу, и псалъэр купщIафIэщ,*
*Нэгум щIэмыкIыу, уи гум пхуигъэхукъым,*
*Ар уи гъэфIэнщи, уи псэщ, уи гъащIэщ.*



Суфян и къэшэгъуэ дахэт, ауэ гъащIэ фэзэхъуэкIым фIыблихырт и илъэс нэхъыфIхэр. ЩIалэм къимышэурэ бжьыхьэ гуэрыр къихьащ. Гъэ къэс зэмыфэгъуу и чэзум къэгъагъэ къэкIыгъэхэр, языныкъуэхэр уэсэпс щIыIэм исыжми, фIэгуакIуэщ. АтIэми, и зэманыр фIокIуасэ, блэкIам хуеплъэкIыжу, гукъэкIыжхэр гупсысэм къыхэнэу, и гугъапIэхэр нэрымылъагъуми, и щIэщыгъуэр имыкIыу.

Суфян щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтауэ, и лэжьапIэри зэтеувэхукIэ илъэсхэр зы сыхьэтыпэу кIуауэ, унафэщIу щылажьэрт IуэхущIапIэ ехьэжьа гуэрым. Ар и хьэлкIэ Iэдэбт, щэныфIэт, бэшэчт, тэмакъкIыхьт, и лэжьыгъэкIэ ущиякIуэт, ткIийт, пхъашэт, гуащIэт. Куэдрэ къопсэлъэнутэкъым, ауэ а къипсэлъри кIэщIт, купщIафIэт, зэи къоупщIынутэкъым икIи къолъэIунутэкъым. Узэрыщытын хуейр къыбжиIэрти, жэуапым пэмыплъэу, ежьэжырт. Апхуэдэ хьэлыр хъыджэбз куэдым ягу ирихьырт, икIи гъунэжт щIалэм къегуэкIуахэр. Суфян теплъэ екIу зиIэ щIалэ бжьыфIэт, и щхьэц пхъашэ Iув зэрыIыгъыр и натIэм къехуэхмэ, гукъыдэж иIэрэ имыIэрэ къэщIэгъуейуэ, и нитIыр щIахъумэрт. Апхуэдэ щIалэм куэд фIэлIыкIырт, языныкъуэхэм гъуэгум дадзыхырт, зыхуамыгъазэмэ нэхъ къащтэу, ауэ пщащэхэм абы и гъуэгур яхъумэрт, укъэзыгъаскIэ и теплъэм Iуплъэну я хъуэпсапIэу.

Зэманыр кIуэрт, и лэжьыгъэм и гур хигъахъуэу, хьыджэбзхэр къыхузэпещэу, узыхэдэнрэ къыхэпхын защIэу, ауэ щIалэм зыгуэр къыхихынуи пIащIэртэкъым. Апхуэдэурэ, езыр зыхуейм хуэдэ хъыджэбз иримыхьэлIэурэ, игу къехуэбылIэн хуэмызэурэ, зэманыфI дэкIащ.

Суфян зигу ирихьхэм ящыщ зыт Розалинэ, ауэ абы и гухэлъ къабзэм щIалэм зыри хищIыкIыртэкъым. Хэдэхэплъэ куэд ищIми, хъыджэбзыр, гъащIэм дэщIэращIэу, зэманым декIурт, и дахагъэр и набдзэу, абы ирипагэрт. Ауэ щIалэ куэд тезыгъэкIуэту еса Розалинэ Iэнкунт СуфянкIэ. Ар блэкIыу щилъагъукIэ къэпIейтейрт. И гъащIэ щIэращIэм насып хуэхъуну и гугъа щIалэр тригъэкIуэтат, Суфян зэрыхуэзэу. Зэ Iуплъэгъуэм Розалинэ егуэкIуат а щIалэм. Ауэ Суфян и щытыкIэм

хъыджэбзыр гугъу иригъэхьырт, ар къеплъыртэкъым икIи къепсалъэртэкъым, хэбгъэзыхьмэ, къилъагъуххэу къыпхуэщIэртэкъым.

«Ар дауэ, гъущIу ара Суфян? ЩIалэу щыIэм сэращ я плъапIэр, псоми ягу срохь. Ауэ мыр къызэплъыркъым... сыкъилъагъуххэркъым... Къыздигъуэр сщIатэмэ, зыхэзнынт», – жиIэурэ и щхьэ хуэпсэлъэжырт Розалинэ. ЩIалэм гу зылъригъатэу, тIэкIуи зигъэщIэгъуэн, зигъэпэгэн, игъэлъэIуэн и гугъа щхьэкIэ, псори пцIыт. Суфян къеплъыххэртэкъым.

«Уи гугъати, Розалинэ, куэдрэ уи пэр дэгъэзеяуэ къэпкIухьыну! Иджы сыт ущIэнэщхъейр?» – зыхуэшхыдэжырт ар игукIэ.

Розалинэ хъыджэбз щхьэпэлъагэ лантIэт, ауэ зэ еплъыгъуэкIэ, «хъыджэбз цIыкIу къызэрыгуэкIщ», хужыпIэнт. Абы и зекIуэкIэ дахэм екIужт и Iэпкълъэпкъыр, и нэ пIащитI удзыфафэм щIалэщIэхэр зыгъэгумащIэ нурыр къащIихырт, ар куэдым ящигъэпщкIуми. Псэлъэгъу имыщIIауэ, и гъащIэ гъуэгум ирикIуэу есат. Пщэдджыжь пшэплъым ещхьыфэ и щхьэц хъурыфэр иухуэнырти, и щIыбагъымкIэ щишыхьыжырт. ФIэфIу щитIэгъэрей бостей зэпытым хуэфIыпсу и Iэпкълъэпкъыр изагъэрти, дахагъэу бгъэдэлъыр абы нэхъри белджылы къищIырт. И бгы псыгъуэм темызагъэу щыгъыныр щытелъэтыкIкIэ, и бгъэ лъагэр и гупэкIэ къэкIуатэу къыпфIэщIырт. Езыр напэ хужь цIыкIут, набдзэ къурашэт. Теплъэ дахащэрэ хьэл зэпIэзэрытрэ зиIэ хъыджэбз цIыкIум куэд къехъуапсэми, езы Розалинэ зыхуейм хуэдэ щIалэ абыхэм къахэкIатэкъым иджыри. Зэманыр кIуэрт, Суфян зыхуихъумэу, хуэзэшу, и псэм щигъафIэ и гухэлъри зыми жримыIэу.

Унагъуэ насып зригъэгъуэтын хуейуэ игъуэ нэсауэ къэзылъытэ и лэжьэгъухэр, Розалинэ Iуэху ящIауэ, щIалэхэм хухэплъыхьырт, насыпыфIэ хъуну хуейхэти, хъыджэбзым къеущиерт:

– Розалинэ, унагъуэ ухъун хуейщ, хэплъыхь куэдри фIыкъым... Хэплъэ-хэкIыж умыхъуащэрэт.

– Ар хъунт, иджыпсту узэрыщытым хуэдэу уи гъащIэр пхьыну щытамэ. КIуэтэху, ныбжьри хокIуатэ. Ауэрэ жьы ухъумэ-щэ?.. Закъуэныгъэр фIыкъым.

– Е зыгуэр къыпщощI, е сымаджэ мыхъу щыIэкъым, хэт псы крушкIэ къозытынур? Узыхуей дыдэм хуэдэ щIалэ умыгъуэтынкIэ хъунщ, гугъу ущехьыни, псалъэмакъ ущыхэтыни къэхъунщ. Унагъуэм къыщымыхъу щыIэ?! Аращ езыр гъащIэ жыхуаIэжыр. Ауэ, дауэ мыхъуми, псоми къахуигъэщIа пIэщхьагъ насыпыр зэбгъэгъуэтмэ нэхъыфIщ.

ШыIэныгъэ хэлъу абыхэм едаIуэрти, мыр жэуапу яритыжырт Розалинэ:

– А фэ зи гугъу фщIы псори сшэчыну сыхьэзырщ сэ, ауэ сызыхуейм хуэдэ щIалэ сыхуэзакъыми, аращ сыщIыдэмыкIуэр.

– Сыт хуэдэ щIалэт уигу ирихьынур, дапхуэдэу ар зэрыщытын хуейр? – щIэупщIэрт и лэжьэгъухэр, абы жиIэнур яфIэгъэщIэгъуэну.

Розалинэ и нэгум асыхьэту къыщIыхьэрт и гур зыкIэрыпщIэфыну щIалэр зэрыщытын хуейри, мащIэу къыпыгуфIыкIыу, яжриIэрт:

– Сэ сигу ирихьыну щIалэр зэрыщытын хуейр вжесIэнщ. Ар щIалэ ткIийщ, сыфIэлIыкIыу, сыщышынэу, и гум илъыр и плъэкIэмкIэ

занщIэу къызигъэщIэфу, псалъэ куэд жимыIэу, а жиIэ псалъэ мащIэми уилыгъуэу, зыри пумыдзыжыфу. Апхуэдиз ткIиягъэрэ гуащIагъэрэ зыхэлъ щIалэр сэ фIы дыдэу слъагъуу щытын хуейщ. Пщэдджыжь къэс згъэщIэращIэрэ щIэзгъэкIыу, сыхуэзэшрэ махуэр схуэмыгъакIуэу сигу къэкIыу, сигъэгушхуэу, псори къызэхъуапсэу... – жеIэри, а и псалъэхэм тIэкIуи теукIытыхьыжауэ, и напIэр иредзых. И щхьэр течауэ хужымыIэ щхьэкIэ, Суфянщ и нэгум щIэтыр.

– ЩIалэ мыткIий щыIэ уи гугъэ? – зыжьэу Розалинэ зэпауд. – ЛIыр – лIыщ, жиIэр пщIэн хуейуэ аращ. Иджыпсту къыбжаIэ дахэм хуэдэ уаша нэужькIи къыбжаIэн уи гугъэмэ, ущоуэ. Къамышэху, цIыхубз дахэ мэлъыхъуэхэр, ауэ, апхуэдэ къазэрыIэрыхьэу, узэрыдахэ къудейм щхьэкIэ бетэмалу псалъэмакъ къыуащIэкIынкIэ хъунущ.

– Сыт къызжиIэми содэ. А жыхуэсIэм хуэдэ щIалэ сяужь къихьэмэ, сэ абы жиIэр сщIэнущ, сыткIи седэIуэнущ. ЩIалэ ткIийм, псэлъэгъуейм, мыгупсысауэ, а фэ жыхуэфIэ псалъэмакъ мышыур къыуищIэкIынукъым. Сэ сызыхуей щIалэр акъылыфIэу щытынущи, апхуэдэ акъылыншагъэ зэи IэщIэкIынукъым, – щыжиIэм, псори щым хъужащ.

– ПщIэнукъым, апхуэди щыIэ хъунщ, ауэ дэ дыхуэзакъым, дэ цIыху щабэ, щIалэфI дыпхуэлъыхъуэу аращ. Къаша нэужь зызыхъуэж щыIэщ, ауэ а хьэл уигу ирихьу ущIыдэкIуар зыхъумэфи къахокI, – жаIэри, псалъэмакъыр абдеж щаухащ, Розалинэ и нэгум щIэт щIалэм псори ехъуэпсауэ.

Удэзыхьэх хьэл зэрыхэлъри дахагъэу бгъэдэлъри езым ищIэжырти, Розалинэ абы ирипагэрт, иригушхуэрт. Ауэ зыхуей щIалэм гу къылъитэмэ, ар къызэрехъуэпсэнуми, къызэрегуэкIуэнуми шэч лъэпкъ къытрихьэртэкъыми, игурэ и щхьэрэ зэтелът.

Суфян куэд щIат а бзылъхугъэ цIыкIур игу зэрырихьрэ, ауэ зы къару гуэрым къызэтригъэувыIэрти, Розалинэ еплъыртэкъым икIи псэлъэгъу ищIыртэкъым. Щэхуу къыздрихьэкI и гухэлъыр хуимыIуэтэфу, абы кIэлъызеплъэрт.

Суфянрэ Розалинэрэ япэ дыдэу щызэрылъэгъуа дакъикъэм тIури зэгуэкIуат, ауэ хьэл ткIий зиIэ щIалэмрэ хъыджэбз зэпIэзэрытымрэ зэхуэдэу пагэти, я гухэлъ щэхур, я гухэлъ гъэфIар зэхуамыIуатэурэ илъэсхэр кIуэрт.

Розалинэ а щIалэр и псэм щигъафIэрт, нэрымылъагъу ныбжьыр жэщкIэ къилъыхъуэрт, гугъэм пщэдджыжьыр дэушэу, махуэщIэр къихьэрт. Нэху зэрыщу, а щIалэр илъагъуну и гур дауэ мыпабгъэми, абы зыщихъумэрт, ауэ и гущIэм мафIэ дэп цIыкIуу хэтIысхьа щIалэр имылъагъуу махуэр щиухкIэ, а дэп игъэупщIыIуауэ и гугъэр мафIэ бзий гуащIэу и гущIэм къыщызэщIэнэрт. Апхуэдэ дакъикъэхэм деж гъуджэм бгъэдэтIысхьэрти, Iущащэу жиIэрт: «Зэ умыпIащIэт, Розалинэ, иджыри тIэкIу зыхуэгъэшэчыжыт. Апхуэдиз илъэскIэ узэжьам тэмэму укъыгурымыIуэнкIэ хъунущ. Уэ уи гухэлъ хуэпIуатэрэ, езым ауэ сытми игъэныбжьэгъу къудейуэ къыщIэкIмэ-щэ? Апхуэдэу къыщIэкIмэ, си дежкIэ ар нэхъ гугъужщ».

Зэманыр и пIэм имыту кIуасэрт, Розалинэ и ныбжьыр хэкIуатэрт, ауэ удэзыхьэх и теплъэм зыри хэщIыртэкъым, нэхъ дахэж, нэхъ гуакIуэж хъу фIэкIа.

Суфяни, а цIыхубз цIыкIум зыхуигъазэу, и гухэлъ къабзэр хуиIуэтэну хуей щхьэкIэ, зишыIэрт, ауэ щыхъукIи, Розалинэ и зекIуапIэхэр гукIэ, псэкIэ ихъумэрт. И лъагъуныгъэ игъафIэр илъэс куэд лъандэрэ зыкIэлъызеплъэ хъыджэбзым хуиIуэтэну хэтми, ар тегушхуэртэкъым. ТIури зыр зым епэгэкI хуэдэт...

А махуэр пшэщIэуэт, пщэдджыжь нэмэзым къыщIэкIа дыгъэр щIылъэм къеха пшэ зэрыIыгъым щIэх дыдэу къуилъэфэжат.

Куэд щIауэ и гум щихъумар, псэкIэ игъэфIар и нэгум щIэту, а хъыджэбзым зыхуигъэзэну ежьат Суфян. Гухэлъ щэху зэрищIам шэч къытезымыхьэж щIалэм и пащхьэм пIейтейуэ щыкIэрахъуэрт нобэрей пшагъуэ кIыфI зэрыIыгъыр.

Розалинэ и зекIуапIэр ихъумэрт Суфян, гузавэу, щтэIэщтаблэу. Куэд щIауэ и гум илъу зыгъэгумащIэ лъагъуныгъэр къиIуэтэну фIэигъуэт.

Суфян гъэсэныгъэ тэмэм зыбгъэдэлъ, нэмыс зыхэлъ щIалэт. Ар щыпсалъэкIэ, абы и нэкIущхьэ къызэщIэплъахэм къаIуатэрт игу илъыр. Акъыл гъэтIыса иIэти, куэдрэ мыгупсысауэ къопсэлъэнутэкъым, и псалъэхэри зэгъэкIуат, удахьэхыу, купщIафIэт, и мычэзууи гуфIэнутэкъым икIи дыхьэшхынутэкъым. Псалъэмакъ къригъажьэмэ, иджыри псэлъащэрэт, жыуигъэIэу, гум дыхьэрт. Езыр, цIыхуищэм къахэщу, теплъэ екIу зиIэ щIалэт. ПлIабгъуэт, зэзэмызэ зэхиуфэ и нэщхъым, ущIилъафэми пфIэфIу, уи гур къигъаскIэрт, и нэбжьыц Iувхэм дахэу къащIэплъ и нитIым щIэгъэпщкIуат щIалэм игу илъыр.

Илъэс куэдкIэ мы ныбжьыщIитIыр зэдэлэжьат, я гъуэгухэри я лэжьапIэри зыуэ, ауэ нобэт нэхъ гъунэгъу щызэхуэхъуар. Суфян а цIыхубз цIыкIум хуабжьу зэрыхуэзэшар, игу къызэрыкIар хэпщIыкIыу, и гъэфIэныр къызэрилъагъуу, Розалинэ и дамащхьэм фIэмыкIыу гуапэу IэплIэ хуищI-хуимыщI хуэдэу зыхуишийщ, сэлам ирихри, щIыбагъкIэ икIуэтыжащ.

Нобэрей пшагъуэ зэрызехьэр, а тIум ежьа хуэдэ, емызэшыжу кIэрахъуэрт, и пIэм имызагъэу, ныбжьыщIитIыр гъунэгъу зэхуэхъумэ нэхъ къищтэ фIэкIа умыщIэну. Суфян Iэнкунт. Зэрыубыда я IитIым, IэфIагъэрэ хуабагъэрэ къаIуатэрт, тIури щымт, зэхуэзэшауэ зэхуэгумащIэхэрт. Пшагъуэ кIыфIым къыщылыда мафIэм Суфян и бзэр илъэхъат. Нобэрей махуэм и къэрэгъулу, Розалинэ и гъуэгур щIихъумар Суфян жиIэн хуейти, мащIэу зрилъэфыхьырт, ауэ щыхъукIи и гум имызэгъэж гумащIагъэр и бзэм къиIуатэу хуежьащ.

– Куэд щIауэ услъэгъуакъым, сыбогъалIэри... Дэнэ къыщыпкIухьыр, Розалинэ? – жиIэри, адэкIэ зы псалъи къыхупымыщэу, занщIэу IукIыжащ, жэуапым пэмыплъэу. МафIэ дэпым хуэдэу къызэщIэна и нэкIущхьэр игъэпщкIужмэ нэхъ къищтэу, тIэкIуи гущIыIэ-гущIыIэу пIэрэ жыуигъэIэу, ежьэжа щIалэм цIыхубз цIыкIур Iэнкуну къигъэнащ.

Илъэс бжыгъэкIэ тIури зэжьа я япэ зэхуэзэр арат зэрыхъур. А псалъищырагщ фIыуэ илъэгъуам жиIэу Розалинэ зэхихар. Ауэ ахэр абы

и дежкIэ гуащIэ дыдэт, купщIафIэт, зыри жимыIэу къызэрыбгъэдэта зэманри и гъащIэм и купщIэу, и насыпым и къежьапIэу ибжат.

«Апхуэдэ щIалэт сэ иджыри къэс сызэжьар?..» – игукIэ жиIэрт Розалинэ, абыкIи игу мызагъэу дыщIигъужырт: «Дэнэ иджыри къэс уздэщыIар, Суфян?»

Апхуэдэурэ а тIур махуэ къэскIэ жыжьэу зэрылъагъуу, зэзэмызи нэхъ гъунэгъуу зэбгъэдыхьэу, кIуэрт зэманыр. Розалинэ жэуап иритыжын хуэдэу, упщIэ гуэри къритыртэкъым Суфян, ауэ псалъэ мащIэ дыдэ зэхихри и гуапэт хъыджэбзым, дауэ мыхъуми, абы и макъ зыщIэхъуэпсым щIэдэIурт, и теплъэ зыхуэзэшыр и пащхьэм къитт. Лъагъуныгъэ псалъэмакъым щIэдэIуну пщащэр Iэнкуну ежьэрт, ауэ щIалэм и щытыкIэр гурыIуэгъуэтэкъым. Хэбгъэзыхьмэ, куэд щIауэ зыпэплъа насыпыр тIэкIу ткIииIуэти, абы игъэнэщхъейрт, игъэгупсысэрт.

«Дэнэ къыщыпкIухьыр, Розалинэ?» – жыхуиIам сыту пIэрэ кърцгъэкIар? Апхуэдизу сигу ирихь щIалэм къызжиIам еплъыт... – и щхьэ закъуэр и чэнджэщэгъуу, къытригъэзэжурэ зэупщIыжырт. – Егупсыс иджы абы жиIам. Зыгъэпагэ, зыгъэщIагъуэ, Розалинэ. Дакъикъэ бжыгъэкIэ уи щхьэр лъахъшэ зыщIын псалъэкъэ а щIалэм жиIар?» – хуабжьу и жагъуэ хъуауэ, абы иринэщхъейрт хъыджэбзыр. КъыжриIа псалъэхэм кърцгъэкIамкIэ Суфян еупщIынут, ауэ ар зэуэ кIуэдыжат, зэуэ къызэрыкъуэкIам хуэдэ къабзэу.

«Пшагъуэм къыкъуиха щIалэр пшагъуэм хэкIуэдэжмэ...», – жиIэурэ хъыджэбз гумащIэр гузавэрт. ЩIалэм къыжриIа псалъищыр и гум хыхьат Розалинэ, и жэщ кIыхьхэр гъэкIуэгъуей ищIат. И щхьэм щIэлъ пIэщхьагъ закъуэр и жэщ гукъеуэ гъэпщкIупIэти, ар зыщIихыурэ и гухэлъхэм чэнджэщэгъу яхуищIырт. И гущIэр мафIэм кърисыкIыу, и гухэлъым и Iэпкълъэпкъыр зэщIиIулIауэ, лъагъуныгъэ IэубыдыпIэншэу и гум итIысхьам хъыджэбз хейр къыщихурти, ар гъуджэм иплъэу бгъэдэтIысхьэрт. Бгъэдэст зыкъомрэ, и напэм къежэх нэпсыр илъэщIыжу. Зэман кIэщIкIэ фIэкIа зэхуэмызами, Суфянт абы зэи зыри фIыуэ щIимылъэгъуари, сыт къыжрамыIэми, щIызэхимыхари.

«Хьэуэ, хьэуэ, пэжкъым ар... Апхуэдэу хъунукъым», – гужьеяуэ Розалинэ зоплъыж, гъуэгыурэ, арщхьэкIэ гур къыпхуэгъэпцIэн?.. МафIэм кърисыкI и нэкIущхьэр еубыдыжри, лIыгъэм зригъэхьу, зеумысыж: «Уи гугъати уэ, Розалинэ, лъагъуныгъэ зэи умыщIыну?.. Лъагъуныгъэ уэзыгъэщIын псалъэ дахэ гуэр къыбжиIауэ щытами аратэкъэ! Хэбгъэзыхьмэ, уи жагъуэ къищIауэ аращ... Илъэс дапщэ хъурэ Суфян зэрыпцIыхурэ? Иджыщ игу укъэкIауэ ерагъыу къыщыбжиIар. Ауэ иджыри илъэс дапщэкIэ уежьэну пIэрэ а игу укъыщIэкIар къыбжиIэн щхьэкIэ? КъэпщIа иджы хэт пагэми, уэра хьэмэрэ Суфян?» Ахэр жиIэурэ, хуэзэшарэ гугъэу, хъыджэбзыр пэплъэрт фIыуэ илъэгъуа щIалэм зыгуэр къыжриIэным.

Балигъ зэрыхъурэ езыр зыхуея, зыщIэхъуэпсу, емышыжу зыпэплъа Суфян хуэныкъуэт Розалинэ. ЩIалэм и щытыкIэу хъуар – и теплъи, и зекIуэкIи, и псалъи, и хьэли – псори фIэдахэт пщащэм.

ЩызэхуэзэкIэ абы псалъэ куэд зэрыжимыIэми дихьэхырт хъыджэбзыр. Уафэмрэ щIылъэмрэ лъагъуныгъэм щIызэтриIыгъэр Суфян и закъуэу къыфIэщIырт зи фIыщIэр. Абы хуиIэ лъагъуныгъэм ар игъажьэрт, ауэ щыхъукIи, гугъу езыгъэхь лъагъуныгъэр и гум щыгъагъэрт.

Езы Суфян балигъ ныбжьым итти, абы тегузэвыхьырт. «СэркIэ Розалинэ тIэкIу мыщIалэIуэу пIэрэ? Ар зыхуейм хуэдэ насып езмытыфмэ, и гъащIэ щIэращIэр зэшыгъуэ хуэсщIмэ, и акъылыр щIэхыIуэу згъэтIысрэ гукъыдэж имыIэу къэзгъанэмэ?» – апхуэдэ упщIэхэр, гупсысэхэр зэи зыбгъэдэмыкI щIалэм а зытхьэкъуа хъыджэбзыр щилъагъум деж нэхъыбэм зи гугъу ищIыр нэгъуэщIт, ауэ щыхъукIи, зы дакъикъи ар игу ихуртэкъым, зы упщIэм къыкIэлъыкIуэр къыпэщIэувэжурэ, гугъу иригъэхьырт. «ЧэнджащэкIыхь сымыщIу пIэрэ?.. Сыбгъэдыхьэрэ, сигу зэрырихьри сызэрыхуэзэшри, арыншауэ сызэрымыпсэуфынури жесIэмэ хъуркъэ? – щыжиIэкIэ, аргуэру Iэнкун хъужырт: – Хьэуэ, Суфян, умыпIащIэ, иджыри пасэщ, – къыжриIэрт абы и гум. – Сэ сымыпIащIэ щхьэкIэ, гъащIэр макIуэ, си ныбжьри мэкIуасэ. КъищынэмыщIауэ, Розалинэ зыгуэрым сIэщIихмэ-щэ? Си гур зэ хуит сщIы хъунукъэ? Хьэлъэу ара зэрыщыт дыдэр жысIэну?! «ФIыуэ узолъагъу, Розалинэ!» – жесIэн? Хьэуэ, ари хъунукъым, абы цIыхубзыр щигъэкIынущ. Абы и ужькIэ зигъэщIагъуэрэ пагэIуэ хъумэщэ? Арыншами, емылыджщ... Сэри къэрэгъулу абы и зекIуапIэр сохъумэ. Сыту гугъу хъурэ мы гъащIэр ныбжьыр кIуэтэху. «Дэнэ уи гугъэрэ уи ныбжьыр здынэсар? Уи къэшэгъуэ дахэу аращи, гупсысэ», – арат аргуэру и гум къыжриIэр. «Зэи жезмыIэну арат «фIыуэ узолъагъу» жысIэу. Сызэрыхуэзэу, сыбгъэдэмытыфу занщIэу сызэрыIукIыжымкIэ къыгурыIуэркъэ фIыуэ зэрыслъагъур? Е нэгъуэщIу пIэрэ абы ар къызэрыщыхъур? И жагъуэ сщIауэ пIэрэ?..»



И гупсысэхэр, и упщIэхэр куэд хъурт Суфян, ауэ иджыри фIэпасэт, и щхьэр течауэ, лъагъуныгъэ гугъу Розалинэ хуищIыну. Ауэ щыхъукIи, и гур емышу, и гъэфIэныым хуэусэрт:

*«Гур жьы хъурэ?» – жаIэу къызэупщIмэ,*
*Сэ жысIэнущ: «Хъуркъым зэи. Ауэ*
*Жьы мыхъу щхьэкIэ, зыкIи ар мыдаIуэу,*
*Щхьэхуимыту, жиIэ псор уегъащIэ,*
*АпщIондэхукIэ уищIурэ гумащIэ.*
*«Розалинэщ фIыуэ плъагъур», – гум къызжеIэ.*
*Сэри сощIэ ар. Аращ си гъащIэр,*
*СызэпщIыхьри а зыращ мычэму.*

*Ныбжьым сыщыукIытэу сыщIыщытыр сыт?*
*Щхьэ сыкъришыфрэ си пIэм сэ абы,*
*Си къуаншагъэ лъэпкъи сэ абы хэмылъу?*
*Мы сигу пкIатэ-лъатэу си бгъэм имыхуэжым*
*Сыт иджы есщIэнур, сыт хузиIэмалыр?..*

Розалини гузавэрт, щIалэм и щытыкIэр къыгурымыIуэу. «Ярэби, къысфIэщIу арауэ пIэрэ игу срихьу? Сыту пIэрэ абы и хьэл зэкIуэцIылъым къиIуатэр? Е, гу зылъызигъатэу, сэ япэ сригъэщыну арауэ пIэрэ? Къысхуейуэ сщIатэмэ, зыгуэрурэ зыкъезгъэщIэнт. Ныбжьэгъу къудейуэ фIэкIа сыкъимылъытэмэ-щэ? Си напэр текIакъэ итIанэ? Дауэ сщIымэ, дауэ хъуну пIэрэ?..» – жиIэурэ мэчэнджащэ. Ауэ щыхъукIи, ар хуейтэкъым Суфян и ныбжьэгъу къудейуэ щытыну. А тIум яку дэлъын хуейуэ къилъытэр псэм ехуэбылIэ фIылъагъуныгъэрт. Ар иринэщхъейрт «ныбжьэгъугъэ» псалъэ а тIур зэпэщIэзыгъэкIуэтынкIэ хъунум.

«Хьэуэ, мыпхуэдэу декIуэкI хъунукъым, къэщIэн хуейщ абы сыт игу къысхуилъми, икIи, сыт хуэдэ жэуап къызимытми, абы арэзы сытемыхъуэу хъунукъым. Гум къыбжиIэ псор пщIэмэ, уи напэр текIынкIэ хъунущ. ЗыщыпшыIэни къэхъунущ, армырамэ гъащIэм лъагъуныгъэ IэфIыр хэкIуэдыкIынущ.

Иджыри къэс Суфян сриныбжьэгъу къудейуэ сыпсэуащи, иджыри сыпсэунщ. Ауэ си гурыщIэ жыIэмыдаIуэм сыт есщIэнур? Лъагъуныгъэ нэхърэ нэхъ пхуэмыгъэпщкIун щыIэкъым, ар сэтей къэхъунущ занщIэу. Си нэр зэтесхми, слъагъур Суфянщ, си гум илъри, фIыуэ слъэгъуари, слъагъунури а зыращи, ар сэ зэрыхъукIэ згъэвыжынщ. АбыкIэ къуаншэр сэращ, сигу мыдаIуэращ. Абы и хьэл зэщIэуфам зы нэхугъэ гуэр иIэмэ, ар наIуэ сщIынт, ауэ сыту пIэрэ абы и лъагъуэ сытехьэн щхьэкIэ сщIэн хуейр?»

Япэу Суфян щыхуэзэ, псалъэм къыдэкIуэу, упщIэ гуэрхэр иритыну, Iуэхур зытет дыдэр къищIэну мурад ещI Розалинэ. Махуэ щIагъуэ дэмыкIыу, щIалэр и гъэфIэн хъыджэбзым хуэзэрт, псалъэ куэд жимыIэми, фIэфIу бгъэдэтт. Ноби апхуэдэ махуэт. Розалинэ хуабжьу тегузэвыхьырт псалъэмакъыр къызэрыригъэжьэнум. Нэхъ Iеижу тегузэвыхьырт зыхуэмей жэуап зэхихынкIэ зэрыхъунум, икIи абы иринэщхъейрт. Ауэ Суфян зэрилъагъуу, и гупсысэхэр IэщIыб хъурти, абы и теплъэ дахэр зэуэ кIуэдыжынкIэ зэрыхъунум тегузэвыхьу бгъэдэтт.

Суфяни Розалинэ зэман гуэркIэ имылъагъумэ, къехьэлъэкIырт. Гузавэрт. «Розалинэ слъагъуркъыми, сымаджэу пIэрэ?» – жиIэурэ, къыфIэмыIуэхущэ хуэдэурэ, щIэупщIэрт, абы и теплъэ гуакIуэмрэ и псалъэ гуапэмрэ хуэзэшауэ, гъуджэм хуэдэу укъызэрыщ и нэ пIащэ удзыфитIым щIэплъэну хуэпIащIэу, хуэгумащIэу, псалъэ шэрыуэ къыжриIэнухэм егупсысу. Ауэ Розалинэ лэжьакIуэ икIыжу унэм зэрыкIуэжыр щилъагъукIэ, гъусэ къыхуэхъуари хэтми къыщищIэкIэ, и гур зэгъэжырт. И ерыщагъымрэ и пагагъэ кIэрымыкIымрэ Суфян зэщIаIыгъэрт, и лъагъуныгъэми, и насыпми зэран къахуэхъуу.

«Ярэби, лъагъуныгъэ жыхуаIэр мырамэ, сыту гуащIащэ мыр! Сытуи IэубыдыпIэншэ! ЛIым я нэхъ ткIийри хегъащIэ мыбы. Зэи си нэгу щIэкIыркъым Розалинэ. И цIэри сыту дахащэ! Иджы и чэзу хъуауэ пIэрэ си хъыджэбзым си гурыщIэ щэхухэр наIуэ щысщIыну? «Сигу урохь», жысIэ щхьэ мыхъурэ, тIэкIу лIыгъэ зыхэслъхьэу? – жиIэу щытегушхуэкIэ, щIегъуэжырти: – Хьэуэ! Хьэуэ! Ара уи лIыгъэр здынэсыр?! Иджыри пасэщ», – жиIэжырти, зэкIэ зишыIэрт.

«Иджыри пасэщ, жысIэурэ, тIэкIу сымыгувэу пIэрэ? – щыжиIи къэхъурт. – Зэгуэзгъэпрэ, зыгуэрым дэкIуэмэ, е, дэмыкIуэми, хуэзэн щIидзэмэ, ар дауэ зэрысшэчынур? – жиIэрти, гупсысэ хьэлъэхэр къыщыхьэрт аргуэрыжьу. – Хьэуэ, апхуэдэ лъэпкъ дяку къыдэхъуэ хъунукъым, зыри къызжимыIэ щхьэкIэ, сэ слъагъуркъэ ар къызэрысхуейр, игу сыкъызэрыкIыр, къызэрысхуэзэшыр. ТIэкIу езмыгъэлейуэ пIэрэ? «Мы хъыджэбз цIыкIум игу срохь», жысIэу, си гур згъэфI щхьэкIэ, лъагъуныгъэ лъэпкъ къысхуимыщIауэ, ауэ зыкъыздригъэкIуми сщIэркъым, си гум илъыр къищIэн щхьэкIэ.

Суфян и лъагъуныгъэ чэнджащэ кIыхьым Розалинэ и лъагъуныгъэ гъэфIар нэхъ кууж ищIырт. Апхуэдизкlэ и хьэлри, и щытыкIэри езы Суфян екIупсти, Розалинэ ар нэхъыфIыжу илъагъурт. Зэманыр кIуэтэху, лъагъуныгъэр нэхъ IэфI, щIэщыгъуэ хъурт.

А тIур щызэхуэзэхэм деж, щIалэм и теплъэ гурыхьым зыщимыгъэнщIу, Розалинэ ар набдзэгубдзаплъэу зэпиплъыхьырт. Сытым темыпсэлъыхьми, фIэгъэщIэгъуэну едаIуэрт, Суфян IумыкIыж закъуэмэ идэу.

И напIэр къиIэту, ар зэи хуиту еплъыфыртэкъым щIалэм, ауэ абы апхуэдизкIэ дихьэхырти, Iэпхлъэпх зыщI къару гуэрым зэщIиIыгъэрт.



*Сызыщышынэракъэ, сызыщыукIытэракъэ,*
*Си псэм хуэзмыгъадэу, нэхъыфIыжу слъагъур?!*
*СызыфIэлIыкIыракъэ, нэгум щIэмыкIыракъэ*
*ФIыщэу слъагъу закъуэу сызыхуэныкъуэр.*
*Уи хъэл ткIиищэракъэ мафIэм сезыгъэсыр,*
*Си гур гузавэу, си псэр зыхъэхур.*
*БгъукIэ уеплъэкIыу ущыIукIыжкIэ,*
*Уи щIыб къэбгъазэм гукIэ сопсалъэ.*
*Уи зэ Iуплъэгъуэр сыту лъапIэ сэркIэ,*
*Сыту гуащIэ сэркIэ мы уи лъагъуныгъэр.*
*Iэмал хуэзмыгъуэту, уи хъэл ткIийм сегъажъэ,*
*Гузавэ къысщыхъэм сегъэщI лъагъуныгъэ.*
*Дуней нэхуу хъэхур сыту пшагъуэ сэркIэ,*
*МыдэIуэж си гущIэм мафIэ дэпыр щожъэ,*
*Махуэ бзыгъэр зэуэ кIыфIыгъэм къуельафэ,*
*А уи хъэл гуащIащэм мафIэ бзий къысщIедзэ.*
*УзыгъафIэ си бзэр щымыпсэлъэжыфкIэ,*
*ГущIэ схуэмыубыдыр уэркIэ къыщилъэткIэ,*
*Нэпсыр схуэмыубыду, фIыщэу ущыслъагъукIэ,*
*Ар мылъагъуныгъэм, сыт атIэ зищIысыр?*

Сыт щыгъуи хуэдэу, Розалинэ щIалэм бгъэдэтт, гу щимыхуэу. Ерагъыу зэхэпх абы и псалъэмакъым зытэлайкIэ фIэфIу щIэдэIуащ ар, иужькIэ щIалэм къритауэ щыта упщIэу иджыри къэс псэхугъуэ къэзымытым теухуауэ еупщIыну тегушхуащ:

– Сытыт «Дэнэ къыщыпкIухьрэ?» жыхуэпIэм къибгъэкIар? – жери.

– СыгушыIауэ арат, – жиIэри, Суфян зимыIэжьэу IукIыжащ.

ЩIалэм и щIыб къигъэзам, тэлайкIэ еплъу щыта нэужь, Розалинэ, и щхьэ хуэпсэлъэж щIыкIэу, жеIэ: «Хэт и гушыIэ? Лъагъуныгъэм гушыIэ ищIэрэ? Уи щытыкIэр къызгурыIуэркъым... Сэ уэ фIы дыдэу узолъагъу...» И нэпсыр къещэщэхыу, Розалинэ щытщ, Суфян кIэлъоплъри. «ТIэкIуи лIы гуащIэIуэ мыхъуну пIэрэ мыр?.. Апхуэдизу фIыщэу щхьэ услъагъурэ? Уи зэ Iуплъэгъуэм сегъажьэ, къэбгъэза уи щIыбым сегъэгужьей, афIэкIа узмылъагъужмэ, жысIэурэ сыбогъэгузавэ. Си псэ закъуэу, гущIэгъуншэ... Суфян, сэркIэ сыту угуащIэ дыдэ», – жиIэу мэгуIэ хъыджэбзыр.

Суфян имылъагъуу махуэл щыдэкIым и деж, абы гукIэ хуоусэ:

*УщызмылъагъукIэ, сигу укъыщыкIкIэ,*
*Махуэр зэшыгъуэ уэр щхъэкIэ щыхъукIэ,*
*Жейм семызэгъыу, жэщыр щыгугъукIэ,*
*ФIы дыдэу слъэгъуар уэ зыр аракъэ?*
*Махуэр къэунэхурэ, уэ узмылъагъумэ,*
*Ар сэркIэ махуэ? Си дежкIэ жэщщ.*
*КIыфIщ си дунейри, махуэм сохъуапсэ,*
*Псэм укъилъыхъуэу, нэгум ущIэтщ.*
*Уэращ си гущIэм и гъэфIэн закъуэр,*
*Уэрщ гугъэр зыгъэушэу, гъащIэр щIэгъагъэр,*
*ФIыщэIейуэ си псэм илъэгъуа.*
*Си псэ закъуэ, си псэр уэ зыращ зэстар.*
*Махуэр къэунэхурэ, ущызмылъагъукIэ,*
*Жэщыр имыкIыу, сигу укъыщыкIкIэ,*
*Дунейр фагъуабзэ уэр щхъэкIэ щыхъукIэ,*
*Сызыхуэныкъуэр уэ зыр аракъэ?*

«Щхьэи сеупщIыххат? Си мыIуэху зесхуащ, къызжиIэм седаIуэу сыбгъэдэтын хуеящ. СфIэфI защIэщ и щытыкIи, и хьэли... АтIэ, сыт сыщIэныкъуакъуэр? Ар зэрыерыщыр аракъэ фIыуэ щIэслъагъур. Си Суфян, си гъащIэр сыбгъэубзэу сыбгъэхьыну къыщIэкIынщ уэ. Ар мыгуащIэтэмэ, ар мымафIэ дэптэмэ, лъагъуныгъэ мафIэр дэнэт къыздикIынур?» – ар жиIэурэ, щыгъри нэхъыбэу, игукIэ зыхуотхьэусыхьэж.

Иужьрей зэманхэм Розалинэрэ Суфянрэ зэхуэзамэ, сэлам зэрахрэ лъэныкъуэ зырызкIэ зэбгъэдэкIыжу хуежьащ. Апхуэдэ зэхущытыкIэм Розалинэ арэзы темыхъуэу, и гур хэщIырт: «КъызэрыщIэкIымкIэ, ар зэи къысхуэмеиххауэ аращ. ФIыуэ сыкъелъагъу, жиIэу, си гурыщIэм щхьэ ириджэгурэ?»

Розалинэ зыгъэгупсысэу и Iэпкълъэпкъым илъ лъагъуныгъэм куэд щIат Суфян гу зэрылъитэрэ, хъыджэбзыр и щхьэм хуихъумэу зэрыкIэлъыплърэ. И нэгум зэи щIэмыкI а хъыджэбз цIыкIум и зэ Iуплъэгъуэ закъуэр зыхуигъадэрэ зригъэщхьынрэ щыIэтэкъым. Зэи имыхъуэжын лъагъуныгъэт абы хуищIар. «Си псэм хэлъамэ, хэзмыхыну, фIыщэу солъагъу ар», – щыжиIэр нэхъыбэт.

«ФIыуэ узолъагъу, Розалинэ», – жыхуиIэ псалъэхэм абы къригъэкIыр ар лъагъуныгъэ зэгъэпцIауэ, лъэлъэжын къудейуэ зэримыбжырт. Ауэ адыгэ цIыхухъум «фIыуэ узолъагъу» жиIэу, лъагъуныгъэ зыхуищIа бзылъхугъэм жриIэн хуейуэ къилъытэртэкъым Суфян. Апхуэдэ гурыщIэ щэхур гурэ псэкIэ зыхэпщIэу, ар зыхуэгъэзам бгъэдэплъхьэжынырат фIэтэмэмыр. Абы ущIытепсэлъыхьыни щыIэкъым. ФIыуэ плъагъум уздеплъым, уи гум илъ IэфIыр псэкIэ, IэпкълъэпкъкIэ зыхищIэн хуейуэт къызэрилъытэр.

Розалини апхуэдэ лъагъуныгъэт зыхуейр. «ЦIыхур фIыуэ щыплъагъур абы фIэкIа нэгъуэщI уи гъащIэм хэтыну ущыхуэмейм дежщ. Ар уи нэгум щIэмыкIыу, плъагъухукIэ, уи гъащIэр щIэщыгъуэ къыпщищIу, сытым дежи, уемышыжу, гурэ псэкIэ бгъафIэу щыщытым и дежщ лъагъуныгъэм къару щиIэр», – мыпхуэдэ еплъыкIэт Суфяни Розалини гъащIэм хуаIэр. Шэч хэмылъу, мы фIыуэ зэрылъагъуитIым зым адрейр апхуэдэ цIыхуут къызэрилъытэр.

ЩIалэр иризэгуэпырт фIыуэ илъагъу закъуэр куэдым ягу зэрырихьым. «Сыт апхуэдиз лъыхъухэр зищIысыр? ЩIалэ зэдэгъажэ ищIу арамэ, уэлэхьи, сэ зыми сыдэмыжэну! Ар сэ къысхуейуэ щытмэ: «ФIыуэ слъагъу щIалэ сиIэщи, абы сожьэ», щхьэ жимыIэрэ?»

Розалинэ зыгуэрхэр къыщIэупщIэу зэрызэхихыу, Суфян абы хуэшхыдэу щIидзэрт игукIэ: «Укъэзыгъэпэжын хъыджэбз щыIэкъым. Сыт, сэ сымыгъуэту ара къэсшэн? Сэ зыми и ужь сихьэркъым, а хъыджэбзым хуэпэжу сыщытщ, сожьэри. Езым зрелъэфыхь. Солъагъу икIи сощIэ къызэрысхуейр, ауэ хэт ерыщын, хэт пагэн? Зэманыр пщIэншэу зэрызмыгъакIуэр илъагъуркъэ, щхьэ къыгурымыIуэрэ сызэрыхуейр», – жиIэу, хуэшхыдэрт игукIэ Розалинэ.

«Сыту хуабжьу уригубжьрэ мыбы, Суфян? ТIэкIуи иумыгъэлейуэ пIэрэ? Зыумысыжыт. Сыт хъыджэбзым къебгъэIуэтэну узыхэтыр? Уэри бощIэ ар къызэрыпхуейр. УкъыщилъагъукIэ мэлъэпэрапэ, зэ сэлам къыуихыфыркъым, Iэнкун мыхъуу. Уэракъэ ар къэзыгъанэу ежьэжыр? «КхъыIэ, уIумыкIыж, тIэкIу къызбгъэдэтыж», – жиIэу къолъэIуркъэ, уэракъэ бгъэдэмытыфыр?» – апхуэдэ упщIэхэр щIэх-щIэхыурэ зритыжырт Суфян.

ЩIалэм и щытыкIэм гугъу иригъэхьми, Розалинэ фIэфIт ар и нэгум къыщIигъэхьэжурэ егупсысыну, абы и теплъэ дахэм гукIэ едэхэщIэну. Суфяни, и щхьэ хуэпсэлъэжу, мыхэр жиIэрт: «Сытыт-тIэ узыхуеяр? Узэжьари сытыт? Гугъу удемыхьу, лъагъуныгъэ пщIыну ухуеяуэ арат? Гугъу удемыхьмэ, ар лъапIэ хъурэ? Тыншу къыпIэрыхьэ псори махэщ. ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ яку дэлъын хуей лъагъуныгъэщ тIури дызыхуейр».

И япэ лъагъуныгъэмрэ иджыпстуреймрэ щызэригъапщэкIэ, сыт хуэдэ япэри гукъэкIыжти, гупсысэм зэщIиубыдэрт щIалэр:

*ИзошэкIыр си хъыджэбзым IэплIэм я нэхъ гуапэр,*
*ЩызогъафIэ фIыуэ слъагъур бгыщхъэм я нэхъ лъагэм.*
*Си щIэщыгъуэщ дунейр, гъащIэр, си гъусэщ щIалэгъуэр,*
*ФIыуэ слъагъур хэльщи си псэм, нэгум зэи щIэкIкъым.*

ГукIэ ар щыжиIэкIэ, и псэр нэхъ мамыр хъужырт. Зыми емыщхь, зыми пимыщI Розалинэ хуэзэшырт, хуэпабгъэрт.

Суфянрэ Розалинэрэ я зэIущIэ дэтхэнэри щIэщыгъуэт, гуапэт, гумащIагъэкIэ гъэнщIат. Нобэ, пIалъэ зэратам хуэдэу, а тIур зэрымыщIэкIэ зэхуэзащ. Гуапэу сэлам зэрахри, тIури щым хъужащ. Нэрымылъагъу къару гуэрым зэщIиIыгъэу псалъэншэу зытэлайкIэ щыта нэужь, Розалинэ щIалэр тIэкIу игъэгувэмэ нэхъ къищтэу, зэгуэр зыгъэпIейтеяуэ щыта псалъэмакъыр къригъэжьащ:

– Суфян, упщIэ гуэр сиIэщи, хъуну уэст?

– ЖыIэ, – Суфян хъыджэбзым гъуэгур хуит хуищIащ.

Розалинэ, зыгуэрым къилъагъумэ фIэемыкIуу, укIытэу, игури и псэри зыхуэгъэза и щIалэм хуиту емыплъыфу, асыхьэту къилъэту хуежьа и гур хузэтемыубыдэу, и Iэр и бгъэгум кIэрикъузэжащ. Лъагъуныгъэм и лъагъуэр иубзыхун щхьэкIэ, Суфян упщIэкIэ зыхуимыгъазэу хъунутэкъым. «Иджы си жагъуэ хъун гуэр къызжиIэмэ, дауэ сыхъуну? Ар ажал уз схуэхъунущ сэ», – игукIэ тегузэвыхьырт ар.

– Суфян, – жиIэри зиIэжьащ, а щIалэм и цIэ дахащэр тIэкIу и бзэгупэ телъмэ нэхъ къищтэу.

– ЖыIэ! Щхьэ щыбгъэтыжа? – жи щIалэм.

Суфян къызэреплъ щIыкIэр фIэфIт Розалинэ. «Мыр занщIэу IумыкIыжын щхьэкIэ, дауэ къезгъажьэмэ нэхъыфIу пIэрэ? Зыри жэуап къызимытми содэ, сепсэлъэхукIэ хуиту сеплъыфатэмэ арат. Ауэ дауэ ар зэрысщIынур? МафIэ дэпыр зи гущIэм илъ абрэмывэщ си пащхьэм итыр. Иджы ежьэ, Розалинэ, а мывэр къачэу дапщэщ мафIэ бзий къыдидзыну пIэрэ, жыIи... Си гущхьэ мыгъуэр къыбогъачэри, си псэ закъуэ. Сыту фIыщэIейуэ услъагъурэ, ауэ ар бжесIэфыркъым, сыпщоукIытэри, сыпщошынэри», – ахэр игукIэ зэригъэзахуэурэ и псалъэм пищащ, Суфян и гум зыгуэр къыхуилъыххэмэ, наIуэ къищIыну:

– ЩIалэм хъыджэбзыр игу щрихьым деж, дауэ зыкъригъэщIа хъуну? ПсалъэкIэ, гукIэ, нэкIэ? Дапхуэдэу ар къызэриIуэтэн хуейр? – щIоупщIэ Розалинэ, и пащхьэм ит щIалэм и щытыкIэм зэрызихъуэжым кIэлъыплъурэ.

Апхуэдэ упщIэм Суфян зэхэзехуэ ищIащ. Ар занщIэу и пIэм икIри, и щIыбыр къэгъэзауэ уващ.

– Ар упщIэ къызэрыгуэкIкъым, абы и жэуапри куэд мэхъу, – жиIэри, щым хъуащ, адэкIэ къыпимыщэу. И пIэм имызагъэу, пIейтейрт щIалэр.

«Лъагъуныгъэ гугъу къыщежьакIэ, Суфян жиIэххэнуIамэ, жезгъэIэнщ», – жиIэщ игукIи, адэкIэ пищащ Розалинэ:

– Ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур?

– Абы дауэ-щхьэуэ куэд хэлъкъым, ар зыхэпщIэн хуейщ, – жиIэри, аргуэру щым хъужащ Суфян.

«Мы хъыджэбзым игу къысхуилъыр жезмыгъэIэмэ, зыгуэркIэ къэзмыгъэгумащIэмэ, аргуэру илъэсхэр дэкIынущ, – жиIэри, япэ дыдэу лъагъуныгъэ зыхуищIауэ щыта хъыджэбзым и гугъу кърыгъэжьащ Суфян:

– КIэртIоф къэтIыжыгъуэ зэмант. Гъэмахуэ дыгъэ дзакъэри нэхъ кIащхъэ хъуауэ, пщыхьэщхьэ щIыIэтыIэри гум фIэфIу, щIалэгъуалэ гуп колхозым дыдэIэпыкъуну дашат. Сэ фIыуэ слъагъу си хъыджэбзыр сщIыгъут. Жэщхэсу дыщыIэти, палаткэхэм цIыху тIурытI-щырыщу дыщIагуэшауэ дыщIэлът.

Губгъуэр бгылъэт, дэ ди псэупIэри нэхъ лъагэ дыдэ шытхыр арат. Ди хъуреягъкIэ колхозым и кIэртIофыпкъэт. ЖэщкIэ вагъуэбэм дахэтым хуэдэу вагъуэхэм хуиту дахэдэрт, хьэуа къабзэр ди уэршэрэгъут. Махуэ псом лэжьыгъэр къыдэмыхьэлъэкIыу, кIэртIофыр къетхьэлIэжырт. Къуэ куу кIуэцIым щежэх псынэпс къабзэмкIэ зыдгъэпскIыжырти, жэщ кIыхьыр зы сыхьэтыпэу, фIыуэ слъагъу си хъыджэбзым и гъунэгъуу, нэху сыкъекIырт. Зы махуэ гуэрым, унэм сыкIуэжащ, си адэанэр слъагъунщ, жысIэри. СыкIуэжа щхьэкIэ, сыщыIэфрэ? Унэм сыщIэсыжыфыркъым. Зыри щымыхъум, згъэзэжащ губгъуэм, хъыджэбзым сыхуэзэшауэ. Егъэлеяуэ гъуэгур шынагъуэт. Псыдзэмрэ машинэ хьэлъэхэм ящIэлъ шэрхъхэмрэ кууэ дахат гъуэгур. А зы гъуэгу закъуэрат псори зэрызекIуэр. Абы и задагъымрэ къуэ кIуэцIым и куагъымрэ кIэ иIэтэкъым. Гъуэгуанэр кIыхьт, шынагъуэт. Сэ сежьэжащ, машинэ гъуэгурыкIуэ гуэрым сису. СокIуэж лагерым, пщэдджыжьым сыздэщыIа щIыпIэм. Гъуэгуанэм и зэхуэдитIым сынэсауэ, сыплъэмэ, солъагъу: дэ къытхуэкIуэ машинэм и кузовым зыгуэр дридзейуэ итщ. Ар си хъыджэбзырат. Игу сыкъэкIати, сыкъилъагъуну къехыжу арат. Ар лъагъуныгъэтэкъэ-тIэ?! Дунейм сытетыху а зыращ фIыуэ слъэгъуари слъагъунури, – жиIэри, и пIэм имызагъэу, бгъукIэ еплъэкIыу IукIуэтащ.

ТIэкIурэ зыри жимыIэу щыта нэужь, Розалинэ бгъурыувэжащ. IэщIэкIа лъагъуныгъэр игу къызэреуэр хэпщIыкIыу, и гум илъ дыдэр щыжиIэм, хъыджэбзым и нэ пIащитIыр щIалэм триубыдащ, адэкIэ къэхъуар къищIэну хуейуэ.

– Дызэгъусащ... – жиIэри, илъэс куэд лъандэрэ и гум щызэтрихьа гукъэкIыжхэм Суфян пищащ. – Ар абы фIыуэ сыкъызэрилъэгъуам и щыхьэткъэ?..

Мы дакъикъэхэм Суфян и гур зэтар зэгуэр фIыуэ илъэгъуа и хъыджэбзым ехьэлIа гукъэкIыжхэр арати, Розалинэ Iэнкунт. Суфян фIыуэ илъэгъуа хъыджэбзым ехъуэпсауэ, игукIэ жеIэ абы: «Сыту и насып Суфян и IэплIэм щыгумэщIа хъыджэбзым... Зы жэщ закъуэ гукъэкIыжым си гъащIэр щIэстыфынут а зэманым, ар сэрауэ щытамэ. Ауэ иджыпстуи уэрыншауэ сыпсэуфынукъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, Суфян лъагъуныгъэ ещIыф, зэрищIри дапхуэдэу?! ГъащIэ псокIэ. Зы гъащIэм кърибыдэу тIэуней лъагъуныгъэ пхуэмыщIыну ара?.. Сэ апхуэдэукъым узэрыслъагъунур. МафIэм сыпэрыхьэфынущ уэр щхьэкIэ, хуит сыщI закъуэ. Сыпсэуфынукъым уэрыншэу. Зэи си нэгум ущIэкIыркъым. Уи закъуэ уи гугъэрэ зи щIалэгъуэм лъагъуныгъэ зыщIауэ щыIэр?.. Ауэ сэ псори сщыгъупщэжащ. Иджы уэращ си гъащIэр, си Суфян».

Гупсысэм къыхокIыжри, йоупщI:

– Сыт-тIэ къыщIумышар?

– Ар дэкӀуащ. ДыщӀалэт, гъащӀэр къыдгурыӀуэртэкъым. Сэ «еджакӀуэ» жысӀэри сежьэжащ, абы и Ӏуэху зезмыхуэжу.

Мы дакъикъэхэм Суфян хъыджэбзым и жагъуэ ищӀыну хуеями, е и гукъэкӀыжхэм ар ӀэщӀыб ирагъэщӀами, и гум щыжьэу ӀэщӀэкӀа лъагъуныгъэм тепсэлъыхьат.

– Лъагъуныгъэр зэщ зэращӀыр... Сыт апхуэдизри щӀыбжесӀэр?.. – жиӀэри, аргуэру и гукъэкӀыжхэм пищащ...

Розалинэ бэшэчу Суфян йодаӀуэри щытщ. КъэгумэщӀащи, асыхьэту абы зришэкӀыу едэхэщӀэнут, ауэ апхуэдиз илъэсым хузэфӀэмыкӀа Ӏуэхугъуэм тегушхуэркъым. Адыгэ цӀыхубзымкӀэ ар къемызэгъыу ебжри, щэныфӀэу, зишыӀэу, Суфян и гукъэкӀыжхэм йодаӀуэ:

– АтӀэ, а губгъуэм ит гупым нэхъыщхьэ гуэр диӀэн хуейтэкъэ. Дэ нэхърэ куэдыщэкӀэ мынэхъыжьу, практиканткэ хъыджэбз тхьэӀухуд къытхуагъэкӀуат, абы дедэӀуэн хуейуэ. А зэманым жаӀэр дымыщӀэну дыхуиттэкъым. Сэ си ныбжьэгъухэм сакъыхэщырт, нэхъ сызэӀэщӀэлъти. Ар пӀалъэкӀэ щыпсэу фэтэрым сшэжын хуейуэ унафэ къысхуащӀащ. Сымышэжыну сыхуиттэкъым. Сошэж хъыджэбзыр лъэсу, губгъуэм къызошыж. Джабэ нэкӀур бухмэ, къуэ куум удыхьэн хуейт, абы псышхуэ щежэхырт. Псым егъэлеяуэ мывэшхуэ хэлъти, псыкъелъэ ищӀырт. ЗыщыбгъэпскӀыну щӀыпӀэ дахэт. «УпӀащӀэрэ?» – жиӀэри практиканткэ хъыджэбзыр къызэупщӀащ. «СыпӀащӀэркъым», жысӀэнущи, сыщошынэ, «сопӀащӀэ», жысӀэнущи, нэхъ Ӏеижу сошынэ. ЖиӀэр сымыщӀэну сыхуиттэкъым. СыжыӀэмыдаӀуэу сыжиӀэжмэ, ар си дежкӀэ напэтехти, согузавэ. Сытыр сщӀэну? «СыпӀащӀэркъым», – жысӀащ.

Хъыджэбзыр арат зыхуейри, зитӀэщӀу щӀидзащ, сэри мывэшхуэм сыкъуэуващ. Ауэ, сеплъынкъым, жысӀами, соплъ зызытӀэщӀ хъыджэбз зэкӀужым. Сытми, зэрызигъэпскӀынум фӀэкӀа къызыщимынэу зетӀэщӀри, псым хэмыхьэу, си дежкӀэ къокӀуэ... Сэ сопӀейтей, сигъэщӀэну зыхэтыр, къысхуимурадыр сщӀэркъыми. Уеблэмэ сошынэ. «Мэ, мыр умыгъэкӀуэду Ӏыгъ», – къысхупыгуфӀыкӀыу жеӀэри, быдэ дыдэу зэкӀуэцӀылъ гуэр къызет.

Абы къыфӀимыгъэкӀмэ, содэ, жысӀэ щхьэкӀэ, хъыджэбзым а къызыщинари щехри, зигъэпскӀыну псым хохьэ. Сабын зыщехуэ, и щхьэцыр ехущӀ, махуэ псом губгъуэм ита хъыджэбзым зегъэкъабзэ. КъысщыукӀытэххэркъым, си дежкӀэ къаплъэурэ къыпогуфӀыкӀ. Сэри, абы сеплъынкъым, жысӀа щхьэкӀэ, сыукӀытэми, сыкӀэзызу соплъ. Абы сеплъурэ къызита зэкӀуэцӀылъ тӀэкӀур щысӀэщӀэхуар сымыщӀэу сфӀэкӀуэдащ. Пшапэр зэхэуати, дунейри кӀыфӀ хъуат. ЗанщӀэу гузавэ къызощтэ, ар езым мазэкӀэ зригъэкъун хуей ахъшэу арат.

Ахъшэр къэзмыгъуэтыжу хъунутэкъыми, хьэлъакъуиплӀу къызопщыхь, солъыхъуэ, хъыджэбзыр и анэ къызэрилъхуауэ зэрыслъэгъуари сщыгъупщэжауэ... Сэ абы и ахъшэм сызэрылъыхъуар пхужыӀэнкъым...

– Къэбгъуэтыжа-тӀэ? – щӀоупщӀэ Розалинэ, Суфян хуэгузавэу.

– Къэзгъуэтыжащ. Хъыджэбзми сыхуеижтэкъым. Ауэ ар зыхуейр хуэсщӀащ... СыщӀалэт... ЗыпыӀуздзакъым.

– Уи хъыджэбзым къищӀакъэ ар?

– Нагъэсыжащ. ДызэфIэнащ, дызэбиящ, ауэ дызэкIужащ, – жиIэри, адэкIэ пищащ Суфян и гукъэкIыжым:

– Палаткэм зыдгъэпсэхуу дыздыщIэлъым, дэ тщыщ щIалэ гуэрым ин дыдэу жеIэ ди нэхъыщхьэ практиканткэр къызэрызэджэр. Сыкъэщтащи, согузавэ. Си щхьэр шхыIэным щIэсхъумауэ сыщылъщ. СокIуэри, си хъыджэбзым сыкъелынукъым, сымыкIуэщи, ар ди унафэщIщ. Сытыт сщIэнур? СыкIуащ. ТIэкIу сыбгъэдэсщ, седэхащIэри, палаткэм сыкъыщIэкIыжащ. Хъыджэбзыр куэд мэхъу... Абыхэм хуиту уатепсэлъыхьыным зы махуэ псо ихьынущ, – жиIэри, Суфян IукIыжащ.

А жиIэжа хъыбарыр Розалинэ къызэрыщыхъуам мыхьэнэ лъэпкъ иритакъым щIалэм. «Плъагъурэ а си Суфян? Iэдэб сщIэркъыми, зы хъыджэбз блигъэкIынукъым. Мы сэ слъагъур залымыгъэкIэ къыдэпхьэхын хуейуэ аращ, армыхъумэ езым зэи зыри къыбжиIэнукъым. И хьэлри дахэщ, и теплъэри къекIущ, ар езым ещIэжри, зегъэщIагъуэ. Илъэс куэд щIауэ фIы дыдэу слъагъу Суфян, къызэрыщIэкIымкIэ, лъагъуныгъэжьым ехь. Абы зэи зыми «сыпхуейщ» жриIакъым. Ар зэресар хъыджэбзхэр къытелIэу аращи, иджы чэзур сысейщи... ЛIыгъэ зыхэслъхьэн, си пагагъым себэкъуэн хуейщ, си укIытэ къэткъым, армырамэ Суфян сIэщIэкIынкIэ хъунущ.

Си Суфян, хэт и хъыджэбз зи гугъу пщIыр? Абы укъигъанэри нэгъуэщIым дэкIуащ. А псоми къыпхуащIа лъагъуныгъэм ефIэкIынущ сысейр, сэ иджыри сыножьэфынущ, ауэ зэманыр макIуэ, ныбжьри мэкIуасэ. БлэкIахэр зы сыхьэт закъуэкIэ зыщыгъэгъупщи, нэхугъэ гуэр уи гум ет, фIыуэ укъэзылъагъум хуит хуэщI. Уи пащхьэм ит хъыджэбзым еплъ, аращ къыпхуейр. Уигу зытхьэкъуауэ уи гупсысэм ныбжьу къыхэна уи япэ лъагъуныгъэр зыщыгъэгъупщэ. Сэращ уи цIыхубзыр. Сэращ уи гъащIэри, уи насыпри. Сэращ илъэс куэдкIэ къожьари. ПщIащэрэт уэ сэркIэ узэрылъапIэр. Сэ уэр папщIэ сытри слъэкIынущ, ауэ уэ сыкъапщIэркъым. Сэри бжесIэфыркъым уэркIэ си гум илъ псор. Сыпщошынэ, сыпщоукIытэ».

ЩIалэм и лъагъуныгъэ хъыбарыр Розалинэ и Iэпкълъэпкъым щIыIэмылуырижат, и гум ежэлIат, гущIэр игъэпIейтеят, итIани зытригъэуну хэтт: «Розалинэ, ар Суфян и гукъэкIыжу аркъудейщ». Ауэ и нэпсыр къемыдэIуэжу къыфIыщIэжырт, и лъагъуныгъэм къыхуихь гуауэр и гущIэм кърилъэсыкIыу.

Абы и ужькIэ, махуэл димыгъэкIыу, Суфян Розалинэ хуэзэ хъуащ. Ауэ, псалъэ куэди жимыIэу, и нэгур зэIухауэ хъыджэбзым къемыплъыфу, куэдри зимыIэжьэу, IукIыжырт ар.

«И щIалэгъуэм иIа лъагъуныгъэм Суфян зэщIиIыгъэщ иджыри къэс. Сэ илъэс дапщэ хъуауэ сежьэрэ абы, зэгуэр гу къыслъитэну пIэрэ, жысIэу... Сыбгъэгузавэу сыбгъэлъэIуэну ара, си Суфян?»

«Мы цIыхубз цIыкIум игу срохь, жысIэу, тIэкIу езмыгъэлейуэ пIэрэ? Апхуэдиз хъыджэбзым я гугъу хуэсщIа пэтрэ, къысхуэгъэскIакъым. Сытуи тэмакъкIыхь... Сэрауэ щытамэ, седэIуэфынутэкъым, сыIукIыжынут, щIалэ гугъу къысхуищIуи хуэздэнутэкъым. Иджы нэмыплъ къызитми, схуэфащэкъэ?! Пэжщ, сэ сылъаIуэу сесакъым икIи сылъэIуэнукъым.

Езым псори къызжиIэнщ, къысхуейуэ щытмэ... Сежьэнщ Iэдэбу. Зэман дэкIыху, ди лъагъуныгъэри нэхъ быдэ хъунщ. ЗыгуэркIэ сыкъигъанэрэ ежьэжмэ, дяку IэфIагъ гуэри дэмылъауэ аращи, ар сигу къезгъауэ хъунукъым. Япэрей хъыджэбзми арат къызищIари, езыращ япэу щIегъуэжар. Сэ си Розалинэ апхуэдэкъым... Ар си гъащIэщ. Си насыпри зи IэмыщIэ илъыр аращи, сежьэнщ си гъэфIэн цIыкIум», – ахэр и гупсысэм щызэригъэзахуэрт Суфян.

Розалинэ зэи имыхъуэжын лъагъуныгъэ Суфян хуищIати, и жагъуэ хъуа псалъэмакъыр, абы къримыгъащIэу, езым гукIэ игъэвырт.

*ФIылъагъуныгъэр жэщ кIыфIыракъэ щаIуатэр?*
*Сыту жыжьащэ жэщ кIыфIыр дэ тIумкIэ.*
*«Щхъэзакъуэныгъэр щытхъэусыхэ жэщ кIыхьыр*
*Дапщэщ икIыну?» – жысIэу согъэгупсысэ.*
*Хэт къуаншэр? ФIылъагъуныгъэр хэт зыкъузар,*
*Си гур гузавэу, уэ сыпхуэныкъуэу, хэт сызыщIар?*
*МафIэ бзиинshэу ди лъагъуныгъэм сыбогъэсыж,*
*ГугъапIэу си псэ, гухэлъ пхуэсщIамкIэ зызоумысыж.*
*УщызмылъагъукIэ, си махуэр кIыхьщи, сегъэнэщхъей,*
*Пшагъуэщ си уафэр, гуащIэщ и бзийри, сегъэгужьей.*
*Уейщ си нобэр, ууейщ си гъащIэр игъащIэ псокIэ.*
*Сыту IэфIыщэу си псэм, Суфян, уилъэгъуа!..*
*Уи щытыкIэ гугъур гущIэм щIимыуфэ,*
*КъыумыIуэтэф псалъэр уи теплъэм къызжеIэ.*
*БгъукIэрэ уеплъэкIыу, щIыбкIэ ущикIуэткIэ,*
*IукIуэтыж Iэпкълъэпкъым псори къызегъащIэ.*

«Си Суфян, си пащхьэм уиту, хъыджэбз гугъу дауэ къысхуэпщIыфрэ? ЗыхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым сэ уэ фIыуэ узэрыслъагъур... Жэщи махуи уэращ сызэгупсысыр... Ауэ уэ ущымщ. Сыту угущIыIэ сэркIэ, – и щхьэр и чэнджэщэгъуу, ар щабэу хуэшхыдэрт Суфян. «СыцIыхухъущи, жысIэ псори хъунущ, жыпIэу, лъагъуныгъэм уримыджэгу. Си насып пхэмыхуэмэ, щхьэзакъуэу сыкърене!.. Уэ, утегушхуэу, уи гухэлъ къысхуэпIуэтамэ, куэд щIат унагъуэ дызэрыхъурэ. Зыщыгъэгъупщэ а уи лъагъуныгъэр, уафэгум къыщумылъэтыхьу, щIылъэм къехыж. Къехыжи, уи пащхьэм итым еплъ».

«Сэ зэгуэр фIыуэ слъэгъуам и гугъу хуэсщIыну хуейт ар?! Ари дапхуэдэу зэрыжысIэжари?.. Си нэгум къызэрыщIыхьэжам хуэдэу... Апхуэдизи щхьэ къэзбжат? Гузэрыдзэ къысхуищIрэ зигъэгусэмэ-щэ? Сыкъуаншэщ. Сыт мы цIыхубз цIыкIур апхуэдизу гугъу щIезгъэхыр? ФIыуэ сыкъызэрилъагъур сощIэ. Сэри аращ сызыхуейр, ауэ хэт пагэн, хэт ерыщын?.. Сэ сыерыщу аракъым... Лъагъуныгъэм жыIэ лей хэлъ, езым гу лъитэн хуейщ гурыщIэу хузиIэм. Илъэс пщыкIуийм диту ара дэ тIур? Балигъ дыхъури, дытIыгъуэжащ! Балигъ ныбжьым уиту пщIа лъагъуныгъэракъэ-тIэ къаруушхуэ зиIэр. Абы ущIытепсэлъыхьын щыIэкъым. Абы езым уещI жыIэдаIуэ, нэмысыфIэ, гужьеигъуафIэ,

щтэIэщтаблэ – аращ лъагъуныгъэкIэ зэджэжыр. Лъагъуныгъэм и къарур гуащIэщ. Лъагъуныгъэр уи Iэпкълъэпкъым хэлъщи, ар уи нэгум къощ. Абы жыIэ лей иIэкъым, си Розалинэ. Узмылъагъумэ, дунейри кIыфIщ икIи зэшыгъуэщ, ауэ иджыри пасэIуэщ а си гум илъ псор бжесIэну».

БлэкIар, щIалэгъуэм и фэеплъу, гъащIэм хъарпшэру къыхонэ, уи гукъэкIыжхэр къыщыпщыхьэм и деж щыуагъэу къыпIэщIэщIам псэхугъуэ къыуитыркъым.

Япэ лъагъуныгъэр гуащIэщи, аракъэ гум къыщIинэжыр. ЩтэIэщтаблэу, таучэлыншэу япэ дыдэу пча лъэбакъуэм ещхьыркъабзэщ. Мышэрыуэу япэу жыпIа псалъэракъэ ар зэбгъэщхьыр, бзэм ишэщIми, гур хуэкъабзэу? Псори гукъэкIыжщ. Суфян и щытыкIэ хъуам Розалинэ куэдым иригъэгупсысат, уеблэмэ абы зэрыхуэзэу щытар фIэемыкIу хъужат.

«Лъагъуныгъэ гугъу зэи къысхуимыщIауэ, сыт ар апхуэдизу фIыуэ щIэслъэгъуар?» – а упщIэм псэхугъуэ къритыртэкъым хъыджэбзым. Уеблэмэ жиIахэмрэ и щытыкIамрэ теукIытыхьыжырт. ЕмыкIу, къемызэгъ гуэр ищIауэ къыфIэщIырти, абы иригузавэрт. И гур пIейтей щхьэкIэ, и псэр абы акъылэгъу дэхъуртэкъым. И псэм пищI Суфян пэIэщIэмэ, гунэдж имыIэжу, нэщхъей къэхъурт. Къепсалъэм жиIэм и нэхъыбэр зэхихыртэкъым, и гупсысэри, игури зэтар а щIалэрат.



Закъуэныгъэр и Iэпэгъуу, и махуэхэр кIуэрт, и жэщри гухэщIкIэ гъэнщIат. Суфян гукIэ щепсалъэкIэ, и лъагъуныгъэм зэм мафIэ лыгъейм хидзэрт, зэми щIыIэ техьэгъуэм зэщIиубыдэрт. Нэпс шыугъэр и нэкIущхьитIым темызагъэу и бгъэгум щежэхкIэ, и щхьэнтэр зрикъузылIэурэ «си Суфян», жиIэу абы зришэкIырт.

Жэуапыншэ лъагъуныгъэу и Iэпкълъэпкъым илъым зэрытекIуэным иужь итти, Суфян зыхуигъэзэжыртэкъым.

«Ярэби, лъагъуныгъэкIэ зэджэр мырамэ, сыту гуащIэ дыдэ, хуэмхуэмурэ уи къарур щIихыу. Хущхъуэгъуэ зимыIэ ажал узым хуэдэщ, – игукIэ жиIэрт хъыджэбзым. – Япэ дыдэ уи ужь къихьам удэкIуам нэхъыфIтэкъэ, Розалинэ?.. И фIи, и Iеи къыбгурымыIуэу убгъэдэсынт. Хьэуэ, ар хъунутэкъым, итIанэ Суфян сыхуэзэнутэкъым, ар фIыуэ слъагъунутэкъым, лъагъуныгъэр зищIысри сщIэнутэкъым. СфIэмыфIу и хьэлым хэлъым нэхъ гуащIэж ещI си лъагъуныгъэр. А и хьэл ткIийракъэ нэхъри сыдэзыхьэхыр. ЦIыхухъум ткIиигъэу бгъэдэлъын хуейуэ хъуар псори зэгъусэу бгъэдэлъщ си Суфян, аращ силIыкIыным хуэдэу фIыуэ сэзыгъэлъагъужри. Ауэ тIэкIу ерыщыIуэщи, сыпэлъэщыркъым, сызэрыхущытын хуейри къызгурыIуэркъым», – апхуэдэ гупсысэхэр зэи кIэрыкIыртэкъым Розалинэ. ЩIалэм хуимыIуэтэф и лъагъуныгъэр усэкIэ игъэщIэращIэурэ, Суфян епсалъэм хуэдэу, гукIэ жиIэрт:

*ГущIэр къърисыкIыу, уэ зыращ слъэгъуар,*
*Си псэ закъуэр тыгъэ уэращ зыхуэсщIар.*
*Уэстыпащ ууейуэ, услъэгъуащ, сыпхуейти,*

*Ауэ хъэхуу ятрэ а фIылъагъуныгъэр?..*
*Уэ зыращ си гущIэр гуащIэу къыщIрисыкIыр,*
*АтIэ, щхъэ ужыжьэ, си псэр щостыпакIэ,*
*Псэм игъафIэ закъуэм «си псэ» щыпфIэсщакIэ?..*
*Нэпсыр нэм щIэмыхуэу сыт къыщIещэщэхыр,*
*ПсэкIэ, гукIэ бгъафIэм гумащIэ ущIищIыр,*
*Леймыгъэгъу мы гъащIэр и пIэм щIимызагъэр?..*
*Уи псэм гу щызмыхуэу, зэманыр щIэкIуатэр?!*
*Арагъэнущ, дауи, лъагъуныгъэ хъужыр,*
*И бзийм псэр ихъэхуу, мафIэм уезыгъэсыр.*
*Арагъэнщ щIэщыгъуэ гъащIэр къыпщызыщIыр,*
*ПсэкIэ фIыуэ плъагъур гукIэрэ щIэбгъафIэр.*
*УслъагъухукIэ фагъуэ сыт иджы сыщIэхъур?*
*Сыпхуэзэну сфIэфIу, сыт сыкъыщIэнар?*
*А уи зэ Iуплъэгъуэм и бзиинщэ мафIэм*
*Сесыжыпэ щэхуу, уэ зыкъозмыгъащIэу.*
*ЗэIухащ си гущIэр уэркIэ, си Суфян,*
*Уэстыпащ уэ, си гур, си псэу си Суфян,*
*Уэстыпащ, ууейти, сыпхъэхуащ, сыпхуейти,*
*Псэр псэхугъуэ хуейти, фIыщэу услъэгъуащ.*



Суфян и япэ лъагъуныгъэм теухуауэ къиIуэтахэм Розалинэ хишэрт езым и гукъэкIыжхэм: «Абы щыгъуэ, сыщIалэти, къызгурыIуакъым гъащIэр зищIысыр, иджы псори гукъэкIыжу аращ, – игукIэ жиIэри, и гупсысэр жащ и сабиигъуэм: – ПэщIэдзэ классхэм сыщIэсми арат абы щыгъуэ. Ди гъунэгъу щIалэ цIыкIу гуэрым, кIуапIэ дыкъиищIауэ, тхэкIыртэкъым. Махуэм хуэзэу зэ нэхъ мыхъуми къакIуэурэ къызбгъэдэст, си щхьэцыр схуижьырт, схуиухуэныжырт. ЕджапIэм сыкIуэну школ формэр щыщыстIагъэкIэ, си кIэм ету тэмэму тездзарэ тезмыдзарэ кIэлъыплъырт, кIэпхын фIыцIэ цIыкIур и щIыбагъымкIэ щысхуипхэжырт. Абы сызэрыфIэдахэри игу сызэрырихьри сщIэрти, портфелыр къасщтэрти, зызгъэщIагъуэу школым сыкIуэрт. ФIыуэ сыкъэзылъагъум пщIантIэм сыкъыдишу сыкъызэрыригъажьэм си гур хигъахъуэу, сыгушхуауэ, фIы дыдэуи седжэрт.

Унэм сыкIуэжмэ, ар къызэрыспежьэнур сщIэрти, си щхьэц натIэм тIэкIу сытежьыхьыжырт, махуэ псом сщыгъа бостейр Iейуэ супIышкIуарэ сымыупIышкIуарэ сеплъыжырти, унэм псынщIэу сыкIуэжырт. Си гур хэхъуэрт, фIыуэ сыкъэзылъагъу сиIэти. Си анэми ар, и къуэм хуэдэу, фIы дыдэу илъэгъуати, ди гъусэу къыддигъашхэрт. Ар хущIэмыхьэу ди деж къыщымыкIуэ зэзэмызэххэм сигу къэкIырти, слъагъуну я деж сыкIуэрт. И анэ закъуэрат а щIалэм иIэри, гуапэу сригъэблагъэрт. «Нобэрей махуэм щхьэ ди деж нэмыкIуарэ уи къуэр? Сигу къэкIати, сыкъэкIуащ слъагъуну», – щыжысIэкIэ, гуапэу къыпыгуфIыкIырти, и къуэр къысхуигъуэтыжырт.

Сэ а щIалэр апхуэдизкIэ фIыуэ слъагъурти, и цIэр схужымыIэу, «Андрей»-р цIэ лейуэ фIэсщат. Хьэблэри, абы есауэ, арат зэреджэр.

Езыми сэ фIэсща цIэр нэхъ къищтэрт, уеблэмэ и анэри арат къызэреджэр.

Сысабийти, лъагъуныгъэр зищIысыр сщIэртэкъым, си дэлъхум хуэдэу фIы дыдэу слъагъуут сызэригугъэр. Ауэрэ курыт классхэм сынос. ПщыхьэщхьэкIэрэ хьэблэм щIалэ цIыкIууи хъыджэбз цIыкIууи дэсыр гупышхуэу кино деплъыну дыкIуэрт. Ди анэхэр арэзыуэ а кином даутIыпщын щхьэкIэ унагъуэм Iуэхуу илъыр зэфIэдгъэкIырт. Махуэм дызрикъуну псыр къэтхьырт. Псы къижыпIэ ди уэрамым теттэкъыми, жыжьэ дыкIуэрт, ари хьэблэр псори дызэгъусэут псыхьэ дызэрыкIуэр. Пэш кIуэцI, пщIантIэ, уэрамыпэхэр дызэпеуэу дыпхъэнкIырт, дыжьыщIэ-дытхьэщIэрт.

ФIыуэ слъагъу ди гъунэгъу щIалэм и гъусэу кином сыкIуэну си хъуэпсапIэт. Си щIалэм гъэфIэгъыбзэу фIэсщари, езым и цIэ дыдэри, и щхьэри сфIэдахэт. Iейуэ сыхуэзэшырт, сигу къэкIырт. Сытым и дежи си гъусэну сыхуейт. Ар ди пщIантIэм къыдыхьауэ зыгуэркIэ гу лъызмытэурэ гъунэгъу къысхуэхъуамэ, сыдэлъейрти, и пщэм зездзырт. АпхуэдизкIэ сигу къэкIырти, къэмыкIуэу зы махуэ закъуэ дэкIамэ, куэд щIауэ кьысфIэщIырт зэрызмылъагъурэ. «Иджыри къэс щхьэ укъэмыкIуарэ? Дапщэщ хьэблэр кином дыщыпшэнур?» – жысIэрти сеупщIырт, езыми, пIалъэ къыхимыгъэкIыу, псори дызэгъусэу дришажьэрт.

Сэ Андрей сигу пымыкIыу, и Iэпэр е и Iэблэр быдэу сIыгът. Сысабийти, абы щхьэкIэ сыукIытэн хуейуэ сщIэртэкъым. Дыкъэзылъагъухэри, ди анэхэри къыдэсэжати, зыри къыджаIэртэкъым. Дыдэзыхьэхыу а зэманым щыIа индийскэ кинор сыхьэтиплIкIэ екIуэкIырт. УщIэгъынрэ ущIэдыхьэшхынрэт ар иухыху къигъэлъагъуэр. Абы хэт артист щIалэр хъыджэбзым гъунэгъу щыхуэхъухэм деж къызбгъурыс Андрей си дамащхьэм щабэу къылъэIэсу къысфIэщIырт. Дызэплъ кином хэт щIалэмрэ хъыджэбзымрэ я насыпыр зэхэмыхуауэ ар щиухым деж, Андрей и бгъэгум си щхьэр кIэрыслъхьэрти, сызэгуэуду сыгъырт. КъыпыдыхьэшхыкIыу, дахэ Iэджи къызжиIэурэ сытригъэужырт. Хуэмурэ унэм нэс сыкъишэжырти, сигу пымыкIыу кIуэжырт.

Апхуэдэурэ, ди зэхущытыкIэм зимыхъуэжурэ, ищхьэ классым сыкIуэ хъуащ. Зэгуэрым еджакIуэхэри колхоз бригадэм щылажьэхэри дызэгъусэу мэкъу Iэнащтэ губгъуэм дашат. Сэ япэ дыдэу губгъуэм сихьауэ арат. Мэкъу Iэмбатэ зэращIи, гуахъуэкIэ ар зэрыдрадзеи сщIэртэкъым. Сытми, гуахъуэм мэкъу куэдыIуэ фIэлъу къэсщтагъэнти, абы зиублэрэкIри, а хьэлъэр къыстехуэжащ. Мэкъур зэрыддзэн хуей машинэм и бортым сытещIэри, абы еIулIа къэнжалым си Iэпщэм деж щызэгуигъэжащ. Арати, абдеж щызухащ а махуэм къэзлэжьынур. Хуабжьу зызуIэжати, занщIэу сетIысэхри, си Iэпщэр фIэзубыдыкIыжащ. Лъы куэд сфIэмыкIуэдамэ арат, жысIэу сыздэщысым, зы щIалэ гуэр къызбгъурытIысхьэри, занщIэу си Iэр ипхэу хуежьащ. Куэдрэ къызэлIэлIащ, лъыр хуэмыгъэувыIэу.

Унэм сыкъэкIуэжа нэужь, ди дежхэри Андреи къысхуэгузэвахэщ. Си Iэр зыпха щIалэр а махуэм апхуэдизкIэ къысхуэсакъати, абы сыщы-

мытхъун слъэкIакъым. Си Iэр хъужыху а щIалэм и нэIэ къыстетащ, хъужа нэужьи щIэх-щIэхыурэ зыкъысхуигъазэ хъуащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ лъыхъухэр сяужь къыщригъэхьэм, Андрей си анэм къелъэIуащ: «Уи пхъур зыми иумыт, сэ ар фIыуэ солъагъу. Сэ слъэкI къэзгъэнэнукъым ар насыпыфIэ хъун папщIэ», – жиIэри. Абы и ужькIэ зэуэ бзэхащ си Iэр зыгъэхъужа щIалэр. Сэ зыри хэсщIыкIыртэкъым къэхъуам, си анэмрэ Андрейрэт абы щыгъуазэр.

Си еджэным пысщэжащ, ауэ Андрей иджы си ныбжьэгъуут зэрызбжыр. ЩIалэ гуэрхэр къыздэгушыIамэ, псори Андрей жесIэжырт, ауэ, зы щIали игу иримыхьу, псори лъэныкъуэ иригъэзырт. Сэри абы жиIэм седаIуэрт. Зыгуэрхэр ди гъусэу, киноми сишэрт, ауэ, си закъуэу зыкъысхуимыгъазэу, нэхъ зыспыIуидз хъуат. Сэри мамэ сыдэгушыIэрт: «Сыту пIэрэ мы уи къуэ етIуанэм игу къеуэр, псэлъэгъу сыкъищIыжыркъым», – жысIэурэ.

Апхуэдэурэ ди деж махуэу къакIуэу щыта Андрей иджы къыщыкъуэкIыр гъуэлъыжыгъуэхэм ирихьэлIэут. Хабзэм ипкъ иткIэ, ар къэзгъанэу сыгъуэлъыжыну емыкIути, сыбгъэдэст, ауэ езыр нэщхъейщи, жесIэнури сщIэркъым. «Кином щхьэ сумышэрэ?» – жызоIэ зэгуэрым. «Кинор нэхъ хьэлэмэт, тIум щыгъуэми дызэбгъэдэсыну аращи, мыбдеж дыщызэбгъэдэс хъуркъэ?» – къыспедзыж абы. «Хъунущ, ауэ зэшыгъуэщ, зыри къызжепIэркъыми. Киному дыщеплъкIэ, зыгуэр долъагъури, абы дытрегъэу», – жызоIэ сэ. «Киноращ, – жи, – зэшыгъуэр, сэ уэращ сытезыгъэур». Ари къызгурыIуакъым. «Хъыджэбз къыпхуэзгъуэтынщ, армыхъумэ сэркIэ уэ теуа ухъунукъым», – жызоIэ. «Сэ хъыджэбз сиIэщ», – занщIэу пеуд абы. «Дапщэщ лъандэрэ? Сэ сымыщIэу, хъыджэбз къыздипхар дэнэ?» – соупщI. СтIолыр ди зэхуакуу сызыбгъэдэс щIалэм жэуап къызет: «ИгъащIэ лъандэрэ сиIэщ, сиIэри а зы хъыджэбзыращ... Ар псоми ящIэ, уэ зыращ зымыщIэр», – жеIэри, и жыпым къриха бэлътокумкIэ и напэр зэпелъэщIыхь, и щхьэр ирегъэзыхри, и нэм къекIуа нэпсыр щIелъэщIыкI. «НтIэ, псоми яжепIэу, сэ къысщубзыщIауэ ара? Сытым щыгъуэ ар къыщыбгъуэтар? – сфIэгъэщIэгъуэнщ зэхэсхар. – Сэ сцIыхурэ?» – сыщIоупщIэ, зэи сымыбгына щIалэр хъыджэбз щыхуэза зэманыр къысхуэмыщIэу. «БоцIыху... КъыздэкIуэнрэ къыздэмыкIуэнрэ къысхуэщIэркъыми, гугъу сохь», – жеIэри, аргуэру къызоплъ Андрей. «Апхуэдэ щыIэ? А фIыуэ плъагъум уеупщIу уеплъа?» – сыхуогузавэ Андрей.

СцIыхуу щыжиIакIэ, жызоIэри, «мырауэ пIэрэ, мороуэ пIэрэ», жысIэурэ сцIыхухэр гукIэ къызобжэкI. ИужькIэ щIыIэ-щIыIэу сигу къокI: «Сэрмырауэ пIэрэ мыбы фIыуэ илъэгъуар?» – жызоIэри. КъиIуэтэну дзыхь имыщI и гухэлъыр наIуэ хъуати, ар хуэмыгъэпщкIуу, нэщхъейуэ щыст Андрей.

ТIуми зыри жытIэркъым, ди гупэр зэхуэгъэзауэ стIол нэщIым дыбгъэдэс пэтми. Сэ гузавэ къэсщтащ, икIи си псэм хуэдэу слъагъу Андрей, и щхьэусыгъуэри къысхуэмыщIэу, сыщышынэу щIэздзащ.

«Зыгуэр ди гъусэу щысами аратэкъэ, сыту хуабжьу нэщхъейуэ къызэплърэ мыр, – жызоIэ сигукIэ. – Сыт апхуэдизу сыщIыщышынэр?

СыщIэкIыу, нэгъуэщI пэш сыщIыхьэнуи сошынэ, сыбгъэдэсынущи, ари хъуркъым. ИгъащIэ лъандэрэ фIыуэ слъэгъуам сыщошынэ. Сыт иджы сщIэнур?» – согузавэ си фIэщу. Зэи сымылъэгъуа, сымыцIыху гуэрым сыбгъэдэс фIэкIа пщIэнтэкъым.

Сеплъыхыу сыщыст, стIол лъабжьэм сыщIэплъэу. Андрей и лъакъуитIым сеплъырт, ар щыщIэкIыжынум сыпэплъэу.

– Уэращ си хъыджэбзыр, фIыуэ слъэгъуари, къэсшэнури уэращ. Сыт гугъу сыщIебгъэхьыр?.. КъыздэкIуэ, – жиIэри, и Iэр къысхуишиящ Андрей, си Iэпэр иубыду, занщIэу унэм сыщIишыну хьэзыру.

– Хэт и къыздэкIуэ?! – жысIэри сыкъыщылъэтащ, абы апхуэдэр къызжиIэныр си пщIыхьэпIи къыхэмыхуэу. СыбгъэдэкIуатэу и напэм сеуэныр сфIэмащIэти, стIолыр къэсIэтащ... Ауэ, зыгуэр къызэрыщIыхьэр наIуэу, бжэ Iух макъ щызэхэсхым, стIолыр езгъэувэхыжри, пэшым сыкъыщIэжащ.

Си анэм псори щесIуэтылIэжым, а зэхихар куэд щIауэ зэжьэ хъыбар гуфIэгъуэущ къызэрыщыхъуар.

«Андрей щIалэфI дыдэщ, удэкIуэми, ущIегъуэжынукъым. Унагъуэри хъун хуэдэщ. Сыт къыпщыщIар, апхуэдизу хъийм щхьэ уикIа?» – къыщызжиIэкIэ, нэхъри сыкъоуIэбжь. «Зыкъомрэ си дэлъхуу щытащ, иджы си щхьэгъусэ хъунущ. Апхуэдэ лъагъуныгъэ тIуащIэ зэхэмыхьэ щыIэ? Е си дэлъхун хуейуэ аращ, е фIыуэ слъагъу щIалэу щытын хуейщ», – жызоIэ. Арати, унагъуитIми сэ сымыщIэу ящIа унафэр абдеж щызэтескъутэжащ. Абы и ужькIэ Андрей ди деж къэкIуэжакъым».

Розалинэ псалъэкIэ Андрей иригъэкIуэта и гугъэ щхьэкIэ, щIалэм и гухэлъым зимыхъуэжауэ, нобэр къыздэсым арат гупсысапIэуи, гугъапIэуи иIэр, ауэ Розалинэ дежкIэ ар гукъэкIыж къудейт.

Суфян и Iуэхур нэгъуэщIт. Розалинэ и гур зыхуэгъэзар, лъагъуныгъэ нэс зыхуищIар арати, и гухэлъым зимыхъуэжу, ар игъащIэкIи ежьэфынут и псэм пищI цIыху закъуэм. Ауэ зыр адрейм епэгэкIыурэ, зым и гурылъыр адрейм хуимыIуэтэфурэ, я щIалэгъуэр, я дахэгъуэр ирагъэкI, Iэбамэ, лъэмыIэсыжыну...



Усэхэр

МАХУЭЛI Нарзан

## БАЛЪКЪ ПСЫХЪУЭ

Пщэдджыжьыпэу ди псыхъуэ сыдэтщи,
Уафэ къащхъуэр къысфIощIыр къеха.
Вагъуэ бла хэкIутауэ псым хэлъщи,
Дауэ хъуну абы къыхэсха?!

СеIусэнути, си Iэр къисынущ.
СемыIусэщи, гур сфIыщIесыкI.
Псым къыхэнэмэ вагъуэр диинущ,
Хэмылъыжу щIэщыгъуэ имыкI.

Сэ телъыджэр си натIэщ нышхьэбэ... –
Вагъуэ жыжьэхэм си нэр къахуокI.
Сытогушхуэри, псым сыхоIэбэ... –
Псыхъуэ мывэ къэсщтауэ къыщIокI.

ПсэкIэ згъафIэу сэ сиIэщи лъахэ,
СыщIэпсэу мыхьэнэм и зы щэхущ.
Псэ зыIутыр дыщыхъур нэхъ дахэ,
ДагъэлъапIэу тхэлъ фIыр ялъытэхущ.

Пщэдджыжьыпэу сыдэтщи ди псыхъуэ,
Уафэ къащхъуэр къысфIощIыр къеха...
Вагъуэ жыжьи афIэкI къэзмылъыхъуэ,
Ди Балъкъ псыхъуэ дэлъ мывэ фIэкIа!

2001-2020

## БАЛЪКЪ

Уздэжэр дэнэ псыежэхыр?!
Е уемызэш е умыщхьэх...
Си нитI бгъэхъуапсэурэ епхьэхыр
Къызэптыжыну пIэрэ щIэх?!

УцIыкIуми, умыщIыIэрысу
ЛъагапIэм уэ укъыщалъхуат.
Къурш Iэблэм куэдрэ утемысу,
Утэджри, гъуэгу утеуват.

Иджы си лъахэм хуит уищIауэ,
Псы лъагъуэр уи IэкIэ хыуегъэш.
Быдзышэ бгым уригъэфауэ
Пхуэхъуащ уэ мывэ къэскIэ къуэш.

ПщIыжыфу уи щхьэ и унафэ,
Даущыр IэфIу хэтщ хьэуам.
Мэджэгу псы удзхэр уэ укъафэм,
Нэщхъейхэщ – уи лъэр щезэшам.

Дыгъэпсыр псыщхьэм зыщIифауэ,
Нэху куэд уи щIагъ щызэрогъуэт.
Мывэшхуэ пхэлъщи къэбэгауэ,
КъыщикIыкIынур зыщIэр хэт?!

Уи псалъэр мыхъуу някъуэжыIэ,
ЗыжепIэм псэщIэ хыболъхьэж.
ФIэхъусыр жыжьэу пхыми, уи Iэр
ПIыгъа къыпфIэщIу гум къонэж.

Ухэдэу бгыщхьэм къыбжиIахэм,
Псы Iэгум къихъуэр умыкъуз.
ЩIодэIу удз къэскIэ уи хъыбархэм,
Я хъыбарылъэр хъуами из.

Укъиуми, псыIум уозэгъэжыр,
ЗумыщIу узэрыщымыт.
ИужькIэ Тэрч ухолъэдэжыр,
Толъкъунхэм пфIэщIу псэ яIут.



6 Заказ №2464

ЩIым лъэужь махуэ къыщогъанэр...
ЩхъуантIагъэ пэплъэщ уэ уи къуэпс...
Арат, щызухым си гъуэгуанэр,
СлъэкIатэм лъэкIыр уи зы ткIуэпс.

2018

## УЭСЭПС

Нэхущ къабзэр згъэблагъэу
Си гур Iэджэм щIохъуэпс.
Уафэ псо и кууагъыу
Телъщ удзыпэм уэсэпс.

ТкIуэпс телъыджэщ цIыху гъащIэр...
Удз лъэ махэщ дунейр...
КъыщIэкIыхущ дыгъэ гуащIэр...
Къэушыхущ акъужь жейр...

АдкIэщ псэр зыфIэлIыкIыр.
Ар дымыщIэмкIэ изщ.
МыдкIи гъащIэм хэтщIыкIыр
А дымыщIэм хуэдизщ.

КъэмыкIыххэт си гущхьэ
ЩымыIэжу уэсэпс,
Удз къэсыху я нэкIущхьэ
Зэрытелъыр нур ткIуэпс.

ТкIуэпс телъыджэт... ткIуэпс махэт... –
Лыдт хуеплъыхыурэ щIым.
Губгъуэ псор игъэдахэт
Ар имыщIэу езым...

2018

## ЛIЫЖЬЫМ ЖИIАР

ГъэунэхупIэщ гъащIэр дыбэуэху...
Бгым дэкI гъуэгум иIэкъым тыншыпIэ.
Гъуэмбым уискIи псэм зимыгъэпсэху, –
ЦIыху здэмыкIуэр мэхъу сабэ тIысыпIэ.

Гъащ1эм и шатащхьэр тевмышхык1,
Дахэр фхъумэ, ф1ыр щызэвгъэзахуэм.
Маф1эр къэфхьыжак1э фыщымык1,
Псэм хэлъ 1эф1ыр щ1евгъэхъумэу сахуэм.

Къэт1эп1ыгъуэр хъунукъым блэбгъэк1...
Емызэшу зи гур ф1ык1э хъуапсэм,
Дунеишхуэр къыдок1эрэхъуэк1,
Къыщ1игъэщу нурыр гущ1э лъапсэм.

Фор зищ1ысыр ищ1эркъым гъэгъам...
Тщ1энутэкъым дэри, бжьэр мыхъуам...

* * *

Тхьэм зауэ-банэ къытхуимыхьк1э!..
Зимы1эр зи1эм къуэш хуэпщ1ын?!..
Къызыдэхуэжхэр щримыкъук1э,
Зимы1эм дэнэ кърихын?!



Си нэгу къыщ1охьэр сыхэплъэхук1э,
Псы куум щ1илъафэ кхъухь домбейр,
Зы щ1ылъэныкъуэр псым хыхьэхук1э,
Къеплъыхыу лъагэ мэхъу адрейр.

Сыт щ1ылъэм ц1ыхур щ1ытезашэр?!
Сыт щ1екъур, хуейуэ нэхъыбэж?!
Гъуэгу тету гъусэм дэмыгуашэр,
И щ1ыб илъ хьэлъэм щ1еп1ыт1эж...

* * *

1эрык1-1эрыхьэу къигъэщ1ащ дунейр...
Зэрыхьзэрийщи, и п1э имызагъэ.
Зэм щ1э къилъыхъуэу щ1ыпц1эр егъэхъейр,
Зэм фащэ щымы1эжхэр зыщет1агъэ.

Гупсысэм сапэхэт1эу сыхуэмейт...
Лъагап1эрщ псэм хъуэпсап1эу и1эр... Ауэ,
Дамит1 тхугуэмылъхьэжыр зэм къыдет,
Ди къупщхьэ зэрытып1эхэр мыжауэ.

Къытлъысмэ жьантIэр Тхьэм шыкур худощI... –
Къыдатыжащ, жыпIэнщ, зэрыдунейуэ.
БжэщхьэIум тету къаплъэми къыфIощI,
ДыдэкIуэу дэри, дунеишхуэр ейуэ.

IэрыкI-Iэрыхьэу къигъэщIащ дунейр... –
ЩIым щIэлъыр ару пIэрэ псори зейр?!

2020

## КЪАМЭ

«Ухуихьу и нэ, пхуэгумащIэу,
Укъищтэу цIыху птемылъэщIыхь.
Лэгъунэ нэщIым щIэс нысащIэу,
КъысфIощIыр сампIэм уизэшыхь.

Уи къамэ Iэпщэр зыIыгъахэр
Куэд щIауэ щIылъэм темытыж.
Хъыбар хъужауэ бдалъэгъуахэр
Лъы уаси уэ уамыгъэтыж.

Пшэчар мымащIэми гъы макъыу
Дунейр хэбдзэжкъым къэзэуат...» –
Къыщисхым ар сыхуэмысакъыу,
Къамэдзэм си Iэр къиуIат!

1995-2004

## АЛЬПИНИСТ

«СымыщIэ уи гур щIэбухыжыр!
Насып щымащIэкъым ди щIыгу.
Езы къуршыщхьэм къыхехыжыр,
Къытеувэнур и щхьэщыгу.

Сыт натIэм илъым ущIедауэр?!
Насыпыр сыт щIыхыупхъэр псым?!
IэштIымкIэ бгым узэрезауэр
КъищIакъым уеблэм езы бгым...» –

... Къыздехуэхам щытэджыжауэ,
Еплът щIалэр щыгу здынэмысам.

КъыфIэщIт зыгуэр къыщигъэнауэ,
ИгъащIэм и лъэр здэмыкIуам...

2018

* * *

Гъатхэу губгъуэ щхъуантIэ,
Псэр зи къуалэбзу!
ЩIылъэр хъуащ нэхъ лантIэ,
Уафэр хъуащ нэхъ куу...

Зыми хамысауэ
Удз гъэгъауэ хъуар,
Зэм къысфIэщIт сэрауэ
ЩIылъэм къэзыхьар.

Мис абы къыхэкIыу
ТIэкIу зыкъысфIэщIыжт.
Дыгъэр къысхуеплъэкIыу
Къысщыдыхьэшхыжт.

Мывэу сыщылъами,
Зызукъуэдиинт.
Псыдзэу сыкъехами,
Псэхэлъхьэж зысщIынт.

Сыкъепщами жьыбгъэу,
ЗызмыщIынт гъуэжькуий.
Сыщытынт гуэдз губгъуэу,
ЗгъафIэу дыгъэ бзий.

Си щхьэр хоуназэ...
СщIэри сымыщIэж.
Гугъущ мы гъатхэ мазэм
Къыупсэлъыныр пэж.

ГъащIэр сытуи Iэзэ...
Псэр мыкъэплъэнэф...
СфIэфIуи, адыгэбзэ
Гъатхэм жызоIэф!

## ДИ ПЩІАНТІЭ ДЭТ ЗЭРЫДЖЭ...

Ди пщIантIэ дэт зэрыджэ,
Схуэдабзэу гупсысэх.
Сэ пщIэншэу сыномыджэ,
Сыщоджи сызэхэх.

Хъуэпсэжу пхэлъ жыгыпсэм
Сэ пасэу гу лъыстащ.
ПIурылъ анэдэлъхубзэм
НэIуаси зыхуэсщIащ.

Уэ пщIэжрэ сабиигъуэр
Мэз щхъуантIэ зыдэпхьар?!
Сэрати абы щыгъуэ
Ди деж укъэзыхьар?!

ЩIэсщыкIри мэзыкур,
Жыг псом уакъыхэсхат.
Хуит пхуэсщIри утыкур,
Ди пщIантIэр уэстыпат.

КъызжеIэт... псэм имыбжьэу
ХамэщIым уэ уеса?!
Е махуэ блэкIхэр убжу
Ди нобэм укъэса?!

Пхэмылъ уэ пхэщIыжынкъым...
ИтIани сыдохьэх.
Сэ зэи си фIэщ хъункъым
Ухъуауэ щыгъупщэх.

Уигу Iэджэрэ илъынущ
ПпэIэщIэ хъуа мэз куейр.
Арауи къыщIэкIынущ
Зэм-зэм ущIэнэщхъейр.

1997-2005

* * *

Зи къуэпсыр гъуа щыслъагъукIэ си гур хощI.
Си гъащIэр хохъуэ зэIэпахмэ гущэ.

Слъагъу псори кІэух нэпцІу зэм къысфІощІ,
Дунейм щыкуэдщи гъащІэм къыпызыщэ.

ЦІыху гъащІэр зы бзыхьэхуэу аркъудейщ...
КІыхьщ уафэм дымылъагъуу хэлъ Іуданэр.
Дэрбзэрым я нэхъ Іэзэ ухъун хуейщ,
Бдын папщІэ псэ къэсыхукІэ яхуэхъу джанэр.

Дэрбзэрыр и Іэзагъэм щимыгъэс.
Гъуэгу техьэм щыгъынышІэр телъщ и напщІэ.
Бзыхьэхуэхэр дэрбзэрым зэхуехьэс,
Ин гуэрым щыдэжын хуищІыным папщІэ.

ЦІыху гъащІэр зы бзыхьэхуэу аркъудейщ... –
ДымыщІэу фащэ Іэджи дэ къытхуейщ.

2018

* * *



СиплъэхукІэ уафэм согъэщІагъуэ,
КъыщІэжу слъагъукъыми псынэпс.
И бзийхэр дыгъэм щыхъукІэ фагъуэ,
ЗдыхитхьэщІэжыр сыт хуэдэпс?!

И хуабэр дэнэ къыздрихыр?!
И гъуэгури сыт зыубзыхуар?!
Нэхущ-тхылъышхуэу къызэгуихыр
Жэщ псом хэт хузэхэзылъхьар?!

НурыпскІэ дыгъэм щитхкІэ усэ,
Къеджэф къытхокІри, гур согъэфІ.
Псапэхьэ кІуэм зыхуищІу гъусэ,
КъэрегъэкІыф дунейр нэхулъэфІ.

Щхьэщыгур хуэдэу псыхъуэ лъэгум,
Дыгъэпсыр псынэу къыщІэкІыху,
И къуэпсхэр гъунукъым уафэгум...
Псыкъуийм щІэ щІэткъым псы къикІыху.

Щэху гуэрым сешэ уафэ гъунэм
Къилъыхъуэу си псэр зыщІэхъуэпс...
Зы дыгъэ бзий щІэхуауэ си нэм,
КъэзмыщІэу щІэлъщ хъужауэ нэпс.

2020

## ЩХЬЭЩЫТХЪУМ И ПСАЛЪЭ

Щыдэзмылъагъум акъыл нэс,
Сэ япэ къэсыр зэзмыпэс.
Къызиту куэдрэ гурыфIыгъуэ,
СиIэныр сфIэфIщ псэлъэгъу губзыгъэ.
Сэ къэсцIыхуащи зы лIы Iущ,
Делэн зыфIэфIхэм ар щымыщ.
А зы лIым сфIэфIу сэ сопсалъэ...
... Сыхъуащ апхуэдэу щхьэхуэпсалъэ.

2018

## ЗИ НЫБЖЬ ХЭКIУЭТАХЭМ ЯХУЭГЪЭЗАУЭ

ЖЬЫ ХЪУАХЭ! Фигу фымыухыж! –
ЩIэжьейм нэхъ хуащIыми гупыж,
КъыщIохьэр гъэхэр щхьэж ди унэ,
Ар ядыгъункIи фымышынэ.
Iуэху куэд ныбжь зиIэм худэмых,
ИтIани жьыгъэр мыкIэух.
ЗыгуэркIи ещхьщ ар лъагъуныгъэм,
Укъызэгуеч сыт щыгъуи гугъэм!

2018

* * *

Бгы лъапэм щIэлъщ мывэшхуэ икъухьауэ...
Ухуеймэ епсэлъылIэ мывэ къэс,
ЖаIэнущ псоми бгыщхьэм къехуэхауэ,
КъахэкIыу здэщылъ щIыр зэзымыпэс.

Сыт хуэдэ бгы, сыт хуэдэ нур лъагапIэ
Къехуэхыу цIыхур щIым къыщIытехьар?!
Мы дунеишхуэм иIэми къэкIуапIэ,
КIуэжыгъуэрщ гъащIэ псор зытещIыхьар.

Сыт хуэдэ бгы, сыт хуэдэ нур лъагапIэ?!
Жэуап щымыIэм къытщыхуащ и нейр...
Зыщалъхуа щIыпIэр зыщIыфарщ унапIэ,
Хэпхын хэмылъу дунеишхуэр зейр...

2020

* * *

Мы уэсым, дыгъэтIыси, дегъэпсалъэ,
КъикIуа гъуэгуанэм дыщIэгъэгупсыс.
Зы псалъэкIэ дунейр къыщIэзыгъалъэм,
И куэдщ гупсысэ псэр здынэмыплъыс.

Хуэдабзэу жыг къудамэхэр щыгъагъэм,
Къесыху уэс щабэ, щIылъэм зегъэпсэху.
Къыщожьэри уафэшхуэр зи лъагагъэм,
Къехьэсыр щIылъэм пIуэтэжын хуей щэху.

Мы уэсым псэ хэтыхукIэ дегъэпсалъэ,
Пэщылъ гъуэгуанэр щIэдгъэгъэкI ди нэгу.
Къабзэну пIэрэт, имыIамэ пIалъэ?!
Дахэну пIэрэт, темыхьамэ гъуэгу?!

Мо уафэм щыщIэдзауэ щIылъэм къэскIэ,
Гъуэгуанэ дэлъри хэт зэIузыщар?!
Дуней кIапитIыр зэпыщIащи уэскIэ,
ЙодаIуэр щIылъэр уэсым и хъыбар.

Уэс щауэхэр ежьауэ хъыджэбзаплъэ,
ЩокIуэкIри дунейм гуфIэгъуэ джэгу,
Уэс пщащэхэм я нэкIу ущIамыгъаплъэ... –
Ехьыж укIытэм къихутар уи Iэгу.

Къэмыфэхэм къэфэкIэ зрагъасэу,
ЗаIэтхэри, уафэбгъум щызэхуос.
Нэхъ Iэзэ хэхъухьахэм лъапэр хасэу,
Дунейр яхуримыкъуу, къосри-къос.

ТкIужынущ ар зэгуэрым гъатхэ махуэу...
Къехынщи дыгъэр, губгъуэм хэтIысхьэнщ...
БлэкIа щIымахуэм и гукъэкIыж дахэу,
Гъэгъа зэмыщхьхэр щIылъэм къытехьэнщ.

2010

* * *

Бзэхащ  бжьыхьэ кIасэм и хуабэр.
Хэсщ дыгъэр уэсыщIэ къесам.

ЩIымахуэм IэщIэху дыхьэшх щабэр,
Уэс налъэу щохуарзэр хьэуам.

Уэс къесым къызжеIэр и щэхур,
Си щэхуи имыщIэу сфIэмыщI.
Уэс гуащэр щотIысри уэхым,
МыпIащIэу и щхьэцыр еутхыпщI.

Сэ сфIэфIщ зи Iэзэгъуэр щыIэзэм.
СфIэфIщ и гъуэу чэзур къыщысам.
ТотIысхьэ бжьэ хужьхэр къахуэзэм... –
Ещхь хъунщ дуней псор удз гъэгъам.

Щытынкъым щIымахуэр блэмыкIыу...
Бжьэ хужьхэри матэм кIуэжынщ.
ГъатхэбзэкIэ гум къипсэлъыкIыу,
Дунейр и лъагъуэжь техьэжынщ.

ЩIыр щхъуантIэ хъужынущ щIэрыпсу...
А псор къыщыхъунур пщэдейщ.
Нызцхьэбэ, си Iэгум хуэфIыпсу
Уэс IэшкIэ сIыгъыну сыхуейщ.

Сыщытщи си Iэгур сущIауэ,
Си нитI зэтеспIауэ сотхъэж.
Уэс налъэм Iэпэгъу зыхуищIауэ,
СIэщIэкIыурэ псэм къегъэзэж.

ЩызгъафIэкIи уэс къесагъащIэр,
Сыпоплъэр пщэдейм и дыгъэпс...
НэгъуэщIу пхуэщIынукъым гъащIэр,
ХэмыткIуэу зыгуэрым и нэпс.

2004-2020

* * *

Махуэ уэфIу кIуэдыжахэр
Дэнэ щIыпIэ щепсыха?!
Сытхъур жыг зытегушхуахэр
Сытуи дахэу езэша?!

Тобэ, еплъыт... хьэуа къабзэм
Хэзу хэлъщи уэс насып,

Ар уэс налъэхэу бзэрабзэм
ХущIыхьэгъуэкIэ къащып.

Сымылъагъуу гущIагъщIэлъхэр,
СфIэщIти уэсыр мыпсэлъэф,
Налъэ къэскIэ зэролъэлъхэр
КъахэмыкIыу бзэгурэф.

СхулъэкIамэ, си гум нэсу
Уэсым и бзэр зэзгъэщIэнт.
Уэс хъыбархэр къыфлъызгъэсу,
ЩIылъэм щабэу сытесэнт.

ЗэкIэ, уэсым щыщ сыхъуауэ,
СлъэкIыр арщи, зызоплъыхь.
Си гупсысэм сытхъу пищIауэ,
Псэм елъагъу щIымахуэ пщIыхь.

2018



* * *

СымыщIэжт псым япэу сыщыкIуар...
СымыщIэжт есыкIи къыщысщIар...
Сыхуэзати псышхуэ, сыхъури хахуэ,
СисыкIат схужаIэу «щIалэ махуэ».
Ауэ гу лъызотэ сыплъэ пэт:
Сабий гуэр чыш тесу къызблолъэт.
Тхьэм ирещIи, зэи къэмыхъуауэ,
Алъп телъыджэм уанэр трикъуауэ
А сабийм къыфIэщIу къыщIэкIынт... –
Дуней мылъкукIи чышыр къуимытынт.
Джэгут сабийр, гупсысэм хишэу гущIэр...
Ей, цIыху гъащIэ, сыт уэ къыдумыщIэр?! –
Псибл дикIами, къыджьэдыбокъуэж...
ГукъэкIыжкIи гущэм дыхопхэж...

2018

* * *

«КъэфщIэнщ иджы сэ си гур зэрысхъумэ.
ГухэщIхэм куэди псэр зэрапхъэхар.
СыгуфIэу есхьэкIынщ илъэсхэр, хъумэ,
Къезджэнщи псэм и мафIэ Iурихар.

Си фIэщ ящIынкъым щыIэу лъагъуныгъэ.
Гупсысэм кIэншэу сIэщIихынкъым нэпс.
ЗыфIэфIыр, хуейми, къыщилъыхъуэу лIыгъэ,
Хущхъуэгъуэу гухэлъ нэпцIхэм щIрехъуэпс.

СлIо Хэкури?!... Сыт ар згъафIэу губгъуэм ситкIэ?
Зи гъуэмб исыжырщ псэ тыншыгъуэр зейр.
Схъумэнщ Тхьэм жиIэм си псэр, псэ щысIуткIэ,
Абы дэщIыгъууи нэпс искIутрейр...» –

Пщыхьэщхьэу ар жысIат...Пщэдджыжьым жьыуэ,
Уэлбанэм лъэсу сэ сыхиубыдат.
КъызжиIэ хуэдэ уэшхым: «УЩЫМЫУЭ!»,
Си напIэр напIэзыпIэм псыф ищIат...

2000-2020

* * *

Жыгым къыпыкIауэ пызт пщIыхьэпIэ.
Ауэ тхьэмпэу фIэкI ар къытфIэмыщIт.
Жыгым и псэм иIэти дыхьэпIэ,
ПщIыхь телъыджэр пызу фIыщIэ ищIт.

Жыгым и фэ пхъашэм Iэ дызолъэ,
Езы жыгми Iэ къыделъэр сигу.
Зыщалъхуа уафэгум дыгъэр къолъэ,
Нур Iыхьлыхэр къыщилъыхъуэу щIыгу.

Зы жыг пщIащэ къэскIэ – зы пшыналъэ.
Зы пшыналъэ къэскIэ – гъащIэ нэс...
Макъ щхъуантIэпскIэ тхьэмпэхэр зопсалъэ,
ФIэхъус гуапи уи псэм къылъагъэс.

ПIалъэ гуэркIи щIылъэм тезэшауэ,
Мо удзыпсым дыгъэ ириIар,
Къэслъэгъуати уафэм ихьэжауэ,
Тхьэмпэ закъуэрт ар сэ зэзгъэщхьар.

Удэплъеймэ – уафэм уфIэплъыкIыу,
Укъеплъыхмэ – уиплъэу щIыкум нэс,
Тхьэмпэ Iупэу жыгхэр щIэгуфIыкIыу,
ЯщIри жьауэ, узыбгъэдагъэс...

ПщІыхь телъыджэ, къимылъыхъуэу жьантІэ,
Итт утыкум къызэпхыпсу псэр...
Жыгым къытхуиІуатэрт хъыбар щхъуантІэ,
Бзэрэбзэжу тхьэмпэм Іурылъ бзэр...

2020

## АБДЖ КЪУТАХУЭ

Хэлъат ар унэм гу къылъамытэххэу,
Пэш кІуэцІым хуабэ Іэджэ хуихъумат.
Къищтати бжьыгъэ цІыкІу, къафІэмыІуэхуу,
ЩалъэщІым щыгъуэ абджыр якъутат.

Лъэлъащ, и гущхьэр къачэуэ абджышхуэр,
Иджы къутахуэм нобэ хэт къыхуейр?!
АбджыщІэр иуасэнути мылъкушхуэ,
Арат нэхъыбэу абдж къутар щІагъейр.

Гу къабзэт абджыр, куэд зыхущІигъэхьэу.
КъимыщІэу зы псэм щІэсхэм яхуэсакът.
Уэлбанэр къэсмэ, ткІуэпс къыщІимыгъэхьэу,
Зэхэпхыр уэшх къежэхым и гъы макът.

ДэкІыфт щхьэгъубжэм дыгъэр щыхуеипсым,
Уэздыгъэ нэхури къыщІэкІыфт щыхуейм.
Ар хэлъщ жыпІэнт дунейм и курыкупсэм...
Иджы ихьауэ арт гулъытэ лейм.

И нэгум къыщІыхьэжу жьыбгъэ фийхэр,
КъутахуэмкІэ къопсалъэу абджыр щылът.
ГъуэщэнкІэ шынэ хуэдэ, дыгъэ бзийхэр
Іэгу цІыкІухэм къицІуукІыу изу илът.

Къэсщтат къутахуэр, сихьэри утыкум.
Абы сэ си Іэпхъуамбэр къиуІат.
Слъагъу лъыр сысейуэ къэмыкІыххэт си гум, –
Ар абджым къыщІэжауэ къысфІэщІат.

1997-2020



Усэхэр

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

# ПСЭУЩ ЛЪАГЪУНЫГЪЭР

УБЛЭКІРЭ ПЭТ



Жэщ мазэгъуэ дахэу
Дэ къыздэткIухьакъым.
Удз гъэгъаи зэи
Сэ уэ ныпхуэсхьакъым.
Субыдакъым гуапэу
ИгъащIэм уи Iэблэ,
Пэж жысIэнщи, сщIэркъым
Уи цIэ дыди уеблэм.

Арщ си гъащIэм япэу
Нобэ сыпIущIауэ,
Ауэ щхьэ усцIыхуу
КъысфIэщIа куэд щIауэ?
Къысщыхъуащ гуфIэгъуи
Гуауи здэдгуэшауэ,
СфIэщIащ укъызэжьэу
Куэд щIауэ уешауэ.

Сыт сызэрыпIуплъэу
СыкъыщIэувыIар?
А уи нэ-мафIитIыр
Си гум щхьэ къеIа?

Дауэ уи фIэщ сщIыну
Иджыпсту къэхъуар? –
Сэ, ублэкIрэ пэт, уэ
ФIыуэ услъэгъуащ.

ДЭНЭ УКЪИКIА?

Гъусэ пэж
Мы щIым къыщызгъуэтыну
Сымыгугъэжыххэу
АфIэкIа,
ГухэщI кIыхькIэ
Си дунейр уэлбанэу,
Сыпхуэзащ уэ,
Дэнэ укъикIа?

Дыгъэ нэкIуу,
Нурыр къыпщхьэщихыу,
СымыщIэххэу
УкъысхукъуэкIащ.
Си уафэгур,
Пшэр щызэбгрыпхури,
ЛэгъупыкъукIэ уэ
СхухэбдыкIащ.

Зи макъ гуапэм
Псэр игъэгумащIэу,
Зи нэ бзийхэр
МафIэу къыщIэкIа,
Си щхьэц тхъуахэр
БгъэфIэну упIащIэу,
УщIалащэу,
Дэнэ укъикIа?

ЖыIэт, сэщхьу,
Уэри ущыщ гъащIэм,
Хьэмэ псысэ гуэр
УкъыхэкIа?
Тхьэ Iэмыр хэмылъмэ,
Удахащэу
Апхуэдизу,
Дэнэ укъикIа?

Къысхэплъхьэжу
Уэру къаруущIэ,
Зезбгъэпщыту
СхузэфIэмыкIам,
Сабиигъуэу
Си дунейр IэфIыщэ
КъысщыпщIыжу,
Дэнэ укъикIа?

ЩыIэмэ гухэлъ,
КъыщIихуу нэпсыр,
УэркIэ нобэ ар
Си нэгу щIэкIащ.
Си насып гува,
Си гъащIэ, си псэ,
Си гуфIэгъуэ,
Дэнэ укъикIа?

* * *

Уэ япэ дыдэу
Сэ ущыслъэгъуам,
Ухэлът пшахъуавэм,
Дыгъэр къодэхащIэу,
Толъкъунхэр ещхьу
Хьэщыкъ къыпхуэхъуам,
КъыхуеIэрт нэпкъым,
Зым зыр игъэпIащIэу.

Уи Iэпкълъэпкъ пщтырыр
БгъэупщIыIуну тIэкIу,
ЗыпIэтри уардэу,
ПсымкIэ бунэтIащ уэ.
IэкIуэцIыр зи бгыу
Мазэри зи нэкIу,
Апхуэдэу щхьэ укъигъэщIа
Дахащэу?

Тенджызым и толъкъунхэр
Сытым щыщ,
Еплъытмэ уи щхьэцышхуэу
Зэрылъэлъым.

И къулеягъри абы
Сэ пэзмыщI
Уэ уи нитI щIэншэм
Щэху гъэпщкIуауэ щIэлъым.

Уи щIыфэ
МащIэу дыгъэрыжьэ хъуам
Си нитIыр мыдэIуэжу
СфIодэхащIэ.
Уэ пхуэдэт нобэ къэс
Сэ къэслъыхъуар,
Мы щIым и гъуэгу зэмыщхьхэм
Сыщыгъуащэу.

Ухъуну сщIамэ
Зэгуэрым сысей,
УзгъафIэу есхьэкIынт
Псэм фIэфI уэрэду...
Тенджызым ещхьу,
Зэм сыкъоукъубий,
Зэми сосабырыж,
Тенджызым хуэдэу.



* * *

Хьэлъэу щатэу пшагъуэр
БжэIупэм щокIуэкI.
Сэ си зы ныбжьэгъуи
КъызэрыкъуэмыкI.

КъеуIуатэм си бжэм
Нызщхьэбэ зыгуэр,
ХуэсIуэтэнти псори
ЗыгъэхыщIэр гур.

ФIыуэ слъагъу си пщащэм
Сыкъыщигъэнам,
Здихьыжри гуфIэгъуэр,
Гуауэр къысхуэнат.

Сэ абы и бампIэрщ
Ноби къыстеуар.

Пэшым сыщIэхуэжкъым –
Арт тIэкIу сытеуам.

Си зы ныбжьэгъу закъуи
КъызэрыкъуэмыкI.
Хьэлъэу щатэу пшагъуэр
БжэIупэм щокIуэкI.

* * *

Уи щхьэгъубжэм
Си нэр къысхутехкъым.
Апхуэдизуи
Щхьэ дызэгъунэгъут?!
Зы дакъикъэ си гум
Усхуигъэхукъым –
Махуэ дэкIкъым
Сэ ущызмылъагъу.

ЩIэбгъэнащ уэздыгъи,
Месыр, Iупхъуэм
Къызэпхыщ уи ныбжьыр
Щытщ мыхъейу.
Иджыпсту си пащхьэм
Уит къысщохъур,
Епхьэхауэ уи щхьэр,
Унэщхъейу.

Сэ гупсысэ куэдым
СыхагъащIэ:
Уэри ущIэзэшыр
Нобэ сыт?
Уи гур хэщIрэ
ЩIегъуэжауэ мащIэу,
Е нэгъуэщIкIэ
Гугъэ IэфIым хэт?

Си къэкIуэнур
ЗыщIэлъ сфIэщIа нитIыр
Сытым хуэдэу
Сэ иджы къысхуэт.

Гуауэ сэ щызиIэм
Сщхьэщызыхыу
Щыта IитIым
ЯгъэфIэнур хэт?

Месыр, мэункIыфIыж
Уэ уи щхьэгъубжэр,
Сэ сохъуапсэ
Хъунум уи пщIыхьэгъу.
Апхуэдизу
Сыт ущIыспэжыжьэр?
Апхуэдизу
Щхьэ узигъунэгъу?

## ЖЭЩ ХЬЭЛЪЭ

Сыхэлъщ сэ пIэм.
Гур къызолъэIур
Мы си бгъэм хъуауэ
Имыхуэж:
«ФIыуэ слъагъу пщащэм
И лъыхъуакIуэ
Нэтэджи, кхъыIэ,
Дегъэжьэж...»
СыщIэтщ сэ пэшым.
Гур мэлъаIуэ
Ар хъуауэ унэм
ЩIэмыхуэж:
«ФIыуэ слъагъу пщащэм
И лъыхъуакIуэ
НыщIэкIи, кхъыIэ,
Дегъэжьэж...»
Сыдэтщ сэ щIыбым.
Гур мэлъаIуэ
Мы щIышхуэм хъуауэ
Темыхуэж:
«ФIыуэ слъагъу пщащэм
И лъыхъуакIуэ
СутIыпщи, кхъыIэ,
Сегъэжьэж».

*   *   *

Зэгуэр уэ уи гум
Хъумэ сыкъыихьэж,
Ухуей хъум уэ
Си нитIыр плъагъужыну,
Ухуей хъум
Си хуабагъ зыхэпщIэжыну –
Си деж уэ
Зыри къыщумылъыхъуэж,
Сыпсэуми,
Хуэдэщ сэ сыщымыIэж.

Сэ нобэ сщыщу
Зыри симыIэж:
Къэнащ уи деж
Си гуауи, си гуфIэгъуи,
Къэнащ уи деж
Си лIыгъи, си гуапагъи,
Си нэм и нэхури,
Си псэм и хуабагъри –
Иджы уи деж
Сэ сыкъыщылъыхъуэж.

Сэ зэрыщыту
Сыкъэнащ уи дей,
ПфIэщIами, уэщхьу,
Сэ узбгынэжауэ.
Зэгуэр плъэгъуари
Уэ ббгъэдэкIыжауэ,
Ар сэрмыра –
АтIэ си ныбжь къудейщ.

## IЭГУИПЛЪЭ

«Уи Iэгум сигъаплъэ,
Уи Iэгум сигъаплъэ», –
Цыджан фызыр си яужь имыкI.
СынолъэIу, Iэгуиплъэ,
ТIу умыщI си бампIэр,
СынолъэIу, Iэгуиплъэ, уэ скIэрыкI.

СощIэ къызжепIэнур,
Узэсар а зырщи,
Къэбгъэнэнкъым фIыуэ дунейм тет.
Сэ-тIэ гуауэу сиIэр
Iэгум къибджыкIатэм
Сытым хуэдэу си псэр тыншыжынт.

Зэштегъэуууэ си гур
Ирикъуху иIыгъри,
ФIыуэ слъагъум сэ къысхуидзыжащ.
Ныбжьэгъу пэж къысфIэщIу
Сэ сиIа цIыху закъуэр
Гъусэ абы хуэхъури ежьэжащ.

Сэ ныбжьэгъу сиIэжкъым,
СщIымыгъуж си пщащэр:
Мы си гущIэр ещхьщ зэхэуIам.
Зигу нэхъ пцIанэу псэухэрщ
Нэхъ гугъу щехьыр гъащIэм –
Мис иджы ар сэ къызгурыIуащ.

Иджыпсту си закъуэ,
Хъунум, сыкъэгъанэ,
Зэхэсхыну зыри сыхуэмей.
Сэ армырми сом уэ
Ныпхуэсшиифынущ
И цIэкIэ уи Iэблэм тес сабийм.

Хьэуэ... зэт... упIащIэу
Уемыжьэж, къэувыIэ –
Гуауэу сиIэм сыкъелын сфIэмыщI.
Си щхьэр дэбгъэуназэу
Псалъэ IэфIхэр жыIи –
Уэ насып сиIэну щIы си фIэщ.

* * *

Къалэ уэрамхэм
Куэдрэ сыщыпхуозэ,
СыпIуплъэхункIи
Си гум зысфIехуз.

Щхьэ фIыуэ слъагъум
Урещхь апхуэдизу,
Зи цIэ къудеи сымыщIэ
ЦIыхубз?

Уэ уи зекIуэкIи,
Ебдзых уи щхьэцыгъуи,
Уи плъэкIэ закъуи
СакъыдыхоскIыкI.
Къохъур си пщащэм ещхьу
ЩыщыптIагъи
Бостей дахащэ,
ИрикIуэу хэдыкI.

Мис, ноби
Гъунэгъу дыдэу уэ узблэкIри,
Къилъэту си гур
Сэ сыкъэбгъэнащ.
Щыпсэу уэ мы ди къалэм,
УдэмыкIыу,
Иуж гуфIэгъуэу
Уэрщ сэ къысхуэнар.

СыныпIущIэныр
Си псэм Iэфlу хэлъу,
Сэ пэшым сыкъыщIокI
Пщэдджыжь къэсыху.
СынодэхащIэу нэкIэ
СыпкIэлъоплъыр,
ЦIыху зэрызехьэм
УахэкIуэдэжыху.

СымыщIэ сэ
Зыхуэдэр уи хьэл-щэныр,
ИтIани гум
ХъуэхъуфIхэр къыплъегъэс.
Сыхуейщ мы щIылъэм
Насып ущиIэну,
Уи нэ дахитIым къремыкIуэ нэпс.

Слъагъу сфIэбгъэщIыжу
СщIымыгъуж си пщащэр,

Уэ гухэщI IэфIым и мафIэм согъэс.
А псом къыхэкIыуи
Пхузощ I мыух фIыщIэ,
Сэ фIыщэу слъэгъуа пщащэм
Ещхь цIыхубз.

## ГАЗЕЛЬ

Куэд щIауэ сщIымыгъуж пщащэм сыт и псэукIэ?
Си пщIыхьхэм щызгъафIэ пщащэм сыт и псэукIэ?

Iэпэгъу мы щIылъэм щищIауэ зэхъуэпсэгъар зэ
ГуфIэгъуэу ихьрэ и гъащIэр – сыт и псэукIэ?

Е, закъуэныгъэр и гъусэу, зэмыджа хьэщIэу,
Жэщ кIыхьхэм щыс, жей имыщIэу – сыт и псэукIэ?

ХигъэщIрэ и гур зыгуэрым къищIу и жагъуэ,
И нэщхъеягъуэ сымыщIэу – сыт и псэукIэ?



Уэрэд дахащэу и макъыр псэм едэхащIэрт,
И нэ фIыцIитIыр гуапащэт – сыт и псэукIэ?

Гухэлъ уэрэдхэр семышу зыхуэзгъэфащэу
Зи гумащIагъэ сыщыщIэм сыт и псэукIэ?

Бжьыхьэм уэшх-нэпсхэр щишыIэм, щыс дэнэщхъейуэ?
Гъэм я нэхъ уае зыщищIым сыт и псэукIэ?

ГухэщI мыухыр сэ тыгъэ къысхуэзыщIауэ
ЕзгъэлъэпIэкIым си гъащIэм, сыт и псэукIэ?

СигъэпIейтейуэ дапщэщи мы гъащIэм упщIэу
Сэ хузиIэнущ – си пщащэм сыт и псэукIэ?

Гугъэ IэфIыщэ зэгуэрым сэзыгъэщIауэ
Сымыпсэужми зымыщIэм сыт и псэукIэ?

## МАХУЭ ХЬЭЛЪЭ

Махуэ фэншэр
Си псэм къытохьэлъэ.

Пшэи телъкъым,
Дыгъи умылъагъу.
Тхьэмпэ гъуэжьхэр
Жьы Iубыгъуэ хуэлIэу,
Къаруушэу щIэгъуэлъхьащ
Жыг щIагъ.

Псэ хэтыжу щIылъэм
КъыпхуэщIэнкъым,
Зы удзыпи
И щIыIу щымыхъей,
ПыкIкъым уафэм и гум
Уэшх ткIуэпс закъуэ,
Бзухэр уэрэдыншэхэщ,
Нэщхъейщ.

Зеиншафэу,
КърихьэкIыу и щхьэр,
Ди хьэщхъуэжьым
ПщIантIэм къыщекIухь.
Си пэш блынхэм я щымыр
Хуэмыхьу
Закъуэныгъэр дурэшым
ДолIыхь.

Си къалэмми
Зы сатыр къыпыкIкъым,
Псалъэу щыIэм
Сэ зысфIагъэпщкIуащ.
Си стIолыщхьэу
БампIэм къызэгуичым
Телъ тхылъымпIэ хужьхэр
УшкIумпIащ.

Уэ сыпщIыгъуу
ЕсхьэкIа махуэфIхэм
Сызэхаххкъым,
Къезджэжми си дей,
ХэщIрэ нобэ уигу
Е унэщхъыфIэ,
Сытхэр и щытыкIэ
Уи дунейм?

* * *

Дэкlауэ илъэс lэджэ,
Сымыщlэххэу,
Фlыуэ слъагъу пщащэм
Сэ сыхуэзэжащ.
Зэгуэр гурыщlэ lэфlу
Зыхэсщlахэр
Аргуэру си бгъэм
Къыщыушыжащ.

Тlэу пкlэгъуэ
Дунеишхуэр схуримыкъуу,
Сэ сыкlуэрт хадэ кlуэцlкlэ
Абы деж.
Ди бжьэпэм дыкъыдэкlти,
Мазэ ныкъуэр
Гу зэщыдмыхуэу,
Уэгум икlуэдэжт.

Ди lэпэр зэрыlыгъыу
Тхьэ зэхуэтlуэрт
Зы гъащlэ гъуэгу
Дэ щыздэткlуну щlым.
Зэжетlэ щэхухэм
Шэрэдж къыщlэдэlуу,
Ди лъабжьэм щекlуэсэхт,
Зищlауэ щым.

Иджы,
lэнкуну дитщи уэрамыкум,
Кlэщl дыдэу псалъэ тlущ
Зэпыдодзыж:
– Сыт уи псэукlэ?
Иджыри къэпшакъэ?
– Хъарзынэщ псори, –
Жэуап узотыж.

Бжезмыlэ
Нобэ къэскlэ сыщхьэзакъуэу,
Сызэрытетыр гуфlэгъуэншэу щlым.

Бжезмыӏэ сэ,
Жэщ кӏыхьхэр схуэмыгъакӏуэу,
Бэлыхьу стелъхэр,
Сыкъимыщӏэу зым.

Уэращ, уэращ,
Семышу, псэкӏэ згъафӏэу,
Сэ махуэ къэсыхункӏэ
Сызэжьар,
Уэращ, уэращ,
Си щхьэцхэр дыжьыныфэу,
Нэхъ пасэу бжьыхьэм
Сыпезыгъэжьар.

Уэращ,
Уэращ иджы си пащхьэм къитри,
Гумащӏэу соплъыр
Уи щхьэц хэтхъукӏам.
Ухэтми щӏэбуфэну,
Гу лъызотэ
Гухэщӏ уи нитӏым
Зэрыщӏэгъэпщкӏуам.

Субыдри уи ӏэр,
Зэрыхъуар сымыщӏэу,
Дакъикъэ псокӏэ
Зысщыгъупщэжащ.
Ди гъатхэ жыжьэм
И жьыбгъэ гуапащэр,
Псэм къехуэбылӏэу,
Сэ къысщӏихужащ.

Щыуагъэт,
Сыту икъукӏэ щыуагъэшхуэт
Ди гъуэгу зырызу дызэрежьэжар.
Еддзат ди лъагъуныгъэм
Удынышхуэ –
Къытхуигъэгъуакъым тӏуми
Гъащӏэм ар.

Жыпӏауэ «фӏыкӏэ»,
Сӏэщӏохыж хуэм дыдэу
Хамэ хъуа ӏитӏри,
Уэ узбгъэдокӏыж...

ЩIэгущIэгъуншэр гъащIэр
Сыт апхуэдэу? –
УIэгъэ птелъмэ,
ШыгъукIэ егъэхъуж.

* * *

ФэрыщIагъыу
Зы мэскъал пхэмылъ:
Уодыхьэшх
Уи макъыр зэрылъэлъу.
Урещхьщ сабий цIыкIум,
Удз гъэгъам,
Псынэ къабзэм,
Гъатхэ уэшх хьэлэлым.

ФэрыщIагъыу
Зы мэскъал пхэмылъ:
Къэщ уи нэгум IупщIу
Уи гурылъыр,
ЩыIэщ нэпсхэр
КъыщыпфIыщIэлъэлъ,
Уигу зы мыхьэнэншэри
ПфIежалIэу.

ФэрыщIагъыу
Зы мэскъал пхэмылъ:
Ужыджэрщ,
УгъащIэщ зэрыщыту.
Удз гъэгъахэм
КъеIыпхри сэхусэплъ,
ПщIащ абыкIэ тхъуэплъ
Уи нэкIущхьитIыр.

Уи щIалагъэм
Ижь гуакIуэ къысщIеху,
КъысщищIыжу си дунейр
ЩIэщыгъуэ.
Уи гуапагъэр
Сэ си къару щэхущ –
СыщызымыгъащIэщ
ГурыфIыгъуэ.

СыщыпщIыгъум
Сохъур нэхъ цIыхуфI,
СыщыпщIыгъум
КIэншэу сэ согушхуэ.
ЦIыкIуи ини
Ящыхуау си нэфI,
СыщогуфIыкIыпэ
Дунеишхуэм.

ФэрыщIагъыу
Зы мэскъал пхэмылъ...
Егъэнэхури си псэр
Уи гухэлъым:
Сахуоусэ сабийм,
Удз гъэгъам,
Псынэ къабзэм,
Гъатхэ уэшх хьэлэлым.

* * *

Си махуэ псори
Зэщхьу сэ есхьэкIырт,
КъысфIэщIт дунейм
ГуфIэгъуэ темытыж.
Пщэдджыжь къэсыху
СфIэмыфIу сыкъэтэджырт,
Пщыхьэщхьэр хъуам,
Сешауэ сыгъуэлъыжт.

Уи теплъэ дахэр
ПсэкIэ къэзгъэщIами,
Укъэзгъуэтыным
Гугъэр хэсхыжат.
Уэра къысфIэщIу
ЦIыхубз гуэр сщIыгъуами,
КъыщIэкIри пцIылъэу,
Ари сфIежьэжат.

Сыпсэурт апхуэдэу.
Махуэм я нэхъ уэфIми
Си гущхьэм пшагъуэ телъым
Сигъэмэхт.

Си гурыфIыгъуэр жэщкIэ слъагъу
ПщIыхь IэфIхэрт –
Уи макъ гуапащэр
Ахэм щызэхэсхт.
Пщэдджыжьыр хъуамэ,
И хъым закъуэнычгъэм,
Дапщэщи хуэдэу,
Сэ сыкъихутэжт.
СфIэщIыжырт зэш мыухыр
Си ухыгъэу –
Уэрыншэу гъащIэр
Псэм фIэмыIэфIыжт.
Ауэ, сымыщIэу,
Уэ зы махуэ гуэрым
Си гъащIэ уафэм
УкъыщыхъуэпскIащ.
Къыппэплъэ защIэу езэша
Мы си гум
УкъиуцIыхужри –
Нэпс къысфIыщIэкIащ.
Къысхуэпхьщ гуфIэгъуи,
ПхузощI мыух фIыщIэ,
Уэ гъащIэм гукъыдэж
ХуэзбгъэщIыжащ...
СынызщыпIуплъэм,
УкъикIыу си гущIэм,
СфIэщIат си пащхьэм
Укъиувэжа.



## УСИЩ

*Игъуэ нэмысу дунейм ехыжа си щхьэгъусэ*
*Хьэмыкъуэ Маринэ и фэеплъу*

### 1

Дахагъэм щхьэщэ хуумыщIу
Зы махуэ умыпсэуат.
Дахагъэр уи псэ хеищэм
ДыгъэпскIэ щызэIущат.

Уихьэхуу макъамэ гуакIуэм,
Уэгу щIэншэм псэкIэ ущест.

Уи нэпсхэр къыпфIыщIэлъадэрт,
Зэхэпхмэ усыгъэ нэс.

Къурш щхьэхухэм, мэзхэм, гъэгъахэм,
Псы уэрхэм защумыгъэнщIт.
Къэхъугъэм фIыгъуэ мылъытэу
Бгъэдэлъыр пхуэмыIуэтэщIт.

Дахагъэм хуэмыгумащIэ
Плъэгъуамэ, уи гур пфIыхэщIт.
Дахагъэм мы дунеижьыр
Къригъэлыну къыпфIэщIт.

Уи нитIыр уи псэм и гъуджэт, –
ЩIэплъагъуэрт дыщэ IуэнтIа.
ЩIэ щIэткъым ахэм гурыщIэ
Телъыджэу къысхуаIуэтам...

Дахагъэр дыгъэ бзий нуркIэ
Уи гущIэм щызэIущат...
Дахагъэм щхьэщэ щыхуэсщIкIэ,
Си нэгум щIэтыр уэращ.



2

– Маринэ, пщIэжрэ, бжьыхьэку мазэт,
Дыгъэпсым тхьэмпэр хэджэгухьт?

– СощIэжыр, Толэ, ди зэхуэзэр,
А махуэм нобэми сопщIыхь.

– Маринэ, пщIэжрэ, гухэлъ усэ
Уэ япэу сыкъыщыпхуеджар?

– СощIэжыр, Толэ, фэрыщIыншэу
Уигу илъхэр къыщызэпIуэкIар.

– Маринэ, пщIэжрэ, щхьэтечауэ
Схуэхъу гъащIэ гъусэ щыбжесIар?

– СощIэжыр, Толэ, си нэкIу плъахэм
Жэуап уэ къуэзэратыжар.

– Маринэ, пщIэжрэ, а пщэдджыжьыр –
Уэ япэу ущысхуэпщэфIар?

– СощIэжыр, Толэ, къызжепIати
Гухэлъ дэщIызгъури згъэIэфIау.

– Маринэ, пщIэжрэ, гъэмахуэкIэу
Япэ сабийр къыщытхэхъуар?

– СощIэжыр, Толэ, щыпIэщIэслъхьэм
Уи нэгу насыпу ислъэгъуар.

– Маринэ, пщIэжрэ, ди къэкIуэнум
Мурад дахащэу хуэдгъэпсар?

– СощIэжыр, Толэ, нэхъ курыхыр
Сабийхэм зэралъыдгъэсар.



– Маринэ, пщIэжрэ, уи щхьэц тхъуахэр
ЗгъэфIэнщ, жьы ухъумэ, щыбжесIар?

– СощIэжыр, Толэ, фызыжь дахэ
Сыхъуну къызэрызжепIар.

– Маринэ, пщIэжрэ, «уи япэ сищмэ ...» –
ЩыжыпIэм, зэрыпхуэзмыдар?

– СощIэжыр, Толэ, си япэ уищмэ
Нэхъ къапщтэу уэ зэрыщытар.

– Маринэ, пщIэжрэ, сщIат уи жагъуэ,
Лажьэншэу сынокъуэншэкIат?

– Апхуэдэ, Толэ, къысхуэщIэжкъым
Хэтауэ гъащIэ здетхьэкIам.

– Ар дауэ? ПщIэжкъэ? Хъийм сикIат сэ, –
IэфракIэм ноби содзэкъэж.

– СощIэж ди гъащIэр зэрыщыту,
Си Толэ, ар къысхуэмыщIэж...

3

Таурыхъым ещхьт къыздэдгъэщIар:
Къэлътмакъыр си плIэм едзэкIауэ,
Уи къуакIи тафи зэпысчауэ,
Насыпырыхьу сыпIущIат.

Уэ хур хъыджэбзхэм уралейт,
ЗыбгъафIэу уитт фи жэнэт хадэм,
Зыр зым кIэлъыкIуэу пхуэстх уэрэдхэр
Незгъэхьырт бзухэм сэ уи дей.

Къызэптри пIалъэ – сыножьат...
ЩIалэгъуэ-алъпыр щIэзгъэлъэтри,
Си щIакIуэ кIапэм жьыр иупщIатэу,
Мэзылъэ гъуэгукIэ уесхьэжьат.

ДыщIэсми пщыIэ – дыкъулейт:
Дыпсэурт щымыIэу дызэхъуапсэ.
Ди пситIыр илъти дэ зы чысэ,
Уи дыщи мылъкуи дыхуэмейт.

Мывэ зырызу дэтщIеят
Ди лъагъуныгъэм и чэщанэр.
Ди хъыджэбз цIыкIухэу ди гъэфIэнхэр
А чэщанащхьэм дэтшеят.

Сытехьэрт гъуэгу, къимыщIу кIэху.
УкъыскIэлъыплът, тхьэ усхуелъэIуу.
Пшэрыхь къыщысхькIэ, си жэщ гъуэгур
Уи Iэдиихум схуигъэнэхут.

Пшэ Iувхэм кIуапIэ дыкъащIат.
Хэт ди насыпым къеуфыгъуэт?
Уи уафэхъуэпскIи уафэгъуагъуи
Ди чэщанащхьэм щыетат.

Дыхейти – хъуртэкъым ди фIэщ
Iей къытхуихьыну а уэлбанэм.
Ди лъагъуныгъэр ди чэщанэм
КъытфIэщIт хуэхъуну щыблэIуш.

Щхьэ а махуаем удэкIат
Я нэхъ лъагапIэу жьыр щызеуэм?!
Щыблэшэ жагъуэр къыщыптехуэм,
Чэщанэ блынхэр дэзджызджат.

Таурыхъым ещхьт къыздэдгъэщIар.
Зы закъуэт къызэрыщхьэщыкIыр:
Еух таурыхъыу щыIэр фIыкIэ,
Дыдейм нэхъыкIэр къыщыщIат.

Таурыхъым ещхьт къыздэдгъэщIар...



8 Заказ №2464

# ЯПЭ АДЫГЭ ТХАКIУЭ

*(Къаз-Джэрий къызэралъхурэ илъэс 215-рэ щрикъум ирихъэлIэу)*



Урыс литературэмрэ щэнхабзэмрэ ину зыщаужьа, лъэпкъ щхьэхуитщIыжакIуэ зэщIэхъееныгъэм лъэщу зыкъыщиIэт лъэхъэнэм ирохьэлIэ Кавказыр къэгъазэ имыIэжу Урысейм щыгухьар. Урыс щэнхабзэм и нэхур ятепсащ 1917 гъэм и пэкIэ тхыбзэ зимыIауэ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ цIыкIухэм. XIX лIэщIыгъуэм абыхэм къахэкIащ япэ щIэныгъэлIхэр, тхакIуэхэр, журналистхэр. Я цIэ къитIуэнщ урыс литературэмрэ щэнхабзэмрэ зи гупэр хуэзыгъэзахэу Нэгумэ Шорэ (1794 – 1844), Къуэдзокъуэ Лэкъумэн (1818 – 1883), Къаз-Джэрий (1807 – 1863), ХьэтIохъущокъуэ Къазий (1841 – 1899), Хъан-Джэрий (1808 – 1843), КIашэ Адэлджэрий (Къалэмбий, 1840 – 1872), Ахъмэтыкъуэ Къазибэч (1872 – 1902) сымэ. Ахэр псори Урысейм щеджащ. Я тхыбзэ зэрагъэпэщын зэралъэмыкIам къыхэкIыу, зэрытхэуи щытар урысыбзэщ. Пушкиным зэрыжиIащи, абыхэм урысыбзэр «Iэзэу, жьэнахуэу икIи шэрыуэу» къагъэIурыщIэрт.



А лъэхъэнэм езы урыс дыдэхэм яфIэгъэщIэгъуэн хъурт, Белинский В. Г. зэритхауэ, «адыгэр урыс тхакIуэхэм я сатырым зэрыхэувэр икIи ар пщIэ зыхуащI литератор куэдым нэхърэ нэхъ Iэзэу урысыбзэм зэрыхуэшэрыуэр».

Япэ адыгэ тхакIуэхэм, еджагъэшхуэхэм щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр кууэ яджщ, дунейпсо, урыс классикэ литературэхэр фIыуэ зрагъэащIэри, къызыхэкIа лъэпкъым и сэбэп зыхэлъ къалъыхъуащ, адыгэр Урысейм и щэнхабзэ пэрытым ешэлIа хъуным я къару ирахьэлIащ. АбыкIэ сэбэп къахуэхъуащ лIакъуэлIэш революционер Грибоедов А. С., декабристхэу Кюхельбекер В. К., Одоевский А. И., Бестужев-Марлинский А. А., Якубович А. И. сымэ, ермэлы зэкъуэшхэу Бебутовхэ, куржыхэу Чавчавадзе Ильярэ Орбелиани Григолрэ. Кавказым и цIыху пэрытхэр Урысейм и лIакъуэлIэш революционерхэм я телъхьэт. Кавказым и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ псынщIэу заужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэфIхэр яубзыхуурэ, абыхэм къагъэлъагъуэрт мамырыгъэ щыгъэIэным, урысхэмрэ бгырысхэмрэ ныбжьэгъугъэкIэ зэшэлIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Сенат утыкум къыщыхъуа зэщIэхъееныгъэм и ужькIэ декабрист куэд, я офицерыгъэр трахыурэ, Кавказым щыIэ дзэхэм къагъэкIуат. Абыхэм я гъуэгур адыгэхэм я щIыналъэм кIуэцIрыкIырт. ИкIи Бестужев-Марлинский Александр зэрыжиIауэ, «Кавказ курыкупсэм щалъагъу дахагъым и закъуэтэкъым декабристхэр дэзыхьэхыр, абыхэм «зрагъэщIэну хуейт бгырысхэм я зэхэтыкIэр, я хабзэхэмрэ я хьэлщэнхэмрэ».

Адыгэхэм я гукъэкIыжхэм фIыкIэ къахощыж урысхэмрэ бгырысхэмрэ зэпэгъунэгъу хъуныр зыфIэкъабылу щыта декабристхэр. Абыхэм яубырт пащтыхьым Кавказым щригъэкIуэкI хъунщIакIуэ зауэр, бгырыс лъэпкъхэр зыгъэулъий политикэ мыхъумыщIэр.

«Кавказыр мамыру вгъэпсэуи, дуней жэнэтыр Евфрат къыщывмылъыхъуэ... Ар мыбдежращ здэщыIэр», – жиIэрт Бестужев-Марлинскэм. Декабрист Розени и хэку щыкIуэжым итхыгъащ: «Узыншэу, Кавказ! Уэ узыгъэбжьыфIэ дахагъэм къыхрехъуэ уи деж щыпсэухэм я зэIузэпэщ гъащIэри».

Адыгэ тхакIуэшхуэ КIэрашэ Тембот «Революцэмрэ бгырысымрэ» журналым 1932 гъэм тридза тхыгъэм пэжу къыщигъэлъэгъуащ Iэмалыншагъэм ирихулIэу зы зэман лъэпкъым игъуэта дуней тетыкIэр абы и хьэл-щэну пIуатэ зэрымыхъунур, шэрджэс лъэпкъыр, и щхьэхуитыныгъэр ихъумэжурэ, зауэ Iуэхум нэхъ хуэгъэпса зэрыхъуар, и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ заригъэужьыну Iэмал зэримыIэр езым зэримызэраныр.

АтIэ, илъэс куэдкIэ Урыс-Кавказ зауэм и пэжыпIэр зэрыщIауфэным хэтащ, пащтыхь генералхэм Шэрджэсым, Дагъыстаным, Шэшэным щызэрахьэ залымыгъэр ягъэзахуэу, мысэр хей ящIу буржуазнэ тхакIуэхэм Iуэхур зэрыщымыту ятхырт, Кавказ лъэпкъхэр лъыифхэу икIи гущIэгъуншэхэу жаIэурэ Iэджэ пцIыи яIуатэрт, ублэмэ бгырысхэм гущIэгъуншагъэр я хьэлу къыщIрагъэдзыну хэтт.

Езы пащтыхьыр хэтыт абы щыгъуэ? Аратэкъэ бгырысхэм я лъыр щысхьыншэу зыгъажэр? Абы и генералхэратэкъэ цIыхухъу зыдэмысыж къуажэхэм сабийхэмрэ жьыкIэфэкIэхэмрэ щызэтезыукIэр? Бгырысхэм фIыуэ ялъагъу хуитыныгъэр. Ар яхъумэжу ирагъэкIуэкIырт бэнэныгъэ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ урысхэм пыщIэныгъэ хуаIэныр яфIэкъабылт бгырысхэм. Ауэ пащтыхьымрэ лъэпкъ псомрэ зыкъым, езы урыс лэжьакIуэбэри арат зыгъэпщылIыжыр.

Кавказми пащтыхьыр къэкIуат и пщылIхэм я бжыгъэр нэхъыбэ ищIыну. Адыгэхэм Iэщэр яIэщIэлъу зауэм IукIуадэмэ нэхъ къащтащ, пщылI хъу нэхърэ.

Марксрэ Энгельсрэ я нэIэ къытрагъэтт Кавказым зауэр зэрыщекIуэкIым икIи зэрахуэфэщэнкIэ пщIэ къыхуащIащ адыгэ лъэпкъым и щхьэхуитыныгъэр зэрихъумэжым. Маркс а зэманым мыпхуэдэу итхащ: «Шэрджэс хахуэхэм аргуэру урысхэм я деж текIуэныгъэфI зыбжанэ къыщахьащ. Лъэпкъхэ, зыщевгъасэ абыхэм я деж, щхьэхуиту къэнэжыну хуей цIыхухэм яхузэфIэкIыр зэвгъэлъагъуи».

Адыгэхэм яхэлъ лIыхъужьыгъэшхуэр дуней псом яфIэтелъыджэт. ИкIи Мэжэрым, Алыджым, Польшэм, нэгъуэщI къэралхэми къикIа революционерхэри адыгэ шэрджэс мэхъаджэхэм ядэзауэрт.

Грибоедоври, Лермонтоври, Толстой Леви Кавказым щхьэусыгъуэ зырыз яIэу къэкIуат, ауэ ахэр зэдарэгъут пащтыхьым Кавказым щызэрихьэ мыхъумыщIагъэр щысхьыншэу сэтей къыщащIкIэ. Езыхэм пщIэ хуащIырт бгырысхэм, фIыуэ ялъагъурт абыхэм я IуэрыIуатэр.

Пушкиныр тIэуней щыIащ ди хэкум. Ар адыгэхэм я гъащIэм нэ жанкIэ кIэлъыплъырт, пщIэшхуэ яхуищIырт хуитыныгъэр фIыуэ зэралъагъум щхьэкIэ, фIэгъэщIэгъуэнт яхэлъ хьэщIагъэр, нэмысыр, лIыгъэр. ПщIэнши хъуакъым Кавказым зэрыщыIар – ди щIыналъэм теухуа усэхэр, поэмэхэр итхащ.

«ЩIыпIэ узытхьэкъущ. Абы сыт хуэдиз поэзие къыщызгъуэта, сыт хуэдиз гурыфIыгъуи щызгъэунэхуа!» – жиIэу и Iыхьлы Павлищевым хуиIуэтэжат здэщыIар къызэрыщыхъуар. Урыс тхакIуэшхуэр и телъхьэт бгырысхэр фIырыфIкIэ Урысейм гуэгъэхьэным. Зэман кIыхькIэ Кавказым щыIащ Лермонтов Михаил. Абы кууэ щыгъуазэ зищIат бгырысхэм я псэкупсэ щэнхабзэм, я хьэл-щэным, я хабзэхэм, я псэукIэм, дуней тетыкIэм.

«Кавказырыс» зыфIища и очеркым, и щхьэм тритхыхьыжам, усакIуэм щыжеIэ: «ЛIыхъужьыгъэ зыхэлъ лъэпкъым и IуэрыIуатэ усэбзэкIэ тхам ар итхьэкъуат (зи гугъу ищIыр адыгэхэрщ – **Хь. М.**), бгырысхэм я хабзэхэмрэ я хьэлхэмрэ хъарзынэу къыгурыIуат, я пелуанхэр я цIэкIэ зригъэщIат, я лъэпкъ нэхъыщхьэхэр къызыхэкIахэр игу ириубыдат».

УсакIуэм и тхыгъэхэм увыпIэшхуэ щеубыд «Урысеймрэ Кавказым ис лъэпкъхэмрэ» темэм. Лъэпкъхэр пщылIыпIэм иригъэувэн, абыхэм я щIыналъи я хуитыныгъи ятрихын мурадкIэ пащтыхьым Кавказым щригъэкIуэкI зауэм ар и бийт икIи зи хуитыныгъэр зыхъумэж бгырысхэм я зэщIэхъееныгъэр диIыгът. Абыи тэмэму къыгурыIуэрт фIырыфIкIэ бгырысхэр Урысейм гуэгъэхьэным лъэныкъуитIми я сэбэп зэрыхэлъыр.

Пащтыхьым и IуэхущIафэм ер къызэрикIым, леймыгъэгъу бгырысхэм шынагъэкIэ зэрыпхудамычыхынум, щхьэхуиту къалъхуар залымыгъэм и бжьым зэрыщIэмыувэнум, адыгэм и лIыгъэр зыхуэдэм – а псоми ятеухуащ Лермонтовым и поэмэ цIэрыIуэ «Измаил-Бейр», гупсысэ лъэщыр зи къуэпсу усэбзэ къабзэкIэ зэщIэжьыуэжу тхар. Поэмэм удихьэхыу укъеджэ къудейкъым, ар а лъэхъэнэм и гъуджэщ, уиплъамэ, Кавказым щыщыIа щытыкIэр зэрыщыту къищу, зауэм и теплъэгъуэ шынагъуэхэри мамыр гъащIэри уигъэлъагъуу. Абы нэгум къыIуригъадзэхэм нэмыщIи гур егъэпIейтей. Куэди зыхыуегъащIэ, къыбгурегъаIуэ. Поэмэм укъоджэ, абы хэт лIыхъужьхэм ягу зыгъэинри, я псэм щыщIэри, я хъуэпсапIэхэри, я губжьри, адыгэхэм я хэкум хуаIэ фIылъагъуныгъэ уасэ зимыIэри кууэ уэри зыхэпщIэу, абыхэмкIэ укъызэщIэсту...

ЖыпIэ хъунущ а поэмэр пащтыхьымрэ абы и лIыукI генералхэмрэ суд пащхьэм изыгъэувэ икIи зезыгъэцIыхуж уэчылым и псалъэ гуащIэу. Ауэ а зы поэмэм и закъуэкъым Лермонтовым Кавказым тритхыхьар, бгырысхэр, псом хуэмыдэу адыгэхэр, зэригъэлъэпIар. Апхуэдэ усэхэу, поэмэхэу итхахэм – «Мцыри», «Бастунжы къуажэр», «Хьэжы-абрэдж», «Тэрч и тыгъэхэр», «Къамэ», «УсакIуэ», «Кавказ гъэр», нэгъуэщIхэми – укъызэщIаIэтэ, поэзие нэсым къуит гухэхъуэр къыплъагъэс.

Нэмыплъ зрат поручикыр «ауэ сытми теплъэгъуэ дахэхэмкIэ тхылъеджэр къыдэсхьэхынщ», жиIэу бгырысхэм ятетхыхьа къудейкъым, ахэр цIыху ахъырзэманхэу, щIыкIафIэхэу, гурыхуэхэу, нэмыс яхэлъу къигъэлъэгъуащ. Абы зэхикъутащ пащтыхьым и пыхъуэпышэхэм Кавказым ис лъэпкъхэм «сэхъуари, Iэлри» къыфIащурэ зэрагъэпцIа Iуэху еплъыкIэ нэпцIхэр, урыс цIыху къызэрыгуэкIхэм гукъэкI яригъэщIащ пащтыхьым иуба лъэпкъхэм пщIэрэ нэмысрэ яхуэфащэу, абыхэм ирагъэкIуэкI зауэри захуагъэу.

Октябрь революцэм хуитыныгъэ къахуихьыгъащ япэм дэкъузауэ псэуа лъэпкъ псоми. Зэкъуэш лъэпкъхэм я къэралыгъуэм зы щIыпIэкIэ къыгуэту адыгэ лъэпкъхэми – къэбэрдейхэм, адыгейхэм, шэрджэсхэм – заужь: щIэныгъэншагъэр гъэкIуэда хъуащ, я щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэфIхэр хуащI, я литературэращи, хамэ къэралыбзэ Iэджэ кIэ зэрадзэкIыурэ я тхылъхэр дуней псом тохьэ.

Дэ Iэмал диIэ хъуащ адыгэ тхыдэр кууэ дджыжыну икIи телъыджэу ди блэкIам къыщыдгъуэтыжхэр ди нобэм къыщыдгъэсэбэпыну, псэкупсэ къулеягъыу диIэм дяпэкIи хэдгъэхъуэну. Абы и лъэныкъуэкIи гулъытэ зыхуэфащэ Iуэхугъуэшхуэщ илъэс куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ езыхэм я лъэпкъ литературэ зэзыгъэпэщыну хэта адыгэ тхакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ я тхыгъэхэр ди нобэрей гъащIэм къыхуэгъэушыжыныр.



ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэмрэ етIощIанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэмрэ псэуа адыгэ тхакIуэхэм я тхыгъэ куэдым я мыхьэнэр иджы нэхъ лъагэ хъуащ. Ахэр удихьэхыу тхащ. А тхыгъэхэм хуэныкъуэщ ди нобэрей тхылъеджэр. Адыгэ тхыбзэ зэрыщымыIэм къыхэкIкIэ, урысыбзэкIэ тхэуэ щыта Хъан-Джэрий, КIашэ Адэлджэрий, Къаз-Джэрий, Инэт Кърым-Джэрий, Адэл-Джэрий, Ахъмэтыкъуэ Къазибэч сымэ я къалэмым къыщIэкIахэр адыгэбзэкIэ къыдэгъэкIыжын хуейщ. Ауэ а Iуэхум мащIэу йогугъу; литературэр зыджыж язынымкъуэ щIэныгъэлIхэм къалъытэ зи гугъу тщIыж тхакIуэхэм я тхыгъэхэр я тхыкIэкIэ зэхуэмыдэу, я гъэпсыкIэкIи зэмыщхьу, нэгъуэщIу жыпIэмэ ахэр, иджырей литературнэ гъэпсыкIэмкIэ къэплъытэмэ, нэмыщIысауэ. Ауэ нэмыщIыса гуэрхэр щыIэми, а лэжьыгъэхэм фIагъ яIэщ, Iэзэ дыдэу тхари мащIэкъым. Мыбдеж къыщызгъэлъэгъуэну сыхуейщ ди литературэм къежьапIэ хуэхъуауэ узэрыгушхуэ хъун тхыгъэхэр а ямыдэхэм зэрахэтыр, ахэр ди лъэпкъэгъухэм къегъэцIыхуныр зыщхьэщыпхыж мыхъун къалэну къызэрытпэщытыр.

## «ХьэжытIэгъуей ауз»

Иджы дытепсэлъыхьынщ япэ адыгэ тхакIуэ Къаз-Джэрий и къалэмым къыщIэкIа тхыгъэхэм, абы и псэукIам. Пушкиным и лъэхъэнэгъуу щыта а тхакIуэм теухуауэ иджыри къэс дызыщыгъуазэр мащIэщ.

Къаз-Джэрий и зэчийм зиужьынымкIэ сэбэпышхуэ хъуащ урыс щIэныгъэлIхэр, тхакIуэ цIэрыIуэхэр. Мыин дыдэу гъэпса тхыгъи-

тIымкIэ Къаз-Джэрий нэрылъагъу къищIащ тхэным зэрыхуэгурыхуэр, зэхэщIыкIышхуэ зэриIэр.

Адыгэ тхакIуэм къыдигъэкIа и тхыгъэ нэхъыфIщ икIи нэхъ инщ «ХьэжытIэгъуей аузыр». Ар «Современник» журналым 1836 гъэм и апрель мазэм традзащ, Гоголь и «Гущэ», «ХыхьэхэкI зиIэ цIыхум и пщэдджыжь», Пушкиным и «Арзрум къызэрыщыскIухьар», «Щауэ къуэзгъун», Жуковскэм и «Жэщ еплъыныгъэ» тхыгъэ гъуэзэджэхэм ящIыгъуу.

Урыс литературэм Кавказыр хэзыхьа урыс усакIуэшхуэ, «Современник»-м и унафэщI Пушкиныр «ХьэжытIэгъуей аузым» къыщеджэм гухэхъуэ зэригъуэтар ибзыщIакъым:

«Мыр дэ дызыпэмыплъэ Iуэхугъуэ телъыджэщ! Кавказ Iэлым и къуэр ди тхакIуэхэм къабгъуроувэ; адыгэ щIалэм урысыбзэр хуиту, щIэращIэу икIи лъэщу егъэшэрыуэ. Дэ зы псалъи щызэтхъуэкIакъым фи пащхьэ итлъхьа пычыгъуэм. ГъэщIэгъуэнкъэ: щIэныгъэм и IэфIыпIэр зыхэзыщIа Къаз-Джэрий епцIыжакъым и лъахэм щызекIуэ хабзэхэм, и лъэпкъ тхыдэм».

Белинский Виссарионы гуапэу IущIащ адыгэ тхакIуэм и къалэмым. Къаз-Джэрий и гъуэгуанэ тхыгъэр зэрыт журналыр къыдэкIа нэужь, критик цIэрыIуэм «Современник»-м теухуауэ псалъэ зыбжанэ» зыфIища тхыгъэм мыпхуэдэу щетх:

«ХьэжытIэгъуей аузыр» адыгэм (Къаз-Джэрий) зэритха къудеймкIэ гъэщIэгъуэнщ, ар ди тхакIуэ цIэрыIуэ куэдым нэхърэ нэхъ хуэшэрыуэщ урысыбзэм».

Тхыгъэр щиухым Белинскэм къыхигъэщхьэхукIащ журналым традза «тхыгъэ псори, усэхэм фIэкIа къэмынэу, фIы зэрыхъуар».

Гъуэгуанэ тхыгъэм ущеджэкIэ, занщIэу гу лъыботэ ар зытхам и къалэмыр зэрышэрыуэм, апхуэдэуи зыхыбощIэ урыс щэнхабзэр тхакIуэм и зэфIэкIым къеужьапIэ зэрыхуэхъуам. «ХьэжытIэгъуей аузым» тепщIыхьмэ, Къаз-Джэрий и адэжь хэкум фIылъагъуныгъэ хуиIэт, езыр щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цIыхут.

Тхыгъэм занщIэу щыгъуазэ дещI Iуэхур къыщыхъу лъэхъэнэми щекIуэкI щIыпIэми – «1834 гъэм июнь мазэм и 3-м, Псыжь адрыщI». Хъыбарыр къэзыIуэтэжыр, бысым нэшхуэгушхуэм и хьэщIэщыр къегъанэри, дыгъэ къухьэгъуэм ХьэжытIэгъуей аузым къыщхьэщыт Iуащхьэм хуопIащIэ. И адэжь хэкум къызэригъэзэжам абы кърет гурыфIыгъуэшхуэ, къыщохъу дуней псор езым къыхуэгуапэу. И щIыналъэм и дахагъыр щилъагъукIи, гуфIэгъуэ нэпсым еуфэ и нэр.

Хъыбарыр къэзыIуэтэжыр зэрыбгырыс нэсыр къыумыщIапIэр иIэкъым, зигъэпсэхуну къыздэкIуэжа и щIыналъэр илъагъури, хьэщыкъ хъуащ, къалэмри къищтащ. ИкIи япэ псалъэхэм къыщыщIэдзауэ зыхыуегъащIэ мы щIыпIэм ар къызэрыщыхъуар, абы и щыпэлъагъукъым Кавказ бгы уардэхэр, къуршыпс Iэлхэр, ауз дахащэхэр, ауэ абы зэрахуэзэшари, и гум къыщыуш гурыфIыгъуэхэри апхуэдэу зыхуэусынур бгырыс нэсырщ. Абы къилъагъуфхэр, гу зылъитэхэр имылъагъункIэ мэхъу нэгъуэщI щIыпIэ къыщалъхуам.

Пэжщ, тхыгъэр Къаз-Джэрий щитхар нэхъ иужьыIуэкIэщ, а и нэгу щIэкIахэм нэхъыщхьэр къыхихыжыфын хуэдэу зэман дигъэкIри, итIанэщ тхэн щыщIидзар.

Удихьэхыу, зыкъытумычыжыфу узэджэ тхыгъэр зыхуэдэр жыIэжыгъуафIэкъым, ауэ апхуэдизкIэ ар шэрыуэу гъэпсащ, зы гупсысэм хуолажьэри, зэ уеджауэ зэи пщыгъупщэжыркъым.

Сыт-тIэ ар гум къизынэр? КъызыхэкIа лъэпкъыр тхакIуэм зэригъэлъапIэр, абы и нобэмрэ и пщэдеймрэ нэхъыфI хъуным зэрыщIэхъуэпсыр аращ. Къаз-Джэрий и тхыгъэм къыщегъэлъагъуэ адыгэхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным иIэну мыхьэнэшхуэр.

Дунейм и теплъэ дахэр къыщигъэлъагъуэкIи бгырысхэм я псэукIэм щытетхыхькIи Къаз-Джэрий пэжыр и гъуазэщ, абы теплъэкъукIыркъым, дерс къызыхэхын хуейр къегъуэт, ар зэманым къигъэув къалэнми къыхуегъэлажьэ.

ТхакIуэм и тхыгъэр зытриухуэр зыщ: бгырыс лъэпкъхэм зыкъыщаIэтынур, насып щагъуэтынур щIэныгъэм и нэхур ятепса нэужьщ, щIэныгъэншагъэм и кIыфIым хэтыху, я щэнхабзэми зиужьынукъым, я псэукIэри ефIэкIуэнукъым. Къаз-Джэрий гъуэгуанэ тхыгъэм къыщыжеIэ: *«Европэм сыщамылъхуами, сэ си нэгу къыщIэзгъэхъэфащ мыбыхэм я гъащIэ дыджыр, сэшхуэдзэм дэлъ зэпыту ягъакIуэ гъащIэр... Ауэрэ сыздэгупсысэм, сигу къэкIыжащ апхуэдиз псалъэмакъ зращIэкIа, апхуэдизрэ ягъэнынщкIуа щIэныгъэ Iуэхур. ГъэщIэгъуэнщ! Куэд щIа сэ мы лъахэм жьым хуэдэу шууэ къэзжыхьу сызэритрэ, иджы сыхъэзырщ мыбы щIэныгъэр къэса зэрыхъун Iэмал минхэр зэхэслъхьэну»*.

ТхакIуэм адэкIэ къыпещэ: *«Ауэ аракъым иджыпсту къыспэщытыр – нэхъыфIыр тхъэм къытхуищIэ, зэрыхъуIамэ хъунщ – си гъусэхэр арауэ къыщIэкIынкъым иджыпсту зыщIэхъуэпсыр; етIуанэ жэщыр щыдгъэкIуэну быдапIэр щалъагъум, ахэр зэщIэкъэкъащ, сэри, гупсысэр щысщхъэщыум, си щхъэр къэсIэтри слъэгъуащ урыс быдапIэр. ИлъэсипщI ипэкIэ хэт и гугъэнт урысхэм мыбдежым быдапIэ къытращIыхьыну; си пщIыхьэпIи къыхэхуэнтэкъым зэгуэр си бийуэ щытам и деж мыпхуэдэ жэщ щисхыну»*.

Хэт ищIэн мызыгъуэгуми Къаз-Джэрий и Iуэху зыхуэдэу щытар?! Дэ дыщыгъуазэкъым и лъэпкъэгъухэм ятеуэну дзэм ар хэтами. Абы щыгъуэм, урыс офицерым хуэдэу, унафэ бзаджэр имыгъэзэщIэн лъэкIыркъым. Мыдрейуэ, а унафэхэм ебэкъуэфамэ, цIыхугъэ нэс къыкъуэкIынт, и щхьэм пщIэ хуищIыжыфу.

АдэкIэ Къаз-Джэрий и гупсысэм зрегъэубгъу: *«Бгы фIыцIэ щымхэм теплъызащ си нитIыр. Къыр дзакIэм къыкъуэплъ дыгъэ бзийм урыс сэлэтым и мыжурэр фагъуэу полыд. Дыгъэр хуэм-хуэмурэ къурш щIыбым щыужьыхыжащ, уафэ лъащIэм телъ пшэ гъуабжэхэм я нэзым плъыжьыпс мащIэ къыщIэлъэдащ, къуршыщхьэ уэсри, зыгуэрым игъэукIыта нэхъей, цIыплъ къэхъуащ»*...

«ХьэжытIэгъуей аузым» щыщ мы пычыгъуэмкIэ къыщIэгъэща мэхъу «къару здэщыIэм напэ щыIэн хуейкъым» жыхуиIэ Iуэху еплъыкIэ мыфэмыцыр. А Iуэху еплъыкIэр къэзыгъэщIа лъэхъэ-

нэри лъэхъэнэ гущIэгъуншэу зэрыщытар къегъэнаIуэ икIи цIыхугъэншагъэмрэ гущIэгъуншагъэмрэ гъащIэм и хабзэ зыщIа пащтыхьым абыкIэ нэлат ирех.

«Мамыру псэу цIыхухэр зауэм щыхэкIуадэкIэ, бгырысхэм я къуажэ зэкъуэхуахэр мафIэм щисакIэ, лъэпкъ псор хьэзабым щыхэтакIэ – а лъэпкъым и бийуэ ирагъэкIуэкIащ зауэ мыхъумыщIэ, ар ягъэзахуэу сыт хуэдэ псалъэ фэрыщI кърамыIуэкIами...» – дэ апхуэдэу къыдгуроIуэ адыгэ тхакIуэр зытепсэлъыхьыр.

Ар гупсысэ узыншэу тхыгъэм къыхощ. Пэжщ, зыгъэпIейтей Iуэхур тхакIуэм и «джатэр ихауэ» къиIуатэркъым, ауэ Урыс-Кавказ зауэм и теплъэгъуэ шынагъуэхэм мащIэу къытхутопсэлъыхьри, абы гущыкI худегъэщI. «Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ цIыкIухэр зауэм егъэунэхъу», – жеIэ Къаз-Джэрий. Ауэ абы иринэщхъейуэ и тхыгъэр «гъыбзэу» игъэшыркъым, гурыфIыгъуэнши ищIыркъым – къэхъукъащIэ, теплъэгъуэ зэмыплъыфэхэмкIэ гурыхь къытщещI.

А къэхъукъащIэхэм дыкъыхуагъэуш Къаз-Джэрий къыжиIэну зыхэтым, ар зыщIэкъум, гъащIэмрэ тхыдэмрэ къахиха дерсхэм. Гъэхуауэ щыта «псалъэмакъыр» щIэщыгъуэу икIи утемызашэу йокIуэкI.

Къаз-Джэрий фIыуэ щыгъуазэт и лъэхъэнэм щыIа тхылъеджэхэр зыхуэдэм, абыхэм яфIэкъабылри я мыхьэмышхри ищIэрт. Арагъэнщ зылъэгъуар зытхыжым хуэдэу тхэну щIыхуэмеяр. Абы и гъуэгуанэ тхыгъэм щызэкIэщIэпхъащ шэрджэс гъащIэр, адыгэ дунейр къэзыгъэлъагъуэ теплъэгъуэхэр.

ТхакIуэм зыщехъумэ илъэгъуари игъэунэхуари псалъэмакъ гъущэкIэ къетхэкIыным, къыгуроIуэ езыр Iуэхум зэреплъыр, псэкIэ зыхищIэхэр хигъэхьэкIэ и тхыкIэр нэхъыкIэ зэрымыхъунур. ИкIи щыуэркъым, ар щыхъума мэхъу псори зэсэжа тхэкIэжьым – гъуэгуанэ тхыгъэхэр нэхъыбэм зэратхыу щытам. Нэхъыщхьэращи, Къаз-Джэрий теплъэгъуэ гуэрхэр иузэщIым зыдригъэхьэхыу езым а псор къызэрыщыхъуэжар къигъэлъэгъуэну щыгъупщэркъым. А тхэкIэм тету Къаз-Джэрий еузэщI гъуэгуанэ тхыгъэм зэрызиужьын хуей щIыкIэр: зрихьэлIа цIыхухэмрэ и нэгу щIэкIахэмрэ зищIысыр къэгъэлъэгъуэн, а псор езым къызэрыщыхъужари къэIуэтэн, къэхъукъащIэхэм зэрегупсысыр хъыбарым къыхэгъэщын, а къомым зы дерсышхуэ къапкърыкIыжу тхыгъэр гъащIэм хуэгъэлэжьэн. ЖыIэни хуейщ, адыгэлIым и джатэ жану, Къаз-Джэрий и къалэмри и мурадым зэрыхунэсыр. Зэ жиIам къыщытригъэзэж, и жыIэкIэри зэшыгъуэ щыхъу хэмыту жьэнахуэщ зи макъ дедаIуэр. Ар икIи набдзэгубдзаплъэщ, зытеплъар игу ириубыдэфу. ЗэхэщIыкIи иIэщ, тхылъеджэр зыхуейр къищIэфу. Абы къызэрыгуэкI псэупIэхэр зи хэщIапIэ бгырысхэм я лъахэр урыс тхылъеджэм ирегъэлъагъуф, адыгэхэр зыхуэдэр абыхэм къарегъэщIэф икIи мыпхуэдэу мэущие: «А фызэримыгугъэм хуэдэу, псэ къабзэхэщ сэ си лъэпкъэгъухэр, цIыхугъэшхуэ зыхэлъхэщ. ЩIэныгъэкIэ дахуэвгъэупси, флъагъунщ ахэр зэрыхъу! ИтIанэ я щIыхуи къызытранэнкъым адыгэхэм, Iэджэ фIыгъуэкIи къывэтэжынщ».

ЩыцIыкIум щыгъуэ Къаз-Джэрий фIэфIт жьапщэм хэтыну. Дунейр къыщызэIыхьэкIэ къуэгъэнапIэ лъыхъуэртэкъым. Арагъэнщ абы къыщIыщыхъур:

*Мэз бгынэжахэм къуату гурыфIыгъуэ,*
*Хы Iуфэм псэм щихъэмтетыгъуэу,*
*Толъкъун къэкъуальэм плъагъуу и дахагъ,*
*Хым ныджэ бжьэпэр къэхъуми щигъагъ...*

Къаз-Джэрий бзэ зыбжанэ ищIэрт. Абы иджащ дунейпсо литературэр. Адыгэ тхакIуэм, псом хуэмыдэжу, фIыуэ илъагъурт Байрон и тхыгъэхэр. Хуитыныгъэм и бэнакIуэ лъэщыр, Белинскэм «етIощIанэ лIэщIыгъуэм и Прометей» зыфIища а усакIуэшхуэр, абы и гум къиишхыдыкI хуэдэт мы усэ сатырхэр щитхым:

*И хуитыныгъэр щихъумэжым деж фIэкIа*
*ЩымыIэ лъэпкъ лъэщым хуэфэщэну зауэ.*
*Адрей псори – цIыху щаукIщ...*



Байрон и «Стансхэм» щыщ зы сатыр, «Мэз бгынэжахэм къуатыр гурыфIыгъуэ» жыхуиIэр, хигъэхьащ Къаз-Джэрий и «ХьэжытIэгъуей аузым».

И лъэпкъым и къэкIуэнур зэрыхъунум дапхуэдизкIэ иримыгузавэми, тхакIуэм и фIэщ мэхъу ар насыпыфIэ зэрыхъужынур, мыпхуэдэуи етх:

*«Уэ уи пщыхьэщхьэ уэмхэм, уи шэджагъуэ жьауэм, уэ уи борэнхэм, уи губгъуэ щхъуантIэхэм, пшэм къыпхыплъ уэсыл къырхэм сытыр пэхъун, Кавказ! Уи нэм илъагъум уетхъэкъу. Жыжьэ ущIэкIуэн щыIэкъым – мес, зи пащхьэ сит мывэ сыныжьыр къащтэ. Гува-щIэхами, бгырысхэм къахэкIынщ абы и гукъеуэр пшыналъэ къабзэкIэ зыIуэтэфын усакIуэ. Шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым: Кавказым и дурэшхэм дэс лъэпкъхэр усэбзэ гуакIуэм и джэ макъым къыдэушынщ: мы лъахэм и уэрэдыжьхэр, ахэр зи гущIэм къиIукI джэгуакIуэ екIуэлIапIэншэхэр лъэужьыншэу кIуэдыжыныр фIэщ хъугъуейщ – гупсысэрэ къарурэ я бэщ абыхэм».*

ИпэжыпIэкIи а IуэрыIуатэм уригушхуэ хъунут: хуитыныгъэр фIыуэ зылъагъу адыгэхэм дуней псом яфIэтелъыджэу яхэлъа лIыгъэм хуэфащэт уэрэдыжь дахэхэр.

Максимов А. Н. и «Энциклопедие псалъалъэм», 1917 гъэм ипэкIэ дунейм къытехьам, къэбэрдейхэм ятеухуауэ мыр къыщыдогъуэт: «Абыхэм езыхэм я тхыбзэ яIэжкъым, ауэ я усыгъэхэр зыми емыщхьу купщIафIэщ».

Адыгэ лъэпкъым IуэрыIуатэм къыщигъэлъагъуэрт нэхъ мыхьэнэ иIэу и гъащIэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр, ар абы и тхыдэт икIи и тхыбзэт.

Ижь-ижьыж лъандэрэ хамэ къэрал къикIхэу Кавказым плъакIуэ куэд къыхуэкIуэрт щIэныгъэлIхэу, зекIуэлIхэу, тхакIуэ-усакIуэхэу. Ахэр дихьэхырт щIыпIэр зэрыдахэм, лъэпкъ куэди зэрыщыпсэум. Абы-

хэм дунейм къытрагъэхьащ бгырысхэм ятеухуа тхылъищэхэр. Пасэрей Алыджым и тхыдэтх Плиний къызэриIуэтэжамкIэ, Кавказым щыпсэухэм ирепсэлъэн папщIэ Урымым и лIыкIуэхэм къыздрашэкIырт бзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыщIэ тэрмэшу 132-рэ. Хьэрып тхыдэтх ибн-Хьэукъал Кавказым къыщибжат бзэ 360-рэ.

Зи гугъу тщIыхэм я Iуэху еплъыкIэхэр щыуагъэншэкъым, пцIыи яIэщIэкIагъэнкIи мэхъу. Ауэ Кавказ лъэпкъхэм яIа псэукIэр, зэхэтыкIэр, я щэнхабзэр зыхуэдэу щытар тхыдэм щызэфIэувэжынымкIэ абыхэм ятхахэм ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Псалъэм папщIэ, нэмыцэ еджагъэшхуэ Боденштедт Фридрих адыгэхэм ятеухуауэ мыпхуэдэу жиIащ: «НэгъуэщI гъуазджэ лIэужьыгъуэхэр Iуигъэщтами, дунейпсо цIыхубэм я зэштегъэу тхьэIухудитIыр – поэзиемрэ музыкэмрэ – хуеудыхакъым зауэм и Iэуэлъауэ шынагъуэм. Апхуэдабзэу ар пэлъэщакъым а щIыпIэ дыджым щыплъагъу дуней дахащэм. ЩIым пэгъунэгъу дэтхэнэ лъэпкъми хуэдэу, адыгэхэми поэзиер яIэщ лъэпкъым и Iущыгъэхэр щызэхуэхьэса пхъуантэ гъэтIылъыпIэу, батэр езыгъэгъэш къарум и къежьапIэу, хеймрэ мысэмрэ зэхигъэкIыу щIыгум итым я нэхъ лъэщ дыдэ хеящIэу».

Адыгэ IуэрыIуатэр зэрыкъулейм, ар зэмылIэужьыгъуэ усыгъэхэу, хъыбархэу зэрызэхэлъым теухуауэ куэд ятхащ зи гугъу тщIы еджагъэшхуэм и лъэпкъэгъухэу Юлиус фон Клапрот, Карл Фридрих Нойманн, Карл Кох сымэ, нэгъуэщIхэми. А псом я гугъу щIэтщIыжыр япэ адыгэ тхакIуэхэми ди IуэрыIуатэр «анэ быдзышэ» зэрахуэхъуар къэдгъэлъэгъуэн мурадкIэщ.

Къаз-Джэрий и гугъу пщIымэ, ари, сабийуэ къыщIидзэри, къызыхэкIа лъэпкъым и гурыгъу-гурыщIэхэм, ар зыхуэхъуапсэмрэ зыщIэбэнымрэ, абы и тхыдэмрэ и хъыбарыжьхэмрэ щыгъуазэу къэхъуащ. IуэрыIуатэм абы къыщигъуэтырт и лъахэм, дыгъэм, псэущхьэхэм, дунейм и къэхъукъащIэ куэдым зэрахущытынум и щапхъэхэр, и лъэпкъым цIыху зэрыхуэхъунум и дерсхэр. А псори Къаз-Джэрий къыщхьэпэжащ лIыпIэ иувэу тхэн щIидза нэужь. Урысыбзэри иджащ егугъуу. Бытырбыху еджакIуэ кIуа нэужьи зыщIидза Iуэхур Iэпэдэгъэлэл ищIакъым. Уегупсыс хъунущ а лъэхъэнэрауэ тхэн щыщIидзар. Ди деж къэмыса романтикэ тхыгъэ гуэрхэри и къалэмым къыщIэкIагъэнущ. Ауэ, Пушкинми хуэдэу, япэ адыгэ тхакIуэм куэд-мащIэ итхами – пэжыр и гъуазэт, гъащIэр мыгъэщIэрэщIауэ къэгъэлъэгъуэныр и нэрыгът. Апхуэдэу щыт пэтми, псалъэ гъэщIэрэщIар и жагъуэтэкъым – гупсысэ щIэгъэщхъуар кърилуэтэну нэхъ имыIэр куэдрэ къигъэсэбэпырт, зэгъэпщэныгъэхэр, зым нэхърэ адрейр нэхъ екIуу, къихьырейт. Абы и щапхъэщ мы пычыгъуэр:

*«Псы Iуфэм деж пшахъуавэ мащIэ иIэщ, мывэкIэщхъ цIыкIухэр нэм къищтэ къудейуэ къыхэцIуукIыу. Толькъун лъагэхэмкIэ Iуфэм къыIурыуэу екIуэсэх псы уэрыр мэз кIыфIым къыщIожри, зиIуантIэзишантIэу къуэ кIуэцIым зыкъомрэ щыдыма нэужь, аргуэрыжьу мэз кIыфIым хокIуэдэж, благъуэ фIыцIэжь гуэрым зыIуригъэлъэда фIэкIа умыщIэну.*

*АдрыщIкIэ нэпкъым къыщхъэщыува жыгхэм я жьауэр псы щхъэфэ лантIэм къытредзэ икIи, псэ япыт нэхъей, толъкъунхэм дещIэу псы гущIыIум телъщ. Мазэр лъапэпцIийуэ, зиудыгъуауэ щIасэм деж кIуасэ тхъэIухуду, пшэ чэсей пIащIэм пхосыкI, къыщыщIэщыжкIэ, и нурыр зэуэ къеблыжу».*

Языныкъуэ щIыпIэхэм деж Къаз-Джэрий зы зэгъэпщэныгъэр адрейм къыкIэлъихьыжурэ тхыгъэр хедыкI, тхыпхъэщIыпхъэу зэIуещэ. Абы и псалъэр дыгъэлщ, гурыхьщ, нэIурытщ. «ХьэжытIэгъуей аузымрэ» «Къэжэр гушыIэмрэ» зи Iэдакъэ къыщIэкIар сурэтыщI Iэзэм хуэдэт. Белинскэр Гоголь и повесть гуэрхэм еджэри, мыпхуэдэу итхыгъащ: «Ар тхэуэ пщIэркъым, сурэт ищIу фIэкIа, абы и псалъэр сурэт псэ зыпытым хуэдэщ, тхылъеджэм и нэм щIолыдэ, дунейм и теплъэмрэ гъащIэм и пэжымрэ нахуэу къызэригъэлъэгъуамкIэ къыигъэуIэбжьу».

Къаз-Джэрий и сурэт щIыкIэм деплъыни:

*«Сэ зыстIэщIри псым сыхыхьащ; сыхъэзырт мыбы сыкъэзыхьыжа тхьэ лъапIэм си псэр къурмэн хуэсщIыну. Мазэр уафэми псыми щесырт, ауэ сэ уафэм щес мазэр къэзгъанэри, псым зыщIэзыгъэмбырыуа мазэм сыкIэлъыIэбащ. Сэ нэхъ насыпыфIэ хэт щыIэнт иджыпсту! Сабиигъуэ IэфIыр сигу къихьэжауэ сэ псым сыщыджэгурт; зыри, зыри сщIэжыртэкъым сэ иджыпсту – гъуэгу сызытетари, Iуэху къызэрыспэщылъри, уеблэмэ дуней псом сэ зым фIэкIа темытыжу къысщыхъурт. Щреджэгу хэт хуейми тенджызыжьхэм я толькъун абрагъуэхэм, хуитщ хэт хуейми и нэр гъунэншэм теплъызэну. Сэ сызэдэIуэнур зи быдзышэ сIулъ къуршыпс Iэлым и шхыдэ макъырщ: мыращ, мы псы уэрырщ и къуэ закъуэм и фэеплъу си анэжьым къыхуэнар. Фызабэм и гугъапIэу сыкъыщыхъуащ сэ мы Iуфэм, мыбдежыращ сабиигъуэм сыщыпыкIари. Сэ си Iыхълыщ мы псы Iэлыр; мо губгъуэ нэщIым зэшу ит Iуащхъэ папцIэхэри сэращ зыпэплъэр: къыспоплъэ, къызэдэхащIэу; къыспоплъэ, я гукъеуэ къысхуаIуэтэну».*

ЖыIэгъуэ шэрыуэкъэ-тIэ ахэр?! ТхакIуэм сытым и гугъу имыщIми, а зытетхыхьыр къыщIегъэувэ нэгум – и инагъкIи, и плъыфэкIи, и щIыкIэкIи – зэрыщытыбзэм хуэдэу. Къаз-Джэрий екIуу къегъэсэбэп сурэт щIыным и хабзэхэр. ХэтIэхэсэм щезэша иныжьхэм жыгхэм я ныбжьхэр щригъэщхькIи, лъагъуныгъэм игъэпIейтеяуэ зыкъэзыIэт бгъэхэм Инжыдж псым и толькъунхэр щыхуигъадэкIи Къаз-Джэрий и бзэр тIэкIу гъэщIэрэщIэIуауэ къыпщохъу, ауэ и тхыгъэр зэрыщыту къапщтэмэ, псалъэм и зэкIэлъыхьыкIэр, и къэгъэсэбэпыкIэр Пушкиным и прозэбзэ емыгъэлеям, зэгъэзэхуам нэхъ хуокIуэ. МыркъудеймкIи ар уолъагъу:

*«Куэд щIауэ сымылъэгъуа щIыналъэм и дахагъым ситхъэкъупауэ зысплъыхьу уанэгум зыбжанэрэ сисащ: Кавказым сыкъихьэжауэ сэ армыгъуейуэт си фIэщ зэрыхъур; сэ къысфIэщIырт Бытырбыху театрым сыщIэсу оперэ телъыджэм седаIуэ, ауэ зэ нэхъ мыхъуми мы аузыр зылъэгъуар игъащIэкIэ къыпхуэгъэпцIэнкъым гъуазджэ IэрыщIым и теплъэ фагъуэмкIэ».*

Къызыщыхута щIыпIэр езым къызэрыщыхъур къызэриIуэтэнщ мыбдежым тхакIуэр зыхущIэкъуар, а зыхуеяри зригъэхъулIащ. Езым жиIэм тхылъеджэр арэзы темыхъуэми едэ абы. Ауэ шэчи къытрихьэркъым куэдым я гум зэрылъэIэсынум.

Дэтхэнэ тхакIуэ Iэзэми хуэдэу, Къаз-Джэрий и псалъэри нуру и гум къыщылыдырт. И гумрэ и псэмрэ щыщIэр е гумрэ псэмрэ зыхуэхъуапсэхэр къахэнэIукIыу и тхыгъэм теплъэгъуэхэр щеузэщI:

*«Псым сыкъыхэкIыжри, щIакIуэр зэсшэкIащ; хьэуа къабзэм тутынымэ гуащIэр хэсшэу сыздэщысым, аргуэру Iэджэ си нэгу къыщIыхъэжащ. ЦIыхум апхуэдэ дакъикъэ къыщыхуепсых къэхъуркъэ – уи псэм фIэфIри ар зыщIэкъури умыщIэжу? Тхъэм ищIэнщ а дакъикъэм си щхъэм къыдэуея псор... ЗыкъэсIэтын си жагъуэу, сешауэ, псы Iуфэм сыIуст сэ, сигурэ си щхъэрэ зэрызэбгъэжам гу лъита хуэдэ, псыри нэхъ щым хъуауэ къысфIэщIащ. Зигу зэпауда сабий нэхъей, сэ си нэпсым къызэпижыхьащ».*

ЯпэкIэ къэтхьа щапхъэхэм ящхькъым мы иужьрейр. Мыбдежым Къаз-Джэрий псалъэр нэхъ щызэрегъэзахуэ. Езым къызэрыщыхъухэмрэ къызэрыфIэщIхэмрэ IэщIыб ещI, зытепсэлъыхьыр зэрыщытым хуэдабзэу, егъэлея хэмылъу, еузэщI.

Зэрыщыту къапщтэмэ, Къаз-Джэрий и тхыгъэм удихьэхыу укъоджэ, сыту жыпIэмэ ар егъэлея хэмылъу, гурыIуэгъуафIэу тхащ – зи гугъу ищI щIыналъэри, тлъагъу хуэдэу, ди нэгу къыщIегъэхьэф. ЖыIэгъуэ зытIущкIэ IупщIу нэгум къыщIегъэувэ ХьэжытIэгъуей аузым и Iэгъуэблагъэхэр, абы къыщхьэщыт бгыжьхэр. ЕтIуанэу дунейр къызэIуехыж жыпIэнщ, ар зыуэ Iэзэу тотхыхь зыщалъхуа щIыналъэми, ар зыуэ гуапэу ятопсэлъыхь а щIыналъэм щыпсэу и лъэпкъэгъухэми. Езым ущIыгъум хуэдэу а псори уегъэлъагъу икIи зыхыуегъащIэ:

*«Гупсысэ куум сыхэтурэ зэманыфI дэкIагъэнщ; IэмалыншагъэкIэ зэгуэр пэIэщIэ сызыхуэхъуауэ щыта щIыналъэр, къызэрызгъэзэжам щыгуфIыкIыу къысщыхъури, абы и теплъэм итхъэкъуа си нэм ткIуэпс къыщIэлъэдащ.*

*Зи быдзышэ сIуль хэкужьым и куэщI сыкъихутэжащ сэ; мес, ди жьэгужь сэхыжам щиху закъуэр къепэзэзэхыу щхъэщытщ; къуейщIеиным си пкъыр щигъэундэрабжьэкIэ IэфIу сыIурихыу, жейр стеумэ, аргуэру гухэхъуэ дахэм сыкIэлъыIэбэу, сыкIэлъыIэбэ щхъэкIэ сылъэмыIэсу махуэ дапщэ щызгъэкIуа сэ мыбдеж...*

*ХьэжытIэгъуей аузыр Iэщ гуартэхэм яуфэбгъуу щIадзащ; гъуэгурыкIуэ жьырытэджхэр зэхэзекIуэу уолъагъу; ауэрэ щIалэгъуалэр, хэт шууэ, хэти лъэсу, псыхъуэм дэз мэхъу; сабийхэр, зыр зым кIэлъыпхъуэу, шыкIэ къызэдожэ. ДэнэкIэ сымыплъэми, гуфIэгъуэ макъыр зэхызох, нэхъапэми хуэдэу, псыхъуэр гугъэ дахэм къыщIотаджэ; сэ зырщ абы дэзашэр: блэкIащ сэ мыбы сыщыщытеууэ щыта махуэхэр, блэкIащ, игъащIэкIэ къамыгъэзэжыну».*

А сатырхэм къаIуатэ Къаз-Джэрий и адэжь хэкум хуиIэ фIылъагъуныгъэр, а лъагъуныгъэр и гумрэ и псэмрэ къазэрыбгъэдэкIыр. Абы къыдэкIуэу, мыбдежым нэрылъагъу къыщохъу адыгэхэмрэ урысхэмрэ яку къыдэхъукIа а лIыр игукIэ зэрызэныкъуэкъужыр, жиIэмрэ

ищIэмрэ зэрызэтемыхуэм и гупсысэри щиукъуэнш къызэрыхъур. Пащтыхьым илэжь Iуэху мыщхьэпэхэм ар гуитIщхьитIу зэрахущытри нэрылъагъущ. Езым къыхихынур, езыр здэувыну лъэныкъуэр хуэмыубзыху хуэдэщ. АтIэ ар къыхуащIыр зи унафэ урыс офицерщ, лъэпкъкIэ адыгэми. И тхыгъэри еух абы къыщиIэта гупсысэр и кIэм нимыгъэсауэ, и гъащIэм зэрыхущытри нэрылъагъу имыщIыпауэ. Ауэ шэч зыхэмылъыжыр зыщ: урыс пащтыхьми адыгэ лъэпкъми зэхуэдэу фIыуэ къахущIэкIыфынукъым – и напэм къригъэзэгъыр хъунущ и псэукIэ.

**«Къэжэр таурыхъ»**

АдэкIэ дыкъытеувыIэнщ Къаз-Джэрий и етIуанэ тхыгъэм – «Къэжэр таурыхъым». Ари, зи гугъу тщIа тхыгъэм кIэлъыкIуэу, Пушкиным и «Современник»-м и етIуанэ къыдэкIыгъуэм тридзащ, Кольцов Алексей, Языков Николай, шууей пщащэ Дуровэ Наталье сымэ я тхыгъэхэм щIыгъуу.

Хъыбарыр зытеухуар кIэщIу къэтIуэтэжынщ: къэжэр шахым, зыщIэн зымыщIэжу щыкIам, и ажэгъафэ Дэлхъин унафэ хуещI пщэдджыжьышхэм ирихьэлIэу пщIантIэдэт къомым я унэцIэхэм щIэнэкIалъэ зырыз пытхауэ къыхуихьыну.



«Ауэ къызжиIакъым жумыIэж! – къегъэшынэ ар шахым, – сигу иримыхьын емыкIу гуэр а уи ауанхэм къахэкIмэ, щысхь пхузиIэнукъым».

Дэлхъин тхьэмыщкIэр къэнэщхъеяуэ мэкIуэж унэм. ИгукIэ ар йобг пащтыхьми абы и блыгущIэт ныкъуэделэ къомми. Жэщ псом Дэлхъин жеякъым, щIэнэкIалъэ усэхэр зэхилъхьэу щысащ. «ИкIэм-икIэжым, зы гупсысэ бэлыхь абы и щхьэм къихьащ, езы шах дыдэм делэкIэ еджэну», – етх Къаз-Джэрий.

Шахыр ину къэдыхьэшхащ и ажэгъафэм къигупсыса щIэнэкIалъэр игу ирихьауэ, абы саугъэт иратынуи унафэ ищIащ. ПщIантIэдэт къомри, я зиусхьэным дэплъеяуэ, унащхьэр трач жыпIэну, зэщIэдыхьэшхэрт.

МылъкукIэ зэхуэмыдэ жылагъуэр къызэрыхъу лъандэрэ бэнэныгъэм и Iэщэ лIэужьыгъуэу къагъэсэбэп ауаныщIхэр. Дэкъуэза цIыхухэм, Дэлхъин хуэдэхэри яхэту, тепщэгъуэр зыIыгъхэм къарукIэ япэщIэувэфыртэкъыми, зэрымыарэзыр къагъэлъагъуэрт зи хьэмтетыгъуэхэм щыдыхьэшхыурэ. Дыхьэшхэну яусхэм езыхэм я щхьэр лъагэу яригъэлъагъужырт, дэтхэнэ залымым нэхъри зэрымынэхъыкIэр я фIэщ ищIыжырт.

«Дыхьэшхым ещIэ а зыщыдыхьэшхым нэхърэ езыр зэрынэхъыфIыр, – жиIэрт Луначарский Анатолий, – ар хущIокъу и ныкъуэкъуэгъум и щыщIэныгъэхэр къыщIигъэщыну, атIэ ахэр сэтей къэщIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ дунейр лъэныкъуитI зэрыгъэхъуауэ щызэхущIэуэм деж зытепIуэнтIэнум хуэIэзэ ухъунымкIэ».

АуаныщI тхыгъэхэм – шыпсэхэм, гушыIэхэм, щIэнэкIалъэхэм – дыхьэшхэнхэу къыщыгъэлъэгъуащ гъэпщылIакIуэхэр, абыхэм яхуэIуэхутхьэбзащIэ хеящIэхэр, уэчыл тхьэгъэпцIхэр, «щIэныгъэлI» пцIыIуэпцIышэхэр. Апхуэдэхэр а тхыгъэхэм къыщракъухь, щагъэпуд,

нэгъуэщIу жыпIэмэ, Дэлхъин хуэдэ цIыху къызэрыгуэкIым сыт щыгъуи ауан ещIыф шахым хуэдэ цIыху залымхэр.

Шэч хэмылъу, Къаз-Джэрий къыгурыIуэрт а гъуазджэ лIэужьыгъуэр къэрэхьэлъкъ цIыхубэм я Iэщэ мыубзэщхъуу зэрыщытыр. А Iэщэр къэбгъэсэбэп хъунут ем, блэкIам и щIэин гъуамэхэм уребэныну, хеймрэ мысэмрэ иризэхэбгъэкIыну, захуагъэр кърибзэуну. А псори къызэрыгурыIуэм къыхэкIыу адыгэ тхакIуэм къыщIигъэщын лъэкIащ гъащIэм хэлъ гуемыIухэр. Къаз-Джэрий и «Къэжэр таурыхъым» ар щыдолъагъу.

Дыхьэшхэныр зэрыIэщэ лъэщым и щапхъэхэр тхыдэми къыщыдогъуэт. Дзэм хузэфIэмыкIар ауаным щызригъэхъулIа Iэджэрэ къэхъуащ, сыту жыпIэмэ дзэм дзэ пэщIэбгъэувэ мэхъу, мыбы зыкIи зыщыпхъумэжыфынукъым.

Зызэман Наполеон и фэр ирахащ карикатурэ зыщIхэм. Амьен деж Инджылызымрэ Франджымрэ щызэраухылIа мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэм Наполеон хигъэхьат мы Iуэхугъуэри: карикатурэхэр, памфлетхэр зытх гуэрхэр тегушхуэрэ пащтыхьым и IуэхущIафэр е езы пащтыхьыр яубыну хуежьэмэ, ахэр лIыукIхэмрэ ахъшэ нэпцI зыщIхэмрэ хуагъадэу, я суд ищIэну езым къратыну.

Къаз-Джэрии, дауи, щыгъуазэт Наполеон хуэдэ къэрал унафэщI цIэрыIуэхэми апхуэдэ Iуэху къалъыкъуэкIыу зэрыщытам. Абы и дыхьэшхыр гъащIэм щекIуэкI мызахуагъэхэм ятеухуащ, аращ а Iэщэр зытришэщIам щIылъэIэсыр. Адыгэ тхакIуэм и хъыбарыр дыхьэшхэн Iуэхущ къызыхихыр. Ауэ ар дыхьэшх нэпцI мыхъуу, дыхьэгъ зыхэлъ IуэхугъуэкIи узэщIыжащ, сыту жыпIэмэ зылъэкIыр зылъэмыкIым егуэуэну хуитщ, нэхъ акъылыфIэр нэхъ акъылыншэм еубзэн хуейуэ къыщыгъэлъэгъуащ. Дэлхъин и шахыр зэрыделэр къигъэнэIуэф щхьэкIэ, абы и бжьым къыщIэкIыфыркъым, псэуху пащтыхьым и IуэхутхьэбзащIэу тетынущ дунейм. АтIэ ар захуагъэ? Апхуэдэу узрегъэупщIыж тхыгъэм.

Аракъэ тхакIуэ нэсри зыхущIэкъун хуейр – цIыхум и нэр къигъаплъэу пэжыр иригъэлъагъунракъэ? АтIэ а пэжри тегушхуэгъуафIэ уагъэщIынут пащтыхьымрэ абы и блыгущIэтхэмрэ? УтекIуэдэнкIэ хъунут а пэжым. Ар нэхъ бзыщIа, нэхъ щIэуфа хъун папщIэщ Къаз-Джэрий лъахэм иIэбыкIыу Персиер къыщIищтар, къэжэр шыпсэ дыщIригъэдаIуэр. Пащтыхьымрэ абы и пыхъуэпышэхэмрэ ятеухуащ «Къэжэр таурыхъыр». Апхуэдэу ар ятеухуащ цIыхубэр зыгъэпщылI адыгэпщхэм, абыхэм я къуэдзэхэм, уэркъхэм.

И тхыдэм ищхъэрэжь щIригъэхуу ар жыIэгъуэ дахэхэмкIэ игъэщIэрэщIэну иужь иткъым Къаз-Джэрий. Егъэлеяуэ зыри хэткъым абы. Тхылъеджэхэри зэгъэпщэныгъэхэмкIэ е цIэ жыIэгъуейхэмкIэ иригъэзэшыркъым – IэкIуэлъакIуэу къегъэсэбэп щIыпIэцIэхэр, цIыхухэм я цIэхэр.

«АкъылыфIэу гупсысэм гурыIуэгъуэуи къеIуэтэж», – жиIэгъащ философ цIэрыIуэ Шопенгауэр Артур. Абы зи гугъу ищIыр Къаз-Джэрий хуэпхь хъунущ. ТхакIуэм и гупсысэр гурыIуэгъуафIэщ. АтIэ

тхыгъэм и тхыкIэ хъуамрэ и гупсысэр зэрыузэщIамрэ зэтлъытыжа нэужькIэщ дэ щыгъуазэ дыщыхъур дызэджэр фIы дыдэ хъуами, зыгуэрым къытращIыкIыжа мыхьэнэншэми.

Езыр зыхэт гъащIэм и пэжыр къиIуэтэн папщIэ, Къаз-Джэрий и тхыбзэри пэжым хуэузэщIащ. «Къэжэр таурыхъым» мыIупщIрэ щIагъыбзэу зыри хэткъым. ТхакIуэм дигъэлъагъуну зыхуейр, языныкъуэхэм деж, псалъэ шэрыуэ зыбжанэкIэ нэрылъагъу тщещI, языныкъуэхэм дежи, зэрелIалIэшхуэ щымыIэу, куууэ зыхыдегъащIэ езыр зыгъэпIейтейр. Абы и дэтхэнэ лIыхъужьми езым и шыфэлIыфэ, и хьэл-щэн, и дуней тетыкIэ иIэжщ. ЗэпIэзэрыту, зэзэмызи къызэрыкIрэ зыгуэрхэм хуэшхыдэу, ар ятопсэлъыхь и тхыгъэм зи гугъу щищIхэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, псалъэ хъуэнрэ псалъэ хъуэррэ и мащIэу, Iейм и къуэпс кIуапIэхэр къыщIегъэщ. «Iейр Iейщ икIи абы ебэнын хуейщ, – урегъэгупсыс Къаз-Джэрий, – абы сыт хуэдэ хэку и хэщIапIэми».

### ЩхьитI зыфIэтым хуэдэт ар

Къаз-Джэрий и гъащIэр къызэрекIуэкIам иджыри мыгурыIуэгъуэхэр хэлъщ. Къаз-Джэрий теухуауэ Мэзкуу и архивхэмрэ къэрал библиотекэхэмрэ къыщыдгъуэтар мащIэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, а лIы Iущыр 1807 гъэм Псыжь адрыщI къызэрыщалъхуам (къыщалъхуа къуажэр иджыри тщIэркъым), хъымыщ адыгэ лъэпкъым зэрыщыщым дыщыгъуазэщ. Абы пасэу фIэкIуэдащ и адэр. «Анэ гу щабэм срибын закъуэт, – етхыж езым. – Фызабэ тхьэмыщкIэм сригугъапIэт икIи сабиигъуэ IэфIыгъэм сыкъыпыкIащ сэ пасэу».

Профессор Къумыкъу Тыгъуэн къызэригъэлъэгъуамкIэ, Шэрджэсым щылажьэ хамэ къэрал бзэгузехьэхэм ебэнын зэрыхуейр Хъан-Джэрий, нэгъуэщIхэми къыдаIыгъауэ щытащ, псалъэм папщIэ, «Беслъэнейм щыпсэууэ щыта абы и къуэш Къаз-Джэрий, полковник Азэмэт-Джэрий, подполковник Мэгурыкъуэ, беслъэнеипщ Пщыкъуий сымэ». Хамэ къэрал бзэгузехьэхэм ебэныным а гупыр и телъхьэу зэрыщытам дэ шэч къытетхьэркъым, ауэ шэч къытыдохьэ Хъан-Джэрийрэ Къаз-Джэрийрэ зэкъуэшу зэрыщытам. Профессор Къумыкъу Тыгъуэн и тхыгъэм къыщигъэлъагъуэркъым а тIур зэрызэкъуэшыр къызэрищIа щIыкIэр. АтIэ Къаз-Джэрий езым итхыжауэ щыIэщ «анэ гу щабэм срибын закъуэт» жери. А щIэныгъэлIхэр зэунэкъуэщу щытагъэнщ, ауэ зэкъуэш дыдэу къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэ къытхуэгъуэтакъым иджыри къэс.

ТхакIуэ Теунэ Хьэчими «Къэбэрдейм и тхакIуэхэмрэ и литературэмрэ» и къэхутэныгъэм Къаз-Джэрий къыщалъхуамрэ щылIэжамрэ мытэмэму къыщегъэлъагъуэ (1801 – 1843). А тхылъ дыдэм и етIуанэ къыдэкIыгъуэм зи гугъу ищIыр, и гъащIэм илъэс зыкъом хупещэри, щыпсэуар 1801 – 1870 гъэхэрауэ къыщыджеIэ. Еджагъэшхуэ Корзун Борисрэ профессор Гарданов Батразрэ Къаз-Джэрий къигъэщIа ныбжьыр яхуэубзыхуакъым.

Къаз-Джэрий тетхыхьа нэгъуэщI гуэрхэри щыIэнкIэ мэхъу. КIурашын БетIал осетин усакIуэшхуэ Хетагуров Коста триухуа тхыгъэм

мыпхуэдэу щыжеIэ: «Ставрополь дэта цIыхухъу классикэ гимназиер, Хетагуров Коста зыщеджар, къаухащ адыгэ тхакIуэ-щIэныгъэлIхэу Къаз-Джэрий, Адыл-Джэрий, КIашэ Адэлджэрий»...

Къаз-Джэрий Ставрополь дэта гимназием щеджакъым, щеджэнкIи Iэмал иIакъым. Гимназиер 1837 гъэм къызэIуахащ. Абы щыгъуэ Къаз-Джэрий Бытырбыху дэст. Ставрополь дэта гимназиер Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу щытащ, «Кавказым щыщ», цIэри зэрихьэрт. ИужькIэ ар зэрахъуэкIыжащ цIыхухъу классикэ гимназиеу. Абы щрагъаджэрт лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкI щIалэхэр – адыгэхэр, осетинхэр, шэшэнхэр, дагъыстэнхэр, н.

Зэрынэрылъагъущи, Къаз-Джэрийрэ а гимназиемрэ я Iуэху зэхэлъкъым. Япэ адыгэ тхакIуэм и сабиигъуэм теухуауэ дызыщыгъуазэр мащIэ дыдэщ. И щIалэгъуэм ар Хъан-Джэрий щIыгъуу Тифлис щыIащ. Кавказым и тет Ермолов Алексей ныбжьыщIэ Iущым гу къылъитащ. Къаз-Джэрий яхэтащ ирагъэджэну япэ дыдэу Урысейм ягъэкIуа адыгэ щIалэхэм. 1826 гъэм къызэрыгуэкI сэлэту къулыкъум щыщIидзащ ебланэ фочауэ полкым, иужькIэ «лейб-гренадер ЭриванскэкIэ» зэджэжу щытам. Куэд мыщIэу ар урыс-къэжэр зауэм макIуэ. Урысыдзэр ебгъэрыкIуэрт. Шамхор, Елизаветполь, Аббас-Абад, Эриван, Сардар-Абад къалэхэр бийм къытрихыжри, генерал Паскевич зи дзэпщ урысыдзэр 1827 гъэм Тавриз (Тебриз) дыхьащ. Къаз-Джэрий хэтащ зэхэуэ псоми. ЛIыгъэ зэрызэрихьам къыпэкIуэу къратащ медаль. 1830 гъэм юнкер мэхъури, Бытырбыху щыIэ Кавказ-бгырыс эскадрон някъуэм хагъэхьэ. Ар пащтыхьыр зыхъумэ гупу 1828 гъэм къызэрагъэпэщат, хэтхэри бгырыс лIакъуэлIэшхэм къахэкIат. Эскадрон някъуэр егъэбыдылIат «Пащтыхьым и фэтэр нэхъыщхьэкIэ» зэджэжым, нэгъуэщIу жыпIэмэ езы пащтыхь дыдэм и штабым, зи унафэ щIэтри граф Бенкендорфт. Бгырыс шууейхэм, адыгэ фащэ щIыкIэу щIауэ, щыгъын дахэ ящыгът. Офицер фэилъхьэгъуэм хыхьэрт къэптал фIыцIэ къызыдэщ адыгэ цей щхъуантIэр, бащлъыкъ гъуафэр, мэлыфэ фIыцIэм къыхэщIыкIа пыIэ, и натIэ къекIуэкIым дыжьын уагъэ къедэкIауэ, гъуэншэдж быхъу, дыжьыныфэ куситI ибгъухэмкIэ зэдехыу. Урысейм къакIуэ хьэщIэ лъапIэхэми пащтыхьыр яхуэупсэрт а фащэмкIэ.

Къаз-Джэрий дзэ къулыкъум зэманышхуэ фIихьырт, итIани, жэщмахуэ имыIэу, абы иджырт урысыбзэмрэ литературэмрэ, тхэн Iуэхуми ерыщу пылът.

Кавказ-бгырыс эскадрон някъуэм абы илъэс пщыкIузкIэ къулыкъу щищIащ. А шуует гупым абы и закъуэтэкъым тхэн Iуэхум зезытауэ адыгэу хэтар. Къаз-Джэрий щIыгъуу Бытырбыху а лъэхъэнэм щыIащ Къэбэрдейм щыщ еджагъэшхуэ Нэгумэ Шорэ, тхакIуэ-этнограф Кърым-Джэрий, зэкъуэшхэу Хъан-Джэрийрэ Адыл-Джэрийрэ. Абыхэми я лъэпкъым къыхуэщхьэпэнкIэ хъуну Iуэхугъуэхэр зэрагъэзахуэрт, я къалэмыпэхэр ягъэжант. «Къулыкъу сщIэну Бытырбыху сыкъэкIуа нэужь, – итхыжащ Нэгумэ Шорэ, – адыгэ грамматикэ стхыну сщIа мурадыр нэхъри къыспкърыхьати, къулыкъум сыкъыщыдэхуэ сыхьэтхэр къэзгъэсэбэпурэ, щIэздзащ урысыбзэмрэ абы и грамматикэмрэ джын».

Нэхъ щIэхыу а Iуэхум иужь ихьэныр къызыхэкIа нэгъуэщI зы щхьэусыгъуи щыIэщ. Нэгумэмрэ Къаз-Джэрийрэ Бытырбыху къэкIуэным ипэ къихуэу эскадрон ныкъуэм хэт адыгэхэм урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ ирагъэджу щIадзат. Петин Сергей зэритхыжамкIэ, а Iуэхур мыпхуэдэу яублат:

«Языныкъуэ офицерхэмрэ Iэщэзехьэхэмрэ урысыбзэр яджыну зэрыхуейр щыжаIэм... занщIэу университетым а Iуэхум хухихащ кандидат Грацилевский Иван. Ар къэжэрыбзэкIэ фIыуэ псэлъэфырт, хьэрыпыбзэр зэрызэхэлъми щыгъуазэт. А егъэджакIуэм урыс-адыгэ алыфбей зэхилъхьащ. ИужькIэ абыкIэ и гъэсэнхэр зэхуэтхэу щытащ. Еджэн щIадзащ 1829 гъэм сентябрым и 1-м».

Грацилевскэм зэхилъхьа алыфбейм тету адыгэбзэр джын зэрыщIадзам мыхьэнэшхуэ иIэт. Шэч хэлъкъым абы алыфбейр щызэхилъхьэм адыгэ гуэр зэрыдэIэпыкъуам, ауэ дэIэпыкъуар хэтми тщIэркъым.

Урысейм и цIыху нэхъыфIхэм я гупсысэ щIэщыгъуэхэм щыгъуазэ зыщыпщIыну Бытырбыху нэхъ щIыпIэфI а лъэхъэнэм щыIакъым. И лъэпкъэгъу адрей щIэныгъэлIхэми хуэдэу, Къаз-Джэрий нэхъыбэ къызэрищIэным хущIэкъурт, щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыгъуазэ зищIырт. Псом хуэмыдэжу ар егугъуащ Урысейм щекIуэкI гъащIэр, езыр щыпсэу лъэхъэнэм къыщыхъухэр кууэ зригъэщIэным. Апхуэдэ дыдэу ар хущIэкъурт къызыхэкIа и лъэпкъым и тхыдэр зэрызригъэщIэным, Урыс-Кавказ зауэм къежьапIэ хуэхъуар къызэрихутэным.



1830 гъэм бгырыс шууейхэм я еджэныр зэпамыгъэууэ хъуакъым. Хъан-Джэрий я шу пашэу эскадрон ныкъуэр Польшэм ягъакIуэ, абы къыщаIэта зэщIэхъееныгъэр зэхэзыкъута дзэхэм яхэту. Зы мазэ нэхъ дэмыкIыу бгырыс шууейхэр Вильнэ дыхьащ. Остроленкэ, Верпен, Райгород, апхуэдэу Панар лъагапIэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм Къаз-Джэрий лIыхъужьыгъэ нэс къыщигъэлъэгъуащ. Абы сыт щыгъуи щIыгъуащ Iэщэзехьэ Нэгумэ Шорэ. Нэгумэм зэрихьа лIыгъэм папщIэ кърат орден. 1831 гъэм июнь мазэм и 16-м Ковнэ пэгъунэгъуу зэхаубла зэхэуэшхуэм Къаз-Джэрий уIэгъэ щохъу, мышынэжу зэрызауэр къалъытэри, кърат «Зэрихьа лIыгъэм папщIэ» жиIэу зытетха дыщэ медалыр. Абы и ныбжьэгъуфI икIи и Iыхьлы Хъан-Джэрийри Iыхьэншэ хъуакъым, Iэзэу унафэ зэрищIамрэ езым лIыгъэ щапхъэ игъэлъагъуэу и шууейхэм япэ зэритамрэ къалъытэри, штаб-ротмистр ящI. Бгырыс шууейхэр Ригэ, Минск къалэхэр къызэпаупщIри, 1832 гъэм Бытырбыху къосыж.

1832 – 1835 гъэхэм ящыщ зым тохуэ Къаз-Джэрий тхакIуэ Муравьёв Андрей нэIуасэ щыхуэхъуар. А тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм, гъуэгуанэ тхыгъэхэм куэд къыщыбгъуэтынущ Кавказымрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ я тхыдэр джыным теухуауэ. 30-нэ гъэхэм Муравьёв тхакIуэ Iэзэу и цIэр IуакIэт. Пушкини щытхъуауэ щытащ абы «1830 гъэм бегъымбар щIыналъэхэм къызэрыщыскIухьар» зыфIища и тхылъ томитI хъум. А тхылъыр абы лъэмыж хуэхъуащ Синодым и прокурор къулыкъур иубыдынымкIэ, иужькIэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и лъэр нихьэсынымкIэ. 1836 гъэм зи ныбжьыр илъэс 30 ирикъуа Муравьёв

9 Заказ №2464

камергер хъуакIэт. Пушкинрэ Муравьёврэ фIыуэ зэрыцIыхурт. «Арзрум къызэрыщыскIухьар» тхыгъэм Пушкиным абы и цIэ къыщреIуэ: «Тырку зауэм хэта усакIуэхэм ящыщу сэ сцIыхуу щытар А. С. Хомяковрэ (зи гугъу ищIыр япэу Урысейм университет къыщызыуха Къуэдзокъуэ Лэкъумэн илъэс куэдкIэ зи деж щыпсэуа икIи щеджа Хомяковырщ) А. Н. Муравьёврэщ. ТIури хэтащ граф Дибич и дзэм. А лъэхъэнэм зым итхащ псэм и щIасэ усэ зыбжанэ, адрейр елэжьырт иджы апхуэдизу псоми ягу ирихь и тхыгъэм – бегъымбар щIыналъэм къызэрыщикIухьам теухуам».

Зызэман Пушкинымрэ Муравьёвымрэ зэщIыгъуу еблагъэу щытащ гуащэ Волконскэ Зинаидэ и литературэ хьэщIэщым. Абы екIуалIэрт Мицкевич Iэдэми, нэгъуэщI тхакIуэ цIэрыIуэхэри.

Муравьеви усэкIэ тхэуэ къыщIидзат. Зэгуэрым Волконскэхэ ар къызыщеджауэ щыта и усыгъэм ауан дыджкIэ жэуап иритыжыгъащ Пушкиным.

Хэт ищIэн, абы дерс къыхихагъэнт Муравьёв, афIэкIа усэ итхыжакъым, ауэ пщIэ зыхуащI тхакIуэ хъуащ. Пушкиныр щIакIуэ кIапэм щаукIыху, абы и ныбжьэгъуфIу щытащ. ИкIи Муравьёву хуэбгъэфащэ хъунущ Къаз-Джэрий урыс усакIуэшхуэм къезыгъэцIыхуар. Пушкинми хуэфащэ гулъытэ хуищIащ бгырыс щIалэ гурыхуэм. Арыншауи дауэ хъунт?! Езы усакIуэшхуэми Урысейр Кавказым пыщIа хъунымкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэу къилъытэрт урыс щэнхабзэм бгырысхэр къешэлIэн зэрыхуейр. Ауэ Пушкиным къыгурыIуэрт а Iуэхур зэрыхэплъэгъуэр.

«Адыгэхэм дыкъалъагъу хъуркъым», – щетх абы «Арзрум къызэрыщыскIухьам». Апхуэдэу щIыщытыр зыгъэзахуэ щхьэусыгъуэри асыхьэту къехь: «Дэ ахэр тетхуащ я хъупIэ хуитхэм; я къуажэхэр зэхэтфыщIащ, языныкъуэ лъэпкъхэр къанэ щымыIэу зэтедукIащ».

Мыбдежым тхыгъэм, ар хъыбар гукъеяуэншэм хуэдэу укъуэдиями, шэч хэмылъу, а лъэпкъхэр егъэкъуаншэ. Пушкиным къелъытэ бгырыс жыIэмыдаIуэхэм я «гужьгъэжьыр» гъэкIуэдауэ урыс лъэпкъышхуэм и жьауэм щIэгъэувэным, тырку султIаным ахэр къыбгъэдэшауэ, щIэныгъэм и гъуэгур яхузэIухыным Урысейм и къэрал щIыб IуэхумкIэ иIэ мыхьэнэшхуэм и мызакъуэу, езы адыгэхэми абы я сэбэпышхуэ къыхэкIыну.

Зэрынэрылъагъущи, декабристхэми хуэдэу, Пушкинри «сэхъуахэр гъэIурыщIэным» и телъхьэщ. ДапхуэдизкIэ езыр пащтыхьым еныкъуэкъуу щымытами, адыгэхэм лей къазэрылъысыр гукъеяуэшхуэ щыхъуу щытакъым Пушкиным. Дауи, абыи игъэгъуащэртэкъым тепщэгъуэ лъэщ зиIэ унагъуэм къызэрыхэкIар. Сыт щхьэкIи абы игу щIэузынт и лъэпкъэгъухэр джатэ къихакIэ зэзауэ адыгэ ябгэхэм? Апхуэдэу щымытамэ, «ябгэ», «сэхъуа», «хьэл мыхъумыщIэхэр зыхэлъ» псалъэ жагъуэхэмкIэ ещынтэкъым нэгъуэщI лъэпкъым, ар зэрымащIэм нэхъ къуаншагъэ зыбгъэдэмылъ лъэпкъым. АтIэ и гъуэгуанэ тхыгъэхэми ар фирхьэуным хуэдэущ, нэ гущIэгъуншэкIэщ абыхэм зэреплъыр. Мыпхуэдэуи итхащ абы: «Ахэр ягъэсабырыну сыт ящIами псыхэкIуадэ хъурт. Ауэ лей ира-

хыу щыщIадзам, ар нэхъ яхэзэгъащ». Пэжщ, а псалъэ гущIэгъуншэхэр иужькIэ щIетхъэж, къыгурыIуэжагъэнт гущIэгъуншагъэм бгырысхэми ар дыдэр къызэрыпагъэкIуэжыр. УсакIуэшхуэр абдежым и бзэгум едзэкъэжын хуеят, сыту жыпIэмэ чыристан диным кърагъэхьэну хэт лъэпкъхэр къэкIуауэ Урысейм езауэртэкъым, Урысейрат кIуауэ ахэр лъэгущIэтын зыщIыр.

Пушкиным апхуэдэу фIэкъабылт бгырысхэм Евангелиер егъэджыныр, зызэман ахэр зэрыта чыристан диныр къегъэщтэжыныр. Ныкъуэтхыу къэна «Тазит» поэмэри зытегъэпсыхьар а гупсысэрат.

«Арзрум къызэрыщыскIухьам» адыгэ хабзэхэм, адыгэхэр зыхуитхэмрэ зыхуимытхэмрэ щытепсэлъыхьурэ, абы мыпхуэдэу щетх: «Адыгэхэм муслъымэн диныр къызэращтэрэ куэдыщэ щIакъым. Ахэр итхьэкъуат КъурIэным, бегъымбархэм яхэлъа лъагъумыхъуныгъэ лъэщым... Кавказыр поплъэ чыристан миссионерхэм».

Ауэ а зи гугъу ищIыр а лъэхъэнэм пхуэмыгъэзэщIэн Iуэху нэпцIт. Езы Пушкини игъуэтакъым чыристан диныр лъэпкъхэм яхипщэу къэзыкIухьын, апхуэдэу къыщакIухьу щыта зэманыр щыIэжтэкъым. Аращ и «Тазит» поэмэм хэт «миссионерыр» зыкъомкIэ IэрыщIIурыщIу щIыщытыр. «Езы Тазит миссионер щIыжамэ дауэ хъунут?» – жиIэу Пушкиным гукъэкI ищIамэ-щэ? ИтIанэ абы, шэч хэмылъу, игу къэкIыжынт Нэгумэ Шори Къаз-Джэрии, урысыдзэм къулыкъу щызыщIэ, щIэныгъэ зиIэ а адыгэхэр, езыхэм ящIыгъуу зи лъэпкъэгъухэм ятеуэу щытахэр...

1832 гъэм Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэр щIагъэтIысхьат статскэ чэнджэщэгъу Львов и унэм. Бгырысхэр абы щебгъэджэну ар куэдкIэ нэхъ зэIузэпэщт, Семеновскэ полкым и казармэхэм нэхърэ. Iэщэзехьэхэмрэ юнкерхэмрэ цIыху тIурытI-щырыщурэ щIэгуэшат пэшхэм. Дэтхэнэми иIэжт и гъуэлъыпIэ, пхъэхуейм екIурэ ещхьу къыхащIыкIауэ шэнтитI, жэщ-махуэм хуэзэу зы кIэртIоф уэздыгъэи иратырт. Жандармхэм я Iэтащхьэ Бенкендорф къилъытэрт: «Быдэу зэракIэлъыплъам икIи зэракIэлъыплъым къызэригъэлъэгъуамкIэ, бгырыс щIэныгъэншэ къэгубжьыгъуафIэхэм нэхъ яхэзэгъэнут я псэупIэр (эскадрон ныкъуэр зыщIэс унэр) мин зыбжанэ тегъэкIуэдауэ зэгъэпэщыныр, езыхэм я хабзэмрэ нэхъ къызэращтэмрэ елъытауэ абы щыпсэун папщIэ».

Къаз-Джэрий нэхъ и фIэщу тхэуэ щIидзащ корнет (офицер цIэр фIэщын къызэрыщIадзар абыкIэт) ящIа нэужь. Офицерыр хуит ящIырт фэтэр къищтэну. Къаз-Джэрий Бытырбыху и щIыпIэ нэхъ щэхухэм ящыщ Ротэ хьэблэр хэщIапIэ ещI. Лэжьэну закъуэмэ, зыри зэран къыщыхуэхъунутэкъым. АтIэ езыми гукъыдэжышхуэ иIэт тхэну, и къарур игъэунэхужыну. Абы щыгъуэщ офицер щIалэм къалэмыр къызэрыхуэжыIэщIэр къыщипщытар, тхэфынрэ мытхэфынрэ щызэхигъэкIар. Тхэф хуэдэт...

1834 гъэм и гъэмахуэу Къаз-Джэрий Кавказым кIуэжащ. Сыт хуэдэ Iуэхут абы иIэр? Бгырыс яхуэмысабырхэр къигъэдэIуэн мурадкIэ ежьат хьэмэрэ и лъэпкъэгъухэм ятеуэну дзэм яхэту зыщалъхуа лъахэм

къыщыхутэжат? И зыгъэпсэхугъуэр я деж щигъэкIуэну кIуэжами хэт ищIэн? Дэ абы дыщыгъуазэкъым. Апхуэдэу дэ дыщыгъуазэкъым адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжынымкIэ Къаз-Джэрий сыт хуэдэ лэжыгъэ иригъэкIуэкIами. Ауэ дэ шэч къытетхьэркъым абыкIэ и щIыхуэ къызэрытемынам. Кавказым ар къикIыжат и псэкIэ нэхъ жумарт, игукIэ нэхъ къулей хъуауэ, гухэхъуэ ин игъуэтарэ тхэным хуэпабгъэу. ИкIи и гурыфIыгъуэхэр имыухыж щIыкIэ елэжьын щIедзэ и гъуэгуанэ тхыгъэм – «ХьэжытIэгъуей аузым». Абы зделэжьым ар щIэх-щIэхыурэ хуэзэт Муравьёв Андрей, икIи ар щIигъэдэIурт и нэгу щIэкIахэм, и лъэпкъэгъухэм я Iуэху зыIутым, Урысеймрэ адыгэхэмрэ фIыкIэ зэдэгъэлэжьэным зэрегупсысым. Муравьёв лIы Iущым къыгурыIуэрт Къаз-Джэрий зыхущIэкъур, къыгурыIуэрт щIэныгъэ IуэхукIэ урыс пащтыхьыр щIэгъэкъуэн зэрымыхъунур. Абы Iэхъулъэхъут Кавказым хуихьыр. А псори, и щхьэр течауэ, и ныбжьэгъу бгырысым хужемыIэми, и жагъуэ зэримыщIыным елIалIэу, щабэу ириIуэтылIэрт Къаз-Джэрий зи ужь ит Iуэхур занщIэу зэрызэфIэмыкIынур. Ауэ а адыгэм итхам щеджам, Муравьёв ибзыщIакъым «ХьэжытIэгъуей аузыр» игу зэрырихьар. Шэч хэмылъуи, арат Къаз-Джэрий и тхыгъэр Пушкиным и «Современник»-м езыгъэхьар. Пушкинри гуапэу къыIущIащ и цIыхугъэ адыгэм, тхыгъэр Iихри къигъэгугъащ хущIыхьэгъуэ зэрихуэу еджэну, еджэрэ игу ирихьмэ, гъуэгуанэ тхыгъэм (повестым) щыщ зы пычыгъуи хутридзэну.



Урыс тхакIуэшхуэм игъэпэжащ и псалъэр: тхыгъэр, зыри зэримыхъуэкIыу, тридзащ и журналым.

Кавказыр фIыуэ зылъагъу урысхэр гуапэу IущIащ журналым адыгэ тхакIуэм и тхыгъэ зэрытрадзам, ауэ ар шэуэ къызытехуахэри щыIэт. Жандармхэм я Iэтащхьэ граф Бенкендорф къигъэIэлат «ХьэжытIэгъуей аузыр» езыр къемыджауэ дунейм къызэрытехьам. Кавказыр пщылIыпIэм игъэувэным, щыпсэухэр урыс щIыным нэхъуеиншэу щIэбэн а лIы бзаджэм занщIэу и нэм бжэгъуу къыщIэуащ хуитыныгъэ Iуэхур къызыхэщ гъуэгуанэ тхыгъэр, ари зытхар адыгэу. Журналыр къыдэкIри, махуиплI дэкIауэ, 1836 гъэм апрелым и 15-м, абы кIэзонэ письмо хуетх «Современник»-р къыдэзыгъэкIым икIи абы и редакторым:

«Зи пщIэр лъагэ Александр Сергеевич! Уэ къыдэбгъэкI «Современник» журналым и япэ томым итщ лейб-гвардие Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм и корнет Къаз-Джэрий зэхилъхьа «ХьэжытIэгъуей ауз» тхыгъэр. Зи щIыхьыр ин пащтыхьым мыхьэнэшхуэ зиIэ и унафэм, 1834 гъэм къищтам, къегъэув Департаментхэм я Директорхэм, Штаб УнафэщIхэм, Интендант-генералхэм япэщIыкIэ хуит зыкърамыгъэщIауэ къулыкъущIэ дзэзешэхэми, къэралым хуэлажьэхэми литературэ тхыгъэхэр – езыхэм ятхами зэрадзэкIами, ахэр сыт хуэдэ лIэужьыгъуэуи щрет – печатым ират мыхъуну.

Корнет Къаз-Джэрий и тхыгъэ зи гугъу тщIыр нэхъ пасэу къызахьэлIакъым срагъэплъыну, ар си штаб унафэщIми ирагъэлъэгъуакъым»...

Абы къыхэкIыу Пушкиным хуагъэувырт дяпэкIэ апхуэдэ тхыгъэхэр тридзэн ипэ къихуэу Бенкендорф е абы и штаб унафэщIым иригъэлъагъуу хуит зыкърригъэщIын хуейуэ. Шэч лъэпкъ хэмылъу, а унафэр Къаз-Джэрий къыIэрыхьат эскадрон някъуэм и дзэпщым е езы Пушкин дыдэм къыбгъэдэкIыу. Пушкини Къаз-Джэрий зэуэ апхуэдэ письмо къаIэрыхьагъэнкIи мэхъу. А псори зэпыдолъытри, Къаз-Джэрий Муравьёв хуигъэхьа письмор щитхар 1836 гъэм апрель мазэм и кIэхэрауэ тыдогъахуэ. Мыращ письмом итар:

«ПщIэшхуэ зыхуэсщI Андрей Николаевич! Сэ си гугъащ нобэ уи деж сынэкIуэну, ауэ си узыншагъэм и зэранкIэ а гурыфIыгъуэм сыхон.

Дыгъуасэ, фи деж сыкъикIыжа нэужь, сэ щыгъуазэ сыхъуащ пщым (зи гугъу ищIыр Бенкендорфщ – **Хь.М.**) хуит имыщIауэ офицерхэм я тхыгъэхэр трырагъэдзэну зэрыхуимытыр, апхуэдэу щыщыткIэ, ди эскадрон шу пашэр сэ абыкIэ Бенкендорф езгъэлъэIун хуейщ. Абы къыхэкIыу, уэ аргуэру лъэIукIэ зыпхузогъазэ: си ныбжьэгъум и жэрдэмкIэ стхыуэ къазэрыщыхъур къищIэну, абы литераторхэм ярита си дэфтэр цIыкIур къысхуэбгъуэтыжыфмэ уеплъыну. Бенкендорф ар щабзыщIынщ, ауэ жраIэнущ иджы зыгуэр стхымэ трезгъэдзэну хуит сищIыну; ар и щхьэусыгъуэу стха гуэр еджэн мурад ищIмэ, уэри уощIэ, абы фIэкIа сэ нэгъуэщI зэрызимыIэр.

Уэ сыкъызэрыплъытэмкIэ, уи ныбжьэгъуфI, литературэмкIэ къуэш пхуэхъуа Къаз-Джэрийщ пщIэшхуэ пхуищIу нэзытхыр».

Урыс тхакIуэхэм къазэрыщыхъуар жаригъэIэну Къаз-Джэрий ита дэфтэр цIыкIур зыхуэдэр дэ тщIэркъым. Хуэдгъэфащэ къудейщ абы и «Къэжэр таурыхъыр» е дэ дызыщымыгъуазэ рассказыщIэ гуэр адыгэ щIалэм итауэ. А зыхуэдгъэфащэри пэжынкIэ мэхъу, сыту жыпIэмэ, Къаз-Джэрий и лъэIур ягъэзащIэри, Бенкендорфи къагъэдэIуат къыпэрымыуэну икIи 1836 гъэм июль мазэм и пэщIэдзэхэм къыдэкIа «Современник»-м и етIуанэ номерым традзащ «Къэжэр таурыхъ» хъыбарыр.

Журналым и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырахэм мыхуэмыхуу яхэтащ пщы Одоевский Владимир. Абы 1836 гъэм майм и 10-м Гончаровэ-Пушкинэ Наталье, усакIуэр Бытырбыху зэрыдэмысым къыхэкIыу, хуитха письмомкIэ щIэупщIэрт: Къаз-Джэрий и тхыгъэ «Къэжэр таурыхъыр» теддзэну е дыпэплъэну Александр Сергеевич?» Нэхъ пасэу зэрыжытIащи, хъыбарыр традзащ журналым. АбыкIэ Къаз-Джэрий къыдэIэпыкъуар, дауи, Муравьёв Андрейщ. Абырэ Ещанэ Отделенэм и унафэщI А. Н. Мордвиновымрэ зэшыпхъуитIым я бынт.

И эскадрон шу пашэм хузэфIэкIакъым Къаз-Джэрий и Iуэхур игъэтэрэзын. АбыкIэ Iуэхур щызэфIэмыкIым, лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ и ныбжьэгъур зыдигъэIэпыкъуащ. Муравьёв Мордвиновым елъэIужри, ар Бенкендорф бгъэдигъэхьащ. Жандармхэм я Iэтащхьэм абы худимычыхыу хъуакъым.

Ауэ нэгъуэщI еплъыкIи иIэщ а Iуэхум: щыхьэрым къэкIуэжа нэужь, Пушкиным мыупщIэрэ мыусэу тредзэ хъыбарыр. Мис абы нэхъ шэч къытыбохьэ. Бенкендорф апхуэдэ зрыуигъэщIэнутэкъым, епщIэпами – къыхуигъэгъунутэкъым.

Езы усакIуэри Ещанэ Отделенэм и «пхъэшыкъум» ерагъкъ зэребакъуэр. 1836 гъэм майм и 18-м Мэзкуу къритхыкIыу абы хуитхырт и щхьэгъусэм: «Сызэрыжурналистыр къыщысщIэжкIэ, сэр дыдэм си псэр си лъэдакъэпэм носыж, иджыри си цIыхугъэр зэрысфIэмыкIуэдауэ къэсхьащ полицэм и фэжагъуэ икIи къызапэсащ: «Уэ пхуэтщIа дзыхьыр бгъэпэжакъым», нэгъуэщI-къинэмыщIхэри. Иджы сыт кърикIуэнур си щхьэм? Мордвиновым сэ Булгарин Фаддейрэ Полевой Николайрэ я фэ къызиплъынщ. Емынэм и зэранкIэ гурэ зэчийрэ сиIэу сэ сыкъыщалъхуат Урысейм...».

Пушкиныр хущIэкъуурт и журналыр нэхъ гъэщIэгъуэн зэрищIыным, тхыгъэфIхэр куэду икIи зэмыщхьхэу зэрытридзэным. Журналым нэхъыбэу тридзэрт тхыдэмрэ къэхъуа Iуэхухэмрэ ятеухуахэр. УсакIуэшхуэр псэуху дунейм къытехьа томиплIым укIуэцIрыплъыжмэ, гу лъыботэ и журналымкIэ абы лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр игъэлъапIэу, игъэбыдэу зэрыщытам. Пушкиным къыфIэIуэхут дэтхэнэ лъэпкъми и тхыдэм къыщыхъуа Iуэхугъуэшхуэхэр, къылъыкъуэкIа гузэвэгъуэхэр, къылъыса гуфIэгъуэхэр. БлэкIам дерс къыхэхын зэрыхуейр къыгурыIуэрт. Абы и щапхъэкъэ япэ адыгэ тхакIуэм и къалэмым къыщIэкIа тхыгъитI зэрытридзар?! Абы и щыхьэткъэ декабрист Якубович Александр Кавказым теухуауэ зэхилъхьа усэхэр журналым къызэрытехуар?! «Современник»-м и зы къыдэкIыгъуэ гуэрым тетащ 1812 гъэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Тэрч щыщхэм къыщагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм, Дрезден къыщащтэм адыгэ ротмистр Шэшэныкъуэр хахуэу зэрызэуам ятеухуауэ Давыдов Денис и гукъэкIыжхэр. А. Шэшэныкъуэр езыр, иужькIэ урысыдзэм полковник хэхъухьар, зауэлI цIэрыIуэу, партизану щыта Давыдов Денис и ныбжьэгъушхуэт. Давыдовыр икIи тхакIуэт, Пушкиным и лъэхъэнэм щыIа усакIуэ нэхъыжьхэм ящыщт. Белинскэм зэритхамкIэ, ар «урыс поэзием и уэгум етIуанэ увыпIэр щызыIыгъ нэхъ вагъуэ нурышхуэхэм ящыщт».

Полковник Шэшэныкъуэр Къаз-Джэрий и ныбжьэгъуфIт. Арауи къыщIэкIынщ Давыдовыр адыгэ тхакIуэм езыгъэцIыхуар. Е Пушкинт ахэр зэзышэлIар? Сыт хуэдэу щымытми, зи цIэ къитIуахэр зэнэIуасэт.

Апхуэдэурэ зэшэлIа, зэныбжьэгъу зэхуэхъухэрт лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа цIыху Iущхэр, ахэр зыр адрейм хуэупсэрт я щIэныгъэкIэ, я гухэлъ нэхъыфIхэмкIэ, зэдарэгъуи хъухэрт гъащIэр нэхъыфI ящIыну, къэкIуэну лIэщIыгъуэхэми прахьэжьэфырт гупсысэ нэхухэр – къэхъуну щIэблэхэм я дунейр дахэ зыщIыну гупсысэхэр.

А псори зэзыгъэуIур урыс усакIуэшхуэ Пушкинымрэ абы и журналымрэт. Ди хэкуэгъу Къаз-Джэрий и зы хъуаскIэ хидзащ зи гугъу тщIыж гупым къэкIуэну зэманым хузэщIагъэста зэкъуэшыгъэм и мафIэм. Ар зыщысхьыжакъым, гугъуехьым иригъэкIуэтакъым икIи къызыхэкIа и лъэпкъым и бын пажэхэм ящыщ зы хъуащ. Ар урыс щэнхабзэми и хамэкъым. Пушкин, Белинский сымэ хуэдэ цIыхушхуэхэм къагъэлъэгъуащ Iэзагъырэ зэфIэкIрэ иIэу ар урыс тхакIуэ цIэрыIуэхэм я сатырым зэрыхэувар. АтIэ дэ нобэ, абы и лъэпкъэгъухэми, ар дгъэлъапIэкIэ, къилэжьа пщIэр хуэтщIыжкIэ, ди щIыхуэр тпшыныжыну аракъым. Къаз-

Джэрии, Пушкини, лIэщIыгъуэ бзаджэм халъхуа нэгъуэщI цIыху куэди къыздэхъуэпса дунейм дритетщи, ахэр ди гум хэлъу ди псэм щIыгъун хуейщ. Мыдрейуэ, нэлат зэтхыжхэри щыIэщ – Бенкендорфрэ абы и Iужажэу щытахэмрэ. СыткIэ дэ дахуей а къомым? Дахуейщ ди нобэм блэкIа лIэщIыгъуэм и жьыуейр къыщемыпщэн щхьэкIэ, зым и насып къыщыкIуэкIэ, ар Iузыщ1э къытхэмыкIын папщIэ...

Иджы уегупсыс хъунущ и япэ тхыгъитIымкIэ щэджащэу къэтлъытэ Къаз-Джэрий ауэ сытми тхэн зэрыщимыгъэтыжам, Бенкендорф дыдэмрэ абы и блыгущIэтхэмрэ я зэран къызэрекIам, и насыпыпсыр IуащIэу и «псыжапIэри» зэрагъэгъуэщыжам. Пушкиныр дунейм ехыжа нэужь, адыгэ тхакIуэм къыщхьэщыжын, и мурадыр быдэу къыдэзыIыгъын игъуэтыжакъым.

... Зэманыр кIуэрт, Пушкиныр ягъеижурэ. Сыту куэд яфIэкIуэдат ар зимыIэж и ныбжьэгъухэм, Урысейм, усыгъэм и дунейм. Ар хэщIынытъэшхуэу зэрыщытам Iэджи тетхыхьащ, Iэджэ гъыбзи хуагъэшащ, ауэ Лермонтовым хуэдэу а хэщIыныгъэр кyyyэ зыхыуигъащIэу зыри абы хуэусэфакъым. Лермонтовым занщIэу къищIат ер зи пэм къикIар икIи и сатыр мыубзэщхъуахэмкIэ ар хуигъэзащ шугуанэ и бжыхь...

Зэманыр кIуэрт, Пушкиныр къэщIэрэщIэжурэ... Лермонтовым фIыуэ илъагъурт абы и фэеплъ щIыпIэхэр, зыхуэзэу щыта цIыхухэр. ЗэрымыщIэкIи къэхъуа Iуэхуу къыщIэкIынтэкъым Лермонтовым Къаз-Джэрий къызэрицIыхуар, ахэр ныбжьэгъу зэрызэхуэхъуар. Ахэр щызэрыцIыхуащ Муравьёв Андрей и унэм, абы и ужькIи зэрыгъэгъуэщакъым.

Лермонтовым и гъащIэр зыджыж щIэныгъэлI Iэзэ Андроников Ираклий «Къэхутэныгъэхэмрэ къэдгъуэтамрэ» зыфIища и лэжьыгъэшхуэм дызытепсэлъыхь Iуэхум и пэжыпIэр еубзыху: «А гъэхэм ахэр щIэх-щIэхыурэ щызэхуэзэрт Пащтыхь Къуажэм, лейб-гусархэр игъэныбжьэгъуу Муравьев куэдрэ зыщыпсэуам. Муравьёвхэ куэдрэ еблагъэу щыта Лермонтовым зейм ещхьыркъабзэу ищIат Муравьёв и сурэтыр. Абы къыщыгъэлъэгъуат жыг щIагъым щIэс щIалэ къуданыр, и щхьэцыгъуэ Iувыр дэлъэщIеяуэ».

Кавказым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщызыгъэхъуну щIэхъуэпс поручикым и Iуэху еплъыкIэхэр къыдэзыIыгъын хьэзырт ныбжьэгъу хуэхъуари, а тIур зэрегъэзэшыртэкъым, зэрыужэгъуртэкъым. Кавказым щыщIэн, щылэжьын хуейхэм и гугъу ящIурэ, зэманыр блэлъэтырт...

1841 гъэм Къаз-Джэрий и къулыкъу щIапIэр ехъуэж. Майор хъуауэ ар ягъакIуэ Нижегородскэ драгун полкым. Абы ипэкIэ Лермонтоври декабрист Якубовичи а дзэ дыдэм хэтащ. Зы илъэс докIри, адыгэ щIалэм Кавказым щыIэ Хопёр къэзакъ полкыр и хэщIапIэ мэхъу.

Пушкин Александр дунейм зэрехыжрэ илъэси 100 щрикъум хуэзэу «ЩIэныгъэ» тхылъ тедзапIэм Окстманрэ Цявловскэмрэ я редакторхэу тхылъ къыщыдэкIащ, урыс усакIуэшхуэм и гъащIэм щыщ Iуэхугъуэхэр щызэхуэхьэсауэ. Ар зыгъэхьэзырахэм ящыгъупщакъым Пушкиным и «Современник»-м зи тхыгъэ тезыдзэу щыта Къаз-Джэрий. А тхылъым зэритымкIэ, Къаз-Джэрий «полковникщ икIи флигель-адъютантщ,

Урысейм и къэрал унафэщIхэм дипломатие Iуэху зэрихуэну и хэку ягъэкIуэжауэ ар щхъуэ ирахьри ягъэлIащ лъэпкъ зэхэгъэж зыщI муслъымэнхэм».

Тхылъыр зэхэзылъхьахэм апхуэдэ гъэщIэгъуэн дэнэ къраха? Къаз-Джэрий щхъуэ ирахьу ягъэлIакъым. 1843 гъэми зы лажьэ имыIэу псэуащ. Абы и закъуэ? 1843 гъэм ар иджыри майорт, полковники флюгель-адъютанти хъуатэкъым. Дауи, Къаз-Джэрий зыхагъэзэрыхьыр Хъан-Джэрийщ. Аращ дипломатие Iуэху зэрихуэу 1837 – 1839 гъэхэм Кавказым щэхуу щыIа гупым я унафэщIу щытар. Ауэ мыбдежым щыжыIэн хуейщ адыгэ щIэныгъэлIыр езым фIэфI Iуэхум нэхъыбэу зэрелэжьар; адыгэхэм я псэукIэм, я хабзэхэм, я IуэрыIуатэм ятеухуа куэд абы зэрызэхуихьэсар, иужькIэ и тхыгъэхэм къызэрыщигъэсэбэпыжар.

Бытырбыху къигъэзэжа нэужь, и узыншагъэр зэрымыщIагъуэжыр щхьэусыгъуэ ищIри, ар къыхэкIыжащ дзэм, и хэкуми къигъэзэжащ. Тхэным гу хуищIарэ и къару илъыгъуэу дунейм ехыжащ 1843 гъэм. Зыщыпсэуар Екатеринодарщ. Хъан-Джэрий зэрылIыкIам и пэжыпIэр тэмэму зыми ищIэркъым, ауэ Бурнашевым зыхуигъэфащэр мыращ: «Муслъымэн диным зи нэр къыщхьэрипхъуахэм куэд щIауэ Хъан-Джэрий хуаIэт гужьгъэжь. Зэгуэрым ар, ерэн щIыIэфIымкIэ и псыхуэлIэ иригъэкIри, Iэфlу жеят, пыгуфIыкIыжу, жеят зэи къэмыушыжыну: дин лэжьакIуэхэм ар яукIащ щхъухь зыхадза ерэным ирагъафэри».



Хъан-Джэрий и кIуэдыкIар апхуэдэмэ, мыбдежым псори щызэтохуэ: щылIа илъэсри (1843 гъэм), къулыкъукIэ ар зыхунэсауэ щытари (полковникт икIи флюгель-адъютант), 1837 – 1839 гъэхэм Кавказ бгырысхэм я деж щигъэзэщIа лэжьыгъэри.

Къаз-Джэрий 1843 гъэм и кIэм подполковник хъуа къудейт. Абы ирихьэлIэуи тхэным зэрелIэлIэж щыIэтэкъым.

1846 – 1849 гъэхэм, полковники хъуауэ, Кавказ линэм щыIа дзэхэм ар хэтащ. ЯпэщIыкIэ абы и унафэм къыщIагъэувэ ЕтIуанэ къэзакъ полкыр, нэхъ иужьыIуэкIэ и IэмыщIэ кърал ъхьэ Кавказ линейнэ къэзакъыдзэм и еханэ, еянэ бригадэхэмрэ Мэздэгу полкымрэ.

Къаз-Джэрий а лъэхъэнэм Ставрополь куэдрэ кIуэрт, къалэ цIыхухъу гимназием щеджэхэм я Iуэху зытетым щыгъуазэт. А еджапIэм щылажьэ Юхотников Фёдор къызэриIуэтэжамкIэ, бгырыс лIакъуэлIэшхэм ящыщу я лъэпкъэгъухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныр нэхъ къафIэIуэхут Къаз-Джэрий, Адыл-Джэрий, Ло Мухьэмэд сымэ... Гимназием адыгэбзэр щезыгъаджэу щыта Бырсей Умар – зэфIэкI зиIэ адыгэ щIэныгъэлIыр – Къаз-Джэрий ицIыхуу щытам шэч хэлъкъым. Хьэрып хьэрфхэм къатрищIыкIри, абы 1853 гъэм зэхилъхьат «Адыгэбзэм и алыфбей», абыкIэ адыгэ щIалэхэр я бзэм хуригъаджэрт.

Япэ адыгэ щIэныгъэлIхэу Нэгумэ Шорэ, Къаз-Джэрий, Хъан-Джэрий, Кърым-Джэрий, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Адыл-Джэрий сымэ хуабжьу къагъэсэбэпу щытащ адыгэ IуэрыIуатэр. Абы къыхахырт езыхэр нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ятеухуахэр икIи, «зэманым и фащэр» щатIагъэрти, я лъэхъэнэгъухэр зыгъэпIейтей гупсысэхэмкIэ яузэдыжырт.

А гупыр зэрипхырт IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжыныр, абы къыхахымкIэ адыгэ тхыдэми, тхыбзэми, литературэми зегъэужьыныр я зэхуэдэ гухэлъу, зыхущIэкъу мураду зэрыщытым. Архивхэм иджыри къэс къытщагъэпщкIу зи гугъу тщIыхэм яку зэхуилъар, ахэр зэкIуэгъужэгъуу щытарэ щымытарэ къыджезыIэну тхыгъэхэр. Апхуэдэу щыт пэтми, а Iуэхум теухуауэ Гарданов Батраз иукъуэдия гупсысэм дэ арэзы дытехъуэркъым. «Нэгумэ Шорэ и «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр» зыфIища и тхыгъэм абы мыпхуэдэу щыжеIэ: «Зи цIэ къитIуа адыгэ тхакIуэхэр *(Хъан-Джэрийрэ Къаз-Джэрийрэщ зи гугъу ищIыр – **Хь. М.**)* бгырыс уэркъхэм къыхэкIати, Нэгумэ Шорэ, уэркъ къуэдзэ лъхукъуэлIыр, зэрапэсыртэкъым».

ФIэщ щIыгъуейщ а лIы Iущхэм, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъахэм закъыфIэщIыжауэ, «фу, цIыхумэ!» жаIэу щытауэ. ЦIыху гъэсат, куэди я нэгу щIэкIат абыхэм.

Къаз-Джэрийрэ Хъан-Джэрийрэ я гъащIэм фIыуэ щыгъуазэм жиIэнукъым профессор Гардановым абыхэм ярипэсар. Хъан-Джэрийрэ Къаз-Джэрийрэ лъхукъуэлI Нэгумэ Шорэ зэрамыпэсу щытащ жыпIэн щхьэкIэ, щапхъэ къэбгъэлъэгъуэн хуейщ. Ауэ осетин щIэныгъэлIым апхуэдэ къыхуэгъуэтакъым.



ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм Къаз-Джэрий Къэрэшейм ягъакIуэ Кавказ къуршхэм кIуэцIрыша гъуэгур, Лабэрэ Псыжьрэ зэпызыщIар, зэригъэпэщыжыну. Кавказ линэм и ижьрабгъу лъэныкъуэм и дзэ Iэтащхьэ генерал-лейтенант Филипсон 1858 гъэм июль мазэм и 25-м пщы Барятинскэм хуитха рапортым щыжеIэ: «Псыжь Ищхьэ округым и дзэ Iэтащхьэ полковник Къаз-Джэрий ротитI, бгы топгъауэу зы взвод, къазакъыищэрэ милицищэрэ хъууэ, щIыгъуу Теберда Ищхьэм и Iэгъуэблагъэхэм гъунэжу къыщыкI мэзыр пиупщIурэ ухуэныгъэм ирахьэлIэн пхъащхьэ Псыжь къырыегъэхьэх...»

А гъэ дыдэхэм Къаз-Джэрий зыбжанэрэ яхэтащ зауэ IуэхукIэ зекIуэ ежьахэм. Зэхэуэ щыIахэм къахэжаныкIа къыщIэкIынти, абы къратащ «ЛIыгъэ зэрыхэлъым папщIэ» жиIэу зытетха дыщэ джатэр.

1859 гъэм Къаз-Джэрий чыристан диным йохьэ, абы иужькIэ мазэ зыбжанэ докIри, ар генерал-майор ящI.

1863 гъэм апрель мазэм и 11-м дунейм ехыжащ япэ адыгэ тхакIуэ, урыс генералыр.

Iэджэуи уегупсысыж хъунущ Къаз-Джэрий къигъэщIа гъащIэм. Псэуху зи диныр зыхъуэжам, и лъэпкъыр Iисраф зыщIхэм джатэ къиха зыIыгъыу яхэтар, пащтыхьым и нэфI къилъыхъуэурэ, къулыкъушхуэ зыубыдар, напэмрэ цIыхугъэмрэ емызэгъ нэгъуэщI къуаншагъэ Iэджи зыщIар «дыщэу» къэплъытэныр емыкIу хъунт. Хэт ищIэрэ, урыс мыжурэкIэ щIащыкIа адыгэ, къэрэшей жылагъуэхэм, топышэкIэ къагъэсэхыжа унагъуэхэм, зи сабийхэр хэкIуэда анэхэм абы гыбзафищэр хуагъэшу, пу нэлат ирахыу щытами. «НтIэ, сыт абы щхьэкIэ? Пащтыхьым и зауэлIти, унафэр игъэзащIэрт», – жаIэнщ зи гугъу тщIа гуауэм хуэдэр зымыгъэунэхуа гуэрхэм, щIыIубнэфхэм хуэдэу зрагъэтIысхьа гъуэ кIыфIыр жэнэту къэзылъытэхэм, ауэ апхуэдэу жегъэIэт гитлеры-

дзэм зэрихьа лейр, абы и пыхъуэпышэ полицайхэм я Іуэхущ Іафэ фІейхэр зи нэгу щІэкІахэм. Апхуэдэм и лыр узынущ, ауэ щыІэщ нэгъуэщІым и гуауэм гурыфІыгъуэ къыхэзыгъуатэхэри. А псор щІыжытІэжыр Іэщэ къихакІэ зи лъэпкъым езэуэжар зэи бгъэзахуи бгъэпажи мыхъуну къыдобжри аращ.

АтІэ апхуэдэхэр зыгъэзахуи бегъымбару къэзылъытахэри ди тхакІуэ, тхыдэтх нэхъыжьхэм мымащІэу яхэтащ... Дэри мы тхыгъэм Къаз-Джэрий генералыр щытІэтыркъым, ауэ икІи дгъэлъахъшэркъым Къаз-Джэрий щІэныгъэлІыр, тхакІуэр. ЩхьитІ зыфІэтым хуэдэт ар – зымкІэ фІым хущІэкъуу, адрейм Іей фІэкІа иримыгъэлэжьу. Мы жытІэри зытеухуар ди лъэпкъэгъу щІэныгъэлІым игъэхъа ІуэхуфІхэращ. ФІы и лъэныкъуэкІэ зыщІэхъуэпсар къехъулІакъым абы.

Иджы ди псалъэм кІыхь зедгъэщІыжынкъым, федгъэдэІуэнщ тхакІуэ Къаз-Джэрий и лъэпкъэгъухэм, бгырыс псоми зэрахуэхъуапсэу щытам и зы щапхъэ: 1846 гъэм август мазэм и 28-м Кавказ корпусым и дзэ Іэтащхьэ пщы Воронцов хуигъэхьа письмом абы зыбжанэрэ щыжеІэ Кавказым и телъхьэ хъуну, ар щэнхабзэ лъагэм иришэлІэну Урысейм нэхърэ нэхъ лъэщи нэхъ Іущи зэримылъагъур. АдэкІи ибзыщІыркъым зыщалъхуа и лъахэм зэхъуэкІыныгъэфІхэр къыщыхъуным темыпыІэжу зэрыпэплъэр. А зэхъуэкІыныгъэхэри мамырыгъэм къыдэунэхуну щогугъ. «Зауэ-банэр нэхъ щІэх увыІэн папщІэ бгырысхэм дащІ сатум зегъэужьын хуейщ», – пещэ абы и гупсысэм.

ЯпэкІи зэрыщыжытІащи, куэд-мащІэ итхами, Къаз-Джэрий ди адыгэ литературэм и тхыдэм и цІэр къыхэнащ. «ХьэжытІэгъуей аузымрэ» «Къэжэр таурыхъымрэ» тхакІуэм и фэеплъ мыкІуэдыжынщ.

**ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд,**
*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ*

## СЭ СЫХУЕЙКЪЫМ ДЫЩИ МЫЛЪКУИ, УЭ УИ ЖЬЭГУ СЫДЭМЫСЫЖМЭ...



Къэхъун дэт 2-нэ курыт еджапIэм Iэтауэ щекIуэкIащ цIыхубэ усакIуэ, джэгуакIуэ цIэрыIуэ, КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ХьэхъупащIэ Амырхъан къызэралъхурэ илъэси 140-рэ зэрырикъум теухуа зэIущIэ гуапэ.

Адыгэ лъэпкъ литературэм, гъуазджэм, IуэрыIуатэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, къэралым пщIэ щиIэу, щIыналъэм и цIэр щаIэту псэуа лIы Iумахуэм и гъащIэм къыдэкIуэтей щIэблэм я дежкIэ иIэ мыхьэнэмрэ абы и фэеплъым къуажэдэсым пщIэ зэрыхуащIымрэ нэрылъагъуу загъэхьэзырат курыт еджапIэм и егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ. ЗэIущIэм кърагъэблэгъащ КъБР-м и Парламентым и депутат, КПРФ-м и Аруан район щIыналъэ къудамэм и япэ секретарь Къардэн Мурадин, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм лъэпкъыбзэхэр джынымкIэ и къудамэм и унафэщI Мыз Залинэ, ЕгъэджэныгъэмкIэ Урысей академием ПсихологиемкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Сокъур Валерэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, усакIуэ Джэдгъэф Борис, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч, Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Дау Марьянэ, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор Жырыкъ Заур, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретарь НафIэдз Мухьэмэд, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, ПащIэ Бэчмырзэ и музейм и унафэщI ПащIэ Ленэ, Аруан щIыналъэ библиотекэм и унафэщI Молэ Заретэ, нэгъуэщIхэри.



ЗэIущIэр ирагъэкIуэкIащ «ДыгъафIэ къалэ» сабий творчествэмкIэ республикэ академием и егъэджакIуэ ХьэхъупащIэ Аминрэ Амырхъан и къуэрылъхум ипхъу, Къэхъун курыт школ №2-м и унафэщIым и къуэдзэ Къардэн Аксанэрэ.

Сокъур Валерэ зэIущIэр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхуищIащ икIи жиIащ Амырхъан жиIэжауэ ятхыжа тхыгъэхэр щэ бжыгъэ зэрыхъур, ар егъэлеяуэ гурыхуэу зэрыщытар. «Тхыдэ и лъэныкъуэкIэ, зэпымычу тегъэщIапIэ ящIыну адыгэм тхыбзэ иIакъым жаIэ щхьэкIэ, ар апхуэдизкIэ лъэпкъыжьщи, къызыдэмыгъуэгурыкIуа цивилизацэрэ къэралышхуэрэ щыIэкъым. Тхыбзэ яхуэмыгъэпэщынуратэкъым адыгэм, атIэ ар зрагъащIэу я щIэныгъэмкIэ адрейхэм ядэмыгуэшэнурат. ЕтIуанэрауэ, тхыгъэр псыдзэм ихьынкIэ, мафIэм исынкIэ мэхъу, ауэ гукIэ зэбгъащIэр зэи кIуэдыжынукъым. Мис абы иригъуэзауэ къыс-

щохъу ХьэхъупащIэ Амырхъани. Адрей лъэпкъхэм апхуэдэхэр ягъэхьэзыру щытамэ, Амырхъан гурыхуэу къалъхуат. Мыбы дэ къытхуигъэна щIэиным и кууагъымрэ и беягъымрэ иджыри къыдгурыIуакъым, ди щIэныгъэкIи дынэсакъым. Амырхъан и щIэиныр иджыри куэдрэ къызэрытIэпIыкIынущ», – жиIащ Валерэ.

Мыз Залинэ къыхигъэщащ ХьэхъупащIэм и къалэмым сабий лIакъуэ зыбжанэ зэрыщIапIыкIар, иджыри абы и псалъэм зэригъуазэр, лъэпкъ литературэм, гъуазджэм, IуэрыIуатэм хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIар.




– Нобэ ХьэхъупащIэ Амырхъан и тхыгъэхэр пэщIэдзэ классхэм къыщыщIэдзауэ 11-нэ классым щIэсхэм нэс ядж, ублэмэ сабий гъэсапIэм екIуалIэ цIыкIухэми ирагъащIэ абы и IэдакъэщIэкI усэхэр. Иджыпсту министерствэм игъэхьэзыр тхылъыщIэхэми итщ абы и тхыгъэхэр. Амырхъан зыхуэлэжьар лъэпкъырщ, – игъэбелджылащ Залинэ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд жиIэжащ ХьэхъупащIэ Амырхъан бгъэдэлъа зэчиймрэ и кууагъымрэ абы и къуэ Хьэсэн и зэфIэкIым къэрал куэдым ис адыгэр зэригъэгушхуамрэ. Хьэсэн и къуэм и къуэж Амырхъани хэхэс адыгэхэми хэкурысхэми ягу зэрыдыхьэр къыхигъэщащ. Мухьэмэд школ библиотекэм тыгъэ хуищIащ и Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъхэр, еджакIуэхэм къахуэщхьэпэну тхыгъэхэр щызэхуэхьэсахэр.

Жыласэ Заурбэч и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ Амырхъан ХьэхъупащIэ лъэпкъым, Къэхъун къуажэм я мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым, къэрал псом я дежкIэ лъапIэу зэрыщытар икIи къыхилъхьащ ар щыпсэуа лъапсэм музей щаухуэну и чэзу зэрыхъуар. АбыкIэ къуажэ, район администрацэри, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэри, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэри зэдэлажьэмэ, зэрахузэфIэкIынур жиIащ.

Къардэн Мурадин фIыщIэ яхуищIащ лъэпкъым и пщIэр иIэту псэуа, ноби зи зэфIэкIым дригушхуэ лIым теухуа зэIущIэр зыгъэхьэзырахэм икIи КПРФ-м къыбгъэдэкIыу фIыщIэ тхылъкIэ хуэупсащ Къэхъун дэт 2-нэ курыт школым и унафэщI Джатокъуэ Риммэ, абы и къуэдзэ Къардэн Аксанэ, тхыдэмкIэ егъэджакIуэ Шыбзыхъуэ Хъамсинэ сымэ.

Апхуэдэу Дау Марьянэ Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ зэгухьэныгъэм къабгъэдэкI ЩIыхь тхылъ яритащ егъэджакIуэхэу ХьэхъупащIэ Аминрэ ХьэхъупащIэ Аксанэрэ, щIэблэр гъэсэным, егъэджэным хуащI хэлъхьэныгъэм папщIэ.



Амырхъан акъылыфIэу, гурыхуэу, лъэныкъуэ куэдкIэ зэчий бгъэдэлъу зэрыщытам тепсэлъыхьащ езыгъэкIуэкIахэри къэпсэлъахэри. ЗэIущIэм ХьэхъупащIэм и усэхэм къыщеджащ Къэхъун дэт езанэ, етIуанэ школхэм я еджакIуэхэр.

А махуэр ягъэдэхащ «Шэджэм псыкъелъэхэр» уэрэжыIакIуэ гупым, Нартан къикIа уэрэджыIакIуэхэм, пшынауэхэу Джатокъуэ зэкъуэшхэм, «Дыгъэ шыр» къэфакIуэ ансамблым (зыгъасэр ХьэхъупащIэ Заурщ). КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, ХьэхъупащIэ Амырхъан и къуэрылъхум и къуэ ХьэхъупащIэ Амырхъан шыкIэпшынэм къригъэкI макъамэр щIэту къызэхуэсахэм и адэшхуэм и уэрэд яжриIащ. Мы щIалэм и щапхъэмкIэ болъагъу «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» жыхуиIэ адыгэ псалъэжьым и мыхьэнэр. Амырхъан дадэм и зэчийр и адэм къыбгъэдэкIауэ яIуатэ, ари жьэ нахуэу, гурыхуэу, хъыбаркIэ Iэзэу щытауэ жаIэж. Абы и хьэл зыхэлъа езы Амырхъан и творчествэр нобэми куущ икIи гъунэншэщ. Амырхъан и къуэ Хьэсэн хуэдэу шыкIэпшынэр зыгъэбзэрабзэрэ уэрэдыжьхэр макъ дахэкIэ жызыIэрэ диIакъым, абы и къуэ ДжэбрэIил и къуэж Амырхъан иджыпсту адыгэ утыкур егъэбжьыфIэ, адыгэ IуэрыIуатэм, щэнхабзэм, гъуазджэм хузэфIэкI хилъхьэу. Арагъэнщ лъэпкъ беягъэкIэ зэджэжри, лъэужь дахэм и щапхъэри.

ХьэхъупащIэ Амырхъан и IуэхукIэ школым щрагъэжьа гуфIэгъуэ зэхыхьэр къуажэдэсым даIыгъыу, етIуанэ махуэми нэгузыужь зэхыхьэхэр екIуэкIащ. Къэхъун дэлъэдапIэм и губгъуэм щрагъэувэкIат къуажэм дэс лъэпкъхэм я пщIантIэ зэпэщхэр. ХьэхъупащIэхэ къызэIуах а губгъуэ куэщIым щыплъагъурт Шыбзыхъуэхэ, Тамбийхэ, Езийхэ, Понэжхэ, Жамборэхэ, КIэшхэ, НэщIэпыджэхэ, Къуэшыхэ, Къандэхъухэ, Къарэхэ, Къуэкъуейхэ, Едгъулхэ, НэгъэцIухэ я пщIантIэ зэIухахэр. ЩхьэусыгъуэкIэ а махуэм къримыхьэлIэфа лъэпкъхэр щыIэми, хьэщIэхэми къуажэдэсхэми ялъэгъуащ адыгэр хьэщIэхуэфIу, и Iэнэр берычэту, и жьэгур зэщIэблэу, и нэхъыжьхэр я жьантIэрэ нэхъыщIэхэр жыджэру зэрыпсэуфыр.

Къэхъундэсхэм иджыри зэ ягъэлъэгъуащ къуажэм къыдэкIа лъэпкъылI нэсым и фэеплъыр я напщIэ зэрытелъымрэ зылI и быну зэрызэкъуэувэфымрэ. Щхьэж и жумартагъымрэ хьэлэлагъымрэ зытеплъагъуэ Iэнэ узэдахэм хьэщIэхэр къррагъэблагъэрт, лъэпкъхэр зэлъихьэурэ щыхъуахъуэрт, фIым, мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм щIэлъэIурт. Махуэр ягъэдэхащ ХьэхъупащIэхэ къызэрагъэпэща утыкум ита, Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Хьэкъул Оксанэ, Дэгу Каринэ, КъуэщIысокъуэ Роксанэ, ЦокIыл Азэмэт, Бэч Азэмэт, Гуазэ Тимур, ТхьэкIумащIэ Аслъэн, ХьэхъупащIэ Амырхъан сымэ, ХьэхъупащIэ Заур игъасэ «Дыгъэ шыр» къэфакIуэ ансамблым. ЦIыпIынэ Идар адыгэ джэгукIэхэмкIэ ныбжьыщIэхэм заригъэтIыжащ.



А махуэм цIыхубэм я нэр къыхуикIыу щIызэхуэса шыгъажэр шэджагъуэхуэкIуэу яублащ. Республикэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа щIалэхэм я жыджэрагъымрэ абыхэм шыIумпIэр Iэрыхуэу зэраIыгъымрэ еплъыну къызэхуэса цIыхур губгъуэм изт. Шыхэр зэдрагъэлъурэ пщIэнейрэ къызэдэжащ щIалэгъуалэр.

Апхуэдэу гурыфIыгъуэр, гуапагъэр, гумащIагъэр, дэрэжэгъуэр, зэкъуэтыныгъэр, зэгурыIуэныгъэр щытепщэу ирагъэкIуэкIащ къуажэдэсым ХьэхъупащIэ Амырхъан къызэралъхурэ илъэсищэрэ плIыщIрэ зэрырикъур. «Сэ сыхуейкъым дыщи мылъкуи, уэ уи жьэгу сыдэмысыжмэ», – щыжеIэ абы и усэхэм ящыщ зым. Хэкум, къуажэм, лъэпкъым и жьэгум и лъапIагъыр гурыIуэгъуафIэу къэзыIуэта усакIуэм и псалъэхэр ноби и гъуазэщ ар къызыдэкIа Къэхъун жылэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист*

# ЛЭЖЬЫГЪЭМ КЪЫХУИХЬА ПЩІЭМ ДОБЖЬЫФІЭ



БлэкIа совет лъэхъэнэм цIыху щыпкъэ куэд къыщыхъуащ, ди нобэм гъуазэу къалъытэрэ пщIэшхуэ хуащIу. Апхуэдэхэм ящыщщ РСФСР-м егъэджэныгъэмкIэ и отличник, Джэрмэншык къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху, мы махуэхэм зи илъэс 90-р зыгъэлъапIэ ЛIуп Нурхьэлий.

Ар 1932 гъэм октябрым и 27-м Джэрмэншык къыщалъхуащ. И сабиигъуэр къэралыр гугъуехьышхуэ щыхэт зэманым техуащ. Хэку зауэшхуэр зэрыщIидзэу, къуажэ Советым и тхьэмадэу лажьэ и адэм къулыкъур къигъанэри, занщIэу фронтым кIуащ. Ар иджы и щхьэщыжакIуэт Граждан зауэм лъы щIыщигъэжа и хэкум.

Октябрь революцэр ди щIыналъэм къэса нэужь, 1918 гъэм Данил лъаIуэри Дзэ Плъыжьым хыхьат. Гикалэ зи унафэщI гупым хэту, ар щызэуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шэшэным, Къэрэшей-Шэрджэсым. Щалъхуа къуажэм 1923 гъэм къэкIуэжащ, властыщIэ увам и лъабжьэр зыгъэбыдэхэм яхэтащ, мыгувэуи коммунист партым хыхьащ.

ЦИК-м и унафэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр автономнэ областым и къуажэшхуэхэм унагъуэ куэд хагъэIэпхъукIыурэ, къуажэщIэ къызэрагъэпэщащ. 1926 гъэм Щхьэлыкъуэ унагъуи 154-рэ хагъэIэпхъукIри, Джэрмэншык ягъэтIысауэ щытащ. А Iуэхуми и къару емыблэжу хэтащ Данил. 1926 – 1941 гъэхэм ар лэжьащ мэкъумэшыщIэхэм ядэIэпыкъунымкIэ жылагъуэ комитетым, колхозым, къуажэ Советым я унафэщIу, колхоз парт организацэм и секретару. Хэку зауэшхуэр къыщыхьеям, абы лъэIу тхылъ итхащ зауэм кIуэну, зыщIэзэуа властыр ихъумэну. 1941 гъэм и декабрым Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хыхьащ икIи псэ емыблэжу зэуащ. ЛIуп Данил 1943 гъэм щыхэкIуэдащ Харьков деж.

Илъэс 80-м нэблагъэ дэкIауэ Данил и къуэ Нурхьэлий и адэм Кавказымрэ Сталинградрэ зэрихъумам папщIэ медалыр къратыжауэ щытащ.

Зауэм фызабэ ищIа Бабынэ сабиитху къыхуэнат – Хьэфисэт, Муслъимэт, Нурхьэлий, Мурадин, Владимир. Ди тхыгъэр зытеухуа, сабий ещанэ Нурхьэлий илъэсибгъу хъуа къудейуэ арат. Зауэ лъэхъэнэм и гугъуехь псори я пщэм къыдэхуащ ЛIупхэ я унагъуэм къыщыхъу цIыкIухэми. Фашистхэм къуажэр зэраубыдар я нэгу щIэкIащ, иужькIэ абыхэм зэтракъута псори бзылъхугъэхэм ящIыгъуу зэфIагъэувэжын хуей хъуащ.

1943 гъэм январым и 4-м нэмыцэхэр къуажэм дахужа нэужь, Нурхьэлий илъэситIкIэ колхозым щылэжьащ. Илъэс 14 щыхъум колхозым къыщаIэт сыт хуэдэ Iуэхуми хэтащ ар. Ауэ а псоми къригъэкIуэтакъым щIалэ къаруущIэр, атIэ гъащIэм адэкIэ къыщыхуэсэбэпын ерыщагъым хуигъэсащ – мурад зыхуигъэувыжыфрэ абы лъэIэсу, къылъыкъуэкI

Iуэхум и хэкIыпIэр къигъуэту, сыт хуэдэ гугъуехьри къызэринэкIыфу. Зауэ нэужь лъэхъэнэм хапIыкIа сабийхэми хуэдэу, щIакхъуэ Iыхьэ щхьэкIэ мылъаIуэу езым и пщIэнтIэпскIэ къилэжьыжыфу къэхъуащ.

А лъэхъэнэм еджэр мащIэт. Ауэ, сыт хуэдиз бэлыхь пымылъами, Бабынэ и щхьэгъусэм къыхуигъэна уэсятыр игъэзэщIэфащ. «Хъыджэбзхэм я Iуэху зесхуэркъым, ауэ щIалищыр, пхузэфIэкIмэ, егъаджэ», – къыжриIат абы Данил.

Нурхьэлий езыми еджэным и нэ къыхуикIыу апхуэдэт, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ. А зэманым еджапIэ нэхъыщхьэ къаухауэ къуажэм дэсахэм я еплIанэт Нурхьэлий. Абы къыкIэлъыкIуэу Мурадини 1959 гъэм Москва техникэ еджапIэ нэхъыщхьэр къыщиухащ, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ, щIалэ ещанэ Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зоотехник IэщIагъэр щызригъэгъуэтри, диплом плъыжьыкIэ къиухащ.

Нурхьэлий и студентыгъуэ илъэсхэр нобэрейм ебгъэпщэну гугъущ. Стипендие къахьыр яхурикъуртэкъыми, щIалэ цIыкIухэр жэщхэм хьэлъэ кърахьэкIыу лэжьэн хуей хъурт, гъэмахуэхэм колхозхэм щылажьэрт. Абы щыгъуэми ирагъэшхыр хьэлIамэ гъэварат, ятIэ лъэгум замытIэщу жэщхэм щыжейуэ. ИтIани тхуэусыхи унэм кIуэжыну щIэпхъуэжи къахэмыкIыу, гъэмахуэ псор къуажэ гуэрым щрахьэкIырт.



1953 гъэм училищэр къиуха нэужь, класс нэхъыщIэхэм щIэсхэр иригъаджэу лэжьапIэ увыну хуеящ и анэм зыгуэркIэ дэIэпыкъуэгъу хуэхъун папщIэ. АрщхьэкIэ, институтым щIэмытIысхьэжу къыхуидакъым – ар адэм къигъэна уэсятт. Пединститутым, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет ящIыжам, урысыбзэмрэ адыгэбзэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьэри, щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ. А илъэсхэми студентхэр къуажэхэм щыIэ колхозхэм щагъэлажьэрт. Апхуэдэу Нурхьэлий 1954 гъэм Сэрмакъ кIэртIоф къыщитIыжу щыIащ, 1955 гъэм Къызбрун-I щылэжьащ. ШхынкIэ, щыгъынкIэ, щыпсэункIэ гугъу ехьми, я ныбэр изт, гъащIэм хуэарэзыт студентхэр. Ахъшэ къалэжьыр я унагъуэм ирахьэлIэжырти, зэрыпсэун яхуэхъурт.

Щеджэхэм дежи студент гъащIэм щыжыджэрт ЛIупыр. ВЛКСМ-м и факультет комитетым хэтт. 1956 – 1957 гъэхэм ВЛКСМ-м и ЦК-м и унафэкIэ ар ягъэкIуащ Къэзахъ ССР-м и Акломенскэ областым щыIэ колхозым. Июлым къыщыщIэдзауэ октябрь пщIондэ комбайным тесым и дэIэпыкъуэгъуу лэжьащ.

Къыщалъхуа къуажэм дэт курыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу 1958 гъэм мэув Нурхьэлий. Школыр кхъахэ хъуати, ЛIупым и фIыгъэкIэ, партым и обкомымрэ ЕгъэджэныгъэмкIэ министерствэмрэ республикэм щаухуэ школхэм Джэрмэншыкри хагъахуэ. 1963 гъэм лэжьэн щIедзэ сабий 380-рэ зыщIэхуэ школыщIэм. 1968 – 1979 гъэхэм а школым и унафэщIу лэжьащ ЛIупыр. А илъэсхэм къриубыдэу абы котельнэ иригъэщIащ, псызэхуэхьэсыпIэ иригъэгъэуващ, IуэхущIапIэр ягъэплъу иригъэщIащ. Ауэрэ 1976 гъэхэм школым иджыри классипщI зыщIэхуэн пэшхэмрэ шхапIэ инрэ къыпригъэщIыхьащ.

Спорт утыку иригъэщIащ. Игури и псэри хилъхьэу лэжьащ ар а илъэсхэм. Школым пионер, комсомол зэгухьэныгъэхэр иIэт, парт организацэм и бюро, профсоюз, адэ-анэ комитетхэр жыджэру щылажьэрт. Зэрырагъэджэн тхылъхэмкIи зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщати, сытым дежи районым япэ щит школхэм ящыщт Нурхьэлий зи унафэщIыр. Школыр зэкIэлъыкIуэу, къабзэу, щылажьэхэр зэгурыIуэу, щеджэхэм ехъулIэныгъэхэр яIэу, егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ я зэхуаку пщIэ дэлъу зэрыщытымкIэ школым и цIэр фIыкIэ Iуат. А псом кIэлъыплъу, сыт хуэдэ Iуэхури и чэзум зыхуей хуигъазэу ящхьэщытащ ар еджапIэм къекIуалIэ псоми.

1979 – 1991 гъэхэм ЛIупыр «Джэрмэншык» колхозым и парт къудамэм и секретару щытащ. Илъэс 40-м щIигъукIэ къуажэ Советым и депутату лэжьащ, КПСС-м и Аруан райкомым и пленумым мызэ-мытIэу хагъэхьащ, республикэ, район парт конференцэхэм, Къэбэрдей съездхэм хэтащ. 1993 – 2004 гъэхэм ЛIуп Нурхьэлий КПРФ-м и щIыналъэ парт зэгухьэныгъэм и къуажэ къудамэм и унафэщIу щытащ, Аруан район администрацэм и Жылагъуэ советым хэтщ.

1996 гъэ лъандэрэ Джэрмэншык къуажэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэщ. Абы ветеран 600-м щIигъу къызэщIеубыдэ, районым нэхъыфIу щылажьэ гупхэм ящыщщ, уеблэмэ, я лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэкIэ къалъытэри, 2002 гъэм екIуэкIа республикэ зэпеуэм япэ увыпIэ къыщихьауэ щытащ. Апхуэдэуи 2005, 2007, 2009, 2012, 2018 гъэхэм «КъБР-м и Ветеран зэгухьэныгъэ нэхъыфI» цIэр къыфIащурэ къекIуэкIащ.



Нурхьэлий сытым дежи и къуажэм, жылэм, лъэпкъым яхуэлэжьащ. Жэуаплыныгъэ ин зыпылъ къулыкъухэм къыпэрыкIа нэужьи, къыщалъхуа жылэжьым и цIэр фIыкIэ игъэIун, абы дэса лIы ахъырзэманхэм я пщIэр къиIэтын, щIалэгъуалэм яригъэцIыхун папщIэ тхыгъэ куэд район, республикэ газетхэм къытрыригъэдзащ, радиомкIэ, телевидениемкIэ къатащ. Сытым дежи гулъытэ хэха хуещI гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ Iуэхухэм. Нурхьэлий и Iэдакъэ къыщIэкIауэ тхыгъэ гъэщIэгъуэн, купщIафIэ, газетеджэхэм дерс къызыхахын, щIэблэм гъуазэ яхуэхъун куэд къытохуэ «Адыгэ псалъэми».

А псом къыдэкIуэу егъэджэныгъэ лэжьыгъэм и ветеран, хэкупсэ нэс ЛIуп Нурхьэлий и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Джэрмэншык» (2003), «Зауэм фызабэ ищIахэмрэ абыхэм я бынхэмрэ» (2009), «Джэрмэншык школыр илъэс 85-рэ ирокъу» (2012), «Джэрмэншык дэс ЛIупхэмрэ абыхэм я щIэблэмрэ» (2013), «Джэрмэншыкрэ абы и цIыхухэмрэ» (2015), «Си лъахэгъухэм ятеухуахэмрэ нэгъуэщI гупсысэхэмрэ» (2017) тхылъхэр.

«Дэтхэнэ цIыхури балигъ хъуауэ къыщыплъытэнур и унагъуэм, лъэпкъым яхуэгъэзауэ ихь жэуаплыныгъэр нэсу зыхищIэ щыхъуам дежщ, – жеIэ Нурхьэлий. – Унагъуэрщ, ущалъхуа, укъыщыхъуа щIыпIэ цIыкIурщ адэжь хэкум къыщыщIидзэр. Си дежкIэ ар Джэрмэншык жылэрщ, лъабжьэ къызэзыта унагъуэрщ, къару къысхэзылъхьа си лъэпкъырщ».

Хэкум, лъэпкъым епха апхуэдэ гупсысэхэр зыбгъэдэлъ нэхъыжьыфIым зэхуихьэсыжащ, иджыжащ икIи тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкIыжащ я къуажэм щыпсэу ЛIупхэ я тхыдэр. Зи гугъу тщIы тхылъыщIэм ихуащ ЛIуп унэцIэр зезыхьэу Джэрмэншык дэс унагъуэ 30-м щIигъум я нэхъыжьхэмрэ абыхэм къатехъукIыжа щIэблэхэмрэ ехьэлIа тхыгъэ хьэлэмэтхэр.

Нурхьэлий и къалэмыпэм къыпыкIа лэжьыгъэм ЛIуп лъэпкъым и зыужьыныгъэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ. Нэрылъагъу хъуащ лъэпкъ лъэщым, узыншэм и къуэпсыр жыжьэ зэрынэсыфынур, нэхъыжьыфIхэр зиIэ ныбжьыщIэхэм IуэхуфIхэр я гъуазэу къызэрытэджыр.

Нурхьэлий иужьрей илъэсхэм лэжьыгъэшхуэ зрихьэлIахэм ящыщщ зауэм хэтахэм, зауэм фызабэ ищIахэм, абыхэм я бынхэм я цIэр тхыдэм къыхэнэныр. «Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зауэм хэтауэ, абы фызабэ ищIауэ 2008 гъэ лъандэрэ жылэм зыри диIэжкъым. Зауэм хэкIуэдахэм я быну псэужыр мащIэщ. Зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ дэгъуэ къуажэ еджапIэм и пщIантIэм дэтщ. Ар колхозым и мылъкукIэ 1970 гъэм ягъэуващ, зауэр зэриухрэ илъэс 25-рэ щрикъум ирихьэлIэу. Илъэс къэс, майм и 9-м, июным и 22-м а фэеплъым деж пэкIу щыдогъэкIуэкI. Абы кърохьэлIэ къуажэ унафэщIхэр, зауэм хэтахэм я бынхэр, Iыхьлыхэр, къуажэдэсхэр, еджакIуэ цIыкIухэр, егъэджакIуэхэр, клубым, библиотекэм я лэжьакIуэхэр, Афганистаным щызэуахэр», – жеIэ Нурхьэлий.



И махуэ къэс IуэхущIэкIэ гъэнщIа лIы ахъырзэманым и псэемыблэж лэжьыгъэм къыпэкIуэу кърatащ ЩIыщIэр къызэраIэтам папщIэ; Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм хьэлэлу зэрылэжьам щхьэкIэ; Ленин В.И., Сталин И.В. сымэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ; ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 50, 60, 65-рэ, 70, 75-рэ щыхъум ирихьэлIэу къыдагъэкIа медалхэр. А псом нэмыщI, и цIэр фIыкIэ къраIуэу куэдрэ къыхуагъэфэщащ республикэм и къулыкъущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Зи псалъэр ялъытэу, зи чэнджэщым тету, зи цIыхугъэмрэ зэфIэкIымрэ пщIэ хуащIу ди япэ ит лIы губзыгъэм, гуащIафIэм дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэу, и бынхэмрэ абыхэм къалъхужахэмрэ ящыгуфIыкIыу, къилэжьа псом нобэ къыхуихьа пщIэмрэ щIыхьымрэ ирипагэу иджыри куэдрэ псэуну.

**ИСТЭПАН Залинэ**

# ПСЭ УЗЭЩIА



ЩIэныгъэлI, критик Щокъуий Къадир къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 80 ирокъу. Къулъкъужын дэт къуажэ еджапIэр дыщэ медалкIэ, КъБКъУ-м филологиемкIэ и къудамэр диплом плъыжькIэ къиухри, абы и гъащIэ псор тыхь хуищIащ ди культурэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъ Iуэхугъуищым: акъылыр зыузэщI щIэныгъэм, псэр зыгъэдахэ гъэсэныгъэм, а тIуми хуэлажьэ литературэр егъэфIэкIуэным.

Щокъуийр къуажэ егъэджакIуэу, иужькIэ ди университетым философием, щэнхабзэм, этнологием студентхэр щыхуригъаджэу лэжьащ, ар литературэм и критикт. Абы и еджакIуэхэм мыр яжриIэрт:

«Щэнхабзэращ акъыл къозытыр, уи зэхэщIыкIым зезыгъэужьыр, гъуэгу захуэ утезышэр. Ар къызыгурымыIуэ къыщыфхэкIым и деж сигу къоуэ. IэщIагъэм я нэхъыфIым фригъуазэми, абы фыщехъулIэми тIури мащIэнущ, фэ цIыхур цIыху зыщI псэ узэщIа фимыIэмэ, фымыгъэсамэ. Щэнхабзэм фыхурагъэджэн хуеящ курыт еджапIэхэм, мы ди университетми ар Iэмал зимыIэ и щIэныгъэ къудамэу щытыпхъэт ...»

Щокъуийм езым цIыхугъэр и плъапIэу, и пщIэр лъагэу захуагъэм и лъагъуэм ирикIуащ. Гугъу ехьащ, фэжагъуэ къихьми яхуикIуэтакъым, адыгэ тхакIуэхэмрэ критикхэмрэ я «шыгъупIастэзэдэшх» зэхущытыкIэми ебакъуэурэ, абы и къалэмыр джатэ къиха яхуищIырт нэфIней зезыхьэм, Iужажэпсэм, тафэтелэм, зыкъызыфIэщIыжам, зэми ар дахагъэм, фIым, екIум хуэлажьэм яхуигъэбзэрабзэт, бзыхьэхуэбзыхьэхуэу и тхыгъэхэр зэхыхьэу. ЕхьэкI-къехьэкI хэмылъу жьэнахуэм, псалъэ дыгъэлхэр зи лъэныкъуэегъэзу тхыгъэхэр зэрызэпкърих Iэзагъэм, щIэныгъэр, акъылыр, псэ узэщIар зи къигъэхъуапIэм сыти къыпыжыпIыхьыжынт? Зыхуэдэлъар гусэу икIуэтырт, убэрт, гупсысэрт, пыIукIуэтыпэнкIи хъунут, ауэ пщIэ къыхуимыщIу къанэртэкъым. Сэ си щхьэкIэ сымыгъэунэхуа Iуэху сытетхыхькъым. Си усэ тхылъ къыдэзгъэкIыну сыщытегушхуэм, Щокъуий Къадир хуэсхьауэ щытащ езгъэджэну. Зырызыххэу псори зэпкърихри, гурыхь щыхъуари, тхылъым бгъакIуэ мыхъунури, абы и дагъуэри къысхуиIуэта иужь гупсэхугъуэ згъуэтауэ щытащ – пэжыр зи гъуазэу, фэрыщIыгъэр зи бийуэ гурыщIэм и лъащIэм щыпщIыпщI дахагъэр зыхэзыщIэ цIыхуу ар къызэрыщIэкIар гуапэлей сщыхъуат!

Щокъуийм и тхыгъэхэр «мэкъуауэжь псэхэлъхьэж» яхуэхъурт ди литературэм и къудамэ зызыужьхэм. «Тыншкъым лъыхъуэм и гъуэгур» зыфIища и тхылъ 1991 гъэм къыдэкIам ихуащ сабий литературэм теухуа тхыгъэ гъэщIэгъуэн. АтIэ, абы лъандэрэ илъэс 30 дэкIыжа пэтми, критик жьэнахуэм къигъэлъэгъуа гукъеуэхэм зы мэскъалкIи замыхъуэжауэ нобэм къэсыху дыкъыхагъэзыхь. Абы щыщ пычыгъуэхэр щапхъэу къэсхьыну сыхуейщ:

«Гуапэщ иужьрей гъэхэм къэбэрдей прозэмрэ поэзиемрэ лъэбакъуэ лъэщ зэрачар. АтIэ а зыужьыныгъэм сыт хуэдэ увыпIэ щиубыдрэ ди сабий литературэм? ЗанщIэу жытIэнщи, ямылейуэ дызыщыгуфIыкIын тлъагъуркъым икIи цIыкIухэм загъэгусэмэ икъукIэ захуэщ.

Сабийхэм папщIэ тхэныр емыкIуу, уеблэмэ ар «мытхакIуэ» лэжьыгъэу къалъытэу къыпфIощI. Нобэр къыздэсым дэ диIэкъым «ар цIыкIухэрщ зыхуэтхэр» – хужытIэну тхакIуэ, Щомахуэ Амырхъан фIэкIа. Ауэ, зэрыжаIэщи, зы лIыр – шуудзэкъым икIи Амырхъан и закъуэкIэ зэфIэкIыну Iуэхукъым зи гугъу тщIыр.

НобэкIэ сабийхэм папщIэ диIэ тхыгъэхэм уеплъмэ, нэхъыбапIэр таурыхъщ. Адыгэхэм таурыхъ, хъыбарыжь, псысэ, гушыIэ куэд диIэщ лIэщIыгъуэкIэрэ къыддэгъуэгурыкIуауэ. Абыхэм я дахагъэр ноби кIуэдакъым, ахэр дяпэкIи зэхуэхьэсын икIи цIыкIуи ини щыгъуазэ щIын хуейщ. IуэрыIуатэр тегъэщIапIэ ящIурэ ди тхакIуэхэми зэхалъхьащ тхылъ удэзыхьэххэр. (Тхьэгъэзит З. – «КъуийцIыкIу», Жаным Б. – «Дыщэ баш», Нало З. – «Инэмыкъуэ»). Таурыхъхэм къадэкIуэу сабийхэм гъэщIэгъуэн ящыхъу тхылъ зыбжани диIэщ, рассказхэр иту. Псалъэм папщIэ, КъардэнгъущI З. и «Мыщэ шур», школым кIуэхэм, пионерхэм папщIэ ЩакIуэ Т. и «Алий цIыкIур», ЩоджэнцIыкIу I. и «Уэлбанэ дыгъэр», Гъубжокъуэ Л. и «Пионерым и лIыгъэр». Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, мыпхуэдэ тхыгъэхэр ди мащIэщ.

НэIурыту, къызэрыгуэкIыу щымыт дэтхэнэми сабийр етхьэкъу. АтIэ, апхуэдэ Iуэхугъуэхэр, къэхъукъащIэхэр щекIуэкIыр таурыхъ къудейра? Ди зэманыр-щэ?.. Мы дэ жытIэр псалъэ дыгъэлкъым. Сабийхэм яхуэгъэзауэ, балигъри щIэщыгъуэу еджэфын хуэдэу узытетхыхь хъун цIыху гъуэзэджэхэр диIэщ, дэтхэнэм и гъащIэри художественнэ тхыгъэм пкъы гъуэзэджэ хуэхъуфыну.

Хэкупсэ – лIыхъужьыпсэ гъэсэныгъэ ныбжьыщIэм етыным и мыхьэнэр псоми дощIэ. Ауэ мыбы и лъэныкъуэкIи дэ зыгуэркIэ арэзы узытехъуэн диIэкъым. Нобэми дызэрыгушхуэну щыIэр зи поэтическэ нурыр мыужьыхыж ЩоджэнцIыкIу Алий и «НыбжьыщIэ хахуэрщ». Зауэм хэта ди хэкуэгъухэм лIыгъэу зэрахьар къигъэлъагъуэу ди ныбжьыщIэхэр щIэджыкIыну художественнэ тхылъ диIэкъым.

Спортыр къапщтэмэ, ар узыншагъэщ, лIыгъэщ, нэжэгужагъэщ, абы нэмыщIыжкIи ар культурэщ, нэмысщ, хьэл-щэн тэмэм къытхелъхьэ. Ди гугъэщ, спорт темэр къэбэрдей литературэм дежкIэ къэIэтын хуей щIыщIэу.

Сыт илэжьрэ ди театрым цIыкIухэм папщIэ? Шэч къэтхьыркъым – хузэфIэкI къигъанэркъым. Ауэ девгъэплъыт абы и репертуарым. «Мыщэ и къуэ Батыр», «КъуийцIыкIу», «Дыщэ накъырэ». Дэ къыдгуроIуэ театрым и Iуэхур зэрынэхъ гугъур. Абы зыхэплъыхьын тхыгъэ иIэн хуейщ, псом ящхьэращи, нэхъыжьхэм ящIыгъуу актёр ныбжьыщIи ухуеинущ, цIыкIухэм я пащхьэм къибгъэхьэну. ГурыIуэгъуэщ ар зэрыгугъур, ауэ, дауэ щымытми, сабийхэм я театрым хэкIыпIэ гуэр къыхуэгъуэтын хуейщ. Ар яхузэфIэкIынущ тхакIуэхэмрэ театрым и

лэжьакIуэхэмрэ жыджэру зэдэлажьэмэ. ХэкIыпIэншэр хэкIыпIэ къэплъыхъуэну ухуэмеймэщ.

Зи гугъу тщIахэм нэхърэ нэхъ пщIэгъуалэкъым уэрэдым и Iуэхури. Къалэм и гугъу тщIыххэркъым, ди къуажэхэм куэдрэ щызэхэпхынкъым адыгэ еджакIуэ уэрэд. Ар сыт къызыхэкIыр: ди бзэмкIэ уэрэд жаIэну яфIэмыфIу ара? Хьэуэ. ДэнэкIи къыщыIур «Ленэ дахэкIейрэ», «Мадинэ – Маринэрэ» е абыхэм ящхь нэгъуэщIхэрщ. Уеблэмэ, школым иджыри мыкIуэ цIыкIур къуажэ уэрамым кIийуэ дэтщ «Си псэу Люсенэ», – жеIэри. ЦIыкIухэм гукъинэ ящыхъун уэрэд макъамэ гуакIуэ щIэлъу диIэкъыми аращ ар къызыхэкIыр.

«Дауэ зэрыдимыIэр?» – щIэупщIэнкIэ хъунщ зыгуэрхэр икIи сощIэ, къэрабжэкIынщ зытIущ. Ауэ зыдвгъэумысыж: ахэри жаIэу аракъым, атIэ ди радиом (ари зэзэмызэ дыдэ) къиту аращ.

Ди телевиденэм нэхъ цIыкIуIуэхэр зэрипIыр кIэ зимыIэж шыпсэхэрщ. ФIы-Iейми абыхэм зыгуэр ялъос, ауэ еджакIуэ нэхъ къыдэкIуэтеяхэр Iыхьэншэ дыдэу къэнауэ убж хъунущ.

«Дэ диIэи хуейщ тхыгъэфIхэр, ди щIэблэ къэхъум хьэл-щэн узыншэ яхилъхьэу, лIыгъэм хуиущийуэ, гушыIэ дахэм хуигъасэу. Зы тхылъым икIрэ адрейм кIуэуэ, тхыгъэ зыбжанэм уащрихьэлIэжу, сабийхэм абы и цIэ жаIэу гушыIэ лIыхъужьхэр ухуэн хуейщ», – жиIэгъащ Горький Максим.

АдэкIэ. НэгъуэщI лъэпкъ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэдзэкIауи ди цIыкIухэм яIэщIэлъхьэн хуейщ. Абы теухуауэ къэбэрдей тхакIуэхэм мащIэщ ялэжьыр. Ди фIэщ мэхъу ди сабийхэм фIыщIэ зэращIынур, Маршак, Барто, Михалков, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр ди бзэмкIэ яджмэ».

Щокъуий Къадир и тхыгъэр ноби ди гурыгъузхэм тоIэбэ. Адыгэ тхакIуэхэм я союзыр цIыхуищэм щIигъу мэхъури, сабий тхакIуэкIэ узэджэ хъуну яхэтыр зытIущщ. «Сабийм яхуэлажьэр балигъхэм папщIэ зыри зыхуэмытхырщ» – жаIэу ар яфIэауану, ди щIэблэм къахудэкI «Нур» журнал закъуэри яфIэхьэпшып жьгъейуэ, абыи епэгэкIыу зэхэсхэщ (ар си щхьэкIэ згъэунэхуа Iуэхущ). ЗэхэщIыкI лъагэ нэхъ зыбгъэдэлъ балигъ тхакIуэхэр, а гукъеуэм и инагъыр къызыгурыIуауэ зыхэзыщIэхэр сабийхэм яхуэтхащ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ КIыщокъуэ Алимрэ я деж щегъэжьауэ, ауэ шэщIауэ зи гуащIэ псор сабий литературэм тыхь хуэзыщI тхакIуэ нобэм къэсыхукIэ диIэкъым.

Зэманыр мэкIуатэ, анэдэлъхубзэм щIэблэр кIуэ пэтми пыIуокIуэт, ауэ зыми зихъуэжыркъым. Мы тхыгъэмкIэ дигу къэдгъэкIыжа Щокъуий Къадир и псэр зыщыгуфIыкIын дуней бзыгъэ дыIуплъэжыну Тхьэм жиIэ!

**АБРОКЪУЭ Беллэ,**
*«Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ*

# ХЭКУМ И ЦІЭР ФІЫКІЭ ЗЫГЪЭІУ



Гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ, жеІэ адыгэм. Ар Шал Хъусен ехьэлIамэ, лъэпкъпсо игъэбжьыфIэрэ хэкум и цIэр фIыкIэ игъэIуу дунейм тетщ. Лъэныкъуэ куэдкIэ зэчий зыбгъэдэлъ щIалэ жыджэрым къигъэщIа илъэс бжыгъэр Iуэхугъуэ дахэхэмкIэ гъэнщIащ. Курыт еджапIэм щыкIуэм щегъэжьауэ фIыуэ зэреджэм нэмыщI, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм хэту, сыт хуэдэ школ зэхыхьэри нэхъ екIу зэрыхъуным пылъу щытащ. Абы иужькIэ экономист, юрист IэщIагъэхэм зэрыхуеджэм хуэдэурэ, зэчийкIэ Тхьэр къыхуэупсати, макъамэ щIэныгъэи зригъэгъуэтри, республикэм и щэнхабзэ утыкум «вагъуэ» пашэу къиуващ. Хъусен и уэрэд жыIэкIэр куэдым ягу дыхьэну хунэсащ, нэхъ гъунэгъуу къэзыцIыхухэр и пэжагъымкIэ, нэшхуэгушхуэу, цIыху зэтету зэрыщытымкIэ къыдихьэхащ.

Шалыр ящыщкъым цIэрыIуагъэм щигъэкIхэми, цIыхубэм фIыуэ къызэралъагъум зи хьэл зригъэхъуэжхэми. Ар сыт щыгъуи зы пIэрэ зы хьэлрэ итщ, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр зэригъэдахэм нэмыщIи, хузэфIэкI псори и хэкум, и лъэпкъым, къэзыухъуреихь цIыхубэм яхуищIэу. Бгъэдэлъ зэчийм и кууагъым и фIыгъэкIэ ар фIыуэ къыщалъагъу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ республикэ псоми, абы концертхэр щитащ ди къэралым и щыхьэрым, адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, осетиныбзэкIэ, нэгъуэщIхэмкIи уэрэд жеIэ. Нэхъыщхьэращи, и творчествэм япэ и цIыхугъэр ирагъэщу апхуэдэщ.

Iуэху щхьэпэ куэдым хунэс Хъусен республикэм щекIуэкIхэр, абы къыщыхъу ныкъуэсаныгъэхэр, цIыхухэр зыгъэпIейтейхэр зэи гулъытэншэ ищIыркъым. Къыщалъхуа лъахэм гурэ псэкIэ хуэпэж щIалэм, щэнхабзэм хуищI хэлъхьэныгъэм нэмыщI, езым и гупсысэкIэ, еплъыкIэ иIэжу Iуэху куэд зэфIех, цIыхухэм ягу зэрыгъуэхэр утыку кърехьэри, унафэщIхэм я деж нехьэсыф.

КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Кавказ Ищхъэрэм щыцIэрыIуэ уэрэджыIакIуэ Шал Хъусен и ныбжьыр илъэс 50 зэрырикъур къагъэсэбэпри, и ныбжьэгъухэм гупыж ящIащ абы пщIэшхуэ зэрыхуащIымрэ и дуней тетыкIэр зэрыщапхъэмрэ «Iуащхьэмахуэ» журналым и напэкIуэцIхэм къыщаIуэтэну. Хъусен и махуэм ирихьэлIэу фи пащхьэ идолъхьэ ахэр къызэрыддэгуэшар.

**Къул Амир,** *уэрэдхэмрэ къафэмкIэ «Амикс» гупым и унафэщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ:* КъэдгъэщIа илъэс бжыгъэм теухуауэ жыпIэмэ, Шал Хъусенрэ сэрэ дызэрызэрыцIыхурэ куэд щIакъым – илъэс 15-20-м нэблэгъауэ аращ. Сэ Тхьэшхуэм фIыщIэ хузощI апхуэдэ цIыху си гъащIэм сыщрихьэлIэну насып зэрысхуищIам щхьэкIэ. Зы махуэ гуэрым Хъусен си деж лэжьапIэм зы джанэ дахэ иIыгъыу

къыщIыхьащ: «Амир, зыгуэркIэ сыпщыгугъыу, е зыхуозгъэщIэнIауэ аракъым, ауэ ди артистхэм уэ пхуэдэу пщIэ зыхуэсщI яхэткъыми, си цIэкIэ мы джанэр лажьэ», – жиIэри. Мис апхуэдэу къежьащ ди зэныбжьэгъугъэр.

ГъащIэр матэ щIэдзакъым, жаIэ. Дэтхэнэ зыми гугъуехь гуэр къыхуохуэ. Апхуэдэ щытыкIэ гугъу сыкъыщихутэ щыIэми, япэ дыдэ къыскъуэувэри къыздэIэпыкъури Хъусенщ. Ар гъунэгъуу къыббгъэдэтмэ, уи гур зэIухауэ тыншу укъыдокIуэкI, езыр апхуэдэщи, ехьэкI-къехьэкI хэмыту сыткIи удогуэшэф. Мис апхуэдэу и гур зэIухауэ зэрыщытым щхьэкIэ, зы щэхуи хузиIэкъым, зыми жезмыIэф куэдкIи сыдогуашэ. КъызэрыгурыIуэнури чэнджэщ къызэрызитынури, езыр сэбэп къызэрысхуэхъунури сщIэуэ си ныбжьэгъу пэжщ.

И унагъуэкIи, и цIыху хэтыкIэкIи дагъуэншэщ Шалыр. Абы и сабийм бгъэдилъхьэ гъэсэныгъэм, ущием, иригъэлъагъу щапхъэхэм уасэ яхуэщIыгъуейщ.

ЦIыхум япэ дыдэу хэлъын хуейуэ къэслъытэ хьэл-щэным хуэдэ хэлъщ Хъусен – пщIэ хэха хузощI и цIыхугъэмрэ адыгагъэмрэ папщIэ.

Абы гуапагъыу къыбгъэдэкIым, цIыхум фIыуэ яхуищIэм и сэбэп и сабийми, и унагъуэ дахэми къекIыу псэуну сыхуейщ. Насыпыр я унагъуэм щIэмыкIыу, и мурад псори нэрылъагъу хъууэ гъащIэ дахэ, узыншэ къигъэщIэну Тхьэм жиIэ.



Илъэс 50-р цIыхур къигъэщIам щыхуеплъэкIыж, къэкIуэнум егупсысрэ мурадыщIэхэр щызыхуигъэувыж гъащIэ пIалъэщ. Хъусен екIуу мэпсэу, адэкIэ и къэкIуэнур нэхъ дахэжу, адыгэ лъэпкъыр игъэбжьыфIэу иджыри къэдрэ къытхэтыну сыхуохъуахъуэ.

**Ныр Iэуес,** *КъБР-м щIыхь зиIэ журналист:* Хъусен и уэрэдхэмкIэ къызэрысцIыхурэ куэд щIащ, и щхьэкIэ сымыцIыхуми, и макъымкIэ си гум къыдыхьа щIалэт. Зэгуэрым «Лашын» шхапIэм уэрэд зыбжанэ щыжиIауэ, хьарзынэуи зыдгъэпсэхуауэ Хъусен хъуэхъу псалъэкIэ зыхуэзгъэзащ. Абы къыщегъэжьауэ нэхъ гъунэгъуу къэсцIыхуащ. Уеблэмэ, уэрэди зэдэттхащ. Уэрэдым иужь дихьа нэужь, жыджэру а Iуэхум зэрыхэтым къигъэлъагъуэрт абы и IэщIагъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэр.

Зы махуэ гуэрым къэпсэлъащ Хъусен: «Макъамэ дахэ щыIэщи, зы уэрэд схуэтх», – жиIэри. Сэ сыжурналистуращ, сыуэрэдускъым зэрыжысIэм хуэдэурэ, лъагъуныгъэм теухуа уэрэд цIыкIу сигъэтхащ махуитIым къриубыдэу, иужькIэ цIыхубэми ягу ирихьа хъуат. Мис а уэрэдым дызэпищIауэ куэд щIауэ дызэныбжьэгъущ. Хъусен сэрэ илъэс тIощIым нэс ди зэхуакущ, ауэ зэтIолъхуэныкъуэм хуэдэу дыкъызэдокIуэкI. Зэи жагъуэу слъэгъуакъым, и творчествэм сыкIэлъыплъурэ езыр нэхъ гъунэгъуу зэзгъэцIыхури, нэхъыбэжкIэ сигу къыдыхьащ.

Джэдум дзыгъуэ Iущ фIэфIкъым, жаIэ. Езым зыгуэркIэ къефIэкI игъэныбжьэгъуну зыфIэмыфI цIыхухэри щыIэщ. Хъусен апхуэдэкъым, щIалэгъуалэм я гъуэгугъэлъагъуэщи, абыхэм я сыт хуэдэ ехъулIэныгъэри еIэтыф, ахэр ипэкIэ игъэкIуэтэну сыт щыгъуи пылъщ.

Уэрэд жиIэхэр дахэ защIэщ ди ныбжьэгъуфIым, губампIэдэх пхуэхъуу, ущыгуфIэм нэхъри уигъэгушхуэу, уи гур игъэпсэхуу. Си щхьэкIэ зызмыгъэнщIу седэIуэфынущ.

«ГъащIэ уиIэхукIэ пэжым тетыф, уи фIыр цIыху лъэпкъым егъэкI», – жиIащ ПащIэ Бэчмырзэ. А псалъэхэр и гъащIэ гъусэщ Хъусен. ХузэфIэкI зыри къигъэнэнукъым нэгъуэщI цIыхум дэIэпыкъун, и Iуэху дигъэкIын папщIэ. Псоми фIыуэ къалъагъу Шал Хъусен и ныбжьыр илъэс 50 зэрырикъумкIэ сехъуэхъуну сыхуейщ, узыншэну, гъащIэ кIыхь и щхьэкIи, и унагъуэкIи, и творчествэкIи иIэну!

**Шэру Валентинэ,** *Налшык къалэ ЗАГС-м и унафэщI:* Хъусен и гугъу щыпщIым деж псалъэ дахэ, гуапэ куэд жыпIэну уигу къокI. Си щхьэкIэ срогушхуэ апхуэдэ уэрэджыIакIуэ гъуэзэджэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист зэрыдиIэм. Уэрэд жыIэным имызакъуэу Хъусен проект гъэщIэгъуэн куэд къызэрегъэпэщ. «Къэбэрдей-Балъкъэрыр Шал Хъусен и гъусэу» жыхуиIэ проектым ди хэгъэгур фIы и лъэныкъуэкIэ хамэхэм къацIыхунымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. НэгъуэщI щIыпIэ къикIахэм нэмыщI, дэ, мыбы щыпсэухэм, дымыцIыху щIыпIэ дахэ куэд къытхузэIуех Хъусен. И гъусэу гъуэгу утетынуи, и гупсысэхэм ущIэдэIунуи зыхуэдэ щыIэкъым. Псом нэхърэ нэхъ сигу ирихьыр Хъусен ныбжьэгъугъэм зэрыхущытырщ. Абы сытым дежи зыкъыпщIигъэкъуэнущ, сыт хуэдэ Iуэху уиIэми япэ къэсу ар зэфIэзыхынухэм ящыщщ.



И щхьэгъусэ ФатIимэрэ абырэ я унагъуэр щапхъэ зытехыпхъэщ. А тIум я зэхущытыкIэр, я зэхуаку дэлъ лъагъуныгъэр, пщIэр, гулъытэр умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Зи акъылкIи, гупсысэкIи, дуней тетыкIэкIи зэтехуэ зэщхьэгъусэхэм я къуэ цIыкIур зыщыщIэ щымыIэу къагъэхъу. Хъусен гулъытэшхуэ хуещI и къуэм и гъэсэныгъэми, зыужьыныгъэми, щIэныгъэми. АбыкIэ къэувыIэркъым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтщ, къыдэкIуэтей щIэблэм я къэкIуэнум иригузавэу апхуэдэщ.

ЦIыхум и гум и инагъым хуэдиз ныбжьэгъуи иIыгъыфу жаIэ. Абы елъытамэ, Хъусен и гур къызэрымыкIуэу инщ, абы ныбжьэгъу и куэдщ, езым дызэригъэцIыхуу ныбжьэгъу дызэхуэхъуахэри диIэщи, ди гуапэу дызэкIэлъокIуэ. Нобэ абы сохъуэхъу и творческэ зэфIэкIым зэи хэмыщIу, ехъулIэныгъэ и куэду гъащIэ кIыхь къигъэщIэну.

**Дзуцев Сослан,** *уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ:* Шал Хъусен къыщацIыхури, фIыуэ къыщалъагъури Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэкъым, атIэ Осетие Ищхъэрэ – Аланиеми хуабжьу пщIэшхуэ щыхуащIу апхуэдэщ. Си лъэпкъэгъухэми яхэтщ абы и ныбжьэгъу, и творчествэм дихьэх куэд, уеблэмэ, Хъусен ялъагъун къудейм щыгуфIыкI куэд исщ Осетием. Абы къегъэлъагъуэ Хъусен и цIыху щIыкIэкIи, и цIэрыIуагъкIи, и гуапагъкIи бэм я деж къыщилэжьа пщIэр зыхуэдизыр.

Шалым и творчествэм, и дуней тетыкIэм утепсэлъыхьмэ, абы бгъэдэлъ фIагъыр зыхэплъагъуэр и уэрэд жыIэкIэм, и утыку итыкIэм я закъуэкъым, атIэ цIыху зэпIэзэрыту, псэ хьэлэлу зэрыщытырщ, арагъэнщ абы и талант нэхъыщхьэри. Ар зэрыныбжьэгъу пэжым сэ щыхьэт сытехъуэфынущ.

ЦIыхум лъапIэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу иIэр и сабийрщ, и унагъуэрщ. Хъусен и къуэм си цIэр зэрыфIищар си дежкIэ пщIэшхуэщ. Абы иджыри зэ щIигъэбыдауэ жыпIэ хъунущ си анэ къимылъхуами, си къуэш пэлъытэу зэрыщытыр. Ар сытым дежи си чэнджэщэгъущ, сыхуей хъумэ, щIэх-щIэхыу къызогъуэт. Абы и акъылыр, и Iущагъыр, гъащIэм кууэ зэрыпхыплъыфыр и щхьэмрэ и унагъуэмрэ я закъуэкъым зыхурикъур, атIэ и ныбжьэгъу бжыгъэншэхэми сэбэп яхуохъу. Хъусен сехъуэхъуну сыхуейщ узыншагъэ быдэ иIэну, гъащIэм и IэфIагъыр зыхищIэу насыпыфIэу псэуну. И щхьэгъусэ ФатIимэрэ езымрэ зэкъуэту илъэс куэд къызэдагъэщIэну, а тIум я къуэ цIыкIум адэм хэлъ хьэлыфI псори хэлъу къыдэкIуэтеину Тхьэм жиIэ. Си гугъэщ а псалъэхэр Осетием и щIылъэныкъуэм къыздащтэну.

**Шал Iэбузед,** *Хъусен и къуэш:* Ди лъэпкъыр зэкъуэшищым къатекIащ. Зыр Къармэхьэблэ дэтIысхьащ, адрейр – Дзэлыкъуэкъуажэ, ещанэр Къэрэгъэш щетIысэхащ.

Жылэ зэмылIэужьыгъуэхэм дэс ди лъэпкъым и зэхуэс едгъэкIуэкIауэ щытащ илъэс гуэрым. Абы щыгъуэм Хъусен щIалэ дыдэу дахэу иригъэкIуэкIащ а лъэпкъ зэхыхьэшхуэр. Ауэрэ Хъусен цIэрыIуэ хъуащ, гуфIэгъуэ зиIэм хуигъэдахэрэ гузэвэгъуэ зиIэм зыщIигъакъуэу. Гухэлъэт зиIэ щIалэ гъэсауэ зэрыщытыр хъыбару къыдекIуэкI хъуащ ди къуэшым. Апхуэдэ щIалэ щыпкъэр зэзгъэцIыхуныр си хъуэпсапIэти, си лэжьапIэм къыIухьэну хуэсIуэхуащ. Сыхьэт нэхъ дэмыкIыу къэсат Хъусен си деж. Сыгузэвэжауэ: «уа, Хъусен, уи Iуэху къэбгъанэу апхуэдэу псынщIэу укъэсынри Iэмалыншэтэкъым», – щыжысIэм. «Нэхъыжь къоджамэ, нэхъапэ сыт щыIэ?» – жиIэри, къыщIыхьат. А зы псалъэм къызгуригъэIуащ Хъусен хэлъ гъэсэныгъэр. Абы лъандэрэ илъэс 20-м нэблэгъащ, нэхъ гъунэгъуи дызэхуэхъуащ. ИкIи дызэкъуэшщ, езыр щIалэ Iущщи, дызэчэнджэщэгъущ. Лъэпкъым, къуажэм, республикэм я Iуэху дэкIын папщIэ зи къару емыблэж цIыхущ Хъусен. Сэ срипагэу, лъэпкъыр иригушхуэу диIэщ. И адэ-анэр хуэузыншэщи, гъащIэ кIыхь Тхьэм къарит. И унагъуэкIэ ефIакIуэу, и щхьэ Iуэху зэрыхуейуэ дэкIыу куэдрэ Тхьэм игъэпсэу ди къуэшыр.

**Къущхьэ Роберт,** *Шал Хъусен и ныбжьэгъу:* Хъусен цIыхубэм къызэрацIыхур уэрэджыIакIуэущи, и лэжьыгъэмкIэ къыщIэздзэнщ. А щIалэм уэрэд зэрыжиIэр макъ къудейкIэкъым, атIэ гурэ псэкIэ егъэзащIэ, псалъэми макъамэми IэфIыр уи деж къехьэсыф, псэкIэ зыхыуегъащIэ. И зыщIыкIэмрэ джэгукIэмкIэ а жиIэр нэхъри егъэщIэращIэ.

Езым гушыIэкIэ дахэ хэлъщ, ныбжьэгъугъэкIэ къытекIуэн бгъуэтынукъым. Хэт и Iуэху дэзгъэкIын, хэт сыткIэ сыдэIэпыкъун жиIэм ярейуэ, хэт дежи асыхьэту нэсыфынущ. Аращ ар фIыуэ къыщIалъагъур. Унагъуэ дахэ иIэщ Хъусен. И щхьэгъусэми езыми пщIэшхуэ хуащI.

Адыгэгущ икIи адыгэпсэщ Шалыр. Ауэ лъэпкъ гъунэгъухэри игъэныбжьэгъуфу, нэгъуэщIыбзэкIэ псалъэми, нэгъуэщI дин зезыхьэми къуэшым хуэдэу ябгъэдэтыфщ. Я бзэкIэ уэрэд жеIэ, якIэлъокIуэ икIи къыкIэлъокIуэ нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIахэр.

Иджыпсту ар зиужь ит Iуэхури щхьэпэщ, щIэщыгъуэщ. Урысей псом цIыху къришурэ ди лъэпкъ гъащIэр зэрекIуэкIыр, къыдэгъуэгурыкIуэ хабзэмрэ хьэлымрэ ярегъэцIыху, лъэпкъ шхыныгъуэхэр яIуегъахуэ. ЗыплъыхьакIуэ щIыпIэ дахэм къакIуэ цIыхухэм гъэщIэгъуэн куэд къыщащIэу, иджыри къызэрытрагъэзэным гупыж хуаIэу еутIыпщыж туристхэр Хъусен. И узыншагъэр хурикъуу, и унагъуэ дахэм щхьэщыту, и бын и гуфIэгъуэ илъагъуу, дэрэжэгъуэ защIэкIэ гъэнщIа гъащIэ Тхьэм кърит, иджыри илъэс 50 къригъэгъащIэ.

**Черновэ Алёнэ,** *полицэм и подполковник:* Телъыджэ куэд сыщрихьэлIэурэ екIуэкI си гъащIэм, мы гъэми зы Iуэхугъуэ дахэ къыщыхъуащ. Театрымрэ уэрэдымкIэ «Амикс» гупым и унафэщI Къул Амир къызэригъэпэщауэ «Илъэс 30-м щIигъуахэр» проект гъэщIэгъуэн екIуэкIырт. Абы срагъэблагъэри, си ныбжьэгъухэм я гъусэу сэ нэхъыфIу слъагъу уэрэдищ щызгъэзэщIащ. А проектым сэ нэхъ сигу ирихь зы уэрэджыIакIуэ къыщыхэсхыу, и гъусэу уэрэд жысIэн хуейт. КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Шал Хъусен зыщыхуэзгъазэм сигъэщIэхъуакъым, дуэт хъарзыни къыдэхъулIащ. Абы зыщыхуэдгъэхьэзыр махуэхэм сэ си нэгу щIэкIащ Хъусен жэуаплыныгъэ ин хэлъу и лэжьыгъэм зэрыпэрытыр, зэгъусэу утыку дыкъихьэныр къыдэхъулIэн папщIэ, уэрэдым и зы псалъэ блимыгъэкIыу къызэрыздэлажьэр. Уэрэд жыIэным зыри хэзымыщIыкI сэ зэман кIэщIым къриубыдэу куэдым сригъэсат, сигъэщIат. Хуабжьу сыхуэарэзыщ и зэмани, и къаруи щымысхьу апхуэдэу гурэ псэкIэ къызэрыздэлэжьам щхьэкIэ. Абы сытригъэгушхуэри, си хъуэпсапIэхэм ящыщ зы щызгъэзэщIащ а проектым. Ар, дауи, зи фIыгъэр Шал Хъусенщ.



Къэбэрдей-Балъкъэрым и фIыгъуэ куэд утыку къизыхьэ ди артистхэм къахолыдыкI Хъусен. Абы и макъми, и дэтхэнэ псалъэми къахощ лъэпкъ щэнхабзэмрэ нэхъыжьхэм къытхуагъэна фIыгъуэмрэ я налъэр. Ахэр утыку щигъэIуу гъащIэми утыкуми куэдрэ щыпэрытыну сохъуэхъу Хъусен.

**Зэптий Алим,** *Къэрэгъэш къуажэ администрацэм и унафэщI:* Хъусен теухуауэ фIы фIэкIа зыри пхужыIэнукъым. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, къыщалъхуа жылэжьым хуэпэжу, хэкупсэ нэсу зэрыщытым и пщIэр еIэт. Апхуэдэ хьэл хэлъщи, цIыхур зрегъэдэIуэф, шу пашэ нэсу яхэтыфщ. Ди къуажэм сыт хуэдэ жылагъуэ Iуэху къыщаIэтми, щэнхабзэ зэхыхьэ щекIуэкIми, Хъусен лъэныкъуэкIэ зэи къанэркъым. ГуфIэгъуэ ди къуажэм къыдэхъуамэ, Хъусенрэ и щхьэгъусэмрэ щыIэмэ, ар къызыхуэтыншэу зэрекIуэкIынум, цIыхубэр зэрагъэгушхуэнум шэч къытумыхьэми хъунущ. Абы и лъэныкъуэкIэ дэ ди кIэн къикIащ, дрогушхуэ ди къуажэгъум и цIэр республикэм щаIэту зэрыщытым, фIыуэ къызэралъагъум. Къэбэрдей-Балъкъэрым и утыкум бжьыфIэу ит ди къуэшым Къэрэгъэшым и цIэр дахэу криIуэу, езым и дуней тетыкIэм къуажэм и цIэр фIыкIэ игъэIуу апхуэдэщи, узыншэну, нэхъыбэж къыдэхъуну сыхуохъуахъуэ!

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

## АДЫГЭ КЪЭКIЫГЪЭЦIЭХЭР

**Гуузгын** – Анис.

Зы гъэкIэ къокI. Куэду щагъэкI хьэрып къэралхэм, Европэм, ди къэралым. КъэкIыгъэм мэ дахэ къыкIэрех, и жылэхэм дагъэ къыщIаху, медицинэм, сабын, аркъэ, IэфIыкIэ щащIхэм къыщагъэсэбэп. Адыгэхэр куэд щIауэ ироIэзэ. Гуузгыным кIэсыжу губгъуэхэм къыщыкIыу урохьэлIэ.

**Гуузджэш** – Горох посевной.

Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум къагъэкI хадэхэкIщ. Ипкъ кунэщI плIимэу щытым езыр-езыру зиIыгъыжыфыркъым, къабзийм ещхь тхьэмпэхэм япыт къуэпс цIыкIухэмкIэ нэгъуэщI къэкIыгъэхэм зыкIэращIэ. Тхьэмпэхэр тIурытIу зэпэщIэтщ, 2, 4 е 6-уэ зэхэтщ. КъэкIыгъэхэм *см* 15-м къыщегъэжьауэ метри 2-м нэс щалъагагъ къохъу, цы теткъым. Гъэгъахэр хужьщ, майм, июным ирегъажьэри июль – августым нэсыхункIэ мэгъагъэ, уэгъу къэмыхъумэ. Жылапхъэхэр хъуа нэужь хужь-гъуэжьыфэщ е щхъуантIафэщ, хъурейщ, 1 *см* нэс и инагъщ, къэуату (протеину) процент 35-м нэс хэлъщ, шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхащIыкI. Кавказ Ищхъэрэм, Украинэм, Тэтэрым, Къыргъызым, Уралым, Сыбырым, Бирмэм, США-м, Индием, Китайм, нэгъуэщI щIыпIэхэми щагъэкI.



**Гъасэ** – Полба (разновидность пшеницы).

Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхухэм къагъэкI хьэцэпэцэ къэкIыгъэщ. И пкъыр занщIэу *см* 120-кIэ докIей, и бзийхэр кIыхьщ, *см* 1,5–2 я бгъуагъщ. Июным щхьэмыжхэр къыдедз. Абыхэм я кIыхьагъыр *см* 10–15-м нос. И лъабжьэр лъахъц куэду зэхэтщ.

Адыгэхэм нэхъапэхэм гъасэр куэду къагъэкIырт, шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхащIыкIырт. Ди къэралым иджы гъасэр къыщагъэкIыжыркъым, ар къэзыгъэкI къэралхэр зырызщ.

**Гъатхасэгуэдз** – Пшеница яровая.

Гуэдз лIэужьыгъуэхэм ящыщщ. Гъатхэм пасэу хасэри июлым и кIэм, августым Iуахыж. Гъатхасэгуэдзым Кавказ Ищхъэрэм бэвагъ къыщитыркъым. Ар куэду къыщагъэкI Сыбырым, Къэзахъстаным, щIымахуэр щыткIий щIыпIэхэм.

**Гъашащхьэ** – Костер безостый.

Илъэс бжыгъэкIэ къэкI удзщ. И лъагагъыр *см* 100-м щIегъу. И пкъыр занщIэу докIей, и лъэдийр гъэшащ. Щхьэмыж цIыкIухэм хьэцыпэ кIэщI дыдэ ятетщ. И бзийхэр кIыхьщ, пIащэщ, *см* 1-м нэс я бгъуагъщ, лъабжьэжь иIэщ. КъэкIыгъэм и гъашэр июным и кIэм, июлым къыдедз. МэкъупIэхэм, хъупIэхэм, мэз лъапэхэм къыщыкIыу урохьэлIэ. Iэщым фIыуэ яшх, мэкъу хьэлэмэт мэхъу.

Гъашащхьэр мэкъумылэфIу зэрыщытым къыхэкIыу, цIыхухэм трасэурэ, губгъуэхэм къыщагъэкI.

**Гъэгъагъэшхуэ** – Георгина.

Илъэс зыбжанэкIэ къэкI къэкIыгъэ лIэужьыгъуэщ. И лъагагъыр *м* 1,5 – 2-м нос, и тхьэмпэхэр инщ, лэдэх яIэщ. ПщIантIэм, бжэIупэм удз

дахэу къыщагъэкI. Мексикэм кърахa къэкIыгъэщ. Паркхэр, жыг хадэхэр, къалэ уэрамхэр ягъэщIэращIэ гъэгъагъэшхуэ зэмыфэгъухэмкIэ. Бжьыхьэм, къэкIыгъэм и лъабжьэр къыхэпхыу хуабапIэм умыгъэтIылъмэ, щIыIэм исынущ.

**Гъэшудз** – Язвенник многолистный.

МэкъупIэхэм, хъупIэхэм къыщыкI удз лIэужьыгъуэщ. И лъагагъыр *см* 15–20-м нос. И тхьэмпэхэр кIыхьщ, къабзийм ещхьщ, зэгуэбза куэд яIэщ. Удзыпкъым зыкъыдреIэтей, занщIэу щытыфыркъым, зэрыпсыгъуэм къыхэкIыу. Гъэгъа гъуэжьыфэхэр, хъурей цIыкIуу зэкIэщIэсу, и щхьэкIэм къыпедзэ. Iэщым фIыуэ яшх. Ди хэгъэгум щыпсэу лъэпкъхэм хущхъуэу къагъэсэбэп. КъэкIыгъэм нэхъ йозэгъ щIыгум псыр къемэщIэкIыныр.

**Гъэшпэж** – Люцерна жёлтая, люцерна серповидная.

Илъэс зыбжанэкIэ къэкI удз лIэужьыгъуэщ. И пкъыр лъэдийм деж къудамэ псыгъуи 5–8-уэ щызэхокIри, *см* 50–70-кIэ докIей. И лъабжьэр гъумщ, быдэщ, кууэ йокIых. КIы кIэщI зыпыт и тхьэмпэ цIыкIухэр щырыщу зэхэтщ. Гъэгъа гъуэжьхэр, Iэрамэ хъурей цIыкIу зэкIэщIэсу, къудамэ щхьэкIэхэм гъэмахуэм къапедзэ. МэкъупIэхэм, хъупIэхэм, дыгъафIэ джабэхэм къыщокI. Iэщым фIы дыдэу яшх, бжьэм фо къыхах, мэкъуфI мэхъу.

**Гъуэгуанэкъашэ** – Буквица крупноцветковая.

Илъэс бжыгъэкIэ къэкI удз лIэужьыгъуэщ, и лъагагъыр *см* 30–50 хъуу. И пкъыр занщIэу докIейри, июным, июлым гъэгъа шакъафэхэр, Iэрамэ кIыхьу зэхэту, и щхьэкIэм къыпедзэ. И тхьэмпэхэр хъурейщ, цы тетщ, лъабжьэжь ещI. Куэду къыщокI мэкъупIэхэм, хъупIэхэм, мэз лъапэхэм, гъуэгу гъунэхэм. Псом хуэмыдэу гъуэгуанэкъашэм куэду ущрохьэлIэ Къущхьэхъум щыIэ мэкъупIэхэм. Iэщым яшхыркъым. Хущхъуэу къагъэсэбэп.

**ГъуэгунапщIэудз** – Горец птичий, спорыш, гречишка птичья.

Зы гъэкIэ фIэкIа къэмыкI удз лIэужьыгъуэщ, ару лъэпкъыгъуэм щыщщ. Ипкъхэр щIым щылъхэщ е мащIэу зыкъыдраIэтей, и тхьэмпэхэр цIыкIущ, лъабжьэ ищIхэр быдэкъым. Гъэгъа хужь е пшэплъыфэ цIыкIухэр тхьэмпэмрэ и пкъымрэ я зэхуакум, 2–5 хъууэ, къыдедз. Гъуэгу гъунэхэм, гъуэгу бгынэжахэм, псэупIэхэм я гъунэгъуу куэду къыщокI. ГъуэгунапщIэудзым къэуат хэлъщ, Iэщым, къазхэм, джэдхэм фIы дыдэу яшх. Лъэпкъ языныкъуэхэм шхыныгъуэхэм халъхьэ.

**Гъуэжьудз** – Зверобой продырявленный, зверобой обыкновенный.

Удз лIэужьыгъуэщ, илъэс бжыгъэкIэ къокI. Ипкъ занщIэу дэкIейм *см* 40–60-м нэс щилъагагъ къохъу. КъэкIыгъэм и тхьэмпэхэр хуэхъурей щIыкIэщ, гъэмахуэм гъуанэ цIыкIу куэд къещтэ. Зи къапцIийхэр дыщафэ гъэгъахэр июлым къудамэ щхьэкIэхэм Iэрамэу къыпедзэ. Лъабжьэжь быдэ ещI. Губгъуэхэм, мэкъупIэхэм, щIыжьхэм нэхъыбэу къыщокI. Адыгэхэр, нэгъуэщI лъэпкъхэр ироIээ, медицинэм хущхъуэу къегъэсэбэп. Адыгэхэм удз зэмылIэужьыгъуэхэр хэлъу шей щагъавэкIэ, гъуэжьудзри халъхьэ.

**Гъуэжьытх** – Дрок распростертый.

Гъурцщ е гъурц дыдэу щымыт къэкIыгъэ лIэужьыгъуэщ. И лъагагъыр *см* 30–40-м нэс докIей. И пкъым къудамэ зыбжанэу и лъэдийм деж зыщегуэш. И тхьэмпэхэр хъурей-кIыхь цIыкIущ. Гъэмахуэкум къудамэ щхьэкIэм къыпидзэ гъэгъахэр джэшым ейм ещхьщ, я фэкIэ гъуэжьщ. Лъабжьэжь быдэ ещI. Псыхъуэхэм, мэкъупIэхэм, хъупIэхэм къыщыкIыу урохьэлIэ. Адыгэхэр куэд щIауэ ироIэзэ, шейуэ ягъавэ.

**Гъубжокъуэм и кхъужьей** – Груша кавказская.

Зи теплъэкIэ, къэкIыкIэкIэ адрей мэз кхъужьейхэм къахэщхьэхукI жыгщ. Гъубжокъуэм и кхъужьейм къыпыкIэ кхъужьхэр я теплъэкIэ нэхъ инщ. Бжьыхьэм ахэр, зэхуэпхьэсу бгъэгъумэ, ерыскъы хьэлэмэтщ. Тхуей, бжей мэзхэм къыщокI. И пхъэм Iэжьэ, шынакъ, хьэнцэ, шынакъжьей, шыгъууб, пхъэпс, н. къыхащIыкI.

**Дадий** – Душица обыкновенная.

Илъэс зыбжанэкIэ къэкI удз лIэужьыгъуэщ. И лъагагъыр *см* 60–70-м нос. Лъабжьэжь быдэ ещI, и тхьэмпэхэр хъурей-кIыхьщ. Ипкъ занщIэу дэкIейхэм я щхьэкIэм, къудамэхэр къыдожри, июлым, августым гъэгъа шакъафэ цIыкIухэр Iэрамэ-Iэрамэурэ къыпедзэ. МэкъупIэхэм, хъупIэхэм, хуейхэм, мэз лъапэхэм къыщокI. Удзым мэ дахэ къыкIэрех. Адыгэхэм удзыр, дыгъэ темыпсэу ягъэгъури, шейуэ ягъавэ, ироIэзэ. Медицинэм хущхъуэу къыщагъэсэбэп.



**Дадийгулъ** – Стальник пашенный.

Илъэс бжыгъэкIэ къэкI удзщ, и лъагагъыр *см* 50–70 хъууэ. Лъабжьэжь гъум быдэ иIэщ, и тхьэмпэ цIыкIухэр щырыщурэ зэхэтщ. КъэкIыгъэм къудамэ куэд ещI. Гъэгъа пшэплъыфэхэр е шакъафэ мащIэ къызыщIэлъадэхэр, тIу-щыуэ зэгъусэу, удзыпкъымрэ тхьэмпэхэмрэ я зэхуакум къыдедз. И щхьэкIэм гъэгъа нэхъыбэ пытщ. Дадийгулъыр къогъагъэ июль мазэм и кум. Псыхъуэхэм, бгыщхьэм щыIэ мэкъупIэхэм къыщокI.

**Дарииху** – Эспарцет.

ЛIэужьыгъуэ зыбжанэ хъу, илъэс куэдкIэ къэкI удз лъэпкъыгъуэщ. Абыхэм я лъагагъщ *см* 30–50–70-м нэс, я лъабжьэжь гъумхэр кууэ йокIых. Я тхьэмпэхэр кIарцым ейм ещхьу, къабзий сурэту, тхьэмпэ цIыкIу куэду зэхэтщ.

Гъэгъа пшэплъыфэ дахэхэр, Iэрамэ кIыхьу зэгъусэу, июлым удз щхьэкIэм къыпедзэ, жылэхэр августым – сентябрым мэхъу. Дарииху лIэужьыгъуэхэм ящыщхэр цIыхухэм куэд щIауэ къагъэкI, мэкъуу паупщI, Iэщым ирагъэшх. Дарииххухэр къыщокI мэкъупIэхэм, хъупIэхэм, мэзыбгъухэм, дыгъафIэ джабэхэм, уэшх мащIэу къыщешх щIыпIэхэм. Гъэгъахэм бжьэм фо фIы дыдэу къыхах.

**ХЬЭКЪУН Барэсбий**

# Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **1.** ... ящI ауаныщI кIуащ. **6.** Хьэм хэсыр ... маплъэ. **8.** ... имылъэгъуа къуэм елъагъу. **9.** И жьэр ... щIалъхьа хуэдэщ. **10.** ... нэщI ныбэ щIыIэщ. **12.** ... зиIэм кIэи иIэщ. **13.** Уи Iыхьэ зыIэрыгъэхьи, ... зыгъэгусэ. **14.** ... нэхърэ игъыкI. **15.** ... нэхърэ дэхыпIэ. **16.** Цы зэрыхъэ ..., хэти хуохъу. **19.** Шу гупыр ..., щхьэж игу илъ ещIэж. **21.** Акъыл ... ууейр ептын? **23.** ... дауэфIрэ щыIэкъым. **25.** ... зэдзейщ. **28.** Уи жьэр инрэ уи щхьэр цIыкIумэ, ... . **31.** ... и къуэ дзыгъуащэщ. **33.** НэфIэгуфIэ и нэ дыщэ Iуэнтlа ... . **34.** Уи ... уи нитIрэ. **35.** ... зимыIэм шкIэ щIещIэ.

**36.** ... чо зиІэ ... мастэ щощІэ. **37.** ... жьэр и лІыкІуэщ. **38.** ФІы щІэи, псым ... . **39.** ... хьэхущи, псэри хьэхущ. **40.** ... и зекІуапІэ и кІуэдыжыпІэщ.

*Къехыу:* **2.** Акъыл зиІэм ..., фІыщІэ къыпхуищІынщ, акъылыншэм ауан укъищІынщ. **3.** ... ищІ фІэщІурэ, нэр ирищІащ. **4.** ... щІакъуэншэ хъурэ? **5.** ЩІалэ мыгъасэ ущием ... . **6.** Нэгум щІэтыр нэм ... . **7.** ... хьэху къозымытынум «хужьгъэ иризогъэгъу» жеІэ. **11.** Зи чэзур ... . **17.** Акъыл ... имыІэ щыІэкъым. **18.** ... и джатэ зылъэмыкІ егъэІурыщІэ. **20.** ... Іэщэщ, мор нэщанэщ. **22.** БзэкІэ ... щхьэкІэ, ябзыр иІэкъым. **24.** ... зыкъутэм татуугъуэ егъуэт. **26.** ..., щІолІэ, илъагъумэ, йолІыкІ. **27.** ... жэщищ исмэ, быным яшыщ мэхъуж. **29.** УлІмэ, ... . **30.** ... гъерэт ухуэмыхъу. **32.** ФызыфІыр ..., фыз Іейр щІыунэщ. **33.** Бысым гуащэщІэ хьэщІэ и ... .

---



**Етхуанэ къыдэкІыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкІуэкІыу:* **8.** Дзэ. **9.** ТхьэкІумэкІыхь. **10.** Пэ. **11.** Іэнэ. **13.** ФащІэ. **14.** Нэхъыжь. **16.** Щэху. **18.** Гурэ. **20.** Уэс. **21.** Хьэку. **22.** Гугъэ. **24.** Ней. **31.** Мастэ. **32.** Нэгум. **33.** Гъунэгъу. **34.** Сэ. **35.** Ухуэлажьэмэ. **37.** Егъу.

*Къехыу:* **1.** ПщІэтэмэ. **2.** Нэм. **3.** ЗэпыщІащ. **4.** Утхъэжу. **5.** Іэщэншэ. **6.** ШкІэбжьэр. **7.** Щхьэфэр. **12.** Пхъы. **15.** Джэд. **17.** ХущІэ. **18.** Гуэн. **19.** Бэдж. **23.** Гъэмахуэм. **25.** Ечэнджэщ. **26.** Ухьэлэмэ. **27.** Уемыуэ. **28.** Псы. **29.** Пэгъунэгъу. **30.** Бдзэжьейр. **36.** Абдж.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№6**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Хамид Кармоков, Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 05.12.22. Выход в свет 22.12.22
Формат 70х108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,0.Уч-изд. л. 11,7. Тираж 2.057 экз. Заказ №2464
Подписная цена на 2 месяца 37р. 60к.
Подписная цена на 6 месяцев 112р. 80к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкІэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр Іэмал имыІэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыІэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркІэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщІыпІэ щытрадзэмэ, «Іуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Іэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкІэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкІузанэ къат, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫІЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иІэу къыщІэкІмэ, абы теухуауэ фыщыщІэупщІэ хъунущ: Ставрополь щІыналъэ, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион».

КІЭЩТ Мухьэз

25.12.1937–20.10.2002

## НЫБЖЬКІЭ УПСЭУН ПАПЩІЭ

Упсэун папщІэ ухуейкъым куэдыщэ –
Іущащэу, убзэу, нуру бзий къудамэ;
Мыусэжыфу уи гур щыпфІэгъуащІэм,
Бгъэбзэрэбзэну зы уэрэд Іэрамэ;
МэжалІэ гуэрхэр уяпэ къикІэрахъуэм,
УщІэмыфыгъуэжу ептын щІакхъуэ Іыхьэ;
Лъэпкъыр яукІыну кърахым кІэрахъуэ,
Іэщэ – бийм иребгъэхьыну мыхьыр.
Аркъудейщ узыхуейр.

Упсэун папщІэ ухуейкъым куэдыщэ –
УимыгъэпыІэу, уигъэпІейтейуэ гугъэ;
Насыпыр, гуфІэгъуэр уагъэу пхузэІуищэу
Іэ щабэ-Іу щабэу лъагъуныгъэ;
Жьыбгъэр къыкъуэумэ, къауцу имыхьу,
Шыщхьэмыгъазэу къыпкъуэтыф ныбжьэгъу;
ФІыгъуэ къоуалІэм, шэуэ и гум хыхьэу,
Къыппэмылъэщу зызышхыж жагъуэгъу –
Аркъудейщ узыхуейр.

Упсэун папщІэ ухуейкъым куэдыщэ –
Ажал къощакІуэр Іузыгъэщт ІуэхущІафэ;
Хейм езыдзыр пцІыкІэ удын гъущэ
Чыным хуэдэу, псалъэ къэзыгъафэ;
Фэеплъ пщІа нэужькІэ уи уэрэд щІэинхэр,
Хуэфащэу уи пкъыр зыщІэлъын щІы кІапэ;
Уи ужьым иту зэрыхьми гъэ минхэр,
Зэман зэблэкІхэм ямыгъэулъий напэ –
Аркъудейщ узыхуейр.